# IУАЩХЬЭМАХУЭ

Адыгэ тхакIуэхэм я журнал
1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

2010 гъэ

# 2

Март – апрель

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзымрэ КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ къыдагъэкI

Редактор нэхъыщхьэм
и къалэнхэр зыгъэзащIэр
Елгъэр Кашифщ

*Редколлегием хэтхэр:*
Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, Нало Ахьмэдхъан,
Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей

Налшык
2010

# Ошхамахо (Эльбрус)

Литературно-художественный журнал
На кабардинском языке

*Учредители:* Союз писателей КБР, Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи КБР

**И. о. главного редактора**
**Кашиф Эльгаров**



*Редакционная коллегия:*
Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Ахмедхан Налоев, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев



**Технический редактор** – Мадина Гурижева
**Корректор** – Марина Жекамухова
**Компьютерный набор и верстка** – Залина Гетокова

Подписано к печати 09.04.10. Формат $70 \times 108^1/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 13,3. Уч-изд. л. 11,34. Тираж 2050 экз. Заказ № 54. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036

*Адрес редакции:*
КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Отпечатано на ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат им. Революции 1905 г.» Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника
**Заурбека Бгажнокова**


**КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:**


**Хьэх Сэфарбий.** КъежьапIэ . . . . . . . . . 3
**Елгъэр Кашиф.** ГъэунэхупIэхэм сызэрихуамрэ абыхэм сыкъызэреламрэ . . . . . . . . . . . . . . . 26

ПШЫНАЛЪЭ

**Сонэ Абдулчэрим.** Усэхэр . . . . . . . 50
**Къуныжь ХьэIишэт.** Усэхэр . . . . 52
**Гугъуэт Заремэ.** Усэхэр . . . . . . . . . 54

ЖЬАНТIЭ

**ХьэIупщы МуIэед.** ГурыщIэ къабзэм и макъамэ . . . . . . . . . . . . 56
**Мысачэ Петр.** БжьаIуэм. Рассказ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
**Куэдым хуэIэзэ тхакIуэ** . . . . . . . . . . . . .65
**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Усэхэр . . . . . 68
**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Вагъуэхэр гъунэгъу къыщыхъукIэ. . . . . . . . . . . . . 78
**Мэзыхьэ Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр**. . . . . . . . . . . . . 85
**Мэзыхьэ Борис.** Новеллэхэр . . . 87

**Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу**

**Саут СультIан.** Анэм и гъыбзэ. . . . 102
**Хьэмту Къадир.** ЛIыгъэр зэи фагъуэ хъуркъым . . . . . . . . . . . . . . 105
**Къэрмокъуэ Мухьэмэд.** Азэмэт. Романым щыщ пычыгъуэхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 107
**Адзын Мухьэмэд.** Саугъэт лъапIэ. Рассказ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 120

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**ХьэкIуащэ Андрей.** Адыгэ литературэр зэредгъэджым и IуэхукIэ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 126
**НафIэдз Мухьэмэд.** Лъэпкъым хуэлажьэ цIыху. . . . . . . . . . . . . . . . 131

**2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсщ**

**Жыласэ Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ.** КъалэкIыхьми уфIехри . . . . . . . . . 138

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**Нало Заур.** Лыкъынэ и хъыбарищ 144
**КъуэщIысокъуэ Владимир.** ГушыIэ сурэт . . . . . . . . . . . . . . . . 151

ХЬЭХ Сэфарбий



# КЪЕЖЬАПIЭ*

*«Дуней гъащIэ» тхыгъэм щыщщ*

## ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ

Къамбот и лъакъуэхэр пыдиикIауэ къызэщоу. Мыр сыт, я пэшыр нэхъ Iэхуитлъэхуит хъуа хуэдэ? Хьэмэрэ дауэ?.. Мыпхуэдэу лъагэт-тIэ я унащхьэри? Ыы, Iейуэ! Уэлэхьи, удэлъеямэ улъэIэсыным хуэдэу лъахъшабзэмэ, ыхьы. Блыным хэукIа гъущI Iунэм уанэшхуэжь гуэри фIэдзащ, къеблэблэхыу. Дэнэ Къамбот мы здэщыIэр? Хьэмэрэ пщIыхьэпIэ илъагъуу ара? Уарэ, мыр лIо, Къылымбийхэ щIыщыIэр сыт? Пэжу, дыгъуэпшыхь абыхэ я Адэлбий жиIэу зэхихауэ щытащ: «Фи унэр зэрыщыту псыфщ, и блынхэри унащхьэри хьэлэчу къеуцIынэхащ. Абы фыщIэлъыфынIым, фынакIуэ, ныжэбэ ди деж нэху фыкъыщекI». Къамбот хуэм-хуэмурэ къоуш. Къоушыпэри, и нэгу къыщIыхьэжу хуожьэ дыгъуасэрей махуэр. И гур фIы къэзыщIыну абы хэтыр мащIэт... Къылымбийхэ я Гулизар лэкъум пщтырхэр дыгъуэпшыхь яхуигъэжьауэ, IэфIу яригъэшхауэ зэрыщытар-щэ? ЗэплъэкIмэ, Къылымбий щIым щылъщ, езым къыбгъурылъу. Мэпырхъ. Ар зэрысымаджэщ бгым зэрыщыхурэ. Дауи, гъуэлъыпIэр апхуэдиз цIыхум яхурикъунутэкъым. Аращ цIыкIухэм унэ лъэгум пIэ щыщIыхуащIар. Къамбот и лъакъуитIыр пIиижу телъщ ятIэ унэ лъэгум, дыгъуэпшыхь щагъэгъуэлъыжым уэншэку папщIэу хуаубгъуауэ щыта цеижь тIэкIуми къытекIуэтауэ. И Iэпкълъэпкъыр хьэлъэщи, къеIэкIи къыхуэмыIэтыну къыщохъу. ЛIо къыщIиIэтынури, щылъынщ, и гугъу къыщамыщIкIэ. ПщIэнкъым гъущI IунэкIэ траIулIауэ фIэкIа. Уа, сыту пIэрэ иджы нэхъ лейуэ и Iэпкълъэпкъыр апхуэдэу щIэхьэлъэр? Дауи, дыгъуасэ гугъу ехьащ, пщэдджыжьым къыщыщIэдзауэ пщыхьэщхьэр хэкIуэтэпэху. Ауэ дапщэщи апхуэдэкъэ? Хьэмэрэ нэхъыбэ игу зэрыщыщIар арауэ пIэрэ? Ауэ, апхуэдиз, нэхъыбэж гурэ псэкIэ имыгъэву махуэ кIуэрэ?!

Iэуэлъауэ гуэр къоIу. БжэIух макъи щыIащ, ауэ Къамбот сымэ зыщIэлъ пэшым къыщIыхьэIакъым. КIэлындорым щызопсалъэ Адэлбийрэ Къамботхэ я мамэрэ:

– Куэдщ, къыумыгъэуш абы щхьэкIэ... ирежей, тIэкIу зрегъэпсэху.

– Хьэуэ, нн-на, нэгъуэщI мыхъуми шыр, гур пхуихъумэнщ. Аллыхь, къуацэ тIэкIуи къыпхухилъэфынмэ, Iей... иджыпсту къэзгъэтэджынщ. Бот, а Бот, къэтэджыт, хьи, мы Адэлбий уригъусэу къуацашэ укIуэн хуейщ.

Апхуэдэщ анэм и псэлъэкIэр, армыхъуамэ абы Адэлбий щIыжримыIэр сыт Къамбот мэзым «зыгуэркIэ» сэбэп щыхъун къудейуэ къэмынэжу, нэхъыби зэрыщыхуэщIэнур?! И щыпэкIуэ абы мэз, хьэмэрэ ищIэжыркъэ щIымахуэм и кIыхьагъкIэ ярикъун пхъэгъэсыныр дамэкIэ гъэмахуэ псом къызэралъэфар?.. Адэлбий и гугъэ хъунщ я Къылымбий хуэдэу зыри ирамыгъащIэрэ хуэщIэни щымыIэу... Я унэ щыIэжу щытамэ, и анэр ауэ къеджэ къудейтэмэ, Къамбот жей нэпцI зищIыну къыщIэкIынт, дауи.

* КIэухыр. ПэщIэдзэр япэ номерым тетщ

ФIыхэлъыжынт иджыри тIэкIурэ. Ауэ иджы сыт, хамэ унэ ущыIэу ахэр къезэгъыркъым. Къэтэджын хуейщ, сыт хуэдизкIэ къемыхьэлъэкIами. Зы сыхьэт закъуэ нэхъ мыхъуми зиIэжьэжатэмэ арат мы Адэлбии. АрщхьэкIэ зыIэжьэжыпIэ щыIэуи къыщIэкIынукъым. ЛэжьакIуэ кIуэн хуейщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Къамботхэ я Iуэхущ зэрихуэри. ЛэжьакIуэ кIуэным и пэ къихуэу, я бжыхьыр зэрагъэбыдэн тIэкIу къахуишэну аращ зыщIиIэтар жьыуэ. Уэлбанэ Iейри сытри зэхыхьэжри, я хадэр ущIауэ къэнащ. Зы къуацэ гулъэкIэ нэхъ мыхъуми закъыщIигъакъуэмэ, ари Iэджэ и уасэщ. Гуащэкъари мэгуфIэ абы щхьэкIэ. Щыгъупщэжащ Адэлбий и щхьэгъусэ Гулизар хадапщIэ ягъакIуэркъым, дэ, фызабэхэм, псори ди фэм дах, жиIэу Мэржан дунейм тетыр къыщибжым зэрыдежьууари. ИгъакIуэртэкъым лэжьакIуэ, адрей лIыхэм я фызхэр зэи ягъакIуэртэкъыми, Адэлбий нэхъ лейт? Адэлбий цIыхуфIщ, къыщхьэщыжын зимыIэхэр тегушхуэгъуафIэ зыщIхэм щыщкъым, защIегъакъуэ, ядоIэпыкъу псалъэкIэ, IуэхукIэ. Мис иджы, езым и унагъуэ Iуэхуи, зыпэрыувэжыну колхоз лэжьыгъэри къигъанэри, Къамботхэ я бжыхьым щхьэкIэ мы пщэдджыжьыпэ Iуэхур къыдихащ.

– Уа, Бот, тэджыт, хьи, псынщIэу, мес, Адэлбий хьэзырщ, къожьэ, емыкIущ.

Къамбот ерагъкIэ зыкъытреIэтыкI. Iэпкълъэпкъыр а зэрыхьэлъэм хуэдэщ иджыри, и лъэгуажьэ щIагъри мэуз. Ауэ зыри жиIэркъым. И жагъуэ дыдэурэ зехуапэ, щIокI. Зыхузэгуопыж, зэрижагъуэм щхьэкIэ: лIо, а къуацэ къомыр иужькIэ бэлыхьыр телъу езым плIэкIэ къилъэфмэ, хьэмэрэ гу цIыкIу хьэху къилъэIухуэу къишэжмэ, нэхъыфI!

Адэлбий шыр шэщым къыщIишауэ гум иришалIэрт. Дыгъэр къыщIэкIатэкъым иджыри. КъыщыщIэкIыну лъэныкъуэмкIэ тхъуэплъ къэхъуа къудейуэ арат. Уигъэтхытхыу жьы щIыIэ кърихухырт. Дыгъуасэрей уэ къомыр мыткIуауэ зыщIыпIэкIэ щызэтелъу арат къызыхихур, хьэмэрэ къуршыщхьэм фIэлъ уэсым щIэуэ къыхилъхьат? Сытми, бжьыхьэ дыдэт дунейм зэрызищIымкIэ. Къамбот Къылымбийхэ я унэм Iут зондыч тIэкIум къебэкъуэхри, бжэIупэ ятIэм хыхьащ. ЛъапцIэ дыдэу ува фIэкIа пщIэнтэкъым, зыуэ щIыIэр къепхъуати. Хъыдан вакъэ тIэкIу и лъакъуэм фIэлъым лъэгу щIэмытыжу пIэрэ? ЩIалэ цIыкIум и лъакъуэр иIэтри, лъэгум щIэплъащ. ЩIэтыжт, щыIэтэкъым сэкъат лъэпкъ. Ауэ щIэдар джэдыфэм хуэдэу пIащIабзэти, щIыIэр зэриубыд щымыIэу арат. Зызэхуишэу зыкъомрэ щытащ Къамбот. ИтIанэ щхьэхыпэурэ гум екIуэлIащ.

– Къыдэпщей, – жиIащ Адэлбий, езым шызакъуэгум тыншу зригъэзагъэурэ. – Мо мэкъу тIэкIум хэтIысхьэ, удиящ, пщэдджыжь щIыIэщ.

Къамбот гупкIэм зыкIэрищIэри дэпщеящ.

– Ды-ды-д-Iей мыгъуэ, – анэр уващи, гум илъ мэкъу гъуабжэ тIэкIум хьэмаскIэм хуэдэу шыхьауэ зыхэзыудыгъуа щIалэ цIыкIум кIэлъоплъ, и лъыр щIым хэткIуэу. – Сыт я гурыфIыгъуэ хьэзабрэ бэлыхьрэ фIэкIа ямылъагъуу къэхъу иджырей ди сабийхэм, сыти я дуней!

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ, – Адэлбий ныкъуэкъеплъэкI ищIауэ и дамэ сэмэгум къыщхьэпропсэлъыкI. – Апхуэдэу жумыIэ. Иджы къэхъухэм я дунейр фIы, фIы дыдэ хъунущ. Модэ мор плъагъурэ, Гуащэкъарэ, мо дыгъэ къыщIэкIыр? Ар къыдэкIуэтеинщ, уэгум хуиту блэуэ къиувэнщи, мы пщэдджыжьыпэ щIыIэ тIэкIур хуэм-хуэмурэ лъэныкъуэ иригъэзынщ, махуэми зиузэщIыжынщ. Пэжкъэ? НтIэ мис апхуэдабзэщ мы иджы къэхъу цIыкIухэм я гъащIэри зэрыхъунур. Дыгъуасэрей уэлбанэм ещхьу, зауэр щIым щхьэщыкIащ. Абы и ужь зэман гугъу иджыпсту цIыхум бэлыхь къа-

тезылъхьэри мис мы пщэдджыжьыпэ щIыIэм хуэдэу икIынщ. ИкIынщи, дунейми зиужьыжынщ, бжьыр цIыкIуми инми ятехужынщи, я щхьэр лъагэу къаIэтыжынщ, насып, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ яIэрэ тхъэжхэу псэунщ. Ауэ дуней, Гуащэкъарэ, абыхэм къапэплъэр!

Къамбот и щхьэр къиIэтри, къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ плъащ. Дыгъэр, мы къызыщхьэщыхьэ щIы кIапэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыгурымыIуэж хуэдэ, хуэм дыдэурэ бгым къыщхьэдэпщыхырт. Абы и бзийхэр дыщэпсу телъэдакIэт зэман зэщымыщхъум и хьэлъэр плIэкIэ зылъэф адыгэ жылэжь бгы лъапэм щитIысыкIам.

**ЗЭIУЩIЭМ**

ТхьэмыщкIэ унагъуэр псым илъэсарэ зыщIэсын къудей ямыIэжу къыщынэм, къуажэр къадэIэпыкъуну зэгурыIуащ жытIауэ щытатэкъэ? КъадэIэпыкъуащ. Хузэрагъэпэщыжащ унэ зыщIэсынури псэуалъэ тIэкIу дэтахэри. Уеблэмэ Адэлбий къуацашэ а пщэдджыжьым щIэкIуа бжыхьри хуагъэбыдащ. Ауэ абыхэмкIэ сэбэп хъуар «дэри гулъытэншэ тщIынкъым», жызыIауэ щыта къуажэ унафэщIхэракъым. Абыхэм жаIауэ щытар а щыжаIа куэбжэпэм къыщынэжащ. КъадэIэпыкъуари къыхуащIа псор зи фIыщIэри Iыхьлы-Iэулэдымрэ къуажэкIэ тIэкIумрэщ. Абы щхьэж хузэфIэкIыр ищIэу хэтащ цIыхухъури цIыхубзри. Иджы Къамбот мэжей, Гуащэкъарэ жьыуэ къэтэджри иувауэ, пщIантIэкум итщ. Йоплъ псэуалъэ къыхудагъэувэжам, я унэ цIыкIу зэрымыгугъауэ фIыуэ хузэрагъэпэщыжам. Унащхьэ зэтрикъутар зэрыщытауэ ящIыжащ, блынхэр хъарзынэу ятIэ хузэрахьащ, ятIагъуэ дахэ хуралъхьэжащ и лъэгуми. ЛIатэкъэ, зыми зыри къыхуимыщIэу щIымахуэр къатеуамэ? Езыхэм я IэкIэ абы хащIыхьыфынур мащIэт. Анэм фIыщIэ яхуещI цIыхум. ЦIыхуращ зэлъытар псори – Iейри фIыри. Апхуэдизыр къезыщIа, къезыщIэ цIыхум – зауаер къэзыIэту, мыгъуагъэ псор къыхуэзыхьам, колхоз жиIэу и лъапсэр изыхам, факъырэу къэзыгъэнам, зи зэранкIэ и узыншагъэр кIуэдам, мыувыIэу лей къытезыгъэхьэм... вым хуэдэу бжьым щIэзыщIэм я гулъытэм иджы кърегъэл! Ей, мы цIыхури мы цIыхур! ЩыIэкъым къызэрыбгурыIуэн. КъоIунщIынурэ къуэм удадзэнущ. Ауэ къуэм удэхуауэ къуихьэлIами, гужьеяуэ укъыдахыжынущ – хущхъуэри щхъухьри зэхуэдэу къыщызэдекIуэкI мы езы дунеижьым къыпачащ. Зэрыджэгу хьэпшып щIэщыгъуэ гуэр къызыхуащэхуа сабийм ещхьу, нэм илъагъум щыгуфIыкIыу зыщиплъыхьырт Гуащэкъарэ пщIантIэм. И щIалэ пажэри къоуш, къотэджри, къыбгъэдолъадэ.

– Мамэ, хыв къихьэжын иджы дяпэкIэ мы ди хадэм, еплъыт! ИхъуреягъкIэ зы гъуанэ имыIэу гъэбыдащ!

– Къихьэнкъым, тIасэ... Мы гъэм, тхьэм жиIэмэ, гузэвэгъуэкIи пхъэ гъэсыну къэтфыщIыжынкъым бжыхьыр, япэм хуэдэу. Иджы дэ щIымахуэм дгъэсыну тхурикъун пхъэ зэтетлъхьащ... Псыхъуэм псыхьэлъахуэ, екIэпцIэ тIэкIу сыт къитхыжмэ, гъэмахуэ хъужыху дыщIэгузэвэн лъэпкъ щыIэкъым. Къэуэлбанэу дигъэгузэвами, уэфI хъарзынэ къэхъужащ, гъэр хэкIуэта щхьэкIэ къэмынэу. Зэман дыщихуэхэм псым дызэпрыкIыурэ екIэпцIэри пыдупщI хъунущ, псыхьэлъахуэри дэзу дэлъ си гугъэщ псыхъуэм... ЛIо, мобдейщ.

– Уэихьи, дыгъуасэ Мэржан псыхьэлъахуэ куэдIей къихьу слъэгъуам. Иджыпсту, школ кIуэгъуэ хъуху къэсхь хъунукъэ псыхьэлъахуэ?

– ТIэкIу шхэ япэ щIыкIэ...

– Ауей, Iуэхукъым, сыкъэкIуэжмэ, сышхэнщ!

ЩIалэ цIыкIур илъащ. КIапси сыти иIэтэкъым, лIот, джыди нэгъуэщIи ухуеиххэтэкъыми, хэхат. Гъунэгъуу щежэх псы гуэж цIыкIум зэпрыцIэфтщ, етIуанэпсым икIри, псынщIэ дыдэу къищыпащ псыхьэлъахуэр. Гъур хъужауэ, куэд щызэтелът ныджэм. ЕтIуанэпсыр Шэрэдж къыщиуам жапIэ ищIауэ куути, къыщIэуэри хьэлэчу псыф хъуати, пшахъуэ хуабэм хэгъуалъхьэщ, зигъэхуэбэжри, къежьэжащ. Езыми зэрыжиIэщи, нэпсеягъэм и нэгъуджэр зыIуилъхьэри, куэдыIуэ кърихьэжьат. Дауи, ар лей хъунтэкъым, нихьэсамэ. Ауэ мыгъуэр зи мыгъуа и дамэ сэмэгур фIитхъырт. ИтIанэ, дзэл пхъафэ къызэрикъузари къэлэлауэ, нэхъри гугъу иригъэхьырт. Псышхуэ жыхуэтIам и кум нэсауэ здикIыжым, зы мывэ цIанлъэжь гуэрым хуэзащ и лъакъуэр, цIантхъуэщ узижэгъуэныр и махуэуи, хэукIуриящ. И дамэм телъ пхъэ IэплIэр зэрызэкIуэцIыпха дзэл пхъафэри зэпычри, и псыхьэлъахуэ тIэкIур псым ирихьэжьауэ лэпс тепхъэм хуэдэу ирехьэх. Къамбот и лъэгуажьэр игъэузат, и лъэтхьэмпэм, псы щIагъым дэни къикIа, зы къазмакъ банэ папцIэжьи къыхэлъэдауэ, и лъакъуэри тригъэувэ хъужыртэкъым. Сытми, ерагъкIэ псым къыхэпщыжри, ныджэм щыукIуриящ. Зыуэ мэбжьыбжь банэ хэуапIэри! И лъэгуажьэри гъум-гъуму фIэлъщ. ЕмынэлъэрыкIуэм зэрехуэ, пIэщIэгъуэкIэ мыбы иджыпсту къэмыкIуамэ хъунутэкъэ?! Дауэ иджы школым апхуэдэу зэрыкIуэнури? Арыншами, и лъэдакъэр бдзанэ хъуауэ иукIырт. ЛъапэпцIийуэт къызэрикIухьыр. Иджы и лъапэ гуэрым къыщыщIам еплъ. Дауэ иджы къызэрикIухьыжынур?! ЕрагъкIэ и лъакъуэ ижьыр иригъэзэгъауэ лъэбгъукIэ уву, пситI зэхуакум псыхьэлъахуэ зырыз къыщыIэрыхьэхэр къыщищыпурэ кIуэжащ.

– Сэ гуфIэгъуэм сыкъыхуигъэщIаIым, – жиIащ здэкIуэжам Гуащэкъарэ, къаплъэу и къуэм и дыхьэжыкIэр щилъагъум. – Нышэдибэ сызэрыгуфIа тIэкIум еплъ къысхуихьам!

– Уоуууэхь, – пыгуфIыкIащ фэрыщIу Къамбот. – Си лъакъуэм банэ къыхэуамэ, сыт апхуэдизу... УкъызыхуигъэщIари укъызыхуимыгъэщIари мыбы иупхыну къэхъуа уи гугъэр лIо?

Гуащэкъарэ и нэр къихуу еплъащ и щIалэ цIыкIум – абы и жэуап тыкIэр! Балигъ жэуапу сыт къыхуэт абы? Мыбы зы бэлыхь къыхэкIынущ, я Алыхь, къэхъумэ... Дауэт и пщIыхьэпIэм зэрыхэтар... «Мыр гупсысэнущ, жэщи махуи увыIэ имыIэу. А къигупсысхэр тхылъымпIэм ихьу псэунущ». Ехь, пэж дыдэу, и гупсысэхэр тхылъымпIэм иджы щыщIэдзауэ. ВакIуэм теухуауэ абы ищIа сурэтым и гугъу куэдым къыхуащI. Ауэ езы Гуащэкъарэ кърригъэлъэгъуакъым. Зэ гурыщхъуэ ищIат абы тхылъымпIэм зыгуэрхэр щищI, щитх хуэдэу. Ауэ гу къылъримыгъэтэну хэту къыщищIэм, зыри жиIэжакъым. Езы цIыкIуми зыкIэщIиупщIэжщ тхылъымпIэ кIапэри, гъуэлъыжауэ щытащ а пщыхьэщхьэм.

– Мамэ, сэ школым сокIуэ.

– Школ кIуэгъуэ хъуа-тIэ, иджы... Алыхь, хъуам. Дауэри кIуа зэманыр. Тебэм щIэфэлыдж илъащ, тIэкIу ушха?

– Сышхащ.

Школым кIуэну ежьа Къамбот иджы и лъакъуэ ижьыр тригъэувэ хъужыххэртэкъым – и лъэдакъэр бдзанэт, и лъапэм нобэ къыхэуа банэжьым иуIам и бжьыбжьыр икIатэкъым. Ари бдзанэ мыхъуарэт... АрщхьэкIэ Къамбот зэи илъэгъуакъым лъапэр бдзанэ хъууэ, лъэдакъэращ. Апхуэдэу тхьэ щыту пIэрэ?

– Уа, Бот, хьи, укIуэфынIым апхуэдэу школым, – къэпсэлъащ анэр гузэвэгъуэр телъу, зи лъакъуэ лъэныкъуэр нэхъ сэкъатыншэу къыхэнэжа лъэбгъумкIэ игъэуву, ерагъкIэ дэщIэкъукI и щIалэ цIыкIур щилъагъум.

– Іуэхукъым, – къызэпсэлъэкІащ Къамбот. НэгъуэщІ зыри жиІакъым.

Къамбот къыгурыІуэртэкъым и анэр. Иригъэджэну и нэр къокІ, хуейкъым и ныбжьэгъу цІыкІухэм къакІэрыхуну. Ауэ зы мыхьэнэншэ тІэкІум щхьэкІи къигъэнэнущ еджапІэм имыгъакІуэу. Абы къанэ жиІэху къанэмэ, еджа хъунукъым Къамбот. Ар тхьэ къыгурымыІуэрэ? Дауи, нэхъыфІт, и лъакъуэм темызэкІухьу дэсамэ. Ауэ хъунукъым. КІуэнщ, дауэ щымытами, еджапІэм. КъыкІэрыхунущ, ауэ ухэкІыжыпэ нэхърэ, лъэхъуэмбыщІэ. Щынэс нэсынщ.

КъыкІэрыхуауэщ щынэсари. Япэ урокыр екІуэкІырт. Дакъикъэ бжыгъэ хъуауэ арат зэрыщІидзэрэ. ЩІагъэхьэжакъым. Директорым и унафэт ар – уэзджынэ къеуарэ удыщІэмыхьамэ, сыхьэт псокІэ хьэулейуэ уэрамым удэтын хуейт. Ари мы школым щызекІуэ хабзэ мыхъумыщІэхэм щыщт, Къамбот къызэрилъытэмкІэ. Иджы ар щІагъэхьатэмэ, егъэджакІуэм ит дерсым едэІуэнтэкъэ. Математикэщ япэ дерсыр. Арыншами емынэр и унэм ихьауэ йокІуэкІ есэпымкІэ. КуэдыІуэ диутІыпщыкІыурэ макІуэри, ядэхъужыркъым зыкъом щІауэ. Иджы, мис, нэхъ Іеижу къакІэрыхунущ.

– Сыт мыбдежым ущІыщытыр, щхьэ ущІэмысрэ урокым? – бжэм здыкІэрытым, къыІуоуэ абы Хъусен. Хъусен пионер вожатэу къыхуагъэкІуащ я классми, директорми зищІыркъым абы зэрызищІым хуэдэу.

– СыщІагъэхьакъыми сыщІэскъым, – жи Къамбот, и щхьэр къиІэту жэуап зритым Іуплъэн шынэу. Мыдрейр, абы къыфІимыгъэкІыу, щІохьэ школым. Езыр тхьэ щІэмысрэ урокым, 8-нэ классым щоджэ? А-а, ар пщэдджыжьаджэт, пэжу. Емынэм къихуа-тІэ мыбы етІуанэу? Еджэн иухыу кІуэжамэ, я унэ щІыщымыІэжыр сыт?! ЛІо, я деж щищІэн имыгъуэту ара? Зи насып!.. Уа, ныщхьэбэ абы и зэІущІэ мыгъуэжьыр иригъэкІуэкІыну арауэ пІэрэ къыщІэкІуар? Зэ къанэркъым дишу пимыгъэжьыкІыу. Мис, иджыргуэрым къыкІэрыхуауэ къилъэгъуащ. Яллыхь, иумыгъэщІ зэІущІэ!

* * *

ИригъэщІащ Алыхьым зэІущІэ. Зы классым и закъуэкъым ящІари, «Б»-мрэ «В»-мрэ зэхэту. Щхьэл Іуэху зэрихуэрэт сытрэт, хьэжыгъэ защІэу къэп нэщІыжь и блэгущІэм щІэлъу къыщІохьэ еплІанэ «Б» классым я пионер вожатэ ПІэтІракъ СэфарІили. Къамбот я классырат щекІуэкІри, псори щызэхахуэм, щІэз хъуат, партэхэм щырыщ-плІырыплІу дэсу.

– Здравствуйте! – жеІэ ПІэтІракъым ину, зэхэщІыкІыгъуэу, гъэхуауэ, къыбжьэдилъхьэм хуэдэу. ГъэщІэгъуэнт школым щызекІуэ хабзэхэри. АдыгэбзэкІэт дерс псори зэратыр, ауэ урысыбзэкІэ фІэкІа сэлам къуахынутэкъым, узэгуэудамэ. Къамбот еплъыртПІэтІракъым ехъуапсэу. И сэлам хыкІэ къудейм къигъэлъагъуэрт ар тегушхуауэ дунейм зэрытетыр. Езы Къамбот тхьэмыщкІэу, еудыхауэ и гъащІэр ихьырт, дэнэкІэ имыгъэзами... ЛІо ПІэтІракъ СэфарІил щІэмыгушхуэнур, къызыкъуэгушхукІын, щІэгушхуэн щиІэкІэ? Ар, Къамбот хуэдэу, «2» къихьмэ «3»-кІэ икъутэжукъым зэреджэр. Къуажэ псом щыцІэрыІуэщ и еджэкІэмкІэ. Тхьэ зыщаІуэращ школым къыщыщІэтІысхьа япэ илъэс лъандэрэ «5» фІэкІа оценкэ жыхуаІэ къимыхьауэ. АпхуэдизкІэ фІыуэ еджэрти, классхэр къыдинэурэ кІуащ. Иужьрей классхэр, еханэмрэ ебланэмрэ, зэуэ къызэдиухри, занщІэу еянэм нэсащ. Аращ иджыпсту еянэм щІыщІэсыр, езы Къамбот сымэ нэхърэ зэрынэхъыжь щымыІэми. И насыпкъэ апхуэдэщхьэ зыфІэтым! «И щхьэр хъарзынэт, и лъакъуэр хъуркъым», – жаІэ, цІыкІухэм ар

блэкIыу ялъэгъуамэ. ЩIакъуэщ. Аскэрбий хуэдэу, абыи лагъым къэуар къытехуауэ аращ жаIэр. НтIэ лIо, Къамбот абы йохъуапсэ, дауэ щымытами. КIэлъоплъ хуэзэху.

СэфарIилрэ Хъусенрэ, пионер вожатитIым, класситI зэхашам я журналхэр къызэрагъэдзэкI-нызэрагъэдзэкIыу куэдрэ яIыгъащ. ИтIанэ щIадзащ цIэ-унэцIэ гуэрхэм къеджэн. Зи цIэ жаIэр дашурэ блыным екIуэкIыу кIэрагъэувэрт. Емыджэфхэр, пщэдджыжькIэрэ къыкIэрыхухэр, жыIэмыдаIуэхэр, дырипсырийхэр... Апхуэдиз еджакIуэм къахэкIынтэкъэ ущIешхыдэн гуэр къэзылэжьа? Дашынури дашауэ, Хъусен и нэм къригъэжыхьурэ, Къамбот къегъуэт.

– КъакIуэт мыдэ, къыдэкIыт уэри!

Къамбот елъэбышауэу кIуэри яхэуващ блыным кIэрытхэм. Хъусенрэ СэфарIилрэ къызэрыкIащи, зи щхьэр ехьэхауэ щыт щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм ятокIие, яжьэхолъэ, блыным ираудэкI, я тхьэкIумэхэм къоIэ, ягъагъ. Хъусенщ хъийм икIыпар.

– Сыт уэ Iейр и чэзум школым укъыщIэмыкIуэр? – жи, Къамбот къыщхьэщыуващи. – Адрейхэр еджэу классым щыщIэсым деж мыр бжэм кIэрытщ. Сыт, зо, укъыщIыкIэрыхур?!

Къамбот зыри жиIэркъым, и щхьэр зэрехьэхащ.

– Дэтхэнэра уэ узыхэсыр, – жеIэ СэфарIил, Къамбот къыбгъэдохьэри.

– «В»-м сыхэсщ, – жи Къамбот, и щхьэр а зэрехьэхауэ.

Псори къыщиудауэ мэдыхьэшх. Сыт абы дыхьэшхэну халъэгъуар иджы?

– Ы-ы, сэ сщIат уэ вым уазэрыхэсыр! – СэфарIил дыхьэшхыу яхоплъэ цIыкIухэм. ЦIыкIухэри, зи, хьэзырщ дыхьэшхыну. Хэтми ядэ зыщыдыхьэшхыр, езыхэр армырамэ. Къамбот зэгуоп хьэлэчыпцIэр и махуэу.

– Догуэт, – жи СэфарIил гуэрым. – Дауэ ар тэмэму зэрыжыIэн хуейр? Зыми зыри жывмыIэт, дауэ?

Еууей, тхьэ мыгъуэ къыкIэрыхъыжьауэ пIэрэ мыр? Ехъуапсэу, жыжьэу илъэгъуамэ, зы бэлыхьым хуэдэу кIэлъыплъу щытащ иджыри къэс. И гур щIызыбгъэдигъэкIыр лIо, къытрилъхьауэ?!

– И, зо, дауэ уэ узыхэс классыр тэмэму зэрыжыпIэн хуейр? Егупсысыт, дауэ тэмэму жэуап зэрыптын хуейр?

– ЕплIанэ класс «В»-м сыхэсщ...

Аргуэру псори зэщIодыхьэшхэ.

– Ей, гъуэгу мыгъуэрэ, вы уэ узыхэсыр? Дахэ-дахэу псалъэ! – Хъусен къыбгъэдолъадэри къоIунщI, бэлэрыгъауэ щыт Къамбот блыным жьэхохуэ. Ар къолыбри СэфарIил щхьэгъубжащхьэм трилъхьа къэпыр къепхъуатэ, зыкъешэщI изэрифIэщиблкIи, Хъусен и нэкIум ихуэу еутIыпщ. И нэкIуи и кIэстум тIэкIуи зэрыхьу хьэжыгъэ защIэ мэхъу. Классыр зэщIодыхьэшхэ. Езы Хъусен къэгубжьарэ и фэм имытыжу зыкъредз Къамбот. Ахэр СэфарIил зэIэпешыж. СыхьэткIэ елэжьа хъунщ Хъусен хьэжыгъэм и лъэужьыр хигъэгъуэщэну. АрщхьэкIэ мо кIэстум фIыцIэм бжыгъэ хужьыр Шыхулъагъуэм хуэдэу ирикIуэу щыплъагъурт. СэфарIил абы еплъырт, зыри жимыIэу. ФIэдахэтэкъым Хъусен ищIар – сыт еджакIуэ цIыкIум апхуэдэурэ хьэлыншэу ущIыхущытынур, уеIунщIу щIыхыфIэпхуэнур, уэ упионер вожатэмэ?! Къамбот ар зэрицIыхурэ жиIэхэри ищIэхэри фIэгурымыхьт. Адрей пионер вожатэхэм нэхърэ моуэ, Iуэхум нэхъ хуэмыкIуэу, жиIэхэри мыхьэнэншэу къыщыхъурт. Блыным щыкIэрыхуам и щIыбыр

сэху защIэ хъуагъэнт Къамботи, Хъусен ар щилъагъум, къреIуэнтIэкI классымкIи, Iуэху зэрахуэри къигъэнауэ, губжь хэлъу къопсалъэ:

– Сыт мыр блыным къыщIыкIэрыпхар? ПщIэрэ, ар совецкIэм и сивоскIэщ!

Аргуэру псори къыщеуд, унащхьэр трачыным хуэдэу. Алыхьым и шыкуркIэ, иджы дыхьэшхэн хъуари, цIыкIуи ини зыщыдыхьэшхри Хъусент!

## ВЫЩХЬЭФIЭЧ

Пшапэр щызэхэуэм къэсыжащ Къамбот. ЗэхэуапIи ирита мазэм, плъыжьу къэплъа тебэ хъуреишхуэу Жэгъунтхьэблэ джабащхьэм къыщхьэдэхри, вагъуэхэм къахыхьащ, джэдкъуртыр джэджьей быным хыхьэж нэхъей, зэрызэтримыпIытIэным хуэсакъыу. Къамбот елъэбышауэу унэм щыщIыхьэжым, и щIыбымкIэ джэ макъ къыщызэхихащ. Мухьэрбийт. АдэIуэкIи Мухьэмэд къыщытт. ФынакIуэ, жаIэ, ВыщхьэфIэч. Нартыху заданэ ирашэх мыувыIэу, дыхэвгъауэ!

ВыщхьэфIэч. ЦIэ гъэщIэгъуэнщ уегупсысмэ. НэгъуэщI адыгэ къуажэхэми яIэщ ВыщхьэфIэч. Мыр гъуэгу зыдэкI бгы задэхэм фIащу щытауэ къыщIэкIынущ. Дауи, дэкIыгъуэрагъэнтэкъым апхуэдэу жезыгъэIар. Вым и щхьэр щыфIитхъри щыфIичри ехыгъуэ задэм дежт... НэгъуэщI къуажэхэм яIэми, езым я ВыщхьэфIэчыр нэхъ лейуэ къыщохъу Къамбот, адрейхэм яйхэм нэхърэ. Задэм и задэжт, пэж дыдэуи, фIичу къыщIэкIынут выщхьэр. Мы зы гъуэгурат къуажэм дэкIри къыдыхьэжри зэрызекIуэр. НтIэ, а задейм машинэ хьэлъэр псынщIэу дэкIыфыртэкъым, зэрыгурыIуэгъуэти. Хуэму здыдэкIым, цIыкIухэм зыкIэращIэрти, пхъэ илъми, нартыху илъми, нэгъуэщIми, кърадзырт, къелъэжырти къащтэжырт. Арат мыбыхэм жыхуаIэри.

– Уеи, сэ абы ныщхьэбэ сынэкIуэфыну къыщIэмыкIын.

– Сыту?

– Флъагъуркъэ зи сытыр – си лъакъуэ лъэныкъуэр тезгъэувэ хъужыххэркъым.

– НтIэ школым унэкIуаи.

– СынэкIуат... Дапщэщ фыщыкIуэнур?

– Ныджыпсту.

– Хьэуэ, хьи, нэкIуэфынукъым ар иджыпсту, – бжэщхьэIум къытоувэ Гуащэкъарэ. – Нышэдибэ лъандэрэ увыIэ иIэкъым абы, ешащ.

Анэм ищIэртэкъым цIыкIухэм Къамбот здраджэр. ИщIамэ, апхуэдэутэкъым зэрыпсэлъэнур. Абы Къамбот игъэкIуэнутэкъым бгым деж машинэм зыкIэрищIэу илъыр кърихыну. Зыми зыри жиIакъым, заущэхуащ. Модрейхэри я деж ямыщIэу кIуэуэ къыщIэкIынут, шэч хэмылъу.

– Мамэ, кхъыIэ, сыгъакIуэ!

Гуащэкъарэ абы зыри пидзыжыфакъым: Iейуэ хуейуэт Къамбот и лъэIуэкIэр. И ныбжьэгъухэм яхэмыхьэрэ ящIэр ядимыщIэу йокIуэкI, ирекIуэ, жиIагъэнщ. ЕупщIакъым здэкIуэ къудеймкIи.

– КъыщIыхьэжи тIэкIу едзакъэ-тIэ...

Къамбот и нэ къикIырт щIыхьэжынуи едзэкъэнуи – мэжалIэрт Iейуэ. Ауэ мохэр къожьэу щыту уэ ушхэу утIысыжынт?

Жэщми, нэхушхуэт, ихъуреягъыр лындыжу плъагъуу. Мазэр фIыуэ къыдэкIуэтеят нетIэ лъандэрэ. Мывэ гъуэгу ящIат ВыщхьэфIэч дэкIыу. Пшахъуэм мывэ хагъэтIысхьэурэ дращIеят аддэ, бгыщхьэ дыдэм нэс. Иджы, япэхэм хуэдэу, машинэхэр щыцIэнтхъуэжыртэкъым щыуэлбани щыгъущи.

Ауэ машинэ хьэлъэм псынщIагъышхуи къыщыхуэщтэркъым мо задейм. ЦIыкIухэм псыщIэжыпIэ лъэмыж тIэкIу хуэдэ къигъэжыкIам зыщауды-гъуащ, машинэр благъэкIыу и ужь зэриувэным хуэдэу. Абыхэм яфIэфIтэкъым тIэкIу зэрынэхуIуэр. Сыт пщIэми, ялъагъу. Зи, зы-пигъэплъэщакъым машинэми. ИкIум нэхърэ къигъуэгъур нэхъыбэу, зы машинэшхуэжь къыкIэропщхьэ бгым. ЦIыкIухэм ар благъэкI, и ужьым йоувэжри, занщIэу долъей – лIот, лъэбакъуэ цIыкIукIэ укIуэми улъэщIы-хьэнут, апхуэдизкIэ хуэмут машинэр зэрыкIуэри. ЕрагъмыгъуейкIэ дэпщу арат, нартыху кIэчанышхуэжьхэр папцIэу илъу. Зыдрадзей, хотIысхьэ мо нартыху машинэм гупсэхуури, еуэ кърау тIыпщыкI, еуэ кърау тIыпщыкI. Хуиту, зыщышынэ лъэпкъ щымыIэу мэлажьэ. Гузавэртэкъым шоферым къилъагъукIи. Къэхъурт Iэджэрэ гу къалъитэу, ауэ бгы дэкIыгъуэм машинэ хьэлъэр къыщыбгъэувыIэнкIэ мы дунейм зы Iэмал щыIэтэкъым. КIийрт, гуорт шоферхэр, къалъэгъуа нэужь, ягъэшынэну иужь итт, IэштIым къыхуа-щIырт. Ауэ мыдрейхэр зыкIи гузавэртэкъым. Уеблэмэ езыхэми IэштIым хуащIыжу, зыхузэкIэщIашу, я бзэгухэр къыхурадзу, хьэлэчу зэгуагъэпырт, иращIэм и щIыIужкIэ. ЛIот, ву, ву, ву, жиIэу машинэм бжьиз икIуут зэ-рыдэкIыфыр. КъыкIэрылъэдапIэм къыщыщIэдзауэ, и щхьэ дыдэм нэс дэкIыгъуэр къилометрым щIигъунт. Дапщэщыт ар дэкIыу, шоферым машинэр къигъэувыIэу, мы еIуящIэ цIыкIухэм я деж къыщысыжынур? КъэкIуэххэнут, и нартыху машинэр абы нэс къыщинэу, сытми?! Арати, къыхэщт яIэтэкъым.

– Ей, гъуэгум тевмыдзэу, бгымкIэ евутIыпщхьэх! – щэхуу мэкIий Мухьэрбий.

Къамбот абы щодыхьэшх игукIэ: хэт и гугъэ езым нэхърэ нэхъ де-лэр?! ЕщIэ - гъуэгу мывэм тебдзэмэ, кIэчан гъурыр къытенэж щIагъуэ щымыIэу лъэлъэнущ. БгымкIэ ебдзыхмэ, нэхъ къызэтонэ, хущIыхьэ-гъуэкIэрэ къэпщтэж мэхъу. ИтIанэ, гъуэгум телъыр къамыщыпыжыфурэ нэгъуэщI машинэ къэсмэ-щэ?! ЦIыкIухэм нэху щыху яхуэгъэIэпхъуэн къудейт кIэчану кърадзар. Бгы лъапэм тIэкIурэ зыщагъэпсэхуж, лIыгъэ ящIам иригушхуэу, я щхьэ щытхъужхэу, шоферым а иращIар илъагъужмэ, къызэрыщыхъунур я нэгу къыщIагъэхьэрэ гухэхъуэу дыхьэшхыжхэу. Ауэ апхуэдэхэм деж Къамбот фIэгуэныхь мэхъу шоферыр. Дауи, а и машинэм илъамкIэ абы жэуап ихьын хуейщ. Дауэ-тIэ зэрыхъунур? Гуэныхькъэ? Ар зыми игу къэкIыркъым. КъэкIыр зыри къыдэзымыту дызыгъэпщылI колхозым и нартыху къатщтэу аракъэ, ди хьэлэлщ, жари аращ. Къамботи, зи Iейуэ гузавэртэкъым колхозым щхьэкIэ, ауэ мо шоферыр...

ЛъэбгъукIэ тетми, нартыхум и Iыхьэ хигъэкIуэдакъым Къамбот. Нэ-сыжа нэужь зимыумысыжу хъуакъым ищIамкIэ – пхущIэуфэнутэкъым, къихьар куэдыIуэти. Дэнэ къисхащ жыпIэнут нартыху къомыр? Гуа-щэкъарэ Iейуэ шхыдащ, шынащ:

– Школым фыкъыщIадзыжынщ, фыкъащIэмэ, тутнакъэщым фра-дзэнщ!

– Умыгузавэ, дыкъыщIадзыжынкъым, драдзэнкъым.

– Апхуэдэу я гугъэурэщ унэхъу псори зэрыунэхъур... Хьэмэрэ сыт ущIэдыгъуэнур?!

– Уэ езым къыбохьри мэхъури. Нартыхудэч укIуауэ зэи къэбгъа-нэркъым къыумыхьIауэ. Уогъэлъалъэри, къохь лъэпэд лъапщэкIэ, гуфIакIэкIэ... Уи закъуэкъым, псори фыаращ.

– Абы жиIэрелъ! Алыхь, къэсхьынтэмэ, зыри къэзмыгъанэу!

– НтIэ сэ тхьэ сынэхъ лей?

– Ей, сэ къэсхыр кIэлъхуозым ейщ, тхьэ къыбгурымыIуэрэ ар?!

– НтIэ, сэ къэсхьар БицIу Ахьмэдхэ къафIэздыгъуа уи гугъэ, колхозыращ ари зейр, зэданэу яшэу арат. Зэданэм мопхуэдизкIэ, мыпхуэдизкIэ щIедгъэгъуащ, жаIэу лейуэ яту, цIыхум зы кIэчаныщхьэ лъамыгъэсу, я тхыр гъэшауэ илъэс псом лэжьарэ пэт! Ара нэхъыфIыр?

– Ей, делэ цIыкIу, а нартыхур яшэчри къыдашащ, ятхащ мыпхуэдиз ттащ жари, тхылъи ящIыжащ. КIэлъхуозым и Iуэху хэлъыжIым абы. Фэ къызыфIэвдыгъуар нэгъуэщIщ... Шофер тхьэмыщкIэр ягъэпшынэнкIэ хъунущ абы щхьэкIэ, нэхъыбэ ирамыщIэмэ. Уоджэгури уэ. ДяпэкIэ умыщIэ апхуэдэу!

ИщIэну къыщIэкIынтэкъым Къамбот апхуэдэу дяпэкIэ, арыншами. И анэм къыжриIа дыдэратэкъэ езыри нетIэ шоферым щхьэкIэ зэгупсысар. Гуащэкъари къыфIигъэкIакъым. Дауи, къыгурыIуат Къамбот анэм жиIар.

* * *

Нобэ къыкIэрымыхуу къэкIуащ Къамбот школым. Сыту къимылъагъурэ иджы Хъусеныжьым? Дыгъуасэ къимылъэгъуатэмэ, апхуэдиз бэлыхьым хигъэтынутэкъым. Зы цIыху япэ щIыхьакъым классым. ЕгъэджакIуэр къэсри, занщIэу тхылъыр къызэгуихащ. Дерс блэкIамкIэ къеупщIакъым, нэгъуэщIкъым.

– Фи ручкэ, тетрадхэр къэвгъэхьэзыр, диктант фэзгъэтхынущ, – жеIэ.

Къамбот гузэвэххэркъым: пероупэ гуэр къигъуэтри, нартыху гъашэ гъурым фIиIужащ. Бэрэжьей шакъэи къыздихьащ. Я псыхъуэм дэт бэрэжьей хъуар къифыщIщ зиуцIэпIыжауи, и шакъалъэм из ищIащ, и псыр къыщIипIытIыкIыурэ. Шакъэ ягъуэтыркъыми, аращ нэхъыбэр зэрытхэр, къагъэунэхуауэ. Дыгъуасэ Битокъу Рае зэгуигъэпат, и шакъэм химыгъэгъауэу. Сыту Iейуэ зэкIэщIэжрэ мы бэрэжьей шакъэр, абы нэхъеи. ЗэкIэщIэжарэ бэлацэ хъужауэ! Къуажапщэм дэс я благъэ ГъутIэ Долэтджэрийхэ щыкIуам абыхэ я Забидэ кърнтауэ щыта къэрэндащ щIыхур игъэкIуэдыжащ, къэмысыж щIыкIэ. Шакъэ куэдIей хъунут ар, зэхэпщIамэ. Илъэс псокIэ ирикъунут. КъыщыкIуэжым дауэми ищIэркъым кIэрыхуа зэрыхъуар, фIэкIуэдащ.

– Мыбдежым зэрысщIынур сщIэркъым, – жи еджакIуэхэм ящыщ зым, диктантыр и кIэм нагъэсауэ, егъэджакIуэм зыхуегъазэри.

Къамбот зоплъэкIри – и ныбжьэгъу Хьэзрэтщ.

– Сыт умыщIэр? – жи егъэджакIуэм.

– «Сталин лъапIэу ди дыщэ дыгъэ» жыхуиIэм деж «Ста»-р стхауэ, адрей и ныкъуэ «лин»-р схуигъэхуэжыркъыми, къесхьэкI хъуну?

Абдежым егъэджакIуэм и диктант егъэтхыныр зэпегъэу, иIыгъ тхылъыр лъэныкъуэкIэ зэрегъэтIылъэкIри, къотэдж. КъокIукI-нокIукI. Гупсысэ къызэрыгуэкIкъым зыхэхуар: дауэ ищIмэ, дауэ хъуну? Иджыпсту зытет, псори зэрылажьэ пэжырытхэ убзыхуам и хабзэм тету убгъэдыхьэмэ, къозэгъ. Хъунущ ар абдежым къыщепхьэкI. Ауэ, нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ укъыщыгупсысэмэ, вождышхуэм, ди дыщэ дыгъэм и цIэр дауэ зэпыбудын тIууэ?! Уа, дауэ тщIымэ, нэхъ тэмэм хъуну пIэрэ? Теурэзыр зыхуэмыкIуэн щIалэжь цIыкIур нобэ щхьэ Iууа мыбы?

– Хъуну, хьэмэрэ дауэ зэрысщIынур, – кIэрыкIыркъым Хьэзрэти.

– КъыумыхьэкIамэ, нэхъыфIт...

Мыбдежым къехьэкI жиIэну и Iупэм къэсат егъэджакIуэм, ауэ щIегъуэ-

жащ, тегушхуакъым. Мы яригъэтх диктантыр, зыхуэIуа щыIэкъым, зыгуэрхэм ялъагъункIэ, чэмисэ дыдэ хэплъэжынкIэ мэхъу. ЩыIэщ апхуэдэу щащIи. Ер къурахрэ бэлыхь хадзэмэ! КъыумыхьэкI жиIэнущи, цIыкIухэм ягъэхъыбарыжрэ емыкIу хуэдэу хъумэ? ПщIэнукъым цIыхум я жьэм узэрыжьэдэхуэнур. Зыгуэрым ечэнджэщын хуейщ...

ЕупщIынщ зыгуэрым, дауэ мыхъуми. Мы зэра Iуэхур, иужькIи уIуунэнкIэ мэхъу, и пэжыпIэр зригъащIэмэ, нэхъыфIщ... Хьэмэрэ пэжырытхэм и хабзэмкIэ абдежым а пычыгъуэр къыщепхьэкI щыхъукIэ, къыщIримыхьэкIынур лIо, щIэупщIэ леи сыти хэмыту?.. ИтIани дзыхьщIыгъуэджэщ. Зэманыр апхуэдэщ, бетэмалщ бэлыхь ухэхуэныр зы мыхьэнэншэ щхьэкIэ. Къэхъумэ, къэхъур апхуэдэщ. КъехьэкI жеIэри кърырегъэхьэкI иджыпсту, яхехьэ ар апхуэдэу еджакIуэ цIыкIухэм. НыкъуитIу ирегъэкъутэ вождышхуэм и цIэр. Зэпрегъэуд тIууэ... еджакIуэ цIыкIу къомыр абы хуегъасэ! Хьэуэ, сыти жыIи, щIэупщIэнщ. ЩIэупщIэ щIэщхъуркъым. ЩIэупщIэнщ, щIэмыщхъун щхьэкIэ. ЕупщIынщ езы директорым, ар нэхъыфIщ.

– ЦIыкIухэ, – жеIэ бэлыхьым хэхуа егъэджакIуэм. – Зэт... Зы дакъикъэ хуэдэкIэ дахэу фыщысыт, сабыру. Сэ иджыпсту сыкъэкIуэжынщ.

Директорыр Жамырзэ Лъостэнбийт. ЛIы къамылыфэ лъахъшэ цIыкIу гуэр. ЦIыху зэтетт, фIыуэ емыгупсысауэ, и пэжыпIэм теIэбауэ къимылъытэжауэ, псалъэ пхужиIэнутэкъым. ЕгъэджакIуэм бжэр щыIуихам ар щыст, напэ пщыкIутI зыдэтхэм хуэдэ тетрадь цIыкIум зыгуэрхэр егугъупэу иритхэу.

– Сыт? – къеIэт и щхьэр, щIыхьам жимыIэIа щIыкIэ. – Урокым щхьэ ущымыIэрэ?

– СыщыIэщ, – жи мыдрейм. – Мыпхуэдэ Iуэху къыкъуэкIащ... Диктант здезгъэтхым еджакIуэхэм щыщ зым ди вождышхуэ Сталиным и цIэр кърихьэкIын хуей хъуащ. «Ста» жиIэу итхауэ, мыдрейр хъуну апхуэдэу къесхьэкI, жеIэри къызоупщI. СщIэркъым, хъуну апхуэдэу пщIы? Пэжырытхэ иджыпсту дызэрылажьэмкIэ хъунущ, ауэ...

Ар жиIэри, егъэджакIуэр директорым еплъу уващ. Iуэху зыхэхуар зэрымыцIыкIуфэкIум, абы хуабжьу зэрытегузэвыхьым и нэщэнэу, и IэпхъуамбэIэ зэрытыпIэхэм гъуэрыгъуэххэу къеIэурэ, «щIыкъ» жригъэIэу.

Директорыр егъэджакIуэм къыхудэплъейуэ тIэкIурэ щысащ. ИтIанэ къэтэджщ, и IитIыр и щIыбагъымкIэ щызэридзэри, къикIукI-никIукIыу щIидзащ, гупсысэм хэхуарэ жиIэнури къыхуэмыгъуэту. Ар зэм-зэмкIэ къызэщIэувыIыкIыурэ и егъэджакIуэм къеплъырт, ехъуапсэу: тыншт абы и Iуэхур, директорым иджыпсту зэрыжиIэм хуэдэу иригъэтхынщи – зэфIэкIащ. ЩIэгузэвэн лъэпкъ щыIэкъым, зыгуэр хъуми. Езым-щэ? КърумыгъэхьэкI апхуэдэу, жиIэнущи, ари егъэлеиIуа хъууэ, щхьэцпэщтагъэ, шынэкъэрабгъагъэ къурахмэ, къыщыдыхьэшхмэ-щэ? КърегъэхьэкI жиIэнущи... вождь лъапIэм и цIэр IыхьитI ирещIыкI, екъутэ. Ар зыгуэрым и деж нэсыжмэ?

– Хэтщ жыпIа ар къызыщыщIа цIыкIур зейр?

– Къуэшокъуэ Дахэлинэ и щIалэ цIыкIуращ...

Ар щызэхихым, директорыр нэхъри къэшынащ. Гупсысэ куум, хьэлъэм хэхуащ: «КъулыкъущIэм и къуэм зэрыхуэза ар, шокъущ жиIэу!.. Пэжырытхэм и хабзэм йозэгъ, жеIэ. Вождышхуэм и цIэр тIууэ зэпиудыну аращ... Сталиныр тIууэ зэпиудынущ! Уи щхьэпхэтIыгур щумылъагъужынум уамыгъакIуэмэ, тхьэ соIуэ!»

Асыхьэтым уэзджынэ къеуэри, цIыкIухэм я макъ жыгъырур кIэлындорым тез къэхъуащ.

– Мыр Iуэху цIыкIукъым, – жиIащ директорым, егъэджакIуэм зыкъыхуигъазэри. – Быдэу егупсысын хуейщ. Абы нэхъей, си хущIэмыхьэгъуэ дыдэм укъримыхьэлIаи. ЕтIуанэ урокым щыщIидзэжым деж къыщIыхьэ.

– Иужьрей напэр щIэрыщIэу къистхыкIыжащ, – егъэджакIуэр классым щыщIыхьэжым къыпежьащ бэлыхьым хэзыдза еджакIуэр. – «Сталин» жыхуиIэр къехьэкIын хуэмеиххэу хъуащ!

ЕгъэджакIуэм и гум жьы дихужащ. Дихужащ и гум жьы аргуэру нэгъуэщI зыгуэрым ечэнджэщыну зызыгъэхьэзыра директорми.

– Уа, мы школым щекIуэкI Iуэхур фэ фи мыIуэхуу, хьэмэрэ директорым и унафэри фи дежкIэ мыунафэу ара? – завхоз Мухьэрбэч бжэ блыпкъым къоувэ, губжьарэ зэрызищIынури зэрыпсэлъэнури имыщIэжу.

– Сыт?

– Зи сытыращ, зиунагъуэрэ, нобэ школ пщIантIэр къахухьын хуейуэ дыгъуасэ унафэ зэращIам ущыгъуазэIэ?! ИIэ, ныщIэш псори псынщIэу...

## ХЪУСЕН ИЛЪ ЕЩIЭЖ

Я диктанти нэгъуэщIи къызэханэри зэрыщIох классыр, езыгъаджи ирагъаджи. Пэжу, адрейхэм куэд щIат лэжьыгъэм зэрыщIадзэрэ. Гупышхуэ псым зэпрыкIауэ, екIэпцIэ мэзым чы щыпаупщIырт, абы паупщIар зэрымыухъуэнщIауэ еджакIуэ цIыкIухэм псым къызэпралъэфурэ школым кърalъэфалIэрт. МыдэкIэ, Мухьэрбэчи яхэту, лIы зыщыплIым екIэпцIэ бжэгъухэр бжэгъулъэ ящIырт, хасэурэ чыр дадзыжырт – псоми яIэт ящIэн.

Зы илъэс къанэртэкъым цIыкIухэм апхуэдэу школ пщIантIэр кърамыгъэхухьу. Зы илъэси псоуэ гъэ щIэкIыртэкъым. Зэпымыууэ къэхухьыжын хуей хъурт щIэрыщIэу. ЗдэкIуэри пщIэртэкъым бжыхьыр щIымахуэм. Мы гъэ гъатхэм, сыт щхьэкIэми, къахудэмыхыурэ бжыхьым и Iуэхур кIыхьлIыхь хъуат. Иджы, бжьыхьэ уэфI тIэкIур щыIэ щIыкIэ, къахухьыну иужь ихьауэ арат. Бжыхьыр «щыкIуэцIрыху» щIымахуэри къэсат, лIот иджы къэпхухьыжкIэ. Хьэмэрэ иджы нэхъ къызэрызэтенэн Iэмал къагупсысауэ пIэрэт?

Хъыджэбз цIыкIуи щIалэ цIыкIуи зэрыгъэкIийуэ зэрыдэхат псыхъуэм. Хъыджэбз цIыкIухэм гъумэтIымэ яхэтт: дэ ди адэ-анэхэм мэз дагъакIуэркъым, ди щхьэм хуэтщIэжыркъым мы дызрахулIар! Къамботи фIэфIтэкъым мы школ пщIантIэ къэхухьыр. Езым я хадэр къэзыхухьыным щхьэкIэ ущIауэ къэнэжат. Ауэ уэ пфIэфI-пфIэмыфIым хэт сыт пхутрищIыхьын мыпхуэдэхэм деж?! И лъакъуэ лъэныкъуэри тригъэувэ хъужыхэркъыми зы. Ауэ зыми зыри пхуещIэнукъым. Адрейхэм ящIэр щIэн хуейуэ аращ. Къамбот и лъакъуэ узыр мывэжь гуэрым жьэхэуэри зэщIигъэтIысыкIауэ, Iэлбий кърохьэлIэ, мэзымкIэ кIуэуэ. Бригадиру, игъащIэр цIыху игъэлажьэу кърехьэкI, жиIагъэнщ, директорым мы екIуэкI псом и унэтIакIуэ ищIауэ, школ пщIантIэр къэхухьыным лэжьыгъэу пыщIар аращ зи пщэ илъри къызэзыгъэпэщри. Хуеймэ, хуит уищIыжыфынущ. ТхыдэмкIэщ, жаIэ, зэрыригъаджэр. Ауэ мы школым къызэрыкIуэрэ, мыпхуэдэ лэжьыгъэ Iуэху хъуамэ, аращ зезыгъакIуэр... Тхьэ емылъэIурэ? ИщIэжу пIэрэ танэ контрактацэм щыгъуэ екIуэкIахэр? И лъакъуэм еуауэ щытар Къамботу ищIэркъым, нобэр къыздэсым. ИщIамэ, дауи, зыгуэркIэ зыкъригъэщIэнт...

– Iэлбий, кхъыIэ, сыутIыпщыж...

– Сыт сэ ущIэзутIыпщыжынур? УраутIыпщыж уи класс унафэщIхэм!.. Сыт уаутIыпщыжыну къэхъуар?

– Си лъакъуэр мэуз. Си лъакъуэ ижьыр тезгъэувэ хъуркъым – лъэдакъэр бдзанэ хьэлэчщ, лъапэми банэ къыхэуауэ шын ещI.

– Школым укъэкIуэфаIэ?

– СыкъэкIуащ...

– НтIэ, а школым укъызэрыкIуа уи лъакъуэмкIэ кIуэ мэзми. Фесащ фэ!..

– Сыт ар? – къахуозэ ГъутIэ Хьэжы.

– СыутIыпщыж, жи, мыбы. Псоми щхьэусыгъуэ зырыз къалъыхъуэ, мылэжьэн щхьэкIэ!

– Уэихьи ыхьы, къэзмылъыхъуэ-тIэ. Си лъакъуэ лъэныкъуэр тезгъэувэ хъуркъым, мэузри. Дауэ сэ апхуэдэу мы мывэ къуршым къуацэ зэрыщызеслъэфэнур?

– ДаIэ, сегъэплъыт... Мыр лIо, мыр... Тхьэ укъэкIуэхха уэ апхуэдэу школми? КIуэ, иджыпстуупцIэ кIуэжи, зыгуэр щыхуэ, хъужыхуи утемызэкIухь!

– Ей, уэ ар уоутIыпщыж, я егъэджакIуэхэм къалъыхъуэнуIэ... Ухуит уэ ар уутIыпщыжыххэну?! – Iэлбий убжьытхэу, и нэр кърегъэж.

– Куэд жумыIэ уэ, – Хьэжы еплъыххэркъым абы. – Сэ сагурыIуэжынщ егъэджакIуэхэми нэгъуэщIхэми.

И тхылъ тIэкIур къищтэжу кIуэжынурат Къамботи, сыхьэт нэблагъэкIэ школ пщIантIэм нэсыжа къудейщ. Узижагъуэным и махуэт и лъакъуэр. Бдзанэм и къикIыгъуэ нэсауэ къыщIэкIынти, ныкъуакъуэрт, банэ зыхэуа лъэтхьэмпэми шын ищIрэт, сытми, дыргу-дыргу, дыргу-дыргу, жиIэу къыщеуэрт лъапэмкIи лъэдакъэмкIи. Хуабэт, бжьыхьэу умыщIэну. Мухьэрбэчрэ нэгъуэщI зы лIы гуэрымрэ бжэгъулъэ щIа бжэгъу захуэ пIащэшхуэхэр IэкIуэлъакIуэу хатIэурэ, зэпымыууэ цIыкIухэм кърaлъэфалIэ екIэпцIэч мыухъуэнщIахэр дадзырт. Абыхэм ядэIэпыкъурт Хъусени. Къамбот абдежым щохуэх, адэкIэ мыкIуэжыфу. Мухьэрбэч абы гу къылъетэ.

– ЛIо, сыту пасэу къэбуха уэ уи бжыхь щIыхьэхур?

* * *

Мыри Къамбот сымэ я унафэщIщ. НобэкIэщ, ауэ я унафэщIщ. Сыт емыни хъурэ, дэнэкIи гъазэ – унафэщIщ. ЕджакIуэм нэхърэ унафэщI нэхъыбэ зиIэ дунейм тету къыщIэкIынкъым... Нэхъыбэ, нэхъ мащIэ жыхуиIэр сыт, псори и унафэщIщ еджакIуэм. Зи унафэр псоми ящIу, зым и унафи зымыщIыжщ... Мис, иджыпсту зыкъриупсеинщ, хихуэжынщ мывэ къуршым!

– Тхьэ ущыс, зо, сыт уи къангъэшхэгъуэр?!

– Си лъакъуэр мэуз... Хьэжы кIуэж, жиIащ.

Хьэжы кIуэж жиIауэ щыжиIэм, Мухьэрбэч и губжьыр нэхъ щхьэщыкIауэ къеплъэщ. Къыбгъэдохьэ, и Iуэху ныкъуэщIэр къегъанэри.

– Сыт? Дэнэ и деж узу жыхуэпIэр?

– Мис, мы си лъакъуэ ижьыращ, плъагъуркъэ, фIэбэгыкIащ иджыи.

– Iахъ, уэлэхьи, мыр мыщIагъуэ... КъигъэкIын хуейщ мы бдзанэр. Сэ къыпхуизгъэкIынщ иджыпсту. – И сэ жаныр кърихауэ, и гъусэ лIым къигъэувыIэжащ:

– Зэт, сэ сегъэплъыт... Хьэуэ, мыр иджыпсту къибгъэкI хъунуIым, хъуа щIыкIэIым иджыри. Мыхъуу къибгъэкIмэ, е екIуэнущ.

Чыуэ къралъэфэлIар дадзакIэт, бжэгъулъэ щIыни бжэгъу хэсэни зэкIэ щыIэтэкъыми, йотIысэх гуп цIыкIур зы жьэIурыхьэгъуэкIэ.

– Дэнэщ жыпIа, Хъусен-тIэ, мы щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэ хуит ущыхъур къэсмэ, уздэкIуэну жыхуэпIар? – Мухьэрбэч йоупщI Хъусен, зытепсэлъыхь Iуэхум пащэжу къыщIэкIынт.

– Прибалтикэм жысIаи. Ди адэм и къуэшыр абы илъэскIэ щылэжьэну кIуауэ щыIэщ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм щыгъуэ сишэри, тхьэмахуэм щIигъукIэ сыщыIащ. Иджы щIымахуэу сыкIуэну сыхуейщ... Ауэ фIы абы! Дыдейм хуэдэIым абыкIэ. Я цIыхухэри нэгъуэщIщ, ухуеймэ.

– Дауэ цIыхухэр зэрынэгъуэщIыр?

– Дэ игъащIэкIэ далъэщIыхьэнуIым ахэм!

– Сыт апхуэдизу?.. – Мухьэрбэч и гъусэ лIым нащхьэ хуищIащ – Хъусен жиIэхэр фIэауану.

– Абы щыIэ цIыхухэр, дыдейхэм хуэмыдэу, гуапэхэщ, щабэхэщ, кIулътурэ яхэлъщ. Ригэ къалэращ сэ сыздэщыIари, ди Налшык дыхьэшхэн мэхъу, абы щебгъапщэкIэ, фи фIэщ хъун ар!

– Уэлэхьи, мыхъун, ар сыткIэ нэхъ лей апхуэдизу?

– Ауэ нэхъ лей сытми! Фыхуейми фщIы фи фIэщ, фыхуэмейми фымыщI, игъащIэкIэ зэбгъапщэ хъунуIым ди Налшыкрэ Ригэрэ. Сыт хуэдэу къабзэ фи гугъэ абы и уэрамхэр! Я цIыхухэр ауэ кIулътIурнэ!.. Трамвай жари щызокIуэ зыгуэр а къалэм. Мис мы ди Налшык дэт афтобусыжь цIыкIухэм я пIэкIэ. Апхуэдэм дитIысхьэну къэувыIэпIэм дытету слъэгъуар вжесIэжынщ. Зы щIалэ гуэр нытохьэ а жыхуэсIэ къэувыIэпIэм. И жыпым тутын кърех. Сенычи къещтэри, пегъанэ. Пегъанэри, аргуэру и жыпым йоIэбэ. Сэ къызгурыIуэркъым, тутын кърихащ, сенычри хьэзырти, пигъэнэжауэ, йофэ. Сыт иджыри и жыпым щIиIэбэжыр? Кърихар фщIэрэ – тхылъымпIэ кIапэ. Сеплъурэ, сэмб цIыкIу ищIри, и тутыным къыпищIэ сахуэр щIым имыгъакIуэу, абы иригъэщащэурэ, ефащ.

– КIэфыр мыхъуу, сахуэра щIым имыгъэкIуар?!

– Сахуэр, тхьэ пхуэсIуэн, сахуэр! ИщIар пщIэрэ, трамвайр къыщысым, игъэункIыфIыжщ и тутыныр, кIэфри а сахуэр зригъэщэща сэмб цIыкIум кIэлъридзэжщ, и жыпым зэкIуэцIышыхьауэ ирилъхьэжщ аби, трамвайм итIанэщ щитIысхьар!

– Тобэ, тобэ ярэби, уа, пэжу пIэрэ иджы уэ а жыпIэр?! – и Iэгур зэтрегъауэ Мухьэрбэч и гъусэу бжыхь зыху лIым.

– ХьэдагъэпцI ухъу! – жи езы Мухьэрбэч. – Уэрамым дэт щIалэм жьым ихьыжыну сахуэр сэмб ищIу и жыпым ирилъхьэжауэ!

Къамбот къыщиудауэ мэдыхьэшх. Щодыхьэшх Хъусен, ещIэ абы и псэлъэкIэри сытри зэрымышыур. «Мыр Советскэм и сивоскIэщ», – къыжриIауэ зэрыщытари игу къокIыж. Езым псори я фIэщу къедаIуэ и гугъэжт.

– Абы щыпсэу цIыхухэр ину псалъэу, кIий-гуоуэ зэи зэхэпхынуIым, – адэкIэ кууэ хыхьэрт мыдрейр. – ПлъагъунуIым ефауи, жамыIэн жаIэуи, къэгубжьауи... Ину псэлъэххэрIым, хуэм цIыкIуу фIэкI, апхуэдизкIэ кIулътIурнэщи...

– Уа, Хъусен, а латIышхэм щIалэгъуалэ яIэIэ?

– Уэлэхьи, яIэмэ, ауэ яIэ сытми. Нэхъыбэу щIалэгъуалэщ плъагъуххэр, уэрамым удыхьэмэ, дауэ зэрамыIэр?

– НтIэ, ахэр щыщIихьэ щымыIэу, Iэдэбу уэрамым зэпымыууэ дэту ара жыпIэнур? КъэхъурIэ тIэкIу щызэзауи сыти?

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ, зозауэ, ауэ мыкIий-мыгуоуэ, сабыр цIыкIуу зозауэ, зыцIыкIуи къэмыгубжьу...

– КхъыIэ, Хъусен, мыбдежым укъэтIысауэ укъысхуэмыпщт иджы! –

къэтэджри, и Iуэху ныкъуэщIымкIэ иунэтIыжащ Мухьэрбэч. Мыдрейхэри абы и ужьым иувэжащ, ауэ ахэр куэдрэ иридыхьэшхыжащ Къамбот и пионер вожатэм и псэлъэкIэм. Къамбот IурымэхыкIауэ абы щыдыхьэшхрэ пэт Хъусен зыкъригъэзэкIри, зы еплъыкIэкIэ къеплъати! Дзыхь ищIакъым мобыхэм ялъагъуу къеуэну, армыхъуамэ зы бэлыхьыр къришIэнт. Къамбот къежьэжа нэужь, куэдрэ зэплъэкIыжащ, ХъусеныжьIыр къыскIэлъыкIуэм, жиIэу. ЩIалэ тхьэмыщкIэ цIыкIур гугъу ехьу кIуэрт, метр бжыгъэкIэрэ зэщIэтIысыкIыурэ. Езэгъыжыххэртэкъым и лъакъуэм.

Къуажэкум къэсыжауэ, зэщIэтIысыкIщ, тIэкIу зигъэпсэхури, къыщытэджыжым, я къауи я къиуди зэуэ кърауд Къамбот. Гужьеяуэ къыдэплъеймэ – Хъусент! Абы и гур арыншэми хьэлэчу къыхуэплъыртщIалэ цIыкIум, къэп хьэжыгъэзащIэр и нэжьгъым ириутIыпщхьауэ зэрыщытам щхьэкIэ. Прибалтикэм теухуа и хъыбарым щхьэкIэ зэрыщыдыхьэшхари абы хилъхьэжри, илъ ищIэжын щхьэкIэ къыкIэлъежэхауэ арат.

– Ихьи, сыт уэ Iеижьыр узыхуейр?! – Къамбот и Iэ цIыкIухэмкIэ Iэбэрабэрт здэщылъым, зыгуэр къыIэрыхьамэ, къеуэну. Хъусен абы жьэхэлъэдащи, лъакъуэкIэ кIуэцIоуэ. Апхуэдиз удын къытехуэми, гъыртэкъым Къамбот, зэрыхъуу пэщIэкIуэтыну хэт фIэкIа. БлэкIыу къыщIэкIынт, колхоз бухгалтер Зыгъэзэж Толэ къажьэхолъадэ. Абы хъийм икIа Хъусен и пщэпкъыр еубыдри, хыфIехуэ:

– ПщIэр лIо зиIысыр, гъуэгу мыгъуэм ежьэн, уоукIри щIалэр?!

– Абы къызищIар пщIэрIым уэ!

Толэ, абы жиIэм емыдаIуэу, и пэр щIым хущихуэну щилъым, модрейр щIэIэри ежьэжащ. Къамботи къэтэджыжри и гъуэгу теувэжащ, гукIи псэкIи Толэ фIыщIэ хуищIу. «Ар цIыхуфIщ, – егупсысырт. – Лей зытехьэм сыт щыгъуи къыщхьэщож. Зэ слъэгъуауэ щытащ щхьэмыж тIэкIу къищыпам щхьэкIэ бригадирым къиубыдауэ иубэрэжь фыз тхьэмыщкIэр къызэрыIэщIигъэкIыжар. Иджы, мис, сэ сыкъытрихыжащ Хъусен срымыгъэукIыу. Абы и фыз Розэ дэ дезыгъаджэри цIыхуфIщ...»

ЗдэкIуэм, Къамбот илъагъуртэкъым уэрамым тет цIыхухэри, блэкIкъыблэкIыжхэри, зытеувэ щIыри – «Хъусен мыхьыр ирегъэхь щIидзауэ». Ар абы и ныбэм хуищIэу еуэщ и IэштIымымкIи, зэфIэунтIыIуэу и щхьэр лъахъшэ къыщыхъум, и нэжьгъым хухоуэ лъакъуэ ижькIи, ireуд, и щхьэпхэтIыгумкIэ техуэу. Къамбот и нэм губжьыр къыщIихыу щхьэщолъадэ пIэтIауэу щIым мо щылъми, щысхьырабгъу лъэпкъ имыIэу хурикъутыхьу щIедзэ зытехуэм техуэу, и къатыр лъэдакъэмкIэ. Гузэвэгъуэ щIыIэр и псэм телъу къокIий Хъусен: «Уэуэу мыгъуэр си махуэщ! Алыхьым и хьэтыркIэ, сумыукI! ИгъащIэ мыгъуэкIэ уи гугъу сщIыжынкъым!»

### УСАКIУЭХЭР ЖЫЖЬЭ МАПЛЪЭ

А екIуэкIа псом теухуауэ Къамбот псалъэ жриIакъым Гуащэкъарэ. И хьэлтэкъым апхуэдэхэм тепсэлъыхьыжу.

Анэми идакъым Къамбот и лъэдакъэ бдзанэр къыхуригъэкIын, хъуакъым иджыри, жиIэри. Ауэ и лъапэр къигъэкъэбзащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, къыхэуа банэм и ныкъуэр къыхэнауэ, арат зыукIыр. Гуащэкъарэ ари къыхихыжщ, фIыуэ хуитхьэщIри, уIэгъэри хуипхэжащ. Ауэ и бдзанэр, нэху щыху имыгъэжейуэ, къезэуащ. Пщэдджыжьыращ щыхурибзар. Абы лъыри шынри зэщIэту зыкъом къиуати! Къамбот занщIэу псэхугъуэ игъуэтыжат. Сыту Iей ар! Iей-фIыми, тхьэмахуэ псокIэ хуиту къригъэкIухьакъым. Ауэ абы щхьэкIэ къигъэнакъым и Iуэху Iыхьэ ищIэн.

Гуащэкъарэ мэгуфIэ, и бжьыхьэ Iуэхухэр мы гъэм зэи хуэмыдэу

фIыуэ зэфIэкIащи. Бжьыхьэр езыри хъарзынэу уэфIащ, зи, Iуэху зиIэм иригъэщIэну. Къамботхэ иджы я щIымахуэпхъэр хьэзырщ, я хадэр Iэгъущэлъэгъущэу зэщIакъуэжащ. Танэ цIыкIум ишхыну мэкъумылэри щыIэщ. Бзийр дыгъэл хъужауэ зэтралъхьэжащ, къахри. ЕтIанэгъэ, тхьэм жиIэмэ, гъэш яIэнущ. Зи, жэмыщIэ хьэзыр къэхъуащ я танэр. Гуащэкъарэ а псори нэхъыбэу зи фIыщIэу къилъытэр и Къамбот цIыкIуращ. ЛIы дакъэм хуэдэщ, зи. Сыт ищIысри ещIэф. ТхьэмыщкIэ, и адэм илъэгъуа мыгъуэмэ, гуфIэнт. Яллыхь, Яллыхь, къегъэгъазэ! Зэи игу ихуркъым. И Iуэху щыIеи щыфIи. Мис, аргуэру и гупсысэр абы и дежкIэ щыIэщ. Зэм адэм Къамбот ирегъэлъагъу, зэми я щIалэ нэхъыщIэ цIыкIур, Мамышэ и Iэпэр иIыгъыу ирешэ и пащхьэ. ИщIэххэркъым иджы ар яIэу – дэкIа нэужьщ къыщалъхуар. Хэт, жи, мыр, и пащхьэ иришащи. Къоплъ. Уэщхькъэ, жи, Гуащэкъарэ. Абдежым Мухьид зы гуфIэгъуэ зэрехьэ, зы гуфIэгъуэ зэрехьэри!

– Мамэ, сыт ущIэгуфIэр? – Къамбот и анэм дыхьэшхыу йоплъ.

– ПщIэрэ сыщIэгуфIэр? Уэ инышхуэ ухъуащ, дяпэкIэ сыгузэвэжынукъым Iэбжэнабжэ щхьэкIэ, цIыхухъу Iуэхур дэпхыфынущ. Ауэрэ Мамышэ цIыкIуи къыпщIэувэнщ. ЗэкъуэшитIрэ дзитI зыIутрэ, жиIаIэ. Жылэ унагъуэм далъэщIыхьэнщ...

Ахэр жиIэми, Къамбот къимыщIауэ щыттэкъым анэм и гур щыхэтар. Зыри жиIакъым. ЛIо, езыри аращ. Куэдрэ апхуэдэу йогупсыс и адэм. Iуэху ищIэф зэрыхъуам щхьэкIэ гуфIэнт, дауи. ИIэжамэ, и гъусэу мэз кIуэнт. Ауэ хуэхъунт абы дэIэпыкъуэгъу... Мы и Iэхэр мыпхуэдэу мыцIыкIуамэ арат. Ар адэм и жагъуэ хъунущ. Хъыджэбз цIыкIу нэхъей! НтIэ, лIо, зыкIи зытригъакIуэркъым и ныбжьэгъухэр... Уэлэхьи, къытокIуэмэ-тIэ. Зымахуэ псы гъэгъуам бдзэжьей щещати, езым зы къимыубыдурэ, Хьэжсуф бдзэжьеишхуищ къыщIихат мывэ щIагъым. И Iэхъуамбэ кIыхьыжьхэмкIэ щIоIэбэри, ади-мыди имыгъакIуэу къеубыд бдзэжьейр. Къамбот и Iэр цIыкIущ... Хьэмэрэ армырауэ пIэрэ ар зи лажьэр? Зэ мэракIуэхьэ щыкIуами къытекIуащ ар IэпсынщIагъэкIэ. ПсыхьэлъахуэкъыщащыпкIи япэ йощ адрейхэр. Ар апхуэдэу тхьэ щыт? Ахэр мылажьэу, джэгуу уэрамым дэту къызэрыхъуар арауэ пIэрэ? Къамбот псэхугъуэ имыIэу Iуэхум и щхьэр хэлъщ. Улажьэмэ, лэжьыгъэм нэхъ уесэн, мо зыри зымыщIэу къекIуэкIахэм уатекIуэн хуейкъэ? ИтIани, еплъ! И Iэхэм хуэдэу и щхьэ куцIри цIыкIуу, мащIэу арауэ пIэрэ къащIыкIэрыхур? Ар жиIэ щхьэкIэ, и Iэм фIэкIа и ныбжьым зыдэзымыужьа и IэпкълъэпкъпсомхэткъыммащIэн хуейкъым и щхьэ куцIи и акъыли: абы игу къэкIхэм, ищIэхэм хуэдэ адрей и ныбжьэгъухэм игъащIэкIэ я щхьэ нэсынукъым. ИтIанэ Хьэжсуфи, Аскэрбии, Мухьэмэди, Хьэзрэти – псоми нэгъуэщI щIалэ цIыкIухэм я гъусэмэ, нэхъ яфIэфIщ. Зыри щамыгъуэтыжым и дежщ Къамбот къыщеджэр, гъусэ щащIыр. Хьэмэрэ я мамэ зыщIыпIи зэримыгъакIуэр ящIэри, арауэ пIэрэ апхуэдэу щIыщытыр? Iэхъуэхэмыхьэу къэнащ!

Гуащэкъарэ нартыхум яшэу Къамбот и закъуэ къыщынэм, и сурэт нызкъуэщIхэр къиштауэ йоплъ. ИгъащIэм сурэтитI ищIати, тIури иухакъым – анэм и сурэтымрэ пхъэIэщэм щIэщIа фызабэхэмрэ... Хьэуэ, япэ дыдэ ищIа сурэтыр игу къэкIыжыртэкъыми – Лениным и натIэм тригъэувва хъурейр. Арат япэ дыдэ ищIауэ щытар, бэлыхьи хидзэгъат... КъыхуагъэдэхакъымвакIуэхэм ятрищIыкIа сурэтри. Колхоз Iуэху зехьэкIэм, лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам, колхозхэтхэм я гъащIэмкIэ уарэзыкъым, уэ абыхэм я бийуэ лэжьыгъэ ибогъэкIуэкI, жаIэнщи, узыжьыр къуатынщ, гъэбэяу ахэр, къыжриIауэ щытакъэ Хьэжы? Анэм и сурэтри ари Алыхьым ещIэ езыр зэрыхуейм хуэдэу щIа щыхъун, игу абыхэм щахуигъэзэгъэн. Анэм

и сурэтым, зэман-зэманкIэрэ къызэкъуихыурэ, йолэжь. Зэхелъхьэ налъэ цIыкIу зырызурэ. Модрей вакIуэхэри никъуэцIалэ-никъуэтхьэщI жыхуаIэм хуэдэщ. Зылъэгъуахэм къащIащ жиIэну зыхуейр, ауэ наIуэу, къызыхуэтыншэу ар хъун щхьэкIэ, иджыри куэд хуэныкъуэщ. ТхылъымпIэ зытрищIыхьыни иIэ, абы нэхъей. Ярэби, тхылъымпIэ щхьэхуэу щыIэу пIэрэ сурэт тращIыхьу? Апхуэдэ иIатэмэ, арат. Сурэтхэм цIэ фIащу пIэрэ, ей? ФIащмэ, «Анэ» зым фIищынт, адрейм – «ВакIуэм»... Хьэмэрэ «ВакIуэхэр» жиIэмэ, нэхъыфIу пIэрэ?

Сабий жыхуаIэракъэ, сурэт Iуэху езым зэрихуэурэ, и гупсысэхэр нэгъуэщI щIыпIэкIэ имыщIэххэу щыхыхьэжащ. Хъусен деж «кIуауэ», мыхьыр ирегъэхь аргуэру. ЕкIэпцIэ бжэгъу цIынэжькIэ доуэ и пщэдыкъми, пIэжьажьэу къреуд. Езым дыгъуасэ зэрищIам ещхьыркъабзэу, лъакъуэкIэ кIуэцIыуэну хуожьэ, здэщылъым. АрщхьэкIэ игу къокIыж и лъакъуэ лъэныкъуэр зэрыузыр. Хъунутэкъым апхуэдэуи, бжэгъу иIыгъымкIэ иудыну хуожьэ, нартыху кIэчан ягъэлъэлъэнур япэ щIыкIэ къэпым иралъхьэу зэраудыным хуэдэу. Мэгъуэг, мэкIий мор, къолъэIу иутIыпщыжыну. НтIэ, дяпэкIэ си гугъу къэпщIыжын, жи. Псалъэ къыIех: игъащIэ псо мыгъуэкIэ уи гугъу сщIыжынкъым!..

Абдежым занщIэу бжэр къыIуехри къыщIохьэж Гуащэкъарэ. Къамбот еIэ-епхъуэу зэщIекъуэж «никъуэцIалэ-никъуэтхьэщI» зыфIищыжа и сурэтхэр. ЗэщIекъуэж, анэм гу лъримыгъэтэну. И гугъэжщ къехъулIауи. АрщхьэкIэ Гуащэкъарэ къищIащ абы игъэпщкIужар зищIысыр. ИкIи гуфIащ: пэж мэхъу и пщIыхьэпIэ къамылъху щIыкIэ хуилъэгъуар – зыгуэрхэр къигупсысу, ахэр тхылъымпIэм ихьу щытынущ. Сурэт ищIыну арагъэнщ. Ауэ абыкIэ псэуа ухъуну? Сыту пIэрэ лэжьыгъэу иIэнур? Дауи, и адэм хуэдэу выгу-шыгуу и гъащIэр ихьынукъым, тхылъым ирилэжьэнущ. Ар гурыIуэгъуэщ, иджыпсту щыщIэдзауэ апхуэдэу зыкъыдидзэурэ тхылъымпIэм щепхъуэкIэ. Ауэ абыкIи пщIэнукъым...

Гуащэкъарэ и щIалэ цIыкIум зыкIэщIиупщIэжахэр имылъагъуххауэ фэ зытрегъауэ. Шэнт щхьэгуэ цIыкIур унэкум ирегъэувэри, и лъэпэдыр зылъихыу щIедзэ. Абы и лъапщэм нартыху гъэлъэлъар дэзу дэлът. ГъэщIэгъуэнт, ар зыуэ Iэзэу дигъэзэгъати. Нартыху гъэлъэлъар и лъапщэм къыщыщIэдзауэ дэнэкIи щызэхуэдэу дэкIуейрти, и лъэнкIапэ дыдэрауэ фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым. Уеплъыпэмэ, мыбы и лъакъуэр тIэкIу нэхъ гъум хъуа хуэди, жыпIэн къудейуэ арат. Ауэ абы нартыху чилитI нэс къыдэкIырт. ЛъэпэдитIым – нартыху гъэлъэлъа пэгун никъуэфI. Ар мащIэтэкъым. КъахэкIырт зи гуфIакIэм зыхьи. ЦIыхухъутэкъэ-тIэ, къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэхэр псори. Ахэр фыз гуфIакIэхэм дэIэбэ, къащ хъуртэкъым. Ауэ абыи Iэмал къыхуагъуэтащ – Къуэшокъуэ Дахэлинэ пщыхьэщхьэ лэжьакIуэ хэкIыжыгъуэхэм къагъакIуэрти, къагъэувырт. Дахэлинэ хъужыр езыр колхоз унафэщIхэм зыхашауэ, къулыкъущIэ хуэдэу зыгуэру яхэтт. И къулыкъум зэреджэри ищIэртэкъым Къамбот, ауэ абы жиIэр пхагъэкIырт. Яхэтт цIыхухъухэм, жаIэр ядыжиIэрэ ящIэри ядищIэу. ЦIыхубзхэм тхьэ щаIуэкIэ «Алыхь» жаIэмэ, Дахэлинэ «Уэлэхьи» жиIэрт, лIым хуэдэу. УнафэщI щхьэхуещэхэм жаIэр ядыжиIэ, ящIэр ядищIэ къудей мыхъуу, яшхри ядишхырт. Абы и щхьэгъусэр щхьэщымытыж щхьэкIэ, адрей фызабэхэм нэхърэ нэхъыфIу зихуапэрт, ишхыни нэхъ игъуэтырт. Зыхуей нэхъ хуэзэрт и бынхэри... НтIэ, мис а Дахэлинэ си Iуэхут цIыхубзхэр къимыщмэ, зыхуей хуэзэу. ГуфIакIэми къыщынэртэкъым ар зыдэIэбэр... Ахэр къахуищым и закъуэтэкъым. Езы цIыхухъухэм хуэмыдэу, абы нэхъыбэ ядищIэрт лэжьакIуэ цIыхубзхэм, нэхъ яхуэзэрт,

зыгуэрхэри нэхъ къаІэщІигъэкІыфу ялъытэрт. Налог, самообложенэ, госстрах сыт хъумэ, уэлэхьи, сэри фэ сыфхуэдэ фызабэ тхьэмыщкІэм, жиІэнти, яхыхьэнт. АрщхьэкІэ къыхуэгъапцІи щыІэтэкъым – лэжьакІуэ укъыщикІыжкІэ къыппэуву укъэзыщыр дауэт уэ пхуэдэу къэплъытэу, уи дзыхь зэребгъэзынур, уэрсэру зэрубжынур?! Дауэ мыхъуами, яхэтт къулыкъущІэхэм зыхуей псори яхуищІэу. ЖиІэри я фІэщ ищІыфырт, жьэрыІэзэти. Ауэ сытми жьэрыІэзэт ар... усэ зэхилъхьэрт, ухуеймэ! Майм и 1-м и щІыхькІэ зэхыхьа зэІущІэшхуэм Дахэлинэ утыку къыщиувэри, езым итхыжа усэ къыщеджат мыпхуэдэу къыщІидзэу:

*Май мазэу щІэращІэу*
*ДунеищІэ щІым*
*Щытхуэзыухуа*
*Сталиным и цІэкІэ*
*Сэлам фызох!*

Къамбот а усэр и гум къинэжат, щымыгъупщэжыну. Хьэзрэт ехъуапсэрт, апхуэдэ анэ зэриІэм щхьэкІэ. Езы Хьэзрэти жиІэрт я мамэ апхуэдэ усэ куэд иІэу. ЖиІэрт а усэхэм Налшык къали къыщеджауэ. Дахэлинэ апхуэдэу жыджэру колхоз гъащІэм хэтынымкІэ зыкІи зэран къыхуэхъуртэкъым щІэныгъэ зэримыІэри. ЛІот, уей-уей жезыгъэІэ я колхоз тхьэмадэм класситху фІэкІа къыщимыухакІэ!

– Дэ ди мамэ усакІуэшхуэщ, – жиІэрт Хьэзрэт. – И усэхэр газетым хутрадзэну къэкІуати, яритаІым, иджыри сигу абыхэм яхуэзэгъаІым, сахэлэжьыхьыжынущ, жиІэри.

Къамботи и псалъэ хегъэувэ:

– Уэи, пэжу елэжьыжмэ, нэхъыфІым... ЕмыкІущ цІыхум апхуэдиз бэлыхьыр ятелъу, шхын щхьэкІэ лІэуэ, «ДунеищІэ тынш тхуэзыухуа Сталин» – жыпІэну... Абдеж тІэкІу еплъыжын, зэгъэзэхуэжын хуейуэ къыщІэкІынущ...

– Ыы, Іейуэ! Уэли, ар фІы дыдэу тхамэ. Избэ-читальнэм, Къарэ Забит и деж ущІыхьаІэ, плъэгъуаІэ абы щІэлъ кІэзетхэм тетхэр? ГъащІэщІэ, дунеищІэ духуащ, дытхъэжу допсэу, жиІэу фІэкІа зыри ятхырІым.

– НтІэ, пэж ар?

– ПэжІым... Ауэ зэрыпэжым хуэдэу жыпІэ хъунуІым. Ар, хьи, иджыпсту апхуэдэу щыт щхьыІэ, тІэкІу дэкІым, псори фІы хъужынущ. Мис а зэрыхъунумкІэ плъэуэ аращ а кІэзет зытххэр. Ди мами ипэкІэ маплъэ, усэ щитхкІэ. УсакІуэхэр жыжьэ маплъэ.

## НЭЩІЫБАГЪ ПСАЛЪЭ

Къамботхэ я унагъуэм гъэмахуэм пащІ гъэм и лъэхъэнэхэм яхэткъым. ФІыр куэдуи кІыхьлІыхьуи къахъулІэркъым. Гъэмахуэри аращ. Ар къыщысынум упэплъэм-упэплъэурэ, къосри зэрыхъуар умыщІэрэ гуи щумыхуауэ йокІри йожьэж. Мы гъэми аращ къэхъуар. КІыхьу укъуэдияуэ, и кІапэр фІыуэ гъатхэм трилъэфарэ диужьыгуауэ икІащ щІымахуэ ткІиижьыр. И хуабэ димыгъэлъагъущэу, ІэфІышхуи щІэмылъу тщхьэщыкІащ Дахэлинэ «Сталиным щІэращІэу дунеищІэ тынш щытхуиухуауэ» жыхуиІэ гъатхэри. Ар нэкІэпсыжэ хьэлэчт, кІыхьлІыхьт. Ауэ гъэмахуэм Іэлъхьэм щтэгъуэ иригъэхуакъым цІыхур. Ар икІакъым, - илъэтащ! МащІэрэщ абы и дыгъэ гуапэри къыттридзэу гъэхэр щызэкІэлъыкІуэр. Тхьэм ищІэнщ мыгъэрей бжьыхьэр цІыху цІыкІум къазэрыхущІэкІын. Нобэ хуабэщ, ауэ... и махуитІ зэхуэдэкъым бжьыхьэм.

Къамбот Iуэхуншэ щыхъу щыIэ! Бжьыхьэ жьыбгъэ ткIыбжьыр къэпапщэу щIимыдзэ щIыкIэ, Iэмал имыIэу зэфIигъэкIын хуейр и пщэм къос. Хадэ псо нэблагъэ нартыхур къыдичыжын мурад иIэу къикIыжат ар нобэ еджапIэм. Арщхьэк Iэ Хьэзрэт къыкIэлъысащ, хадэм ихьэну зигъэхьэзыра къудейуэ.

– Къамбот, накIуэ, кхъыIэ, къущхьэмышхщыпэ, кIыфI мыхъу щIыкIэ дыкъэсыжынщ.

– Къущхьэмышхыр хъуа-тIэ иджы, сентябрщ.

– Ихьи, ар иужькIэ тIыгъуэжынущ. Сэ сощIэ къущхьэмышх пIащэшхуэхэр здэщыIэр.

– Дэнэ?

– Къарэ и дей гуэрэным жыгышхуищ хэтщ, фIэхуэр фIэлъу!

Сыту хуэмейрэт иджыпсту Къамбот и ныбжьэгъум здриджэ мы къущхьэмышхыхьэм. И нэр триубыдауэ еплъырт, жриIэнур имыщIэу. Мыпхуэдиз Iуэхум хэкIыу, хьэулеякIуэ ежьэжыну! АрщхьэкIэ сынэкIуэнукъыми хужыIэртэкъым.

А зырат Къамбот нэхъ зыхуэзэ-къыхуэзэу къыхуэнэжар. Хэтыт цIыкIуцIыкIу джэгум хэмыхьэ, дахэ-дахэу зым и дежи мыкIуэ, хадэм, пщIантIэм щыкIэрахъуэ мыхъумэ, нэгъуэщIым пхудемыгъэхьэх щIалэ вымпIуужь цIыкIур ныбжьэгъу зыщIыну хуейр? Ауэ мы Хьэзрэтрэ абырэ нэхъ зэдзылIа щIэхъуар къуажэкIэм щыщу а тIурат зэклассэгъур. Зэкласст, илъэс бжыгъэ хъуауи школышхуэм нэс зэгъусэу дэкIуейрт, къехыжырт. Гъуэгум а щытет тIэкIурат Къамбот нэхъ зыщигъэпсэхуу къилъытэри зыгуэрхэм щарихьэлIэ-щепсэлъылIэри. Арати, а зэман кIапэрт еджэным е лэжьэным и бэлыхьым и псэр «щыпимыпIытIыкIыр». ИтIанэ Хьэзрэт нэхъ къыфIэIуэхут Къамбот, щIэупщIэрт ищI сурэтхэм. Уеблэмэ и щыуагъэхэми гу щылъитэ щыIэт. «ПхъэIэщэм щIэщIа мы уи жэмхэр вым ещхь мэхъу, я шхуэлхэр дахэ-дахэу плъагъуркъыми. Ахэр вымэ, уэ а сурэтымкIэ къэбгъэлъэгъуэну, жыпIэну узыхуейр къикIыжыркъым, псори псыхэкIуадэ мэхъу!» – къыжриIат зэ. Ар зэригъэзэхуэжащ, едаIуэри. Абы фIэхьэлэмэту адрейхэм яжриIэрт «апхуэдиз зи хущIэмыхьагъ Къамбот а сурэтхэм тригъэкIуэдэн зэман къызэригъуэтыфыр» зэригъэщIагъуэр.

Иджы хуэм-хуэмурэ Хьэзрэти кIэрыхужмэ, и закъуэ дыдэу къанэрт. Нэхъри ахэр зэныбжьэгъу, нэхъ зэхуэзэрей хъуат гъэ еджэгъуэщIэм зэрыщIидзэжрэ. Хьэзрэт къуэши, шыпхъу нэхъыжьи нэхъыщIи иIэт, унагъуэ, пщIантIэ, хадэ Iуэху сытхэр и пщэ къыдэхуэртэкъым. Къелыжу игъуэтырт зэман, итIани фIыуэ еджэртэкъым. «ТIу» къихьмэ, «щы»-кIэ икъутэжу екIуэкIырт. Сытми, къимынэжу икIырт ерагъкIэ... И анэм зэрыфIэлIыкIри къыхыхьэжу къыщIэкIынт. Гурыхуи хуэдэт, зэмани, зэджэну тхылъхэри къелыжырт. Къамбот къыхуэщIэртэкъым ар щIемыджэр, хэзагъэртэкъым. Узыхэмызагъэм, дауи, удихьэхыркъым. Школым къикIыжамэ, зэрытеун къилъыхъуэ мыхъумэ, седжащэрэт жиIэртэкъым...

– Ихьи, Iуэху Iэджи сиIэщ сэ нобэ... Куэдрэ дыкъэтынкъым-тIэ, хъункъэ?

– Хьэуэ, хьи, пэгун зырыз иридгъэкъунщи, дыкъэкIуэжынщ, зыдмыIэжьэу.

Пэжу, къущхьэмышхей жыхуиIахэм къакъутэу япытт икIи пIащэшхуэхэт къущхьэмышххэр. Дэпщейуэрэ къагъэсысщ, къаудынщ, къащыпыжри, лIот, пэгун зырызыр куэдрэт, псынщIэ дыдэу къагъэзэжащ. Къамбот Iэмал зимыIэу къилъытэ и пщыхьэщхьэ Iуэху гуэрхэм къахуэпIащIэрт. Ауэ, жыжьэт здэкIуари, кIыфI къатемыхъуэу къагъэзэжыфакъым. Къарэ

и дей гуэрэныр ищхъэрэкIэт здэщыIэри, Къамбот Шулъагъуэмкlэ зыкъыдидзэжыну и гугъат. АрщхьэкIэ Хьэзрэт тхылъ гъэщIэгъуэн гуэр кърихьыну къигъэгугъауэ щытат, сурэт дахэ итуи, ар игу къэкIыжщ, кIыфI къыстехъуащи къыстехъуащ жиIэри, ВыщхьэфIэчкIэ кIуащ, тхылъыр къыIихыу, мыдэкIэ къехыжыну.

КъыздэкIуэжхэм, Дахэлинэ куэбжэпэм гузавэу щыту ирихьэлIащ. Ар губжьат. ЗанщIэуи и къуэм зыкърищащ:

– Дэнэ, дэнэ, зоIэ, нобэрей махуэм къыщыбджэдыхьыр?! – ЗэреупщIам и жэуапи сыти пэмыплъэу, имыгъэпсэлъэххэрэ езым дунейм тетыр и къуэм къытритхъуэу пщIантIэм дихуэжри, куэбжэр быдэу къигъэбыдэжащ, Къамбот абы яфIыдыхьэнкIэ шынэ фIэкIа умыщIэну. Хьэзрэт зы псалъэ закъуэ къызэридзэкIыну хунэса къудейщ:

– Иджыпсту...

Абы и «иджыпстум» пэплъэу Къамбот куэбжэпэм къыIунащ, тхылъыр зэ къыIэрыхьэу и щхьэр мыбдежым щыIуихынум хуэпIащIэу. Хьийм нэхъри икI Дахэлинэр пщIантIэм щывурт, нэхъри къызэщIэплъэу. Щымысхьыжу хущIитхъуэрт и къуэм. Абы Къамбот ехыжа и гугъагъэнщ, унэм щIыхьэжа и щIалэм зэхихын хуэдэу ину кIэлъыкIийрт:

– Мы гъуэгу мыгъуэм ежьэу тIысыжын щIалэжь цIыкIум кIэрыIуауэ къэнащ мыр, етщIэнур лIо? Щхьэ кIэрыныкъа мыр мыбы?! Къэбгъуэтаи, хьэбыршыбыр, узигъусэнрэ ныбжьэгъу пщIынрэ! А факъырэхэм фIэкIа зызыпыпщIэн мы жылэ кIыхьым щумыгъуэтауэ ара? Сыту пэшэгъу умыщIарэ жылэм хэгъуащэу псэу гуэр? Узигъусэм ещхь уохъу, жи. ИгъащIэкIэ псэуаи унаи хъунукъым. Нэхъри кIэрыныкъэпащ мы гъэ еджэгъуэщIэм зэрыщIидзэжрэ. Мыдэ еджэркъым жыдоIэ. Дэнэ щеджэн, мо хьэулейм игъэделауэ уэрамым жэщи махуи дэтмэ!

Къамбот дэнэ зыщиIэжьэнт, а псалъэхэр зэхиха нэужькIэ – щIэIэри, ежьэжащ, тхылъ къратынуми пэмыплъэу. Абыи къыщынэртэкъым. КъызэщIидзыжурэ игукIэ тхьэ иIуэрт, япэхэм хуэдэу я унэ щIыхьэн дэнэ къэна, щыблэкI-къыщыблэкIыжхэм дежи Дахэлинэхэ дежкIэ ауэ нэбгъузкIэ емыплъэкIыну. Апхуэдэ мурад ищIыныр нэхъри къызыхэкIар а ныщхьэбэ зэхихам хилъхьэжын «гъэтIылъыгъэжьи» иIэти аращ. ЛъэрыжэкIэ ВыщхьэфIэч къежэхыну Хьэзрэтрэ абырэ зэгурыIуати, зэ я унэ щIыхьауэ абы и къуэш нэхъыщIэжь цIыкIум Къамбот ауан къищIауэ щытащ и гъуэншэджыр зэрызэхэдыжыхьам щхьэкIэ. «ЛIо, а уэ пщыгъ щыгъынхэр езым къэпщэхужауэ уи гугъэжу ара уэ Iейм!» – Къамбот къыщхьэщыж хуэдэурэ, абы жиIар нэхъри щIегъэбыдэ Хьэзрэти. И лъыр къэкъуалъэу ар абы щыгъуэми ехыжат, «Сэ Хьэзрэт и гъусэу дяпэкIэ зэи зыщIыпIи сыкIуэжынкъым!» жиIэу.

* * *

Сыт жиIэми, сытым егупсысми, емыкIу пщIы хъунутэкъым Къамбот, и гум щIыхьат ныщхьэбэрей нэщIыбагъ псалъэр. ЗдэкIуэм, илъагъуртэкъым щIы зытеувэр, зэхихиIартэкъым. Яхурт и лъыр къэзыгъэкъуалъэ зэгуэпым, губжьым. Нэхъапэхэми удын куэд къытехуат къыщхьэщыжын зимыIэу къэхъу икIи сампIэимыхьэ щIалэ цIыкIум. Ауэ мы ныщхьэбэрейм хуэдэу зыхищIа а псоми яхэттэкъым. Хъунт ар, а къыхужаIахэр хуэфащэу щытамэ. Зыри хэттэкъым пэжу. Факъырэ, жи. Сыт щIэфакъырэр?! ТхьэмыщкIэ, къулейсыз жиIатэмэ, зыуи къыщыхъунутэкъым, пэжти. ТхьэмыщкIэ, къулейсыз псор факъырэу ара? Факъырэр лъаIуэращ. Къамботхэ игъащIэм лъэIуакъым, езыхэм къелъэIуа мыхъумэ. КъелъэIуащ зауэ нэужь гъаблэ

Iейхэм щыгъуэ Гуащэкъарэ куэдрэ куэд. Зэи къэхъуртэкъым гъавэ тIэкIу къуэмылъуи, Iэмал зэриIэкIэ, защIигъакъуэрт къелъэIухэм. Хьэмэрэ, пэж Дахэлинэ Къамбот хьэулейуэ уэрамым дэту зэрыжиIэр?! Хьэулейуэ уэрамым зыгуэр дэтмэ, дэтыр и къуэращ, езыращ дэзыгъэтри – зыхуей псор хуещIэ, зэи зыми хуигъэныкъуэркъым. Сыт щхьэкIэ ищIэн, имыщIэIауи щыхъукIэ? И ныбжьэгъу щхьэкIэ къимыгъанэу жиIэнщи, анэм Хьэзрэт щигъэкIащ. Дэпсэлъейуэ, зыхэт цIыкIухэм захиIэтыкIыу зыгуэру зихъуэжащ иужьрей зэманым. Уеблэмэ ар дыхьэшхэн дыдэ щыхъу щыIэщ. Дыгъуасэ школым щыкIуэм Хьэзрэт къыдэкIащ сыхьэт щIэрыпс и Iэпщэм илъу. Сабии балигъи Iэпщэ сыхьэт зи цIэ зиIэ къуажэ псом дэстэкъым. Къамбот гу лъитащ абы и щхьэр иджы нэхъри нэхъ лъагэжу зэриIэтым, ауэ зыри жиIакъым. Абыи и закъуэтэкъым, ар къыдэкIат жылэм ямыIэ шырыкъу лъапщэ лъагитI лъыгъыу. Мыдрейхэр псори хъыдан вакъэт. А шырыкъуитIымрэ Iэпщэ сыхьэтымрэ я зэранщ абы щыгъуэ и Iуэхур дыхьэшхэн щIэхъуари. Зыкъом зэрыгъэхъуауэ здэкIуэм, Къарэ Забитхэ нэсауэ зы хьэмаскIэжь цIыкIу къыдэжащ. Мо цIыкIу къомым ар щIахиубыдыкIар псоми къазэрыхэщыр арауэ къыщIэкIынт, банэу къыжьэхэлъэдащ. Зы мащIэщ къепхъуэным иIэжар. Хьэзрэти къащтэри, бжыхьым кIэрыхуащ. Ар щилъагъум, хьэмаскIэжь цIыкIури, и гур зэгъауэ пщIантIэм дэлъэдэжащ. А псом я ужьыжкIэ, Хьэзрэт, сытми зэ зыкъищIэжщ, и шырыкъумрэ Iэпщэ сыхьэтымрэ щхьэкIэ зигъэщIэгъуэну и нэр мо къыздикIым, моуэ жиIащ, и лъакъуэ лъэныкъуэр лъагэу Iэтауэ иIыгърэ Iэпщэ сыхьэтми еплъурэ: «Алыхьыр согъэпцI, хьэжь цIыкIу, мы си лъакъуэмкIэ сыныпкIуэцIыуэнщи, уи псэжь тIэкIур дакъикъэм пхуIузмыудым!»

ПIытхъсытхът ихъуреягъыр. А ищIар зэрыемыкIу-гуемыIур езыми къыгурыIуэжагъэнти, цIыплъ къэхъуащ. Абы гу щылъатэм, цIыкIухэми заущэхужащ.

ЗдэкIуэжам анэр щыгуфIыкIащ Къамбот и къущхьэмышхым. ПIащэшхуэт ахэр, нэхутхьэхут, жыгым ирикъункIэ зэрыпытар, тIыгъуэным гъунэгъу зэрыхуэхъуар нэрылъагъуу, Гуащэкъарэ зы къыхихщ, едзакъэри, жиIащ ар мытIыгъуэххэуи иджыпсту дыдэ пшхы хъуну, къыхуигъэщIэгъуащ. Ауэ абы гу лъимытэу къэнакъым и щIалэр зэрынэщхъейм. Ешауэ ара? Хьэуэ, ар емышу махуэ кIуэркъым. Ауэ хъуркъым ешыху мыпхуэдэу. Ешами и закъуэкъым. Сыту пIэрэ? Губжь гуэри кърих хуэдэщ и нэгум.

– Сыт ар?

– Сыт «сытыр?»

– Зыгуэру ущытщ, моуэ… къэхъуаIа?

– Хьэуэ…

Анэм къыфIигъэкIакъым. Хуейтэкъым щIалэр хигъэзыхьыну, езым щыжимыIэкIэ. Къамбот зэи хуежьат Дахэлинэ и нэщIыбагъ псалъэр анэм жриIэжыну. ЩIилъэфыжащ. ЛIо жриIэжу ари щIызэгуигъэпынур, арыншами ирокъу абы и гум, и псэм телъыр.

Къамбот гъуэлъыпIэм зыщригъэщIри, хукъуилъхьэу щIидзащ Дахэлинэм. КъулыкъущIэхэм зэракIэрыIуам щхьэкIэ, зыкъыфIэщIыжащ! Езым хуэдэ фызабэхэр губгъуэм къыщыхэкIыжкIэ, япоуври къещ. Абы ехъуапсэрт итIани, усакIуэщ жиIэрти. Хьэзрэт жиIэр и фIэщ хъурт, ахъумэ дэнэ къикIа усакIуэ?! «Май мазэу щIэращIэу дунеищIэ щIым щытхуэзыухуа Сталиным и цIэкIэ сэлам фызох!» Сталиным и лъэныкъуэкIэ къыщыуvауэ къыдопсалъэ. ЛIо, абы дэр нэхърэ и Iыхьэ нэхъыбэ хэлъу ара Сталиным?!

Хуэмыубыду и гум зыфIишхыхьыжырт Къамбот. Щхьэ щыIэххэ а нэщIыбагъ псалъэр езыр? Сыт ар къыщIежьэххар, къызыхэкIари лIо?

Абы теухуауэ и гум щызеуэ куэдыкIейм зыкъомрэ хэта нэужь, мыпхуэдэ гупсысэхэм хуокIуэ, икIэм-икIэжым: нэщIыбагъ псалъэр цIыху фитI-бзитIхэм, шынэкъэрабгъэхэм я деж къыщежьащ. А жаIэнур жамыIэу, я цIыхуIеягъэм Iэмал къаримыту, ауэ езы зыжраIэнум щышынэрэ жрамыIэфу... Догуэт, Дахэлинэ Къамбот и мамэ Гуащэкъарэ къыщышынэу аракъэ абы къикIыр? НтIэ, ар Iей?!

Апхуэдэ гупсысэм щытеIэбэм, игу нэхъ зэгъэжри, щIалэ цIыкIур жей IэфIым хилъэфащ, зэрыхуэпауэ.

## ПЦЫ

Къамбот жьыуэ къэтэджщ, елъэIуу Лъостэнбий иригъэлъа джыдэ жаныр къищтэри, екIэпцIэ мэзым зэпрыкIащ, нобэ тхьэмахуэт, еджэртэкъыми. Абы куэд щIауэ игу илът щIымахуэр къэмыс щIыкIэ арэф тIэкIу хихыу, жэмыр зэрыт Iуэм и щIыхьэпIэ-щIэувапIэр зэригъэпэщыжыну. Пхыхуат и щхьэр, арэфхэр зэфIэщIыкIри. Гугъу ехьащ, мэзым арэф хьун дахэ-дахэу щIимыгъуатэу. Мыдэ зыгуэр ягъэкъуэншэнумэ, арэфым хуэдэу къуаншэщ, жаIэ. Къуаншэкъым арэфыр. Абы жьэ-фIэгъэнапIэ тIэкIу иIэн хуейуэ арат ирифIэбдзэну. Ауэ езы арэфыр захуэу щытын хуейщ. Къуаншэмэ, пхутегъэзэгъэнукъым, зэхуэдэ хъунукъым бгъэн зытеплъхьэнур. Сытми, мыр ирикъункъэ, жыхуиIэм хуэдиз жэщ хъуху пиупщIащ Къамбот, тIэкIу игу иримыхьыщэ гуэрхэри къыхигъэхьэурэ. Лъостэнбийхэ кIуэщ я деж дэмыхьэжуи, елъэIуащ я гу цIыкIур пщэдей къритыну. Абы зэи Къамбот къигъэщIэхъуртэкъым апхуэдэ IуэхукIэ. Езыр къыщыдэIэпыкъуи щыIэт ухуеймэ. КъигъэщIэхъуакъым иджыри. Я Мухьэмэди къыдэIэпыкъуну жиIащ. УрокиплI яIэу аращи, тхьэм жиIэмэ, пщэдей шэджагъуэ мыхъуу къэкIуэжынщи, арэфыр щэ-плIэ къэшэжыгъуэу къишэжынщ, бгъэн тIэкIуи щыIэщи, пщэдеймыщкIэ зэщIибгъэжынщи, жэмым и щIэувапIэр хьэзырщ – хэщIащ ари зыуэ щIымахуэпэ Iуэхум.

Лъостэнбий щIыгъуу пщIантIэм къыздыдэкIыжым, ахэр Iуоуэ къуажэкIэм я бригадир ТIрош.

– Уа, ТIрош, мы щIалэ цIыкIум и арэф тIэкIур къыхудебгъэшыжмэ хъуркъэ, зы хьэмкIэшыгу къепту, - зыхуегъазэ абы Лъостэнбий. – ЕкIэпцIалъэращ щыпиупщIар, мобдежщ, жыжьэкъым. И анэр колхозым някъуэдыкъуэ хэхъухьащ, езыри мэкъуIэнащтэм зэ-тIэу нэкIуауэ слъэгъуащ, школым къыщаутIыпщахэм, сэбэп мэхъу. Псапэщ, гуапэщ, тхьэмыщкIэ, лъэпIастхъэу унагъуэр зэрехьэ и закъуэ.

– Уэлэхьи, къезгъэшэжыным... Дапщэщ ущыхуейр, ПIытIэ? Уэ езым къыпхуэшэжын хьэмэ...

– Пщэдей. Къэсшэжынт сэ езым, къызэрысшэжын сиIамэ.

– НтIэ, ар Iуэху, накIуэ, ныIухьэ ди дежкIэ пщэдджыжь, наряд сымыт щIыкIэ.

Iуэхуракъэ, пщэдджыжь еджапIэм кIуэн хуейщ... КIуэнкъым, адрейхэр, дысымаджэщ жаIэурэ, къонэри мэхъу!

Наряд тыпIэ иригъэхуэнт ар Къамбот, зэ нэху щыуэ и арэфхэр хьэмкIэшыгукIэ къыщишэжынур къыхуэмыгъэсу жэщыр игъакIуэри, нэхумыщым ТIрошхэ я куэбжэм Iууващ. Куэдрэ щытащ ар куэбжэпэм, ауэрэ дыгъэри къыщIэкIащ. ЗикI илъагъуртэкъым ТIроши, я унагъуэм щыщ гуэр къэтэджауи, унэм къыщIэкIауи. Сытми, ТIрош зэ къыщIэкIщ, куэбжэми къыдэкIри, щIалэ цIыкIу щытым къеплъа мыхъумэ, цIутI жимыIэу

блитхъури, ипщэкIэ дригъэзеящ. Къамбот къыгурымыIуэу ироплъэ и ужьым: мыр лIо, дыгъуэпшыхь сыкъызэригъэгугъар щыгъупщэжауэ ара?! КIэлъожэ, япэ къоувэри, къегъэувыIэ.

– Сыкъыдыхьэжынущ, хьи, сэ иджыпсту, зэ умыпIащIэ!

ЕщIэж, щыгъупщэжакъым. Наряд итыну хыхьэу къыщIэкIынщ... Сыт щхьэкIэ, наряд сымыт щIыкIэ, жиIатэкъэ? Сигу къэгъэкIыж, жыхуиIэу арагъэнт, щыгъупщэжынкIэ шынэмэ. ХьэмкIэшыгур къыхуригъэхыну къыщIэкIынщ. Езым къихунтэкъэ, здишатэмэ? Iуэхукъым, пэплъэнщ.

Поплъэ, поплъэ, поплъэ – къэгъазэ иIэкъым къуажэм хыхьа бригадирым. Школым кIуэхэр къоупщI Къамбот езыр щIэмыкIуэмкIэ. СынэкIуэнущ, жеIэ Къамбот, ауэ сыкъыкIэрыхуну къыщIэкIынщ, Iуэху гуэр сиIэщи.

Пэжу, Къамбот и гугъэр иджыри хихыжыртэкъым арэф тIэкIур къишэжу, къыкIэрыхуми, школым зэрыкIуэным. ЛIот абы, зэ гур къэсамэ, зы сыхьэт ныкъуэм къишэжынти, кIуэнт еджакIуэ, еджэгъуэ махуэ псо щIигъэкIуэдыни щыIэкъым. АрщхьэкIэ сыт, къакIуэркъым хьэмкIэшыгур! Я мамэ жримыIами сыт хъунт. ТIрош си арэфхэр къызигъэшэжынущи, сокIуэ, жиIэри къыдэкIащ. Ари гузавэу къыщIэкIынщ, дауи. ЗэщIодэIукI. Гу макъ зэхих хуэдэщ. Хьэуэ, зи къаз кIуэдам и тхьэкIумэм къаз кIий макъ итщ, жыхуаIэм хуэдэщ. КъакIуэркъым гуи шыи, къэкIуэжыркъым езы ТIроши. Зэманыр макIуэ, Къамбот а зэрыIуэхуншэщ, зэрыхьэулейщ. Мес, школым къокIыж цIыкIухэр, къокIуэж я еджэныр зэфIагъэкIауэ и классэгъухэри. Къамбот аргуэру щытщ. Къэсхэмэ, лIо яжриIэнур? Зыри яжриIэнкъым, зигъэпщкIунщи закъригъэлъагъункъым. ПсыхъуэмкIэ дыхьэщ, псори блигъэкIри, къэувыжащ здэщыта дыдэм деж. Хьы, школым кIуамэ, къэкIуэжатэкъэ иджы? Сыту зэгуэудыгъуэ мы ТIрошыжьыр! Хьэмэрэ, хуэшхыдэ щхьэкIэ, и Iуэхур хуэмыхъуауэ пIэрэ? Уа, дэкIуейуэ щхьэ щIэупщIэ мыхъурэ? Амбарым е кIыщым къыщигъуэтынкIэ мэхъу. Правленэм нэси кIуэнщ, абы щыIэу жаIэмэ, щхьэхынкъым.

Къамбот ежьащ къэзыгъэзэжыну жызыIэу къэзымыгъэзэжа бригадир пцIыупсым и лъыхъуакIуэ, ипщэкIэ докIуей. Нышэдибэ лъандэрэ зы дзэкъэгъуэ Iухуакъым, мэмэжалIэ. Пэжу, ныжэбэ нэчыхьытхым фIыуэ щышхат. И гугъащ щIэх мымэжэлIэжыну. МэжэлIэжащ. ИкIи ешащ хьэлэчу. Сыту Iейуэ къыхурикъуа!.. Щхьэ хуэшхыдэрэ иджы щIидзауэ? ИщIэрэ къызыхэкIыр ар къыщIэмыкIуэжри, хьэмкIэшыгур къыщIимыгъакIуэри? ИщIэркъым. Мис иджы макIуэри, къищIэнщ, псори зэхигъэкIынщи, итIанэ хуэшхыдэнщ, хуэшхыдапхъэмэ. ЗдэкIуэм, къыхуэзэхэм йоупщI: «Ей, ТIрош фымылъэгъуауэ пIэрэ а фыкъыздехыжым?» Зыми илъэгъуакъым, кIуэцIрыхуащ. ЩIыр зэгуэхури дэхуащ я кум! Къамбот кIыщым дыхьащ, щыIэтэкъым абы. ЖаIащ нобэрей IуэхукIэ ямылъагъуххауэ. Къамбот дыхьащ амбарым. ЩыIэтэкъым абыи. Ешыщарэ и лъакъуитIыр фIэхуу, Къамбот и щхьэр нилъэфэсащ колхоз правленэм. Абыи щыIэтэкъым. Абыи къыщыжраIащ нобэрей IуэхукIэ къаIэщIэмылъэгъуауэ!

Иджы къызэрыдэкIуеям хуэдабзэу ехыжын хуейт километриплI нэблагъэкIэ.

Дыгъэр бгыщхьэм дэпщеяуэ, и махуэ гъуэгуанэ къикIуам еплъыжырт, абдеж тIэкIу зыщигъэпсэхуу, адэкIэ зигъэпщкIужын мурад иIэ хуэдэ. Къамбот и лъэр хузэблэхыжыртэкъым. Здеджэдэхыжым, амбарымкIи кIыщымкIи плъащ аргуэру, хэт ищIэрэ, зыгуэркIэ къыдыхьэнкIэ мэхъу, нетIэ лъандэрэ, жиIэри. Дэнэт! Бзэхат Дыгъужьыкъуэ къуажэкIэм я бригадирыр, мы дунеижьым темытыж хуэдэ. Губгъуэм кIуагъэнут, жиIар

жиIауэ, Къамбот а здэщытам къыщинэри. Къэрэпагуэхэ я еуэкIыпIэм нэсыжауэ здэкIуэжым, Журт Лизэ къыдэкIуейуэ къыхуозэ.

– Ей, уэ нобэ бригадир ТIрош плъэгъуа? – йоупщI абы щIалэр.

– Хьэуу... Сыт зэрыпщIынур?

– Сыхуейт. Мы ди къуажэкIэ фызхэр лэжьакIуэ дэкIуеящ нетIэ, наряд щхьэкIэ ТIрош ехауи слъэгъуакъым нышэдибэ, занщIэу дригъэзея мыхъумэ.

– Дыгъуэпшыхь къикIухьащ. ЯжриIащ нобэ ящIэнур – жэгундэм кIуащ, огородым... Ей, мо БицIу Сэрэбийхэ я деж щымыIэу пIэрэ? Нышэдибэ абы зыкъом щызэхуэсащ, шхьэщIыж жаIэри, дыгъуэпшыхь я хьэгъуэлIыгъуаIэ-тIэ абыхэ, тобэ ирехъуи, щыIэщ ар абы, плъэт!

Къамбот бжьэпэм тет унэжь цIыкIум гъунэгъу щыхуэхъум, ныжэбэрей црибоным и мэр гуащIэу къыIурыуащ. Абы цIыхур щIэзт, ину псалъэу, ауэ жаIэри пхузэхэмыхыу. ПщIантIэри бжэIупэри нэщIт. Псалъэмакъыр инми, жаIэр зэрызэхыумыхым ещхьу, макъри пхузэхэгъэкIыртэкъым. ЩIалэм къыхухэубыдыкIыртэкъым мыр ТIрош и макъщ жыхуиIэн. ЗэфIэмытыжыфу, пхъэкъутапIэм хэлъ теIущIыкIыпIэжьым щетIысэхащ – пэплъэнщ къыщыщIэкIыжынум. ЩызэбгрыкIыжкIэ къилъагъу хъумэ, еупщIынщ иупса пцIым и щхьэусыгъуэмкIэ... Ар жиIэ щхьэкIэ, мис, нэрылъагъукъэ и щхьэусыгъуэр, щIэсащ мыбы ефэу. ЩIэмысамэ-щэ? КъэмыкIуэххамэ, нобэ зы Iуэхушхуэ гуэр къылъыкъуэкIыу, Къамбот къыщIигъэгугъар зэблэмыуэ мыхъуамэ ищIэрэ? Тыншщ цIыхум занщIэу ухуэшхыдэнуи, уигу ебгъэнуи. Гувэжынкъым, Iэнэр къакъутэжынци, къыщIэкIыжынщ мыгувэу псори. Абы щIэс дэтхэнэми и пщIантIэм Iэщ кIапэ дэтщ гъэзэгъэжын хуейуэ, нэгъуэщI пщыхьэщхьэ Iуэхухэри щымыIэу къанэркъым.

Дыгъэр къухьэн къухьэри пшапэри зэхэуэу хуежьауэ, къызэрыщIэхыжащ мы бжьыхьэ махуэ уэфIышхуэм зи Iуэху къэзыгъанэу ефэу зэхэса лIы къомыр. Жьэражьэу чэфт псори. Абыхэм яхэтт Къамбот нышэдибэ льандэрэ емышхэрэ емыфэу уэрамым дэзыгъэта бригадир ТIроши. Зыгуэрхэм якIэрыщIати, и гугъу ищIакъым. УэрамымкIэ еуэкIыу и закъуэу къэна нэужь, Къамбот мурад ищIащ нэгъуэщI мыхъуми зыкърригъэлъагъуну. Къимылъагъуххэми, езыр хуейт абы и нэгум иплъэну, цIыху хьэбыршыбыр, бзаджэнаджэ имылъагъужа нэхъей. Къыпижыхьщ, япэ къилъадэри, и гъуэгур IуищIэу уващ Къамбот. Ар бригадир укIытэншэм и нэ утхъуаитIым щIэплъэрт, нэхьэху дэджэгу хуэдэ, и нэр имыгъэупIэрапIэу. Къеплъыжт укIытэ зимыIэ мыдрейри апхуэдабзэу, цIутIи жиIэртэкъым. Зы дакъикъэ ныкъуэ хъункIэ апхуэдэу зэпэщытауэ, мо фадэ зэфам къигъэплъа и Iэ пщтырыжьымкIэ ТIрош Къамбот и пщэ псыгъуэм къоIэб, тредз и гъуэгуми, адэкIэ макIуэ, моуэ къызэредзэкIри:

– Сыт уэ Iейри узыхуейр? Къуэды хъуати колхозым Iуэхуу иIэр къэдгъанэу, уи арэфыр къэдмышэжамэ!

Абы жиIэр пэжт. IэмалыншэтэкъымТуэхум къуажэ Iуэхум япэ Къамбот ирагъэщыныр. Ауэ арат Iуэхур здэщыIэр? Сыт къыщIигъэпцIар? ЩIызыщигъэгугъар лIо?! Еуэу щхьэ кърримыудрэ! Ар хузэфIэкIынут Къамбот, япэм хуэдэжтэкъым, лIы хъуауэ зибжыжырт, лIот мо чэфым хэлъыр? Ауэ кърриудакъым, минрэ хуэфащэми, езым зыхуигъэфэщакъым: нэхъыжьт, цIыхум а псор ящIэртэкъым, хабзэншэу, мыгъасэу къащыхъунут. Ауэ и гум ириубыдащ: хуэзгъэгъункъым!

Тхьэм ищIэнщ зэрыцIыкIурэ лей къытехьэу, тегушхуэгъуафIэ къащIу, кърашIэри къезыщIам къащIимыгъакIуэу къэтэджа щIалэм, Iэмал ихуэу, а кърищIар абы щрищIэжын. ИджыпстукIэ, нэхъ зэрыхъурати, и

гупсысэхэм щаримыщIэр укIуэдыж. Уэрам зэгъуэкIым къыщеубыдри и нэжьгъыр хурекъутыхь. Ари фIэмащIэу, аргуэру йоуэри къреуд. Уеблэмэ и гугъащ мо чэф зызымыщIэжыр пцIанабзэу итIэщIу, къуэбэкъум дидзэжыну. Дрелъ, блэкIри къыблэкIыжри къеплъу, къыщыдыхьэшхыу. Си Iуэхут, абы и ужькIэ а хьэбыршыбырыр бригадиру ягъэлэжьэжтэми, Къамботи, нэгъуэщI зыгуэрхэри къигъэпцIэну Iэмал игъуэтыжтэми! Ауэ щIегъуэжащ, икIагъэт ар, щымысхь щхьэкIэ.

Унэм къыздэкIуэжам, и анэр хэлът, шынэхъыщIэр щIэстэкъым. Нэрылъагъут нышэдибэ лъандэрэ анэм и фэм дэкIар. Къамбот и Iэпэр щIигъашэурэ кърибжэкIыу щIедзэ ТIрош къыхуиупса пцIым зэраныгъэу къыхуихьар: школым мыкIуэу къэнащ, хэкIыжащ нобэ къиджынум. Арыншами, якIэлъыпIастхъэу фIэкIа, зылъэщIэмыхьэ и ныбжьэгъухэм къакIэрыхуащ; гу цIыкIу кърaтамкIэ арэфыр къишэжу зэщIибгъэжыну щытар къэнащ; и анэмрэ езымрэ нышэдибэ лъандэрэ я псантхуэу Iисраф хъуар...

Асыхьэтым шынэхъыщIэр къыдохьэж гъыным хуэдэу – зигъэлIэжу Къамбот махуэ псом пиупщIар Жэгъунтхьэблэ гуэрым выгукIэ псым зэпришащ. Еплъ аргуэрым. Дапщэщ Къамбот зэман къигъуэту щIэрыщIэу арэф щыпиупщIыжынур? Зэи! Къыхэнащ жэмыр уэшхми уэсми. А псори къишащ зы пцIы закъуэм! ПцIым лъакъуэ щIэткъым, жи адыгэм. Жыжьэ нэсыркъым, къыщIощыж, жыхуиIэщ. Хьым, лъакъуэ зэрыщIэмытым хуэдэу абы зэхищIыхьым еплъ! ИгъащIэм пцIы щамыупсауэ икIи щамыупсу щытамэ арат мы дунейм. Плъагъунт ар зэрыхъу. ПцIым зригъэужьыркъым. Сыт щыIэ пцIым нэхърэ нэхъ Iей, ар зыупсым нэхърэ нэхъ цIыху икIэ?!

Мыбдежым Къамбот и жьэм къыжьэдэкIыр и тхьэкIумэм зэхихыжу мыпхуэдэ псалъэ зретыж: си гъащIэ псокIэ сэ пцIы сыупсынкъым!

◈ ◈ ◈

ЕЛГЪЭР Кашиф

# ГъэунэхупIэхэм сызэрихуамрэ абыхэм сыкъызэреламрэ

***«Сэ Алыхьым фIыуэ сыкъелъагъу» зи фIэщыгъэцIэ гукъэкIыжхэм щыщщ***

ГукъэкIыжхэр птхыжыным унэса нэужь, бжы къэбгъэщIауэ зылI и ныбжь. Абы сызэрынэсам зытезгъэгусэркъым. КъыфIэбгъэкIмэ, жьыщхьэ махуэ сыхъуауэ зызолъытэж. Ар зи фIыщIэр Алыхьымрэ зи сэбэп къызэкIа цIыхуфIхэмрэщ. Армыхъу... пцIы щхьэ упсын хуей, сэ си къежьэкIамкIэ, бэлыхьу си фэм дэкIамкIэ иджыри къэс сыпсэун хуеятэкъым. Сыт щхьэкIэ? Ар зи щхьэкIэр сурэту сэ зытесхыжа си тхыгъэхэм зыкъомрэ щыжысIащ. Ауэ уи гъащIэ гъуэгуанэм теухуа гукъэкIыжхэр птхыжын мурад щыпщIакIэ, уи къежьэкIэ хъуамрэ узищIысымрэкIэ къыщIэдзамэ нэхъ захуэу къыщIэкIынщ. СызищIысыр, сыздынэсар хуейм къищIэнщ. Илъагъунщ. Ауэ си къежьэкIар зыщIэж си Iыхьлыхэр, си жагъуэ зэрыхъущи, дунейм ехыжащ. Къэнэжар си шыпхъу нэхъыжь Маржэнэтрэ (зэрысщIэжрэ сэ абы сызэреджэр Нэтщ) си шынэхъыжь Хьэчимрэщ. АитIуращ

си анэ къилъхуауэ сиIауэ сэ сщIэр. «СиIауэ» щIыжысIэращ: Хьэчимрэ сэрэ дяку сабиитI дэтауэ, ахэр цIыкIуу лIэжауэ жаIэж. Ауэрэ согупсысри, согъэщIагъуэ: сэри абыхэм я махуэр щхьэ къысхуэмыкIуарэ? Сыту жыпIэмэ, ди уэрэдыжьми къызэрыхэщу, нэхъ зэман бзаджэ дыдэм халъхуар сэрат: колхозхэр зэхахуэри, щхьэхуимыт хъуа цIыхухэр абы и мафIэшхуэм хадзат. А мафIэм сыхыхьэнукъым жыпIэу укъэувамэ, «цIыхубэм я бий» цIэр дамыгъэ фIыцIэу къыптрадзэнти, кIэ уиIэт. МафIэм зумыгъэсынумэ, щIыIэм ущисын щIыпIэхэм укъыщагъэхутэну псибл урагъэсыкIынт. А дамыгъэ жагъуэм зыщыпхъумэнумэ, уи быни, уи пщIантIэм дэт псэущхьи, уи лъапси уи щIыб къахуэбгъазэу «Хьэмидурэ дахэм и бригадэм ухыхьэн» (а псалъэхэри а зэманхэм яуса уэрэдхэм щыщщ) хуейт.

Си адэ-анэри хэтт апхуэдэ бригадэ гуэрым. Я бынищыр пщIантIэ нэщIым къыданэрт. Сэ къэспщэпщыхь сыхъуа къудейуэ сикъызыхуагъанэ Нэт и ныбжьыр илъэс зыхыблым ит хъунт. Хьэчим илъэс зыплIытху хъууэ къыщIэкIынт. Ахэр хуэгъэфэщизмэщ. Армыхъу ахэр къыщалъхуам и пэжыпIэр дэнэ щыпщIэн? «ЦIыхубэ бий» фIащурэ зи цIыхухэр мелуан бжыгъэкIэрэ щызэтраукIэж къэралым къуажэдэс сабий дэтхэнэр дэтхэнэ гъэм, мазэм, махуэм къалъхуами ятхыну Iейуэ къафIэмыIуэхути! АтIэми, мэкъумэшыщIэ бынхэрат щхьэ бжыгъэми хамылъытэр. Арат бзэрэ тхылърэ зымыщIэ тхьэмыщкIэхэм я бынхэр хадэ пщIэгъуэм, гуэдз Iухыжыгъуэм, нартыху дэчыжыгъуэм... къалъхуауэ щIыжаIэр. Илъэс къэскIэ гъавэ къыщрахьэлIэжкIэ, улIмэ, уэ къащIэ ахэр къызыдэбжэу щыта а «гъуэр» зыхиубыдэр сыт гъэрами. ДызыгъэшкIэу бын яIащ си адэ къуэшхэм ящыщ зым. «Кашиф и лъакъуэр мафIэм щиса гъэм укъалъхуащ», – жраIэрт абы. А Кашифыр (си адэм жиIэр Чачифт) езыр къыщалъхуа гъэри, абы и лъакъуэр мафIэм щиса илъэсри ямыщIэж пэтми. ЯщIэр зыт: зекIуэн щIидза щIыкIэтэкъыми, жьэгу мафIэ щIатхъуэжам пэрыпщхьэри...

А «мафIэщIэтхъуэж» жыхуаIэу щытар зиIысыр зыщIэу къэнэжари мащIэщ. Ар зиIысырат-тIэ. Къулейсызыгъэ дамыгъэхэм ящыщ зыт. МафIэдзхэр, нобэ дунейм темыхуэж тхылъымпIэжьхэр, фэтыджэныр гъуэтыгъуейт. Махуэм щэ ущышхэкIэ, мафIэри апхуэдизрэкIэ щIауэ пщэфIэни хуейт. Ари упIащIэ-утхъытхъыу. Мо гъуэтыгъуейхэмкIэ мафIэр зэщIэбгъэсту. Арати, пщэдджыжьым зэрыпщэфIа мафIэм и дэпхэр, пхъэ дзакIэ никъуэсхэр яжьэ пщтырым щIатхъуэрти... Шэджагъуэ хъуа? Ар къызэщIатхъужырти, абыкIэ мафIэр зэщIагъэнэжырт. Пщыхьэщхьэми арат. Iэмалыншагъэм уимыгъэщIэн, къыуимыгъэгупсысын щыIэ?

ЗэщIатхъуэжар пэшхьэку мафIэу щымыту, щыжьэгу мафIэкIэ, абы сыпэрыпщхьэу тхьэмыщкIагъэр къыщыстепсыха зэманыр гурыIуэгъуэщ: пщэфIапIэ кIуэжыгъуэ гъатхэ нэужьырагъэнщ. ЗэрыжаIэжхэмкIэ, хадэ пщIэгъуэт. Си адэ къуэш Хьэбышэ (Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ. Жэнэтыр увыIэпIэ хуэхъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI) и щхьэгъусэ АпIэ (ГуэщлъапIэ) зэрыжиIэжу щытамкIэ, ди адэм нартыхур шыкIэ къитхъ ищIырт. Ди анэр хьэмфIанэкIэ пщIэрт. Щылажьэхэр ди къуажэ дэIэпхъукIа Пырсыленц зыфIаща (переселенцы) Гэрмэншыкыщхьэрат. ХъыбарегъащIэ ТIуащIэм ежэхар ди адэ-анэм щещхьэкIуэм, жиIэну къригъэжьар имыух щIыкIэ, ди анэр адэкIэ емыдаIуэу, хьэмфIанэр хыфIидзэри къыщIэпхъуэжащ. Ди адэм къитхъым къыщIигъэхуа шы цIахуцIэм зридзри...

Абы и пэжыпIэр сэ сыткIэ сщIэн? Ауэ а АпIэ дыдэм жиIэжрейт: «Алыхьым и къарур инщ. Армыхъу Синэху (арат ар и пщыкъуэм зэреджэр) шууэ къэмысыж щIыкIэ Гуэщтинэ мыгъуэр (ар и нысэгъу Дзадзут) лъэсу къыдэлъэдэжат...»

Сызижагъуэми и анэ къримыхьэлIэжкIэт ар зыIуплъа и сабийм хуэдэ. ЗэрыжаIэжхэмкIэ, лъакъуитIми сэкъатышхуэ ягъуэтат. Ауэ мафIэр нэхъ гуащIэу зэпхъуар лъакъуэ ижьырат. Мо къупщхьэ цIыкIухэм къакIэрыпщIыкIа фэ цIынэ пIащIэр, хъыданыжьым хуэдэу, лъэдийхэм къыкIэрыблэблырт: «Хьэчим кIийуэ хадэм ныщилъадэм... Алыхьым ещIэ, ар техьэулеикIа, теплъэкъукIа зэрыхъуар... Хадэм сыкъижыжмэ...» – псалъитI хузэпымыщэу, и тэмакъыр щиубыдыкIыу ноби къеIуэтэж Нэт.

– Бжьын сыпщIэу арати... Уи гъы макъри зэхэсхри... Уи лъакъуэхэм сазэрыIуплъэу... Къэхъуар къызгурымыIуэу... ЯтIэр къызыфIэтIэтI си Iэ фIейхэмкIэ сепхъуэурэ уи лъакъуэхэм къыкIэрызотхъ хъыдану къысфIэщI... Фэр... ДэитIури догъ. Уэ зыри пщIэжыркъым, зыбгъэхъеижыркъыми... УкъэсIэтмэ, хьэмбылум ещхьу, узэпотIэтIри... УлIауэ фIэкIа тщIэркъым... Ди гъы макъхэм балигъ гуэрхэр кърожэ... Ди унэкъуэщхэри гъунэгъухэри къос. Зыми зыри яхуэщIэркъым: уэ уакъыхуэгъэхъужыркъым. Къажыхь-нажыхь. КъуахьэлIэну икIэрауэ сэхуран дагъэ къудей ягъуэтыркъым... Мо зэрызехьэ къомым ди анэ мыгъуэр къахолъэдэжри... Алыхьырщ, Алыхь нэужьым, аращ улIауэ укъэзыгъэхъужар... НэпскIэ. IупскIэ. БзэгукIэ. БыдзышэкIэ. Ди анэ мыгъуэр еджагъэшхуэтэкъэ-тIэ? КъурIэныбзэ къибжурэ... Къопщэурэ... Сытми, псэ къыпхилъхьэжри, уэ зыкъэпщIэжащ... ИтIанэ езы мыгъуэм абы гупщIэуз ирихщ, и гур къекIуэщ, къэмэхри... ТIури зэгъусэу сымаджэщхэм фашэм-фыкъашэжурэ... Уэ укърагъэлащ... Алыхьым укъригъэлащ, ауэ хьэчэхьэпсэу мо гъуэгуанэшхуэр къызэрызэпичари къызрихьэлIэжари хузэхыхьэжри, ди Амэ хиубыдащ... Абы и ужькIэ къызэфIэувэжакъым... Дот губгъуэм кърагъэкIыртэкъым... Ди анэ сымаджэми уэри дэ сабиитIым сыт фхуэтщIэнт? Амэ мыгъуэр и шыпхъухэм яшэурэ... Нэхъыбэу здэщыIэр КIэрэфхэт. Дзунэхэ я дежт... Ат (ди адэ къуэшым ипхъущ) ди деж щыIэт. ЦIыкIухэр дызэрихьэрт... Гу цIыкIукIэ, Iэжьэ цIыкIукIэ уэ Амэ ухуэтшэурэ узэрыпсэур едгъэлъагъурт... Езы мыгъуэр и щхьэм щIэмыгупсысу, уэрат зытегузэвыхьыр... Сабийр псэууэ жыхьэрмэ мафIэм зэрыхэздзар Алыхьым къысхуигъэгъу, жиIэурэ тхьэусыхэ мыгъуэрт... Абы ухидза мыгъуэт уэ?..»

– НтIэ, уэрат? – жысIэу Нэт щIыIэ-щIыIэу сыдэгушыIэну сыхуежьамэ:

– Нэхъ къуаншэ мыгъуэр сэрат, тхьэ. Хьэчим дзыхь ухуэсщIри... Сэ хадэм сихьэри... СлъэкIыу сихьа мыгъуэт? Пщэдджыжьым Iэщти, джэдкъазти, пщэфIэнти, жиIэурэ дызыгъашхэу дэкI Амэ пщыхьэщхьэм къэкIуэжмэ, жэмыр къишын, гъэшыр зэрихьэн, аргуэру дэ тхуэпщэфIэн, дигъэзэгъэжын, ди щыгъынхэм кIэлъыплъын хуейт. Мазэгъуэ нэхум е пщэдджыжь нэхущым хадэм илъадэрти... ПсэкIэ зэрыщIэщIар слъагъурти... Езы мыгъуэм: «А Быцэ, а си псэ тIэкIу, сыIэбэнти-сылъэбэнти жыпIэу, сабиитIым уатемыплъэкъукI. Псывэщ е мафIэщ...» – жиIэурэ си тхьэкIумэр схуиIуантIэ зэпытти... Гур зэрыгъум дыгъур ирожэри... Хадэри, лъапсэри, и бынищри къыщIэныжри, езы тхьэмыщкIэр... Зэшыпхъуийм я нэхъыщIэ дыдэр арати... Псоми япэ тхэджэлыжащ...

– Зэман бзаджэри и бынхэри дызэхыхьэри имылIэгъуэу дгъэлIащ... – жысIэу сыкъыщыдзыхэкIэ:

– Сабийхэм сыт мыгъуэр ди лажьэ? Лажьэм ихьын хуейр...

Ар хэтми хужыIэртэкъым си шыпхъум – абы игъэкъуаншэм, ауэ, шынагъэм къыхэкIыу, и жьэ къыхуегъакIуэу зи цIэ къримыIуэфым щхьэкIэ узыхадзэнур, ныкъуэдыкъуагъэ тIэкIу згъуэта нэхъ лажьэ симыIэу сэ сыкъызэла жьэгу мафIэм хуэдэтэкъым – жыхьэрмэрат. ЦIыхум зэхахыу

колхозхэр бубыну е ахэр зэхэзыхуахэм я IеицIэ жыпIэну хуежьи еплъыжыт!..

МафIэсым сэкъату къыхэсхарат. Мис а колхоз мыгъуэжьхэр щызэхахуэ илъэсхэм мэкъумэшыщIэхэм ящIаращ: игъащIэ лъандэрэ зэрагъэпэщ, къадэгъуэгурыкIуэ я Iэщыр, колхозхэм хамылъхьэн папщIэ, куэдым зэтраукIэжат. Узэрывэн-узэрысэн вырэ шырэ уимыIэжмэ, тракторхэр иджыри къемыжьа щIыкIэмэ, гъавэ дэнэ къикIынт? 1933 гъэр гъаблэ бзаджэ хъуащ. Мис абы кърикIуа тхьэмыщкIагъэшхуэхэм закъримыгъэIэтыжурэ, цIыху цIыкIур зыхэта бэлыхьыр зыхуэдизым ущIэмыупщIэ. Жылэм вырэ шырэ зэрыдэмытыжым, ар мащIэ зэрыхъуам и зэран къыдэкIащ ди анэми сэри: къуажэм дохутыр щумыгъуэтмэ, къалэм узрашэн-укъызрашэжын гу къуамытмэ... Арати, ди анэр зыхуей хуэгъэза хъуакъым. И узым нэхърэ къызэринэкI сабиищым я дуней хъунур зыхуэдэм зэригъэгузасэр нэхъ къытехьэлъэу и псэр щинащ. Ахэр сэ слъэгъуауэ, сщIэжу аракъым. Ахэр дэнэ къэна, езы тхьэмыщкIэм сыIуплъауэ сщIэжыркъым. Алыхьым и къарур инщ – Абы и IэмыркIэ къэхъужу нобэ си пащхьэм къихутауи сощIри, къысхуэцIыхунукъым. Щымыхъужми, и сурэт слъэгъуамэ аратэкъэ? АрщхьэкIэ апхуэдэ насыпи сиIакъым – зытригъэхыпауэ щытами, къытхуэнакъым ди анэм и сурэт. Ди унэм илъуи е и шыпхъу къомым къахуэнауи слъэгъуакъым фэеплъу тхъумэн апхуэдэ сурэт. ГъэунэхупIэ кIыхь дизыгъэува Алыхьым къыдипэсатэкъым ар. Сэ ари гукъеуэшхуэу сиIэу, ди анэр зылъэгъуа, зыщIэж си шыпхъумрэ си къуэшымрэ сехъуапсэу, къыфIэбгъэкIмэ, сащефыгъуи щыIэу сыкъекIуэкIырт. Абыи сыкъыщынэртэкъым:

– Дахэ-дахэу фыкъыскIэлъымыплъурэ мафIэм севгъэсри... Амэ абы гупщIэуз ирихри... – жысIэу мо нэхъыжьитIыр згъэкъуаншэу сыгъыу сыщыхуежьэхэм деж, езы тIури къыздэгъырт. Сэ сахуэмыувыIэжыххэ щыхъухэм деж:

– Щхьэр умыгъэуз! Емынэм узэрихуэу мафIэм упэрыпщхьэри, ди Амэ зыгъэлIар уэращ, – жиIэрти си шынэхъыжьыр къыстекIиерт. Къэзгъэгубжьыщамэ, къыщызэщхьэфауи щыIэт. И дэлъху нэхъыщIитIыр дызыгъэсабырыжыр Нэтт:

– Сэра мыгъуэщ псори зягъэр... СыптемыплъэкъукIыну, сыпхуэсакъыну къызэлъэIу мыгъуэти... Сэ езыр сфIэгуэныхь хъурти... Бжьын хьэсэр спщIауэ кърызгъэхьэлIэжынщи, згъэгуфIэнщ жысIэри...

– БгъэгуфIащ-тIэ!.. БгъалIэри, анэнэпIэсыжьым дыкъыхуэбгъанэри... – сабий гущIэгъуншэхэм сащыщ хъунти, си шыпхъум гуэныхь къытесхырт. Абы сыт мыгъуэр и лажьэт? Лажьэр зытехуэн хуейр ди анэр тIэщIэзыха, ди зэхэтыкIэ хъуа псэукIэр зи Iэужь хабзэ гущIэгъуншэрат. Ауэ дэ а псом сыт мыгъуэр хэтщIыкIрэт япэ анэнэпIэсыжьыр ди унэм къыщихьам? Ди шыпхъум зэрыжиIэжхэмкIэ, абдежми нэхъ хьэзабышхуэм, етIуанэ мафIэсым хэхуар сэрат.

– Ди Амэ мыгъуэр лIа нэужьи, Ат (Кулимэт) илъэситI–щы хуэдизкIэ ди деж щыIащ. Уэ абы и гупэ ухэлът. ДимыIэж анэм и пIэм къиувауэ къытхуэсакъырт. Дызэрихьэрт. АрщхьэкIэ абы и шэгъуэ мэхъури... Дот губгъуэм кърагъэкIыртэкъым. Сабиищым ди закъуэу дыкъыщынэм... Сыт ищIэнт? АнэнэпIэс къытхуешэри... Дыдыд мыгъуэ, мылым нэхърэ нэхъ щIыIэти а Iеижьыр. Абы ди фэм ирихыу щытар... МафIэм исауэ щыта уи лъакъуэ мыгъуэхэр дахэ-дахэу мыхъужа пэтми, а гущIэгъуншэжьым уэ къуищIэу щытари... – жиIэрти, си шыпхъум нэпсыр щIиутхыкIыу щIидзэрт. (Ди жьыщхьэ ахэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, ноби аращ: гъыуэ хуожьэ).

– ХьэкIэкхъуэкIэми ищIэнтэкъым а гущIэгъуншэжьым уэ лейуэ къуихыр... «ПIэм ущIэгъутхьэнущ... Сэ уэр щхьэкIэ сыкъэтэджу усшиинукъым», – жиIэрти, IуданэкIэ пипхыкIырт уи гъутхьэпIэ цIыкIур. Уэ мыгъуэ умыгъутхьэфу, утеуэ-утепкIэу, угызу унэкум уиту, утфIэгуэныхь хъурти, Хьэчими сэри дыгъуэгыу шхыIэн щIагъым дыщIэлъу. Дыкъыпщхьэщыжи мыхъуу... Зыгуэр жытIэмэ, къыдищIэнур дгъэунэхуакIэти... Дышынэ мыгъуэрт... Апхуэдэ щIымахуэ пщыхьэщхьэ гуэрым Дот къокIуэжри... КъызрихьэлIэжамрэ дэ жыдигъэIэжамрэ яужькIэ, а жэщ дыдэм дехуж Жандинэхужьыр.

Арати, етIуанэр къэзухауэ сызыщIэс ещанэ классым сыкъыщIэкIыжын хуей хъуащ. Хьэчим школым кIуэрт. Уэ уцIыкIут. Унэри фэитIури си пщэм фыкъыдэхуат. Аращ щIэныгъэншэу сыкъыщIэнар, – нэщхъейуэ си шыпхъур къыщызэплъкIэ: «АбыкIи къуаншэр уэращ», – жиIэ хуэдэу къизджыкIырт абы и нэгум. Сэри щIыхуэ зытезгъахуэртэкъым: «Абы ухуэмеямэ, къэзыпщэпщыхьыф къудей сабийм утеплъэкъукIыу псори бэлыхь дыхэбдзэнтэкъым». Пэжщ, ахэр зэрыжысIэр сигукIэт, армыхъу, зыгуэр къыбгурыIуэ ущыхъуакIэ, ущымылIыукIкIэ, уи анэкъилъху апхуэдэ епхъуэныныр гущIэгъуншагъэ дыдэт. АтIэми, Нэт къыдэкIуэтейри, хъыджэбз пIащэшхуэ хъуат. КъимыдэкIэ, зы анэ къилъхуагъищыр дызэхуэIэфIын, дызэрыIыгъын хуейт. Апхуэдэу нэхъ пэщIэтыгъуафIэт дызыпэрыува IэнатIэ бзаджэм: ди адэм анэнэпIэс етIуанэ къытхуишэжат. Ар ди унэ къыщихьам щыгъуэ сэ илъэс зыщыплI-зыплIытху сыхъуу арагъэнт. Ауэ 1938 гъэм и гъэмахуэм къуэш цIыкIу къызэрытхуалъхуар щIэсщIэжыр а илъэс дыдэм ди адэр ягъэтIысауэ зэрыщытарщ. ХьэкIунэ, дауи, Жандинэхутэкъым. Ауэ, ари... анэнэпIэст. Ар къызэрытхущытари, къэмэх иIэу къызэралъхуарагъэнщ, илъэс тIощIрэ бгъурэ фIэкIа къэзымыгъащIэу дунейм ехыжа ди къуэш цIыкIум и гузэвгъуэм ди псэм тригъэлъа хьэзабхэри, си лъакъуэр мафIэм зэрисам къысхуихьа насыпыншагъэхэм щыщ зыкъоми, школым сыщыщIэсам сызыIууа бэлыхьхэм я кIапэлъапэ гуэрхэри къыщызгъэлъэгъуэжащ «Сабиигъуэм и псынащхьибл», «ШейтIан къафэ» зыфIэсща повестхэм. Абыхэм мыбдеж кIыхьу къыщытезгъэзэжынкъым. Ауэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу «Сэ Алыхьым фIыуэ сыкъелъагъу» псалъэшхуэхэр мы си гукъэкIыжхэм фIэщыгъэцIэ зэрахуэсщIыр езгъэлъеяуэ слъытэркъым – пэж дыдэу, сэ Алыхьым фIыуэ сыкъелъагъу. ГъэунэхупIэ сригъахуэу щыта, жыпIэмэ, ахьей, икъукIэ куэдрэ сригъэхуа. Ауэ дапщэри сыкърригъэлащ. Зи гугъу сщIа мо мафIэсымкIэ къыщIидзэри, сэ згъэва жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ. Абыхэм ящыщщ мыхэр.

Вым хуэдэу щIэщIауэ лажьэ ди адэр, лажьи-хъати имыIэу, яубыдри илъэситхукIэ ягъэтIысат 1938 гъэм. Арати, сабий ныкъуэдыкъуэри къимылъхуа мыдрей щыри анэнэпIэсым дыкъыхуэнат. Апхуэдэ насыпыншагъэхэр къыптепсыхауэ упсэуныр зыхуэдэм тхыгъэшхуэ тебухуэ хъунщ. А лъэхъэнэ бзаджэр нэхъ зытехьэлъэр си шыпхъумрэ си къуэш нэхъыжьымрэт. Зи Iэпкълъэпкъыр зэрыубыда къудей Нэт колхоз къапхъэнымрэ зауэм щыгъуэ КъалэкIыхьым къыщрагъэжьэу ди къуажэкIэм нэскIэ къыдратIея щIытIышхуэмрэ яубыдакIэт. Хьэчимщи, пыIэ зыщхьэрыгъ нэхъыжьу унэм къинар арати, абы и пщэм къыдэхуэр зыхуэдизыр мырщ жыпIэу къыпхуэщIэнтэкъым. Школри, мэзри, бэзэрри, щхьэлри, жэм закъуэм ишхынри – псори зэлъигъэIэсын хуейт. Сэ зэкIэ ахэр схузэфIэкIынутэкъым. Си къалэн нэхъыщхьэр сабий ныкъуэдыкъуэм кIэлъыплъынрат: ар псы егъэфэн. КъыхэтIыкIын. Хэпхэжын. Псом хуэмыдэу зыхуэсакъыпхъэр, лъакъуэкIэ мыхъуу, IитIкIэ сIыгъыу хуэму гущэр щIэупскIэнрат. Арын-

шамэ, ар згъэуфэрэнкIмэ, сабий някъуэдыкъуэр къащтэу и узыр тIуащIэ хъуным щышынэрт ХьэкIунэ. Аркъудейтэкъым гущэ щIэупскIэным хэлъыр. КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу къуажэхьыр зытражыIыхьа гущэр щыщIэбгъэхъаекIэ, ар и пIэм йокI: щыщIэбупскIэкIэ зыгуэр екIу. Ауэрэ унэ бгыкъу щIагъым къыщIохутэ. А нэщэнэр къызыхахыр сщIэртэкъым, ауэ ар бгыкъу щIагъым щIэту щIэбупскIэныр «фIыкъым» жаIэрти, абыи сыхуэсакъырт. Нэхъыжьхэм ящыщ щIэсу а «мыфIыр» къэхъуамэ, «бгыкъу» псалъэр схужыIэртэкъыми, «гущэр бгыкъу-къум, бгыкъу-къум», – жысIэурэ сыдэплъейрт. Абы къизгъэкIыр гущэр бгыкъу щIагъым къыщIагъэкIуэтыну сылъэIуэу арат. Абы щхьэкIэ, ауан сыкъащIурэ, «бгыкъу-къукIэ» къызэджэу зэрыщытар сощIэж. Ауэ щыхъукIэ, ди Музэчыр цIыкIу къыщалъхуа 1938 гъэм, зэрыжысIащи, илъэс зыплIытху сыхъуауэ арагъэнт. Сэ сыщыдзадзу цIыкIум къызэрысхуэмысакъахэм къыхэсха фэбжь бзаджэр дамыгъэу стелът, лъэкIуэцIрыкIуэу сыкъэнауэ сылъакъуэ Iушэти арат си къуэш цIыкIум сыт ищIыскIи сытегужьеикIауэ си нэIэ щIытетыр. Сыт щхьэусыгъуэкIи сыщIытемыплъэкъукIыр. ИтIани дзыхьыпцIэр къысхуэзымыщI си анэнэпIэсым: «Дунейр къутэжами, сабийр къэбгъанэу ущIэмыкI. Зы мэскъал хуэдизкIэ утемыхьэулеикI. УтемыплъэкъукI. Мыр уи тасщ. Мыр уи шхынщ», – жиIэурэ си тхьэкIумэр минрэ схуиIуантIэрт зи сабий някъуэдыкъуэм тегужьеикIауэ губгъуэм дэкI–даху анэ тхьэмыщкIэм. Апхуэдэуи ихьа мыгъуэщ абы и дуней гъащIэр: «А Мыцэ мыгъуэ, – арат ар ди Музэчыр цIыкIу зэреджэр, – насып уиIэмэ, уи щхьэм бадзэ тепхужыф ухъухукIэ сэ Алыхьым сыпхуигъэпсэунщ», – жиIэурэ тхьэусыхафэ миныр кърищырт. Кърингъэгъыхырт. Ар апхуэдизкIэ тегужьеикIат и сабий някъуэдыкъуэми, и щхьэфэр лъэгущIыхь хуищIынут. И къуэм сэбэп хуэхъуну ищIэмэ, езым и псэр зыхихыжынти абы хилъхьэнт. Ди анэ къилъхуакъым жытIэу ди пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэ, тлъэкIыр хуэтщIэ пэтми, тхьэмыщкIэ, сабиищым ди гуэныхь къихь мыгъуэт: хуэтщIэри зэрытлъагъури игу нэсыртэкъым. Мо цIыкIум дыхуэщIыIэуи шэч ищIырт. Ар пцIыт. Алыхьым уигъэкIуэнтэкъыми, арыншами Тхьэр зэуа а хъарып цIыкIур фIыуэ умылъагъумэ. ДымылъагъупIэри иIэтэкъым – ар дыдейт. Ди къуэшт. Ди дэлъхут. АрщхьэкIэ ар къызыхихыу щыта мыгъуэр уэ къащIэ – ХьэкIунэ гурыщхъуэ къытхуищIырт. Ар къыщIытхуэлъэм, къыщIытхуэщIыIэм щхьэусыгъуэ хуэхъуу къыщIэкIынт анэ зимыIэж дэищыр дыузыншэу, езым нэми псэми хуихь и сабий закъуэр някъуэдыкъуэу Алыхьым къызэрыритар... СщIэркъым арами... ауэ сщIэр, слъагъур и сабийм тегужьеикIауэ, и псэр IукIауэ и дуней гъащIэр зэрихьырат. Тобэ ярэби, зэманыр сыту шынагъуэт. ГущIэгъуншэт. Армыхъу, някъуэдыкъуэрэ пэткIэ, абы хуэсакъыу, ар зыхуей хуигъазэу бгъэдэсыну хуиттэкъым – зыкъыдэбгъэнэну, губгъуэм уахудэмыкIыну ухуежьамэ – утроцкистт, властым урибийт. Апхуэдэхэм иращIэр зылъагъу, илъагъу къудейтэкъым – и щхьэгъусэр, ди адэр лъэхъуэщым ист. Ари Урысей пхащIэм нэс яшауэ Дальнэ Восток щыIэти, абы ерыскъыкIэ, IэлъэкIэ, лъэпэд хуабэкIэ хуэсакъыу кIэлъыIэбэ ХьэкIунэ шэми шхуми ису, и пкъыр губгъуэм щыIэми, и псэр бынымкIэ, ди адэмкIэ гъэзауэ хьэзаб телът. Пщыхьэщхьэ хъуамэ, и нэр къихуу къыдэлъэдэжырт: и Мыцэ къыщыщIаIа? ЗгъэмэжэлIа? Фи адэм и хъыбар гуэр щыIэ? И Iэхэр итхьэщIыжыну пIащIэу, сабийр къипхъуатэрти зэпиплъыхьырт. И бгъэм, и псэм ирикъузылIэрт. Еубзэрт. Ебзейрт. Ар щыслъагъукIэ, си гъын къакIуэрт. Ар Алыхьым деж нэмысынщ, ауэ сабий някъуэдыкъуэ цIыкIум сехъуапсэрт. Сыщефыгъуи щыIэт: абы и анэр хуэпсэущ. Си анэри псэужамэ, сэри апхуэдэу фIыуэ сыкъилъагъунут.

Ауэ... СигукIэ сыгъынанэурэ сыкъыщIэкIырт, лъэныкъуэегъэз зысщIырти, уи макъыр утIыпщауэ угъынумэ – къеблагъэт! Си губампIэр згъэтIысу арат. Апхуэдэу нэпскIэ зыстхьэщIу зыщызгъэпщкIу Iэджэрэ къэхъурт. А щытыкIэм сыкъизышыжыр ХьэкIунэт: и сабийм къызэрыщымыщIаIамкIэ игу зэгъауэ пIащIэ-тхъытхъыу ар игъэшха нэужь, сэ къысхуей хъурт: си къуэш цIыкIум сыкъыбгъэдинэу, езым жэм къэшынти, джэдкъазыр гъэзэгъэжынти, тхуэпщэфIэнти жыпIэми, Iуэхур и пщэм къэсырт. Къызэджэу зэрыщIидзар зэхэсх пэтми, занщIэу сыщIэмыхьэжу зызгъэжьажьэрт – сызэрыгъар хэзгъэгъуэщэжырт. «Ан-на, ущыкIуэдар дэнэ? МащIэ щIауэ сыноджэрэ?!» – щыжиIэкIэ, зызэрызгъапщхьэрти, пэжыр щызбзыщIырт. СызэрыгъынэIур зэримылъагъум щхьэкIи сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжырт: езым и къуэжь цIыкIум фIэкIа, сэ сыкъыфIэIуэхукъым – арат зыхуэсхьыр. Абы «и къуэжь цIыкIур» сэ сызэрикъуэшыр сщыгъупщэжырти, гуэныхь къэсхьырт. «УздэщыIар, ущыкIуэдар дэнэ, зо?!» – жиIэу и макъым зыщригъэIэткIэ: «Псыунэм», – кIэщIу пцIы супсырт. «СыздэщыIар къэпщIэнт, сыкъыпфIэIуэхуамэ, сызэрыгъынэIур плъэгъуамэ», – жысIэрт сигукIэ. АрщхьэкIэ си щытыкIэр зыхуэдэм къеплъыну мобы хущIыхьэгъуэ иIэтэкъым – и къуэ тхьэмыщкIэр зыхуэдэмкIэ гузэвэгъуэ телъар щхьэщыужами, сабийр нэхъ псынщIэу згъэжеин мурадкIэ, нэхъ ину щIэзупскIэу гущэр зэрызгъэуфэрэкIар къыщIамэ... АрщхьэкIэ сэ ар щызбзыщIкIэ, Музэчыр цIыкIу щыхужымыIэIакIэ... ХужыIэпэну щытами, сигъэуфэрэкIащ жиIэу абы и анэм бзэгу зэрыхуимыхьыжыну щытар, а цIыкIум фIыуэ дыкъилъагъуу, дыкъэзылъхуа анэр дызэримыIэжым щхьэкIэ фIэгуэныхь дыхъуу зэрыщытар ди нэгу щIигъэкIырт Музэчыр цIыкIу мыгъуэр нэхъ ин хъууэ ар къызэрытхущытамкIэ. Абыхэми сыщытепсэлъыхьыжащ «Сабиигъуэм и псынащхьиблым»...

Къытралъхьа илъэситхум и ныкъуэм фIэкIа щымысауэ, ди адэр 1940 гъэм къызэраутIыпщыжауэ щытамкIэ фIыщIэр зейр къуажэдэсхэращ. Ахэр якIэрыщIауэ, адэкIэ-мыдэкIэ тхьэусыхэхэу, Елгъэр Мысост зыкIи зэрымыкъуаншэмкIэ щыхьэту къэувхэу, Iуэхум и пэжыпIэр зэхагъэкIыху ямыгъэтIысыну, ягъэтIыса нэужьи зэкIэ дамышыну лъаIуэу, шэсыпIэ ихьэхэу, уэчылхэр къащтэу куэд къызэхакIухьат ди адэ къуэшхэми, ди анэнэпIэсми, къуажэдэсхэми. АрщхьэкIэ а псоми зыри къикIыртэкъым. ХьэкIунэ мафIитIым яку итт. ЗэрыжысIащи, абы пситI хэтми ярейт – зыр зытегужьеикIа бын ныкъуэдыкъуэм теубгъуауэ, адрейр зытегузэвыхь и щхьэгъусэм – ди адэм къэрэгъул бжыхь хуищIу. Махуэ щIагъуэ димыгъэкIыу, гъуэмылэ хуихьурэ ар «ДанилискIэм (и дэлъху нэхъыщIэм и цIэр Данилти, абы Долинскыр зэрыхужыIэр, къызэрипсэлъыр апхуэдэут) кIуэрт. Зи судыр ящIа ди адэр зэкIэ щаIыгъыр а «ДанилискIэ» мыгъуэжьым щыIэ думэзачырат. А «думэзачым» къикIри зыми тщIэртэкъым. «Дом заключенных»-кIэ зэджэу щытар, нобэ СИЗО жыхуаIэр арагъэнт. Ауэ ХьэкIунэ мыгъуэм и нитIри щыпхауэ къыхуэгъуэтынут чы матэр и дамащхьэм тету Щхьэлыкъуэ къыщежьэрэ Къуэшыркъуей къуажэр къызэринэкIыу, адэкIэ дригъэзейрэ мэзылъэ Iувым зэпхрыкI гъуэгуанэ кIыхьыр зэпиупщIу здэкIуэ ДанилискIэм щыIэ думэзачыр.

Махуэ гуэрым нэхъ жьыуэ къокIуэж ар – цIыху сурэтым имытыжу. Абы Iуплъахэр догужьей: къэхъуар лIо? Мор магъ. Псалъэ хужыIэркъым. ИтIанэ: «Езыр дашащ», – жи. А Езыр ди адэрат. Псори дызэщIогъуагэ: дэнэ здашар? ИщIэркъым. Ди адэм къыдыщысахэм, гъуэмылэ ихьар зритахэм аращ къыжраIар: дашащ.

Даша къудейт? «Мы лIы закъуэм щхьэкIэ ерыщу фыдауэу, лажьэ зи-

мыIэр дубыду дгъэтIысауэ жыфIэурэ фыныкъуакъуэу, фи тхьэусыхэнхэр щывмыгъэтми, дэри дынэхъ ерыщыжщ. ТхузэфIэкIри фэдгъэлъагъунщ. Тхьэр вгъэпцIащ фыкIуэу абы къивмышыжмэ» жыхуаIэ щIыкIэу, бзэи, тхылъи, Iэ тедзэжыкIэ къудеи зымыщIэ мэкъумэшыщIэр къэрал гъунапкъэм къыщыщIрагъэдзат. Ауэ Алыхьым и нэфIыр зыщыхуэн Iыхьлыхэми, жылэжьми, ди анэнэпIэсми я тхьэусыхэныр абы щхьэкIи щIагъэчакъым – зыдэмытхэрэ зыдамыгъатхэрэ къагъэнакъым. Арати, ди адэм и Iуэхур къокъутэ: къытралъхьауэ щыта илъэс бжыгъэм и зэхуэдитIымкIэ щагъэсауэ, 1940 гъэм и майхэм деж ди пщIантIэ къыдохьэж. Ар дэркIи къуажэдэсхэмкIи зыхуэда гуфIэгъуэр къыбгурыIуэн щхьэкIэ, сэ жагъуэу слъагъуми Алыхьым кърeмыпэскIэ дэ дызыхэта бэлыхьхэр, ди пIэм укъихутэу а псор уи фэм дэкIын хуей хъунут.

Тобэ ярэби, сыту зэман цIапIэт ар. Дауэ къыпщыхьурэ, лажьи-хъати уимыIэу илъэситху птеткъуэри удгъэтIысат. Дальнэ Востокым укъыщыщIедгъэдзат. Абы уи фэр щитхат. ЦIэм ущедгъэшхат. СабииплI къызэрыбна уи унагъуэр бэлыхь хэдгъэтат. Дыкъуэншащи, къытхуэгъэгъу. Лей уэтхыу илъэситIрэ ныкъуэкIэ узэрыщыдгъэсар дгъэзэкIуэжын папщIэ, сыткIэ зыпщIэдгъэкъуэн?.. – жиIэну зы цIыху къахэкIатэкъым ар зыгъэтIысахэм. Ахэри и бынт зи хабзэри зи бзыпхъэри гущIэгъуншагъэм, цIыхугъэншагъэм хузэщIэузэдауэ щыта къэрал ябгэм, тхьэгъэпцIагъэрэ шынагъэкIэ зэрагъэпцIу пщIэнтIэпсрэ лъыпскIэ быдэу зэкIэрашхэжа хьэбыршыбыр зэхэтыкIэм. Ауэ, Алыхьым и шыкурщ, сыт хуэдиз и быдагъэу я гугъами, лъэлъэжащ цIыху мелуан бжыгъэхэм я къупщхьэ зэтракъутахэм тращIыхьу пщIэнтIэпсрэ лъыпскIэ зэкIэрашхэжауэ щыта къэрал гущIэгъуншэр. Аращ хуэфащэр псэуэ хэт и цIыху цIыкIур цIыхуу къизымыдзэ, ар факъырэIускIэ зыгъэпсэу зэхэтыкIэм. Апхуэдэ къэралым и хьэзабыр зыщхьэщыкIахэм, мо зэхэтыкIэм хуеплъэкIыжурэ, абы кIэлъыгъыжхэм езыхэм я тхьэмыщкIагъэжщ. Я напэжщ. Аращ сэ а Iуэхум сызэреплъыр...

Ди адэр къызыхыхьэжа бынунагъуэм ди Iуэхур икъукIэ зэкIэлъымыкIуэт. Шыпхэ къудейм къыщымынэжу, зи кIэр хьэм пичу зи укIытапIэр сэтей къэхъуа шым дрещхьт. ТхьэмыщкIэм Тхьэр хуэлъэщ жыхуаIэм дыхуэдэт: ди унэ блын лъэныкъуэр щIэукIыну ежьат. Тхьэм ещIэ, ар зытращIыхьар чырбышу ягъэжу щыта ятIэр къызрахыгъа мащэжь ягъэсеижам хуэзат? Сытми, блын ипщэр лъэныкъуабэ хъуащ. Ар щIэмыуфэрэкIыпэн щхьэкIэ зэкIэ есылIэхэр хуащIащ. АрщхьэкIэ, нэху къыдидзу хуежьауэ, блыныр хуэм-хуэмурэ щIэкIуэтырт. Унэм уемыIусэу ар блынышIэкIэ зэхъуэкIыныр шынагъуэт. Дэ унэщIэ тхуэщIынутэкъым. ТкъуэлъIатэкъым. ПцIы щхьэ упсын хуей, а лъэхъэнэхэм деж колхозхэр къэбэтэжауэ мэкъумэшыщIэхэм я трудоденхэр купщIафIэт: абыхэм гъавэри нэгъуэщI ерыскъыхэкIхэри икъукIэ берычэту къапэкIуэрт. Ауэ дэ лэжьакIуэшхуэ диIэтэкъым. БалигъыпIэм нэмыса Нэт хэсу губгъуэм щыIэт. Абы и трудоденхэм къапэкIуэрат бынунэр нэхъыбэу дызыкъуэсыр. ХьэкIунэ кIуэркъэкIуэжу лажьэрт. Ауэ абы сабий сымаджэри унагъуэри кIэрыщIат. АитIуми къалэжьыр псыкIэ щIэхъум щхьэусыгъуэшхуитI иIэт: абы и Iуэху афIэкIа зыми зэримыхуэжын я гугъэу хьэдрыхэщI нэскIэ ирагъэша ди адэм щIэх-щIэхыурэ дыкIэлъымыIэбэу хъуртэкъым – щыгъын хуабэкIи ерыскъыкIи. Ахэр Налшык щегъэжьэным гугъуехьышхуи зэманышхуи ехьэлIэн хуейт. КъимыдэкIэ, зи бын ныкъуэдыкъуэм тегужьеикIарэ Iэзи-гъуази къэзымыгъанэу (сабий сымаджэм зыщ хуэдизкIэ сэбэп къыхуэмыхъуа а «Iэзэ» къомым тфIашхар хьэрэм Алыхьым

яхуищI) хьэчэхьэпсэу Къэбэрдейр къызэхэзыкIухь анэ тхьэмыщкIэр зыми еблэжыртэкъым – и псэм деж къыщыщIэдзауэ узэIусэ хъуну унагъуэм илъу хъуамкIэ иухыжу.

Мис ахэрат къызыхэкIар ди унэ ныкъуэкъауэр тхузэмыхъуэкIауэ ди адэр къызэрыкIуэжар. ЩIэмрэ шхынщIэлIагъэмрэ ягъэувыIауэ гъуэгуанэ кIыхьыр къызэпызычыжу Урысей пхащIэм къикIыжам дэнэ кърихынт унэщIэ щIыным ирихьэлIэн мылъку? Ауэ икIэщIыпIэкIэ зы хэкIыпIэ гуэр къэгъуэтын хуейти, Iэмалу къахуэгупсысаращ: япэ щIыкIэ чы-бжэгъу гуэщпэш щIын. Абы дыщIэсурэ зы блын хурикъун чырбыш гъэжын. Япэ ирагъэщар етIуанэращ - чырбышыр гъухукIэ модрейр зэфIэгъэкIын. Апхуэдэуи ящIащ: хъуэхъуакIуэ, гуфIакIуэ къакIуэхэр нэхъ кIащхъэ зэрыхъуу, унэкъуэщхэри гъунэгъухэри къытхуэщIыхьэхури, блын закъуэм хурикъун чырбышым куэд жедгъэIэнт? Зы махуэм дгъэжащ. Иджы чы-бжэгъур къэшауэ гуэщпэшыр псынщIэу щIыным щIэдзэн хуейт. Псори тэмэму зэпалъыта хуэдэт.

Iуэхур зыIутым щыгъуазэ, ар зи нэкIэ зылъэгъуахэм ди адэр къагъэщIэхъуакъым: выгу зэщIэщIа бэлыхь кърататщ. Дотрэ Хьэчимрэ пщэдджыжьым чы-бжэгъушэ щыдэкIым зызгъэтхьэмыщкIафэу ди адэм и кIэкъуащIэр соубыд. ЗыкIэрызошытIэ. Абы къикIыр гурыIуэгъуэт: сэри сыздэфшэ.

– Щхьэр умыгъэуз! – къыстокIие си къуэш нэхъыжьыр. – Е сэбэп ухъунукъым, е нэгъуэщIкъым. Уэри кIэрыщIэну узэрытщIынур сыт? Абы нэхърэ ухуэсакъыу Музэчыр бгъэдэси нэхъыфIщ...

– Здэфшэ, н-на, и адэм хуэзэшауэ гу щимыхуэжу араци, абы щIыгъункIэ зызымыгъэнщIыж сабийм и жагъуэ дауэ фщIын? – сигу илъыр къэзыщIа ХьэкIунэ къысщхьэщожри, ар анэнэпIэсу сымыбжыжу, губгъэну хуэсщIа псори занщIэу хузогъэгъу. Ди адэм сыкъеIэт. Япэ щIыкIэ сызрекъузылIэ, си щхьэм ба къыхуещIри, выгум срегъэувэ. Абдеж сэ зыхэсщIа гуфIэгъуэмрэ насыпымрэ къефIэкIын мы дунеишхуэм щыбгъуэтыну къыщIэкIынтэкъым. Ди къуэш цIыкIумрэ ар IэплIэкIэ зыIыгъыу къыддэкIуатэ ХьэкIунэрэ сахуеплъэкIрэ си гуфIэгъуэмкIэ садэгуашэу пщIантIэм дыкъыдокI.

МэзыпщIэ тхылъ диIэн хуейт. Арыншауэ хъунутэкъым. ИгъащIэми ди фэр изых мэзхъумэхэм уаIэрыхьэмэ, гум илъым хуэдиз къуэды къыптралъхьэфынут. Абыхэм я Iэхтхэр (актхэр) шынагъуэт. Арати, тпэмыжыжьэу къыщыс мэзхъумэ ХьэпащIэ деж дыIуохьэ. Я куэбжэр зыуэ, я пщIантIэр зырызу Къуныжьхэ къабгъэдэст Къардэн Етэч. Ар лIы угъурлыт. Бзэ IэфI зиIэт. Гъунэгъу сабийхэм пхъэ лъэрыжэ, къупщхьэ чын яхуищIырт. Си къуэш нэхъыжьми иIэт абы ищIа чыныфI Iей. Сыкъыщыдэхуэхэм деж сэри ар згъэджэрэзырт. Апхуэдэу си кIэн къыщикIхэм деж Етэч дадэ (и дадащхьи илъэс щэ ныкъуэм тIэкIукIэ щIигъуами арагъэнт) фIыкIэ сигу къэкIырт. Мис иджы, зэгъунэгъуитIым я куэбжэ зэхэтым дыщыбгъэдыхьэ дыдэм езы Етэч къыдэкIыу дыхуозэ:

– Пщэдджыжь хьэщIэ гъэхьэщIэгъуафIэщ, жи. Фыкъеблагъэ, Мысост...

– Уи благъэ куэд ухъу, Етэч! Гъуэгу дытетщ. ДымэзакIуэщ...

– Мэзри дэнэ кIуэжын? Уи насып ятекIуэу укъызэрыкIуэжрэ ди унэ уи IэфракIэпэ къыщыбгъэшакъым. КхъыIэ, Мысост, фынышIыхьи...

– Фи ерыскъы убагъуэ. Нобэрей Iуэху дыхьыумыгъэзыхь. Уи гъунэгъум мэз тхылъыпщIэ тIэкIур езгъэтхыу ди гъуэгу хэдгъэщIын хуейщ, – жери Дот ХьэпащIэхэ я пщIантIэмкIэ егъазэ. Етэчи егъэкIэрэхъуэжри дохьэж.

ЛIитIым я къыдэкIыжыгъуэри зэхуозэ. Етэч хъуржын гуэр иIыгъщ.

– Фынеблэгъэн щывмыдакIэ, пхъэ еуэ пхъэ ешх, жи. Мыр мэзым къыщыфхуэсэбэпыжынщ, – жиIэу хъуржыныр къыщишийм:

– Абыхэми ухыхьэн хуеякъым, Етэч. Къыхызэпхар Тхьэм фхуигъэбагъуэ, – жи ди адэм. Къытхудахар дахьэжынкIэ сыкъэшына нэхъей, сыщыпхъуэм, Хьэчим си щIыбыкум къотIыхь. Ауэ, ар зыкIи къысфIэмыIуэхуу, хъуржыныр си бэкъу зэхуакум дызогъэзагъэ. Жьэрымэ IэфIыр къысIуроуэри, хъуржыным сиплъэну сыкъытреч. АрщхьэкIэ си къуэш нэхъыжьым сыщошынэри зыхузогъэшэч.

Си адагъэкIэ жысIэнкъыми, Дот мэзкIэ къыпэхъун ди къуажэ кIыхьым дэс къыщIэкIынтэкъым. ЩамыгъэтIысми лъэхъуэщым къикIыжа нэужьи, зэрысщIэжрэ, ар мэзылIу дунейм тетащ. Жылэ псор щыгъуазэт мэзкIэ абы и лIыгъэр здынэсым. ЗэрыжаIэжу щытахэмкIэ, апхуэдэт ар игъащIэми. ЗэкъуэшиплI хъу дыдейхэм пщылIи яIакъым. Езыхэри пщылIакъым. ЦIыхум яхэгъуащэрэ я щхьэ ягъэпсэужу къекIуэкIащ. Щхьэж и къалэныр ищIэжу. Ди адэм и пщэ нэхъыбэу къыдэхуэр мэзырат. Унагъуэшхуэр зэрыпщэфIэнри лэгъуниплIыр зэрагъэплъынри мэзым къыщIэпшыныр тынш цIыкIутэкъым. Пхъэр къаIэщIэухэу щыхуежьэкIэ, я къуэш нэхъыщIэ Хьэбыши ди адэм гъусэ щыхуащI щыIэт. Дот шы IэжьэкIэ, Хьэбышэ вы IэжьэкIэ дэкIхэрт. И къуэш нэхъыщIэр къэсыхукIэ ди адэм IэжьитIым къахуэшэныр пиупщIарэ, езым и пхъэр ирилъхьэжауэ мыдрейр нэсырти... Апхуэдэт ар мэзкIэ...

Чы-бжэгъушэ дыщыкIуами абы ищIаращ. ДыгъапIэ деилъэ джабэм дыкIэрохьэ. Мэз и пIалъэ зыщIэ Дот зэрыщыгъуазэмкIэ, абдеж бжэгъур нэхъ щыпэрыхьэтт икIи нэхъ щыпсынщIэт. Чыр щынэхъыбэр икIи щынэхъ IэтIэлъатIэр дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэрат. ВитIыр щIегъэху. Дамэпсхэмрэ вытIощыщIэмкIэ ахэр зэпэжыжьэу бжьынэ кIапэ зэрызым ирепх – зыр адрейм зэран хуэмыхъуу хъуэкIуэнхэ папщIэ.

– Уэри Iуэхуншэу ущымыс, Чачиф, (апхуэдэут абы си цIэр зэрыжиIэр) выхэр хъумэ. ГъэхъуакIуэ. Мес, къэлэрыр гъунэжщи уэри хъуакIуэ, – жери, къысщыгуфIыкIыу и джанэ щIыIутелъыр зыщех. Нэр темыпыIэу, апхуэдизкIэ псынщIэу лажьэрти, абы гъэмахуэми щIымахуэми ищIэрат: джанэ щIыIутелъыр трихынт, и Iуэхур зэфIэкIа нэужь, псыф хъуа щIагъщIэлъыр зыщихынти, джанэ щIыIутелъ гъущэр зыщитIэгъэжынт. Апхуэдэу щIищIым губзыгъагъэ хэлът: псыф хъуа джанитIыр пщыгъыурэ пщыгъущхьэжыным (атIэми, щIымахуэм деж) щIыIэ уз къыхэпхыныр бетэмалт. Ари игъэунэхуауэ къыщIэкIынт абы.

Бжэгъу зэрыпиупщIыну, зэриухъуэнщIыну джыдэ цIыкIу зэщIэлъыкIар (чым хухэха джыдэ нэхъ цIыкIужи тIыгът) къещтэри щIопхъуэ. Аргуэру къысхуоплъэкIыжри:

– ЗумыгъэмэжалIэ, зумыгъэзэш, – жери мэш щIагъым щызежэ адэжынэу, мэзым щIокIэрахъуэ. Абы къигъэхьэзыр бжэгъур IэплIэ-IэплIэурэ зэхуэзыхьэсыну, итIанэ къыхэзылъэфурэ гум къезыхьэлIэну си къуэш нэхъыжьри ди адэм кIэлъоущ.

МоитIум паупщIынур пхъэуэ щытамэ, я Iэуэлъауэ макъыр къэIунут. Ар зэхэсхмэ, апхуэдэу сышынэну къыщIэкIынтэкъым. Иджы Iэуилъауи щыIэкъым... Цырхъ макъ къэIухукIэ сыкъощтэ. Гъусэу сиIэр витIращи, абыхэм сакъыфIэIуэхукъым. Ахэр икIи шынэркъым – лъэныкъуэ зырызкIэ щохъуакIуэхэр. Сэри сыхъуэкIуэну сыхуитт. Ауэ гум сыкъикIыу къэлэрылъэм сыхыхьэн сошынэри, зызудыгъуауэ сыщысщ. Чым хухэхауэ Дот къищта джыдэ цIыкIур сIыгъ пэтми, абыи сыкъуошынык I. Мохэр жыжьэ

щыӀэу пӀэрэ? Сыджэмэ, зэхахыну пӀэрэ? Сыджэу сеплъын? Къэхъуар лӀо жаӀэу къыхэжыжхэмэ-щэ? Къызэрызгъэщтахэм щхьэкӀэ Дот къызэшхыдэнтэкъым. Ауэ щхьэ думыгъэлажьэрэ, цыфырыху? – жиӀэу Хьэчим къызэщхьэфэуэнкӀэ тӀэу еплъынтэкъым. ЗыгуэркӀэ зытезгъэуамэ, апхуэдизу сымышынэнкӀэ хъунт. АрщхьэкӀэ зытезгъэууэ сыбгъэщӀэнур сыт? Гум сикӀрэ къэлэр къисчу, ар сшхыуэ щӀэздзамэ хъунути... ХъункӀэ хъунут. Ауэ къэлэр къызоч жысӀэу мэзым сыхыхьэмэ, къысхуэзэну хьэкӀэкхъуэкӀэр зыхуэдэр хэт зыщӀэр? Абы нэхърэ, уи къэлэр кӀуэдакъым, уи пӀэм исыжи нэхъыфӀщ. НэхъыфӀкӀэ-нэхъыфӀт. Ауэ зыри умыщӀэу икӀи ушынэу ущыщысым деж зэманыр шыдым, зи жьэр мыувыӀэу шхэ мо витӀым хуэдэу жьажьэу зэрыкӀуэр пщӀэрэ? Зи насып, ахэр зэрымышынэр плъагъурэ? ЗэрышхэхэрауэпӀэрэ щӀэмышынэхэр? Сэри сышхамэ... ЗызмыгъэмэжэлӀэну жиӀакъэ Дот?..

А псоми сегупсысурэ, сызыхуейр къызогъэкӀри къызощтэ Етэч дадэ къыдита хъуржыныр. Абы сиплъэмэ... Зи щхьэм тхьэрыкъуэф цӀынэ Ӏукуа птулъкӀэ фӀыцӀэшхуэ итщ. Лэкъум, кхъуей илъщ. ПтулъкӀэм итыр зэзгъэщӀэну сеӀубмэ – шхущ. Ари шатэтемыхурэ мыгуащӀэу. ФӀыуэ сыхофри, си бэкъум дызогъэувэ. Лэкъумрэ кхъуейрэ къызохри... Зыбгъэтхъэжынумэ, къеблагъэ! Шынэр дэнэ щыӀэми сщӀэжыркъым – абы сегупсысыну зэман сиӀэжкъым: солажьэ. Алъандэм фэ сызэвгъэхъуэпсами, сэ сшхыр фщӀамэ, фыкъызэрызэхъуапсэр флъагъунт иджы, – витӀыр сигукӀэ псэлъэгъу сщӀащи, сытоу. Зэманри къыстехьэлъэжыркъым. ИкӀи сызыщышынэни щыӀэжкъым. Аращ къыщӀэзмыщӀар япэ бжэгъу ӀэплӀэр къилъэфу Хьэчим гум къызэрыбгъэдыхьэжари. Армыхъумэ, абы и Ӏэуэлъауэр зэхэсхамэ, кхъуейрэ лэкъумкӀэ куда си жьэм шхур жьэдэскӀэнти, мо ерыскъы гъуэщэхэр псынщӀэу ирезгъэхьэхынтэкъэ? АрщхьэкӀэ...

– НыбэрицӀэжь! Уи закъуэ ушхэжу!.. – бжэгъу ӀэплӀэр хыфӀэзыдзауэ зи нэкӀу пщӀэнтӀар ӀэщхьитӀкӀэ къезылъэщӀэх си къуэш нэхъыжьым Ӏуэхур шхыдэ къудейкӀэ зэфӀигъэкӀыну къыщӀэкӀынтэкъым. Ауэ, насып сиӀэти, зи блэгущӀэ зырызым щӀэлъу бжэгъу ӀэплӀэшхуитӀ къэзылъэф ди адэр къыӀуохьэжри:

– Ушына? УмэжэлӀа, тӀалэ? – жиӀэу къысщогуфӀыкӀ. «Хьэуэ» къизгъэкӀыу, си щхьэр сощӀ.

– ЗигъэмэжэлӀэнщ Ӏейуэ а дзыгъуэшхуэм! Гужьейри и жьэр икудащи, псэлъэжыфыркъым, – мэгъумэтӀымэ си къуэшыр.

– ЗумыгъэмэжалӀэмэ, аращ, тӀасэ, – абы къыфӀигъэкӀыркъым Дот.

ВитӀыр къыкӀэретӀыкӀ. АдкӀэӀуэкӀэ Ӏуешри, пӀащӀэ-тхъытхъыу хъупӀэщӀэм хепхэ. АпщӀондэху Хьэчими зигъэӀуэхуншэркъым: хъуржынымрэ птулъкӀэмрэ къищтауэ хэзгъэщӀар зыхуэдизым йоплъ:

– НыбэхуэфӀыжь! – аращ хужыӀэр. Къызэщхьэфэуэнуи тегушхуэркъым – ди адэм щошынэ. Сэ ар зэрызгъэсабырыну къэзгупсысаращи, зы лэкъумрэ кхъуей Ӏыхьэрэ хузоший. АрщхьэкӀэ дэнэ щысӀихынт?! НэщхъкӀэ къызопыдж. Иджыпсту шхэн зи мылажьэ ди адэр къигъанэу, езыми зегъэлӀышхуэри, апхуэдэ Ӏуэху зэрихуэну и напэм хутемыгъэхуауэ арат. Сэ а къомым си акъыл хуэкӀуэну сынэсатэкъым. АтӀэми, витӀыр зэрышхэми уехъуэпсауэ икӀи, узэрыӀуэхуншэм къыхэкӀыу, шынагъэм урихулӀамэ... А псори къызыгурымыӀуа, сызэхэзымыщӀыкӀа си къуэш нэхъыжьым сигукӀэ сыхуошхыдэри, екӀужыпщӀэу абы хуэсшияуэ щыта, ауэ сӀимыха лэкъумри кхъуейри дызогъакӀуэ адрей сшхахэм. Пэжщ, хъуржыным нэгъуэщӀкӀэ сиӀэбэжыркъым – ди адэри си къуэшри дауэ Ӏыхьэншэ дыдэ сщӀынт?

МоитӀум, выхэр щӀащӀэжри, бжэгъур зэгъэкӀуауэ иралъхьэ: тӀууэ

зэпылъу – гублащхьэдэсэм къыщыщIэдзауэ гупхэм тIэкIу щхьэпрыкIыу. Псоми хуэIэзэ ди адэм ищIэр ещIэж: чыри апхуэдэу зэпылъу ирилъхьэнущи, гупхэр бжэгъумкIэ къеIэт – фIыуэ пигъэкIуэтыну и мурад чы лантIэ кIыхьхэр пыпхъуэу къыдрищIеинущи, ахэр пылэлурэ щIым тримылъэфэн папщIэ бжэгъухэм къыщIаIыгъэнущ. А псоми Iэзагъэ, акъыл хуейщ. Ар япэ къыIэрыхьэр гум изыупцIэхэм ящыщтэкъым – егупсысауэ, жьы щIэту лажьэу есат. Ауэ а махуэм, егъэлеяуэ зэрыпIащIэрагъэнт, щыуагъэ IэщIэкIауэ къыщIэкIащ: губжьэтебзэхэм щхьэдэхыу ирилъхьа бжэгъухэр ирипхэркъым. Моуэ дыгъэмыхъуэ гъунэгъу тIэкIум декIэрэхъуэкIмэ, чыр пыдупщIу, – сэри Iуэху зыщIэхэм захэзбжэрт: ди адэм си пщэ къыдилъхьа къалэнхэр згъэзащIэрт: выхэр схъумэрт. ЗызгъэмэжалIэртэкъым. Зызгъэзэшыртэкъым, – бжэгъум щхьэщытлъхьэжын хуейт. КIапсэхэр пхэным, аргуэру къэтIэтэжыным зэман ихьынут – ар сыт щыгъуи къемэщIэкIырт Дот. Етэч дигу къимыгъэкIыжами, пхъэ еуэм пхъэ ешх зэрыжаIэр ищIэ пэтми, щыту тIэкIу едзакъэу мэзым щыкIуэ щыIэт. ЗалымыгъэкIэ гъуэмылэ здрагъэхьами, ар къыщишэжыр нэхъыбэт – ар ишхыну хущIыхьэртэкъым...

ЦIыхум зекIуапIэ ямыщI гъуэгу къуейщIейхэрат ди адэм мэзым къыщыхихыр – псори тыншу здынэмысыфым узыхуейр нэхъыфIу щыбгъуэтынут. А махуэми Iуэхум зэреплъар апхуэдэут. Арат бжэгъу гулъэныкъуэфIыр гъэхьэзырыным куэдрэ щIемылIэлIар. Нэхъ пэщэщэхыр чыр арати, абы ихьыну зэманыр къыдигъэхуауэ дыкъежьэжырт.

Гъуэгур задэт. Егъэзыхыгъуэ бзаджэт. Езыр, вытIощыщIэр иIыгъыу, гуфэхэм япитIми къыщепхъуэ щыIэу, выхэм я пэм итщ. Хьэчими зэрыхузэфIэкIкIэ абы доIэпыкъу: выуэчыр IэщIэлъу нэхъ гублащхьэмкIэ дэсщи, витIым я джабэ зырызым «толъэщIыхь». Къысхуэсакъыу сэри къысхуоплъэкI. Сымыбэлэрыгъыну Дот си тхьэкIумэр схуиIуэнтIащи, ар сщыгъупщэркъым: IэбжьанипщIри бжэгъухэм хэзукIарэ хуэхьэшакъ щIыкIэу сытесщ. ЦIыхури Iэщри дызэрызехьэу джабэ задэм дыкъыздехым, зэрыхъуар Тхьэм ещIэ, шэрхъ лъэныкъуэр дакъэжь лъагэ гуэрым доуей, лъэныкъуабэ хъуа гум имыпхауэ илъа бжэгъу щхьэрыутIыпщхэм зыкъаIэтри сыкъызытрадз. Дакъэм къепкIэжа шэрхъым сыпэщIохуэри...

ТIэкIу зыкъыщысщIэжам ди адэм и куэщIым силът. Си напIэр къызэтесхмэ, уафэр лъахъшабзэу, хьэрпшэру слъагъурти, пшэм сыхэлъу фIэкIа пщIэнтэкъым. Дот и нэпсхэр уэшх ткIуэпсурэ къыстеткIуэрти, ахэр нэкIукIэ зыхэсщIэрт. Хьэчим и гъы макъ зэхэсхыр уафэгъуагъуэу къысщыхъурт. ЖыпIэнурамэ, дунейр къыттекъутэжауэ къысфIэщIырт.

А щытыкIэм куэдрэ сита, мащIэрэ сита, сытми, дуней хуитым хуэмурэ зэ сыкъытохьэж. Си нэр ерагъыу къэзгъаплъэмэ, Хьэчим хьэмбыIуу щысщ, мыувыIэу и пэри дрелъэфей, и упщIэ пыIэмкIэ сэри жьы къысхуоуэ. Зи щхьэр Iуха птулъкIэшхуэри иIыгъщ. СызэрыныбэрицIэжьым щхьэкIэ нетIэ къызэшхыдауэ щытами, мис иджы гуфIэжу шхум сригъэфэнут. АрщхьэкIэ...

Алыхьырщ, Алыхь нэужьым, ажалым сыкъезыгъэлар сыкъэзылъхуамрэ къыздалъхуамрэ къыздагуэша я псэхэмрэ Къардэн Етэч гъуэгу гъуэмылэу къыдита ерыскъымрэщ. ГушыIэ лъэпкъ хэмылъу, Дот жиIэрат: «ФIыуэ ушхауэ, уи ныбэр ерыскъыкIэ къуауэ щымытамэ, уи бынжэм хуэзэу къыптеувэу пщхьэщыкIа шэрхъым уи дзажэналъэхэри уи тхы къупщхьэхэри зэхикъутэнт... Псоми насып диIэт, уэ Алыхьым фIыуэ укъилъагъурти, тIэпIу ушхауэ, уи ныбэр гуэгуш хулъэ гъэпщам хуэдэу къыщIэкIри... Ар

зи фIыщIэр Етэчщи, ерыскъынши насыпынши Тхьэм имыщI», – жиIэрт ди адэм.

Сэр щхьэкIэ зи псэм гузэвэгъуэр телъа си адэм и псалъэхэм сэ къахэзыубыдыкIар нэхъ сызыхуейхэрат: сэ Алыхьым фIыуэ сикъилъагъуу зэрыжиIарат. «Алыхьым фIыуэ сыкъелъагъу» псэлъафэр мафIэм сыкъызэрела лъандэрэ къыздекIуэкIырт. Армыхъу гублащхьэтебзэм къыфIэкIыу бжэгъу зэрылъ гум и шэрхъыр къыптеува нэужь, «гуэгуш хулъэу гъэпща ныбэм» ажалым укърригъэлыныр фIэщщIыгъуейт...

А Iуэху еплъыкIэр зэрынэхъ захуэр: сэ Алыхьым фIыуэ сикъызэрилъагъум ехьэлIа псалъэхэр зэрынэхъ пэжыр ещанэуи гъэунэхупIэ сыщихуам наIуэ къэхъуащ. Мис абы щыгъуэ сыгъэпщауэ срихьэлIауэ щытамэ, сэ къыстехуэу сыщIэзыIубэгъа хьэлъэм а «гуэгуш хулъэр» къигъауэри кIэ згъуэтакIэт. Ауэ...

Лажьи-хъати имыIэу илъэситху зытракъуэу ягъэтIыса, илъэсищым нэскIэ къэта ди адэр здэщыIа Дальнэ Востокыр зэрымыкIуроргтыр куэд дэмыкIыу нэрылъагъу къэхъуащ. КъызрихьэлIэжа ди псэукIэм игъэгужьейуэ япэ къомым зиIыгъами, гуэщ пэшри ищIу унэ блынри щIигъэувэжа, гупсэхугъуэ тIэкIу игъуэтыжа нэужь, абы узыр къызэреIэр зыхищIэу хуежьащ. Колхозым пэлъэщын узыншагъэ зэрыбгъэдэмылъыжыр IупщIт. Ауэ мылажьэу зэрымыхъунури гурыIуэгъуэт – унагъуэ зэтехуар къэIэтыжын, гъэшхэн хуейт. Си шыпхъу нэхъыжьым и еджэныр зэпигъэуныр пасэу къыхудэкIами, щIалэтанэфI ныбжьым нэса Хьэчим колхозым хищIыхьыфын щIагъуэ щыIэтэкъым, ауэ щыхъукIэ ари щIэгъэтIысхьэжын хуейт Iэмалыншагъэм ирихулIэу къызыщIэкIыжа школым. АтIэми, абы и нэр еджэным къыхуикIырт. Езыр гурыхуэт. Школым щрагъэджу хъуар псынщIэу къипхъуатэрт. А зэманхэм щыгъуэ Махуэшхуэхэм деж еджакIуэ цIыкIухэм тыгъэ хуащIу щыта саугъэтхэм я нэхъыфIыр къылъагъэсырт. КIэщIу жыпIэмэ, ар къызыхуалъхуар тхылъырат. ЩIэныгъэрат. Апхуэдэ щIалэр иумыгъэджэныр гуэныхьт. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, ар икIи къыпхуадэнутэкъым. Ди адэр къыщытам щхьэусыгъуэ диIа, Iэмалыншагъэм дрихулIэу школым къыщIэкIыжа щхьэкIэ, иджы ар езгъэджэнукъым жыпIэу зыкъиптIэну еплъыт! Дуней псом къэралу тетым я нэхъыфI СоветскIэм и быныр езымыгъэджэну хуитыр хэт? Апхуэдэ хуитыныгъэ яIэтэкъым сабийр къэзылъхуа, бзэи тхылъи зымыщIэ адэ-анэ дыдэхэми. Еджэныр, щIэныгъэр политикэм епхат. А политикэмкIэ мыарэзыуэ къэувыр «цIыхубэм и бийти», ар ди Дот къыздикIыжа Арысей пхащIэм хуэдэм нагъэсыныр зырикIт. Зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ ягъакIуэркъым жыхуаIэм ещхь а хабзэ ткIийр щымыIамэ, сэри щIэныгъэншэу сыкъэнэну зэрыщытам шэч хэлътэкъым. Дауи, адэ-анэхэм я бынхэр яужэгъужауэ хьэмэрэ ахэр щIэныгъэншэу, насыпыншэу къагъэхъун мурад яIэу аратэкъым. Iуэхур здэщыIэр нэгъуэщIт: бэуапIэ ямыгъуэту, жэщ-махуэ ямыIэу езыхэр колхоз мафIэм хэтт. Унэри, Iэщри, хадэри зыгуэрым зэрихьэн хуейтэкъэ? Езыхэм апхуэдэ хущIыхьэгъуэрэ хуитыныгъэрэ щамыIэкIэ, зыщыгугъыну къахуэнэр я бынхэрати... Ахэри умеиж хуэдэт – уэ уи унафэр зыщI СоветскIэрат ахэри зейр. Абы егъэджэн хуейщ щыжиIэкIэ, уи уни, уи Iэщи, уи хади къэткъым – егъаджэ. Политикэм упэмыув! Арыншамэ...

Арати, Хьэчим и кIэн къикIри, школым щIэтIысхьэжащ. Сэри гъэ къакIуэ си школ щIэтIысхьэгъуэщ. Ди къуэш цIыкIу Музэчыри зэрысымаджэм, иджыри къэмэх зэриIэм хуэдэщ. Абы и анэ ХьэкIунэ мафIитIым я кум итщ: колхозыр зы. Дохутырхэр сэбэп зыхуэмыхъуф сабийм къаригъэIэзэхэм къакIэлъыкIухьыныр тIу. Абыхэм, сымаджэм зыри къы-

хуамыщIэфми, укъагъэгугъэ. Уи мылъкур яшх. Ауэ ди сабийм шейтIан къебгауэ жызыIэ, Алыхьми цIыхуми ящымышынэ а бзаджэнаджэхэм ебгъэшхын уиIэн хуейкъэ? Арыншауэ зыкIи уахэзэгъэнукъым шейтIан узыр зэфыкIыну зыхуэфащэ мо хьэбыршыбырхэм.

Мис а къезбжэкIа псори зэпалъыта, щIыр IэгуфэкIэ къагъэза нэужьщ ди Дот колхозым зэрыщымылэжьэжыфынум Iуэхур щытращIыхьар. Ахэр къызытеувыIами тегушхуэгъуафIэтэкъым. Япэрауэ, къуажэщIым утесу колхозым сыхэкIынущ жыпIэныр шэ къэуэжт. ЕтIуанэрауэ, уи унагъуэ Iуэхухэр зыхуэдэм щхьэкIэ зыри пхуэгузэвэнутэкъым. Сыузыншэжкъым жыпIэнущи, заводым жэщ плъыру ущылэжьэфыну укъегъэгугъэри-тIэ. ТхьэхужыIэу жыпIэмэ, Дот къигъэгугъащэртэкъым а лэжьыгъэр хуэхьыну. Iуэхур зэщхьыр мыгъуэр зи махуэр мывэм йогъу жыхуаIэрат – гузэвэгъуэм ирихулIауэ арат. Унэм исхэр хэт колхозым хэтмэ, хэти школакIуэмэ, махуэ псом сабий ныкъуэдыкъуэм кIэлъыбгъэплъынур хэт? Абы текIуадэ IэзапщIэхэр къозытынур хэт? Чырбыш-кхъуэщын заводыр, япэрауэ, ди гъунэгъубзэщ. ЕтIуанэрауэ, мащIэми, – щIэмащIэр Дот жэщ плъыру фIэкIа, махуэ хъумакIуэу лажьэ зэрымыхъунурат, – абы улахуэ гуэр къуцатынут. IэзапщIэм тебгъэкIуэдэни къэпхьу, нэхъыщхьэраци, махуэкIэ уи бын сымаджэми укIэлъыплъу уи унэ уисыжыныр сыт и уасэт?

И узыншагъэр зэрымыщIагъуэжри унагъуэм ди Iуэхур зыIутри зэхащIыкIри, къаугъэ кърамыгъэкIыу, Дот зэкIэ заводым щылэжьэну хуит ящIащ. «Уи узыншагъэри фи унагъуэ Iуэхухэри тIэкIу зэтеувэжыху», – жаIэри ари къыщIагъужащ. Ауэ уэ жыпIэра Iуэхур? Алыхьым иухаращ. Алыхьым иухарати, Доти зэрыIыхьшыхьт. Музэчыр цIыкIуи зэрысымаджэт. Ар а къыдалъхуа къэмэхыр зэриIэуи лIэжа мыгъуэщ – илъэс тIощIрэ бгъурэ фIэкIа къимыгъэщIауэ. Ди анэр и бынищым къыхуегуIэкIыурэ дунейм зэрехыжам ещхьу, ХьэкIунэ мыгъуэри, и къуэ ныкъуэдыкъуэм и гъеиныр имыухауэ, 1954 гъэм щIэтлъхьэжауэ щытащи, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI. Аращ-тIэ, – анэ псори ныбэрэ бынкIэ зэхуэдэщ...

СыкъызытекIаращи-тIэ, уэ жыпIэракъым Iуэхур – фIэкIыпIэ зимыIэр Алыхьым иухаращ. Абы зэриухарати, 1941 гъэм къэхъея зауэм и мафIэ бзийр къытлъэIэс къудейм къыщымынэу, абы дэри дилыпщIу щIедзэ. Зи лъэ вакъэ изылъхьэфыр зытелажьэр аращ. Зауэм кIуар кIуащ. Къэнар лIыжь-фызыжьхэмрэ балигъыпIэм нэмысахэмрэщи, абыхэм пхъэIэщэкIымрэ выуэчымрэ (шыхэри зауэм дашат) яIэщIэлъщ. ЦIыхубз щIалэхэм бел, хьэмфIанэ, шэмэдж, джыдэ къащтэ. Шы зыгъуэт нэху тищхьэркъым жыхуаIэу, ди Хьэчими ручкэмрэ къэрэндащымрэ я пIэкIэ выуэчыр (захуэр жыпIэмэ – жэмуэчыр) иIыгъыу вагъэм, пщIанэм хэтщ. Ди шыпхъу Нэт щIытIым щыIэщ. КъалэкIыхьым къыщрагъэжьауэ къыдратIей а кIэнауэшхуэр (абыкIэ нэмыцэ танкхэр къагъэувыIэн мурад яIэу арат) ди къуажэщIым къыщагъэса 1942 гъэм и бжьыхьэм (октябрым и 26-м) нэмыцэри ди деж къос.

Илъэс тIощIым щIигъукIэ властым къыдекIуэкIа зэхэтыкIэм кIэ иретри, бийм езым хабзэщIэ егъэув: дзэм къела колхоз Iэщри Iуамыхыжауэ губгъуэм илъ гъавэри ягуэшыж унагъуэм ис цIыху щхьэ бжыгъэм (душэкIэ жаIэрт) тещIыхьауэ. Е мыхъу фIы хъужыркъым жыхуаIэу, мыбдеж ди унагъуэ Iуэхур тIукIэ къикIауэ убж хъунут: колхозхэти рабочи диIэти... Къуажэ мылъкуу щытам щыщи къытлъысащ. Дот щылажьэ заводри ягуэшыжырти, абыи Iыхьэншэ дыщыхъуатэкъым.

Мис абы къыщытлъысыну Iыхьэр щаубзыхуам щыгъуэщ сэ ещанэу

гъэунэхупIэ сыщихуар. ЗэрыжысIащи, Алыхьым фIыуэ сикъызэрилъагъур аргуэру наIуэ къыщыхъуар.

Япэ классыр къэзухат. Зыгуэр къызгурыIуэ сыхъуат. Нэтрэ Хьэчимрэ нэхъ Iуэхушхуэ яIэт: Хьэбышэ мыгъуэм и бынхэмрэ дэрэ зыш къытлъысати, ар хьэмкIэкъуэгум щIащIэурэ, ТIуащIэм нартыхудэч ирикIуэхэрт. Япэ ягъэхьэзыра гулъэр къашэрти, аргуэру трагъэзэжырт. Пщыхьэщхьэм къыщыкIуэжхэкIи зы гулъэ къыздашэрт. АпIэхэ я нэхъыжь Бетыгъуэн щIытIым щигъуэта щIыIэузым никъуэдыкъуэ ихъукIауэ и Iэблэми и лъэдийми уэтэпс къикIыу, къупщхьэ щахэр къыхэкIыу къэнати, пIэрыхэнэ. Мыгъуэр зи мыгъуар сабий зекIуагъащIэмрэ щIалэ никъуэдыкъуэмрэ нэмыщI, бынищи зыщыгугъ анэ тхьэмыщкIэрат. Ди адэри, къыбгъэдэс и къуэ бынитхум ятеубгъуати, унагъуитIми къыттелажьэрт. Псори зы пщIантIэм дыдэсти, Дот мохэр зыхинын ди унэ кърихьэртэкъым. Зи щхьэ бадзэ тезыхужыфу унагъуитIым щIэсу хъуам зыгуэр щащIэкIэ, си IитI зэтедзауэ сэ дауэ сыщысынт? АтIэми, ди адэр сэ схуэдэ Iэпыдзлъэпыдз хуэныкъуэт. Арат Дот сыщIыгъуу пщэдджыжьым заводым сыщIехыр. Абы къыщыплъысынышхуи щыIэтэкъым – нэхъ нэфIэIуфIэу, нэхъ уасэ зиIэу узыхуеину телъыр нэмыцэхэр къэмысыпэ щIыкIэ къулыкъущIэхэм зэбгралъэфыжат. Къэна мыхьэнэншэхэр рабочэхэм зэхуагуэшыжу арат. Нэхъыбэу къэнар лIот? ПхъэкIэбжьэкIэ. ГъущIыкIэжь гуэрхэр. Абыхэм псэуалъапхъэ сыт къахэпхыфынут. Ауэ псом нэхърэ нэхъ мылъкушхуэу рабочэхэр зэплъыр сыт жыпIэмэ, чырбыш, кхъуэщын ягъэжахэр хьэкушхуэм щагъэжьэным и пэ къихуэу ахэр щагъэгъущ, щагъэгъу гуэщ домбейхэмрэ абыхэм щIэщIыхьа телъхьэпIэ бжыгъэншэхэмрэт. А телъхьэпIэхэр зэпкърыпхыжмэ, сыт хуэдэ псэуалъэри къахэпщIыкI хъунут. Езы гуэщхэр-щэ? ИпщэкIи ищхъэрэкIи бжэ яхэлъу, натIэ зырызи яIутти, лъэбакъуэ щэ никъуэ, хыщI я бгъуагъыу къыщIэкIынт. Блынхэм я кIыхьагъри лъэбакъуищэ-щитIым нэс хъунт. Ахэр ауэ сытми уэздыгъей пхъэбгъу гъэгъуа бэлыхьт! Абыхэм къахэпщIыкI мыхъун щыIэ къыщIэкIынтэкъым. Езы гуэщхэр Iэхуитлъэхуитт, инышхуэт. Чырбыш, кхъуэщын зэрызэрашэ вагонеткэхэр щызекIуэн щхьэкIэ я курыкупсэм гъущI гъуэгу цIыкIухэр (а гъущIхэри зэхуагуэшащ) щыукъуэдият. Абыхэм пхъащхьэу яхэлъамрэ кхъуэщыну ятелъамрэ зыхуэдизым ущIэмыупщIэ.

Гуэщхэр зэпкърыхыныр къыщыщIадзар ищхьэмкIэщ: япэ щIыкIэ кхъуэщынхэр кърагъэжэхащ. Ахэр лъэныкъуэкIэ Iузыхыурэ зэтезылъхьэхэм садэIэпыкъурт сэри. ИтIанэ рейкIэхэмрэ страпилхэмрэ нэсащ. АдэкIэ зи чэзур блынхэр зэрызэпха бгыкъухэрат. Ауэ абыхэм нэмысхэ щIыкIэ къэхъуаращ сэ кIэ къызэзыт пэтар. Гуэщ натIэ-кIэрнизхэр зэрызэпха рейкIэхэр, пхъэхэр къыкIэрача щIыкIэт. ЗэтезыIыгъэн зимыIэж натIэ-кIэрниз лъагэхэр къэуэнщ жиIэу зыми игу къэкIатэкъым. Сэ пхъэкIэбжьэкIэхэр къэсщыпу, ахэр къыIусхыурэ зэтеслъхьэу сыздэщытым, дунейр къыстоункIыфIэ. Пхъэбгъу зэтеупщIэу зэIулIа мо блын натIэ домбейр къауэри сыщIиIубауэ аращ. Шэрхъыр зытеувэу гъуэгум трипIытIыхьа хьэндыркъуакъуэм и махуэр къысхуэзымыгъэкIуар, япэрауэ, Алыхьталэращ. ЕтIуанэрауэ... Уэшхышхуэ къыщешххэм деж а гуэщхэм псы щIэмылъэдэн щхьэкIэ блынхэм я лъабжьэхэр ижыпIэ зиIэ кIэнауэхэмкIэ къэтIыхьат. Сэ Алыхьым фIыуэ сикъызэрилъагъур уи фIэщ ирихъуну урикъунт а кIэнауэм зэпрыуuэ сытемыхуэу, къуэм кIыхьу сызэрыдэхуар, армыхъу а сэ къыстеIуба хьэлъэм щIым ухиупIэщIэжынт. ЗэрыжаIэжхэмкIэ, гуэщыщхьэм тета лIы къомри мыдэкIэ щытахэри зэрыгъэгужьеяуэ зэдеIа пэтми, си гущIыIу илъыр стралъэфыфатэкъым – кIапэ лъэныкъуэр ерагъыу

къытраIэтыкIри, хьэдрыхэ мащэм къикIыжам хуэдэу, кIэнауэм сыдэлъу сыкъэпщурэ блын щIагъым сыкъыщIалъэфыжат. Хьэлъэр къыщыстехуэм, удынышхуэ згъуэтат жыпIэмэ, абы шэч хэлътэкъым. СызэIэпахыу унэм сыкъэзыхьыжа лIы гупыр зыкъомрэ къыстегузэвыхьахэ нэужь, си къупщхьэфэпщхьэкIи си кIуэцIкIи зэраныгъэ зэрызмыгъуэтам тхьэлъэIу тращIыхьыжауэ щытащ а махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм. Абыхэм я хъуэхъухэм мызэ-мытIэу къыхагъэщат сэ Алыхьым фIыуэ сыкъызэрилъагъур, арыншамэ а сыкъызэлам укъелынкIэ зэрымыхъунур...

Иджыри нэгъуэщI зы гъэунэхупIэ. 1946–48 гъэхэр икъукIэ шэджэладжэу щытакъэ-тIэ? Зауэми дихьарэ уэгъу бзаджэми ер ди унэм къригъэхьэу. А зэманыр зыхуэдар куэдым куэдрэ ятхыжащ. Сэри абыхэм сахэту. Къытезгъэзэжу ахэр иджыри зэ къэсIуэтэжыну аракъым. ЖысIэжыну сызыхуейр зыщ: аргуэру псэзэпылъхьэпIэ сихуэу бэIутIэIуншэу сыкъызэрелыгъарат.

Фашистхэр ди лъахэм зэрырахужу къулыкъущIэхэм «нэмыцэ приспешник» зыфIаща ди адэри колхозым хахуэж. Къуажэ унафэщIхэм ящыщ языныкъуэхэм а дамыгъэ фIыцIэр Дот къыщIытрадзам и щхьэусыгъуэр зэхэхауэ къыщысIуэтэжащ «ШейтIан къафэ» зыфIэсща повестым. Мыбдежым абы къытезгъэзэжынкъым. Ауэ хьэкъыр хьэкъщ: зытеIукI текIыжыркъым жаIэ пэтми, пыIэр къэхь къыжраIамэ, щхьэр къэзыхьыну хьэзыр унафэщIхэм къищынэмыщIа, къуажэдэсым зы цIыху къахэкIакъым ди адэм а фэр къезыплъа, абыкIэ къеща. Жьым лъакъуэ, щIэм щхьэр ядэзыщх, гушыIэр зи щIасэ, лэжьыгъэкIэ зи Iыхьэ зыIыгъыж, зи мыIуэху зезымыхуэрэ зи тIуалэм хуитыжу къэгъуэгурыкIуэ ди адэм жылэм дэсым я нэхъыбэр къызэреджэр и бынхэм, и адэ къуэш бынхэм жытIэ гъэфIэныбзэрат: Дот. Ар зыхуэдэр ящIэрт къуажэдэсым. Абы нэгъуэщI фэ къыщIраплъын лъэбакъуи ичыртэкъым, жьэи зэщIихыртэкъым.

Заводым плъыру щытета илъэситI иримыкъум и узыншагъэм тIэкIу зыкъыдигъэзэжат. АбыкIэ Алыхьырщ, Алыхь нэужьым, фIыщIэр зыбгъэдэлъыр ХьэкIунэт. Ар мылъхубынхэмкIэ анэнэпIэсми, егъэлеяуэ ди адэм хуэсакъырт – и шхынкIи, и щыгъын кIэлъыплъынкIи, ситкIи зыхуей хуэгъэзэнкIи. ЗэкъуэшитIыр деджэнымкIэ лъэпощхьэпо бзаджэу диIэри арат. «ШкIуол жыфIэу тхылъыр фи блэгущIэ щIэIуауэ фэ уэрамым фыдэтмэ, фызыгъэшхэнури фызыхуэпэнури хэт? ЛIыжь сымаджэм зэрыхузэфIэмыкIыжIар флъагъуркъэ, зи нэм ямылъагъужу къэнэнхэ?! Сэ кIэлъхуозри, хадэри, фэри, сабий ныкъуэдыкъуэри фыздэсхьыфын фи гугъэ, зи гурыгъыр ижынхэ?» – апхуэдэ тхьэусыхафэхэм, гыбзэхэм яужькIэ сыт къэбджыжынт? ТIуми школыр IэщIыб тщIын хуей хъуащ. Ауэ Хьэчим и хъер унагъуэм ирыдагъэлъэгъуакъым – ар занщIэу колхозым хахуащ. ЖыпIэнурамэ, ди Iуэхур нэхъри нэхъ шыпхэж хъуауэ къыщIэкIащ: труденхэр хуатх фIэкIа, абыхэм зыри къапэмыкIуэу, бзум худэппхъеин зи Iэгу къимыхъуэу, жэщ-махуэ ямыIэу хэхэсу губгъуэм ит лэжьакIуищым я гъуэмылэри унэм икIын хуейт. Абы и закъуэ? ЛэжьакIуиплI (зыми зыри къэрамыт пэтми) я унагъуэм исщ жаIэрти, налогрэ заему къыттралъхьэри узижагъуэным и махуэт. ХьэкIунэ зэрыщыуар къыгурыIуэжат. Ауэ IэфракIэпэм уедзэкъэжыфын? Нэтрэ Хьэчимрэ колхозым и къапхъэным быдэу иубыдати – уапыкIат. Гъашхэхэ, хуапэхэ, ятелажьэ. Унагъуэри, сабий сымаджэри, губгъуэм хэсу щыIэ лэжьакIуищри, хадэри, жэмыжь закъуэри (абы къыкIэрыху шкIэр упщIи уси щымыIэу колхозым дишырти ежьэжырт), псом нэхърэ нэхъ хэплъэгъуэр сабий ныкъуэдыкъуэрти, ари ХьэкIунэ сэрэ ди пщэм къыдэхуат. Сэ лIо? Езыр сысабийт. Хьэ хъуным

нэсарэ псэ гуIэжыгъуэм хэмыкIыр ХьэкIунэт. Выми хуэхьынтэкъым абы и пщэм хьэлъэу къыдэхуар. И шхыдэри, и гыбзэри, и щIыIагъри гурыгъажэ пщIымэ, гуэныхь къэпхьыну IэнатIэ хьэлъэт ар зыIутыр. Сыт къызипэсми, сыт хуэдизкIэ къысхуилъми, сэ абы сыщIыпэмыпсэлъэжыр арат. Дауи, си Iуэхум шынэри хэлът. Ар къыстеухьу щытащ жысIамэ, гуэныхь къэсхьынт. ИгъащIэм Iэпэ къыстрилъхьауэ сщIэжыркъым. АпIэ, тхьэмыщкIэ, пхъэ къутакIи пэрыIэбэкIи и бынхэм (ныкъуэдыкъуэ хъуа и къуэ нэхъыжь Бетыгъуэн хэмыту) щатеухь куэдрэ къэхъурт. Ауэ ар анэт – абы и удын гъущэр гъущыжыгъуафIэт. ХьэкIунэ анэнэпIэст – зи псалъэ гуауэр гъущыжыгъуейт. Сэ ар щызгъэгъущыжыр е шыгъуэгурат, е Iуэм ит шкIэщ нэщIрат. Е сыгъуэлыжа нэужьт. Ныбэ гузэвэгъуэми, щыгъыныджагъэми, пщIэнтIэпсми я щIыIу къысфIэхъу псалъэ гуауэхэрат зеиншафэ дыдэ къыстезыгъауэу си фэр къизымыгъэхьэр. АпIэ и бын зи адэр зыщхьэщымытыжхэми губгъуэм ит Нэтрэ Хьэчимри сезыгъэхъуапсэр арат. Сэри пщIантIэм хьэ сыдэхъухьынт, ауэ, насып сиIэти, Хьэчим колхоз мафIэм къафIыхэкIыурэ урыс лIыщIэу щежьэ къэхъурт: километр тIощI хуэдизкIэ тпэжыжьэ УЧХОЗ-м (учебнэ хозяйствэм) хэсу кIуэрти, гъэмахуэм чийлъэрыкIуэ ищIырт, щIымахуэм пхъэ игъэхьэзыру мэзщIэс щыIэт. Сэри Iэпыдзлъэпыдзу сыщригъусэ куэдрэ къэхъурт. ПщыIэм, щIыунэм дыщIэсми, абы дыщыщыIэр ди IутIыжт. Япэрауэ, къэдлэжьым хагъэкIыжыну ди ныбэ изу дыщышхэрт – уилри, уи щIакхъуэри, уи гъэшри, уи хадэхэкIри пэрыхьэту яIэт. Ауэ дэ абы дыщIэкIуэр къэдлэжьыр тшхыжу дыщыIэну аратэкъым – «зи быныр колхозым хэзыгъэкIыу мэзым бандэу щIэзыгъэхьэжа нэмыцэ приспешникым» къытракъуэ налогхэмрэ заемхэмрэ щхьэкIэ и фэр ирамыхын папщIэ зыгуэр къэдлэжьу мо благъуэхэм яIурыддзэн папщIэт. Арат ахъшэфI тIэкIу тIэщIэлъу къыщIэдгъэзэжыр. КъимыдэкIэ, гыбзи бзаджи зэхыумыхыу, улажьэурэ уешамэ, уи ныбэ изу угъуэлъыжырт, жэщым зыбгъэпсэхужауэ нэху укъекIырти...

Ауэ, кIэ зимыIэ гуауэ зэрыщымыIэм хуэдэу, кIэ зимыIэ гуфIэгъуэри дэнэ къипхын? Мэзым щетхьэкI зэманыр нэр темыпыIэу блэлъэтырти, «ди бандагъэр» дыухауэ къэдгъэзэжырт. Ар нэхъри щIэзыгъэпсынщIэр «нэмыцэ приспешник» ди адэм и къурмакъеищIэм зыкъыщIэзыдзэ «партизанхэрат» – абыхэм зэщIах жьэ цIапIэмрэ дызэрагъэшынэмрэт мэзым дыкъыщIэзыхужыр. АтIэми, илъэсым и налогхэмрэ заем ахъшэмрэ бжьэдатхъа нэужь, абыхэм уогъукIи чыхукIи уазэрыфIэкIын щыIэжтэкъым – пшхыр унэм никIыу пщIэншэу ущылажьэ колхоз «дыщэм» зыхэгъэлIыхьын хуейуэ арати – зыхагъэлIыхьырт. Апхуэдэр ди закъуэтэкъым – псори арат...

ЕплIанэ гъэунэхупIэм сихуэу Алыхьым сыкъыщригъэла а гъэм Дот выгум ирагуауэ ухуакIуэ бригадэм хэтт. Щымыхъужми, ари нэхъыфIт: махуэкIэ лажьэми, жэщкIэ и унэ къекIуэлIэжырти, ХьэкIунэ и гулъытэр хущхъуэ хуэхъурт. Мыдрейуэ, витIым яшхыну шыудз, мэкъу Iэмбатэ е нартыху бзий IэплIэ гум илъу къыдыхьэжамэ, абыхэм щыщ тIэкIу ди жэм закъуэми къыщыIухуэ щыIэт. Джэдхэр шхахуэм хэулъэпхъэщыхьырт.

ЗэрыжысIащи, 1946–48 гъэхэр уэгъу бзаджэу щытащ. Арат гъейри къэзышар. Шейдефэ лъэпкъ щIымыгъуу, хьэцыбанэ лъэдий зэпыгъэлъэлъар, зэгуэгъэлъэлъар зыхэгъэва шей къудейкIэ дыщызэфIэкI пщэдджыжь, пщыхьэщхьэ куэд къыщытхуихуэ къэхъурт. Уэшх къемышхмэ, щIэдгъэлъэдэн псы димыIэмэ, псори зысыж дыгъэм сыткIэ дыпэщIэувэнт? ПсэкIэ дыщIэщIауэ ерагъпсэрагъкIэ унэ хадэ цIыкIухэм къитх гъавэ тIэкIур зи

жьэр ущIа благъуэм – колхозым зыжьэдилъафэрти, ди жьэри ущIарэ дыIунэщIу езыхэр дыкъанэрт...

А махуэм гукъыдэмыжу къыдыхьэжа Дот:

– Чачиф, гур щIумытIыкIыжу кIуэи вы Iус тIэкIу къашэ, – жери езым и щхьэр унэм щIехьэж. Сэ шэмэджи, гъубжи, гуахъуи къызощтэри пщIантIэм сыдокI. Ахэр изолъхьэ къыдимыгъэхьэжауэ куэбжэпэм щыт гум. Ди гупэ дыдэм дежт сыздэкIуэнур. Нартыхур, уэгъум исыжати, нащэ мыхъунур кIэрэф мэхъу жыхуаIэм ещхьт: шым и ныбэгум къыщIэуэн-къыщIэмыуэну жьгъейт. Ауэ шэжыпсыфэ къыщIэлъэдакIэт. Гъаши къыдидзат. Щхьэци къищIат. АрщхьэкIэ сэмб жыгъей цIыкIухэм хьэмбылу щIыкIэу жэпкъ зэлъэжа тIэкIу ярылъхэм хьэдзэ лъэпкъ ящIатэкъым. ИкIи къатекIэнутэкъым. Нартыху мэкъуу Iусхыжынщ жыпIэнути, я лъабжьэм удзи щIэттэкъым – япэ пщIэгъуэм и ужькIэ къэкIыжа удзыр дыгъэм исыжат. Мыдрейуэ, езы нартыхупкъэри, щхьэ къуийм ещхьу, цIырхъыбзэт – ари трисхьэжат. Шэмэджи гъубжи къыщIэсщтар арат – нэхъ IувыIуэ вакъапхъапIэ хуэдиз хъухэр шэмэджкIэ пызупщIынут, гуэрэн тIэкIуу ипхъахэр гъубжэкIэ къэсхынут.

Сытми, пызупщI-къэсх-къисчми, губжьэм къыфIэкIыу къизуфэри сыкъежьэжащ. ВитIми ди жэм закъуэми ярикъун къызэрысшэм, Доти ХьэкIуни зэрыщыгуфIыкIынум сэри сригуфIэн сымыухыурэ, бжьэпэм дыкъехыжри, ди куэбжэм дынэсыжащ. Выр шыкъым – вожэншэщ. ВыуэчымкIэ уеджэбауэурэ, – насып уиIэмэ, къодэIуэнхэщ, – узыхуеймкIэ бгъакIуэу аращ. НетIэ Дот къыщыIухьэжам гур къыдигъэхьэжатэкъыми, набжэр ныкъуэIухт. «Уо-огъу» жыпIэу укIий фIэкIа, къыжьэдэпкъуэ мыхъу витIыр къызэмыдаIуэу набжэ лъэныкъуабэм щебгъэрыкIуэм, сыгужьеяуэ сыкъызэфIоувэ, гублащхьэмкIэ сыдэкIуатэу выхэм я пэхэм чымкIэ сакъыпыуэн мурад сщIауэ арат. АрщхьэкIэ зысIэжьэIуат – выхэр я плIэ лъакъуэхэмкIэ набжэм теувэным къэнэжар джэдуукIэ хуэдизт. Гум сыкъелъэу ахэр къызэтезгъэувыIэн фIэкIа нэгъуэщI къысхуэнэжатэкъыми, сыпIащIэу губжьэм сыкъыщытепкIэм... Гуфэмрэ шэрхъымрэ я кум сыдохуэ. ЗымыщIэм дежкIэ гурыIуэгъуейщ сэ къысщыщIар. Ар зэщхьыр щхьэл мывитI зэхуакум дихьэжыхь гъавэращ – и щIагъым щIэлъ мывэ мыхъейр гуфэрамэ, абы текIэрэхъухь щхьэл мывэр шэрхъыращ. Сэ аитIум я кум сыдэхуауэ сыкъекIэрэхъуэкIыу сыдэлъщ – си Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту щхьэл мывитIым яхьэж.

Абыхэм яку сыкъыщыдэхужар Тхьэм ещIэ. Ауэ цIыху къызэжар къысщхьэщыту зыкъыщысщIэжам сызэщхьыр быдэу ягъэнызщкIуу, ауэ яхуемыгъэхыу къызыжьэдадзыжа лы уэдым хэлъ хуэрат. Къыздэбзыжу, псэ хэту, схуэгъэхъейуэ зы Iэпкълъэпкъ сиIэжтэкъым. Ауэ аргуэру сыкъелащ. Сыкъезыгъэлар Алыхьым фIыуэ сыкъызэрилъагъуращ. Армыхъу мыхьэжауэ е зэтемыудауэ щхьэл мывитIым яку гъавэ хьэдзэ псэу къыдэкI хабзэкъым. Сэ сыкъыдэкIащ-тIэ. Сымыхьэжауэ, ауэ сызэхэущэбауэ. Пэжщ, сымаджэщым куэдрэ сыщIэлъын хуей хъуащ: сызэкIэрагъэпщIэжу, сызэкIэрашхэжу...

СыкъыщызэфIэувэжам делэ гугъэкIэ сощI: яфIэгуэныхь сыхъуу мис иджы школым сыщIагъэтIысхьэжынкIэ хъунщ... ПцIы щхьэ упсын хуей? Си хьэтыр къалъагъури, седжэну хуит сащI. Сэ ар апхуэдизкIэ си гуапэ хъуати, кIуэдыпIэм сизыгъэува витIым фIыщIэ яхуэсщIырт – ахэр «къызэрысхуэупсар» мыхъуамэ, школыр нэщыхуэу сагъэлъагъужыну къыщIэкIынтэкъым. Сытми...

1947 гъэм и февралым 3-нэ классым сокIуэ. Нэмыцэхэм дамыубыд

щIыкIэ япэ классыр къэзухат. ИтIанэ 1944 гъэм и щIымахуэм, мазитI хуэдизкIэ 2-нэм сыщеджат. АрщхьэкIэ абы сыкъыщIашыжри, Iэжьэ цIыкIум сыщIащIэжат. ЩIымахуэти, Хьэчим сэрэ мэзымрэ бэзэрымрэ яку дитт. АитIур «къызэрытхуэупсэрат» налогхэми заемхэми дыкъезыгъэлыр. Ди къуэш ныкъуэдыкъуэм текIуадэри къыздитхыр арат. Гъатхэр къэса нэужь, си къуэшыр скIэрачыжырти, колхозым хахуэжырт. Сэ гу цIыкIум сыщIэщIауэ екIуэкIыурэ, щIымахуэр къэсырти, Хьэчим зыкъыспэщIищIэжурэ декIуэкIырт. Ауэрэ зи гугъу сщIа мо щхьэл мывитIым я кум сыщыдихьэжар къэсри... Сымаджэщ нэужьым зыкъэзужьыжурэ илъэсыщIэр къохьэ. Дыдейхэм селъэIуу щIызодзэ школым сыщIагъэтIысхьэжыну. ЗэрыжысIащи, мо къыстехуа удынышхуэм къыхэкIагъэнщ – яфIэгуэныхь сохъури, си хьэтыр къалъагъу.

Ауэ си гуфIэгъуэр псынщIэ Iейуэ еух: гъэм и мазэ нэхъ кIэщI дыдэм фIэкIа семыджауэ, аргуэру школым сыкъыщIашыж. Илъэсыр къихьамэ, а гъэм и налогхэри заемхэри щыблэм хуэдэу къыттеуэу хуежьэрти... Абыхэм уакъызэрелын щхьэусыгъуи Iэмали щыIэтэкъым. Жэмыжь закъуэ уиIэмэ, дахунут. Уи пкIэунэхэр къащынурэ (зи духэм гъавэ илъ щыIэжтэкъым) нартыху кIэчан матэ е жылапхъэу узыщыгугъым фIэкIа темылъми, ари кърахьэхынурэ дашынут. ПкIэунэр нэщIмэ – уи унащхьэм телъ кхъуэщыныр кърагъэжэхынурэ ящэнут. Зи лIыр зауэм хэкIуэда фызабэ тхьэмыщкIэ АпIэ арат кърашIар. Жэщ-махуэ зимыIэу шыхъуэу губгъуэм ита Хьэбышэ бынитху къигъэнат. ЗыщIэсхэр зы пэш цIыкIут. Унэ ищIын мурадкIэ зыхуейхэр къигъэхьэзыра щхьэкIэ, хунэмысурэ, къыдэмыхуэурэ зауэр къэхъейри... Пхъащхьэхэри кхъуэщынхэри зы гъэм и налогхэмрэ заемхэмрэ яхьат...

Нэхъ ищхьэкIэ мызэ-мытIэу къызэрыщыхэзгъэщакIэщи, сыщыцIыкIухэм щыгъуэ сэ гъэунэхупIэ куэд сихуащ, ауэ Алыхьым фIыуэ сыкъызэрилъагъум и фIыгъэкIэ, абыхэм сыкъелат. Ахэр къызэрыхъурэ куэд щIати, узхэри сабырыжат, нервхэри нэхъ тIысыжат. Ауэ еянэ классым сыщыщIэса илъэсым нэгъуэщI зы удыни къыстехуат. Къызытехуари си щхьэрат. Гуауэр и закъуэу къакIуэркъым, жаIэ. Ди унагъуэ гуауэ псоми я къежьапIэ хъуар, ахэр натIэ зэрытхуэхъуар зи кIэм кърихуар, зэрыжысIащи, зэхэтыкIэ бзаджэу дызыхадзарат, абы и зэранкIэ ди анэр пасэу зэрытIэщIэкIарат. Мы къезгъэкIуэкI псори зыщIыпIэхэм мащIэ-мащIэурэ къыщызгъэлъэгъуэжащ, ауэ бэгу зиIэ тIэхъуалэщи, гуауэ зиIэр псэлъалэщ, жи...

Унэм зыхуей щыхуэмызэ си шыпхъум кърпгъэгъых зэпытт. Щхьэлажьэт, жэщи махуи гукъыдэж иIэтэкъым. Техьэгъуэри, щхьэ узри, анэнэпIэсри зыхуэлъэрейт.

А дэ дызэрыхуа щытыкIэхэм ущихуам деж анэнэпIэсым къыбгъэдэна щIалэ цIыкIухэр зыгуэрурэ нэхъ къол – техьэулеикI, теджэгукI сытми... А IэнатIэр хуабжьу къызытехьэлъэр хъыджэбз цIыкIухэращ. АтIэми, ди шыпхъур щынэхъыжькIэ, и зэхэщIыкIми нэхъ зиужьат – къыттепсыха насыпыншагъэр зыхуэдэр нэхъ гуащIэу зыхищIэрт. «ХьыI» жиIэу и дзэлыфэ щIыхуэмытIри, щIэгукъыдэжыншэри гупсысэ хьэлъэхэр къызэрытегуплIэ зэпытым къыхэкIырт, и щхьэри щIэузырейр арагъэнт... ЖыпIэнурамэ, и псэр Iэдэ къузам дэлъти, абы къыжьэдэхуу «уэху!» жыIэгъуэ щихуэнкIэ хъуну хъуэпсапIэмрэ гугъапIэмрэу къыщIэкIынт ар зезыхьэр. АтIэми, «уи ныбжьэгъухэр яшэри бын ягъуэтыжащ. Уэ укъыдэнэжащ. УщIагъуэу щытамэ, уэри уашэнт», – жиIэурэ анэнэпIэсыр и гум къепIэстхъ зэпытт.

Дауи, арагъэнщ зи ныбжьыр илъэс тIощIым щхьэдэха къудей хъыджэбз «къыдэнэжам» къыхущIахыу япэ дыдэ кърагъэлъэгъуа щIалэ мыцIыхум дэкIуэу и щхьэр пщIантIэм щIыдихар. АрщхьэкIэ лъэбакъуэ пхэнж мыгъуэт ар. Арати, зэрыт щытыкIэ бзаджэм ирихулIэри... Ауэ зэрыхьа унагъуэми нэплъэгъуэ зы махуэ щиIакъым. И гуащэр блэ зэраукIа башт. Абыи и нысэм кърихъуэну щIедзэ: «Уэ ущIагъуэу щытамэ, жылэпхъум хуащI пхъу Iыхьэр къыплъагъэсынт», – жи. Мыбдеж гуащэ ябгэ бзаджэр захуэт: ди шыпхъу яшам дыщ тынкIэ кIэлъыIэбахэтэкъым. Нэмыцэ щIытI зыфIащауэ КъалэкIыхьым къыщыщIэдзауэ Налшык къалэкIэм къэс къыдэзытIеяхэм хъыджэбзтанэу яхэтат си шыпхъур. 1942 гъэм октябрым и 25-м Налшык бомбэхэмкIэ щызэхакъута махуэм къалэбгъу щIытIым хэтхэм къащхьэщыхьа шынагъуэм зэбгрехури, я щхьэр ирахьэжьэж. Абыхэм хьэпшып, тепIэнщIэлъын я Iуэхужт? Сыти и тепIэнщIэлъынт абы? Хьэуазэ е мэкъу зэрыкуа уэншэкутебзэрэ щхьэнтэтебзэрэт. Щащыхужь. Арат зэрыхъур. Ауэ, Алыхьым къыхуигъэгъу, тхьэмыщкIэ, ди анэнэпIэсым си шыпхъум ирихъуэнаращ: «Уэ пхъу Iыхьэ пхуэтщIыну щыта тепIэнщIэлъыныр губгъуэм къибнэри бгъэкIуэдыжащ...»

Пэжщ, зыкъомыфI дэкIа нэужь, а гущIэгъуншагъэр игъэзэкIуэжыгъащ 1955 гъэм и мартхэм деж си къуэш нэхъыжьымрэ сэрэ шыгукIэ дыкIуэу ди адэм къыхуэтша ди анэнэпIэс ещанэ фызыжь телъыджэ ХьэкIуэкIун: пхъу яшахэм хуащIэ хабзэр хуищIэжащ зи щхьэгъусэм бгъэдэмысыж ди шыпхъум.

ЛIыншэу къалъхуа икIи япIа щIалэр Iэщыхъуэти, жэщи махуи губгъуэм итт. Зауэ нэужь зэманхэу цIыхухъухэр щызэпэубыда, бзылъхугъэхэр щыпэрыхьэт лъэхъэнэти... Ди малъхъэ «дотэр» махуэкIэ жэмхэм, жэщкIэ жэмышхэм я гъусэт: зэ зым хыхьэжырт, зэи зым къыхэкIыжырти, нэгъуэщI «къишэрт». Апхуэдэу екIуэкIыурэ, щIалэм «нысащIэщIэ» къешэ: и анэри, и къуэри, ди шыпхъури къегъанэри йожьэж – Къущхьэхъу къыщигъуэта, хамэ къуажэ щыщ цIыхубз гуэрым хохьэж. Ар псэукIэ хъунт? Ауэ си шыпхъум къеплъэкIыпIэ иIэтэкъым – зыбгъэдэкIар ищIэжырт. Джэду, хьэ пэтрэ я быныр дзапэкIэ зэрахьэ, мобы и сабий закъуэр дауэ хыфIидзэнт? Ар и Iэблэм тесу къахэнат зыхыхьа хьэблэм. Пэжщ, фыз къэшэнкIэ ирикъуу псори «иригъэкIыжа» нэужь, и лIыр «командировкэ» къыщыкIуэж щыIэт. Гугъэр адэ щIэиныфIщ, жи. Ара мыгъуэ хъунт ди шыпхъум и гугъэр щIыхимыхыжыпэр, сабийм и адэм къигъэзэжыпэным щIыпэплъэр. АрщхьэкIэ ар гугъэ нэпцIу къыщIокI: мор дунейм къытемыхьэжу мэбзэхыпэри...

Хабзэм тету, унагъуэр зэхэзыгъэкIыу я мылъку «къомыр» зэхезыгъэхыжыну ди деж къахуэгъуэтар сэращ – сэ дохутырыгъэм къалэм тIэкIу сыщыхуеджауэ щытамэ (ар нэгъуэщI щIыпIэхэм деж щыстхыжащ), иджы 8-нэ классым сыщIэсмэ, хабзэ-бзыпхъэхэми зыгуэр хэсщIыкIыу къалъытэри. ТхьэхужыIэу жыпIэми, сэр нэмыщI, а Iуэхур зэфIэзыхын ди унэ истэкъым. Бжьыпхъэ, хьэнцапхъэ, бешоупхъэ, н.къ. зыгъэхьэзырхэм яхэту Дот колхоз мэзщIэс щыIэт. Хьэчим – Тырныаузт. Ди нысэ Къэрэжанщи, чырбыш-кхъуэщын заводым щылажьэрти, зы махуэр щыгъэтауэ, зы сыхьэт укъыкIэрыхуамэ – кIэ уиIэт. УагъэтIысынкIэ уагъэшынэрт. ЛэжьапIэм укъыIуахуныр зырикIт. ХьэкIунэщи, и къуэ сымаджэм щхьэщыкI хъунукъым.

Къэхъун кIуэныр лэжьэгъуэ махуэм щIытрагъэхуар мохэр зэбгъэдэгъэкIыжыным къуажэ Советым щылажьэхэр е нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм щыщ гуэрхэр унагъуэ къутам къыхэшэн хуей хъумэ жаIэу арагъэнт...

ДызэрызэгурыIуам тету, школым псынщIэу сыкъожыж.

Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейт: «къэжыхьын», «жэн» псалъэхэр куэдрэ къызэрызгъэсэбэпым щхьэкIэ, «шы щымыхъуакIэ, мыбы мыпхуэдизрэ къыщIижыхьыр сыт?» – жызыIэнхэри щыIэнкIэ мэхъу. Арат зэманым узрихулIэр: шым хуэдэу псынщIэу узежэн, вым хуэдэу улэжьэн. Нобэ дунейм темыхуэж маршынэхэр мащIэ дыдэу щыщытакIэ, вырэ шырэ ущрамыгъэIэкIэ, лIот-тIэ пщIэнур? Шым хуэдэу къэжыхь, вым хуэдэу лажьэ...

Ефи-ешхи сыхэмыту, чыржын Iыхьэрэ кхъуей тIэкIурэ къызощтэри, ШыхъуэфэпскIэ сызэпрож. Сыхьэчэ-сыхьэпсэу Налшык сынос. Дохъушыкъуей станцым блэкIыу КъалэкIыхьым кIуэ мафIэгум ущрихьэлIэнур пщыхьэщхьэмрэ пщэдджыжьымрэт, си Iуэхур аитIуми хуэхъуртэкъыми, къалэ школ 6-нэм сыблож, гъущI гъуэгур зэпызоупщIри, Къэбэрдей уэрамым сытоувэ – сызыхуей маршынэхэм я зекIуапIэр абдежт. Тхьэм щхьэкIэ, куэдрэ сыщымыту къызогъуэт Дохъушыкъуей станцым сынэзыдзысын. АдэкIэ Къэхъун нэсын хуейтэкъэ? Спирт завод бардэмэм сиукIыу, губгъуэшхуэм сызэпрожри, къуажэм сыдолъадэ. Мохэр щыпсэур къуажапщэ дыдэрати... ЩIымахуэ махуэ кIэщIым сыт хэлъ? Ичынды хъуащ. Дызэщыхьэ-дызэтекIиеурэ фызыжьым къыжьэдэстхъащ си шыпхъум къылъыс тIэкIур. Iуэхур и кIэм нэса хуэдэщ. Ауэ Нэт къысхуэкIуэжын идэркъым – и сабийр къигъанэу къекъуу къежьэжыфыркъым. КъищтэнущиI... «Хамэ сабий Елгъэрхэ щIапIын щыIэкъым», – жызыIэ ХьэкIунэ ецIыхуж абы. «Уи ныбжьхэр лIы дэкIуэщ, бын ягъуэтри ежьэжащ. Уэ укъыдэнэжащ!» – жиIэ зэпытмэ, и гум еуэурэ и щхьэр дезыгъэхам сабий пкIэрыщIауэ удигъэхьэжыну щыст жи...

Тобэ ярэби, аргуэру къытызогъэзэжри, ди псалъэжьхэр сыту Iущ, ахэр къызыгурымыIуэхэр сыту тхьэмыщкIэ! Армыхъу ди анэнэпIэсыр зэщхьыр зызыщIэж щыIамэ, зызылIэжи щыIэнт, кIыгуугу и цIэр къреIуэж жыхуаIэхэрат: езыр быних къэзылъхуа ди анэ мыгъуэм и ныбжьынт... ЩIэбынихращ, зэрыжаIэжхэмкIэ, ди адэм къыдэкIуэным ипэкIэ ар хамэ къуажэ нысэу щытат. И насыпыншагъэти, и лIыр лIащ. Хьэ делэ къедзакъэри (дыщыцIыкIухэм щыгъуэ хьэщхьэрыIуэхэр хуабжьу етауэ зэрыщытар сэри сощIэж), сабийр абы илIыкIащ. НысащIэ цIыкIур хэт хущысыжынт? И дыщым (Къущхьэхэ) къегъэзэж. Къуэшыркъуей щыщу иIа япэрей фызыр лIауэ, ди адэри лIыгъуабэу щыст. Елгъэрхэрэ Къущхьэхэрэ зэгъунэгъубзэт, я фIыцIэкIи я хужькIи зэрыщIэхэрти, благъагъэкIэ зызэпащIэри...

Сытми, ХьэкIунэ хъыджэбздэсу къызыдэкIуа ди адэм фызищ иIакIэт. Езыр еплIанэт. НыбжькIи Дот нэхърэ зэрынэхъыщIэшхуэни щыIэтэкъым. ИтIани, и жьэ къекIуэрт ди шыпхъу «къыдэнэжам» и фэр ирихыну...

Арати, IэнатIэ хьэлъэ Iуува Нэт шэми шхуми ес: и кIэтIий кIапэ къикIа сабийр къыхуэгъанэркъым, ар къихьыжми, къызэрыдрамыгъэхьэнур тIуми дощIэ. Зэдэлъхузэшыпхъум къыдогъэгъых. Ауэ сыт тщIэнт? Абы и гуащэр зыхуэдэми фIыуэ щыгъуазэ, езыр зыхуэдэри зыщIэ хьэблэдэсхэри къызэхуэсауэ я мыщыпэзэхэх «уэрэдыжь» дыджхэм къедаIуэу щытхэти, абыхэм ящыщ гуэрым егъэзыпIэ кърет си шыпхъум. Езыхэри къыддэIэпыкъуурэ хьэпшып тIэкIури зэанэзэкъуэри догъэIэпхъуэри...

«КIыфI хъуащ. УзэрыкIуэжын бгъуэтынкъым. Уемыжьэж», – жаIэу къызэлъэIухэ пэтми, сахуэубыдыркъым: нобэ къыдата унэ лэжьыгъэхэр щIыжын хуейкъэ? Пщэдейрей школыр-щэ?! Абы сымыкIуэу сыкъанэ хъурэ? Бысымхэр къыскIэрыщIауэ, си шыпхъур гъуэгыу къызогъанэри, сыкъыдожыж, губгъуэм сыкъолъэдэжри...

Ауэрэ сыкъыздэжэм къэзгупсысаращ: гъущI гъуэгу станцым щыпщIэн

щыIэкъым – узэрыкIуэжын лъэпкъ щыбгъуэтыжынукъым. Абыхэм щыгъуэ нартыхур щIымахуэхэми къыдачыжырт. Хэт ищIэрэ... Гъавэ IыхыпIэм сожалIэри Налшык къизышаIауэ е зышэну къыдэкIыж гуэр сыхуэзэмэ, си насыпщ... Сыхуэмызэмэ-щэ?.. ГъущI гъуэгу станцым сокIуэ. Зыгуэрурэ сафIыщIопщхьэри, щIыIэм симысу, абы нэху сыкъыщокI. ИтIанэ... Iэджэ зэзгъэзахуэурэ гъавэ IыхыпIэ куэбжэм сыIуолъадэ.

Алыхьым сыкъиужэгъужыпауэ къыщIэкIынтэкъыми, мо сыкъыздэжам сыпщIэнтIар сыщIэгъущхьэжарэ тIэкIу сыкъэпIыщIэжа нэхъ лажьэ симыIэу, сыгузавэу сыздэщытым, хуэм дыдэу маршынэ гуэр пщIантIэм къыдокI. Абы хуабжь зищIу щIэмыпхъуэж щIыкIэ жыхуэсIэу, шоферым сыбгъэдэлъадэмэ:

– Хьэжыхьэблэдэсхэми яжыIауэ, кабинэм шы ибгъэтIысхьэ хъунукъым. Мылицэм ядэнукъым – къыдэтхьэкъунущ, – жи шоферым. Абы зи гугъу ищI «шыр», абы ехьэлIа гушыIэр а гъэхэм сэ сыткIэ сщIэнт? Сэ гушыIэни си Iуэхут? Шыфэ къызиплъауэ, Iэщым сыпищIауэ ара мыбы жысIэу, сыкъогубжь:

– Шы кабинэм йозгъэгъэтIысхьэну аракъым сэ сыщIолъэIур – сэращ итIысхьэнур! Налшык нэс сыздэшэж! И пщIэр уэстынщ!.. – сокIий.

– Уэлэхьэ, уэ слъагъу щIалэ цIыкIур хьэжыхьэблэхэм я псэлъэкIэми ущымыгъуазэ, си гушыIэри къыбгурымыIуа. Зэрыплъагъущи, кабинэм тIу дисщ. Ещанэу... Ещанэу изгъэтIысхьэIа хъунукъым. Мылицэм ядэнукъым. Армыхъу пщIэи щхьэи сыхуейтэкъым, тIасэ. ЩIыIэм утрисхьэнкIэ умышынэмэ, мо нартыхущхьэм сытесынщ жыпIэмэ, узэрегуакIуэщ... – IэпцIупцIу сызэрыхуэпар зылъагъу лIым сыфIэгуэныхьу сызэпеплъыхь. Абы и псалъэр иухатэкъым, сэ нартыхущхьэм сыкъыщытехутам.

– ЗыбгъэпIийуэ утемысу, тIэкIу зегъэщI – щIыIэри апхуэдэу къоуэнкъым, гъуэгум зыгуэр тетми, гу къыплъатэнкъым, «шыр» щумыдэкIэ, жэщ лIыхъужь. Кабинэм егъэкъуа пхъэбгъур быдэу Iыгъ, армыхъумэ жьым укърихьэхынщи... – жеIэри, лIыр йотIысхьэж.

Абы нетIэ зи гугъу къысхуищIа «шым» и хъыбарым къытехъеикIа гушыIэр щызэхэсхар куэдкIэ нэхъ яужькIэщ.

Хьэжыхьэблэ щыщ шофер гуэр и шоферэгъухэм Налшык гъавэ IыхыпIэм щахуозэри яхуотхьэусыхэ:

– Нобэ мылицэхэр къысхурикъуащ: хуищIэу къызэтхьэкъуахэщ.

– Уэ ужыIэдаIуэжьщ. Уи мыхьэлыххэу, хабзэм къемызэгъыу пщIар лIот?

– Уэлэхьи, зыри сымыщIат. Кабинэм шы ибгъэтIысхьащ жаIэри...

– А унэжын, кабинэм шы ибгъэтIысхьэ хъун-тIэ? Къэбдыгъуауэ арат шыр? Ар кабинэм зэрибгъэтIысхьэфари зэрибгъэзэгъари дауэ?.. Шы кабинэм ирагъэтIысхьэу игъащIэм хэт илъэгъуа?

– Шыкъым – шыщ! – шоферэгъухэм къазэрыгурымыIуэм щхьэкIи, мылицэм къращIам щхьэкIи къэгубжьа лIыр мэкIий.

– Аракъэ дэри жытIэр: кабинэм, къэбдыгъуауи дощIри, шы дауэ зэрибгъэтIысхьар?

А зэдауэр кIыхь хъуну къыщIэкIынт, гъавэ IыхыпIэм гуэдз къезышэлIауэ чэзур къащылъысынум пэплъэу зэхэт шоферхэм къэхъуа Iуэхур къызыгурыIуэ гуэр къахэмыкIамэ:

– Хьэжыхьэблэдэсхэм хьэрф «щ»-м и пIэкIэ «ш» жаIэри аращ ди ныбжьэгъум и кабинэм «шы» къыщIихутар. ЦIыхуищ жыхуиIэщ...

Ауэ, зэрыжысIащи, мо махуэм щыгъуэ сэ а псор дэнэ щысщIэнт? КIагуэ дыта кIэщI тIэкIу, щIагъщIэлъыншэ гъуэншэдж джафэ пIащIэ

сщыгъыу арати, жьыуейр щызепщэ машинащхьэм щIыIэм сытриукIыхьауэ дыкъожэ.

«Упсэу?!» – щIэх-щIэхыурэ къыдогуоуей гущIэгъу зыхэлъ шоферыр.

«Н-н-нтIэ», – ерагъыу къыдызошей.

Апхуэдэурэ Налшык дыкъыщыблэгъэжым, маршынэр къоувыIэ. Пхъэ лъэдакъэ зэкIэщIэпIием срещхьу, лIитIым нартыхущхьэм сыкърахьэх. Къудамит IкIэ сагъэува щIыкIэу, къызэфIэмыщIэж лъакъуэхэмкIэ щIым сытрагъэувэ. Си щхьэр ерагъыу згъэхъейуэрэ зысплъыхьмэ, а щIыпIэр си нэIуасэт: лъэпощхьэпо яхуэхъуу нэмыцэ танкхэр къамыгъэувыIами, фашистхэм зэтраукIа ди цIыху къомым я хьэдэ мащэ хъуа, си шыпхъури зыхэту къатIа щIытIышхуэм дежт дыздэщытыр. Абы щыгъуэт Нэт лъэныкъуитIкIэ кърахъуэну къекIуэкI дыщырыкI тыным щыхэкIыжауэ щытар.

– Уи жагъуэ умыщI, адэкIэ усшэфынукъым, щIалэ. Мылицэхэм дыкъагъэувыIэмэ, абы узэрытесыр къысхуадэнукъым. УзэфIэмыдыкъауэ укъэсыжащи, Алыхьым и шыкурщ. Дэлъей-дэпкIей. Уи Iэпкълъэпкъ псоми лъыр щызекIуэж хъумэ, унышIэпхъуэжынщи... – жери, мохэр йожьэж.

Къызата чэнджэщым сытету, зызоIуантIэ-зызошантIэ. ИтIанэ, маршынэхэм я ежьэкIэу, хуэмурэ зызоч, зыкъызэщIызогъаплъэри – еуэ иджы!.. ЩIэпхъуэ!

Сыкъажэм-сыкъажэурэ, гъущI гъуэгу станцым сыкъос. АбдежкIэ блэкIырт «Долинск – Щхьэлыкъуэ» жиIэу зытетха автобусыр. Сыти и Щхьэлыкъуэт абы? Ди къуажэкIэ лъэмыжым къэсырти, игъэзэжырт. Ди унэмрэ абдежрэ яку километр зытхух дэлъ пэтми, адрей махуэхэми дэ маршынэ Iуэху зетхуэртэкъым – гъуэгур тIэкIу тхуэзыгъэкIэщI псыхъуэ лъэгум дыдэту делъэсауэу арат. Ауэ жэщри хэкIуэтат, сэри сызэхэукIати, ди къуажэкумкIэ кърикIуэ уэрам нэхъыщхьэм сынэсу маршынэ гуэр дэжейрэ пэт къэзгъуэтынкIэ зэрыхъунум сыщыгугъыу, автобус къэувыIэпIэм деж сыкъыщыщIопхъуэри, нобэрей гаишникхэм «я хъупIэм» нэс сыкъожэ. НалшыккIэ е ШэджэмкIэ къикIыу дэзыгъэзеинкIэ хъуну маршынэм сыпоплъэри сыщытщ. Аргуэру сыкъэпIыщIэжащи, щIыIэм сыдрехьей. Маршынэ закъуэтIакъуэххэ блэжхэри къысхуэувыIэркъым. Ауэрэ сыздэщытым, мурад сощI: къысхуэмыувыIэми, къэгъэшыпIэм деж хуэм зыщызыщIа маршынэм зыкIэрызощIэ, адэкIэ сыдолъейри...

Апхуэдэуи сощI. Ауэ зи псынщIагъыр напIэзыпIэм зэрахъуэкIыу уащхъуэдэмыщхъуэу зизычыжа маршынэм, апхуэдэ Iуэху сыпэмыплъэауэ икIи мо сыздэбэлэрыгъам, сыкъохури, мывалъэ гъуэгу щтам сыкъытохуэ. Сыкъызэрытехуари зызгъэспортсмену гъущI хьэлъэхэр къыщысIэткIэ сышынэурэ сыщIыдэплъейуэ щыта, ноби зыкъызэзыгъащIэ си щхьэбгъу сэмэгумкIэщ.

И маршынэм ситIысхьауи сыкъихужауи зымыщIэххэ шоферыр къэувыIэххакъым. Сэ куэдрэ сыщылъа, мащIэрэ сыщылъа – сщIэркъым. Ауэ сэр-сэру сыкъызэрытэджыжар сощIэж. Удынышхуэ зыгъуэта си щхьэр къеслъэфэжьэжауэ сыкъокIуэ. Чэфым хуэдэу сызэрехьэ. Мыл джейуэ щтырыгъу мывалъэ гъуэгур схурикъуркъым. КIуэ пэтми «чэфыр къыспкърохьэ», сызэрыхъур сщIэркъым. Апхуэдэурэ КIыщокъуэ Алимхэ я хьэблэм сыкъызэрыдыхьэжар хъарпшэру сощIэж. Абдеж къыщыщIэдзауэ ди унэм нэс дэлъ щIыфIыр дауэрэ къызэпысчыжами, сыт хуэдэ гъуэгукIэ къэскIужами нобэр къыздэсым къысхуэщIэжыркъым – «чэфыр къыстеуэпа», щхьэ

куцI хъеяр шкIумпI дыдэ хъупауэ арагъэнт. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, си щхьэр унэм нэслъэфэсыжащ.

ДелэIуделафэ къыстеуауэ сызыхыхьэжахэм къысщыщIар, си лажьэр къагурыIуэркъым. Абыхэм сыткIэ ящIэнт? Сэр дыдэми сымыщIэж сыхъуат маршынэм сыкъихуауи, удын згъуэту си щхьэ куцIыр хьеяуи (сотрясение мозга жыхуаIэ щытыкIэм сихуауэ арат).

– Уэс скIэрылъ сэ? – сыщIоупщIэ. Удын Iэужьыр зэкIэ быдэу къыспкърыхьа щIыкIэтэкъым.

– Сыт уэс? Уэс темылъыр дауэ зэрыпкIэрылъынур? – зэнысэзэгуащэр къызэрыщтар солъагъу. Къызыхэсхар сымыщIэу «Абы щыгъуэ делэ сыхъуауэ аращ», – жысIэри сыкъыщиудащи, лIышхуэр угъынумэ – къеблагъэ. Си щытыкIэ хъуар зыхуэсхьынур уэс скIэрылъмэ, сыджэлауэ, сэкъат гуэр згъуэтауэ, щхьэкIэ сытехуауэ къэслъытэну арагъэнт. АрщхьэкIэ... уэс темылъыр дэнэ къикIыу скIэрылъынт? Дуней уэсыншэр зэщIэщтхьэри, Iумылымрэ къургъакъымрэ зэщIаIулIат...

Еуэ согъ. Еуэ согъ. Сыховыхь. МоитIури магъ-мабжэ. Маршынэ сыкъихуауи си щхьэм удын игъуэтауи сэр дыдэм щызмыщIэжкIэ, къэхъуар мобыхэм сыткIэ ящIэн? Iуэхур зыхуахьаращ: Нэт и гуащэ угъурсызу шейтIан Iэмэпсымэхэр зезыхьэм щхъухь къызихри сызэригъэкIуэкIащ. «ШейтIан узыр зэфыкIын шейтIан Iиманыншэр щIалэм къедутIыпщри, зы сабий никъуэдыкъуэм (ар езым и къуэ Музэчырт) етIуанэри къыхэдгъэхъуащ», – жери ХьэкIунэ кърегъэгъых. Сыт хуэдизкIэ «сычэфми» къызгуроIуэ: моитIум ягу къысщIогъу. Сагъей. Дыгъужьым ишхри имышхри тохуэ жыхуаIэу, мылъхубын мыгъуэхэри анэнэпIэсым хуэгурыщхъуэщI мэхъу. Ауэ а пщыхьэщхьэми ХьэкIунэ къызэрыстегузэвыхьар (япэр дыгъуауэ къэтщэхуа гуэдзыр къыщытшэж махуэрат. Ари зыщIыпIэхэм деж щыжысIэжащ) аргуэру IэфIу сигу къыхуинэжащ.

Гъахэ-бжахэ мыхъумэ, цIыхубзитIым сыт ящIэнт? Iэзэ, еджа гуэр къэшауэ «шейтIан узыр» сщхьэщегъэхыжын хуейуэ арати, си адэ къуэш АтIэ (КIытIэ, Талъостэн) жэщыбгым къыщалъэфыжри, Лэкъумэн ефэндыр кърагъэшэну къуажэ щIыбым нэс ягъакIуэ. КъекIуэкIахэр хуаIуэта нэужь, «ар Iэзэ дыдэу къыщIокIри», си лажьэр «къещIэ»: аращ – щхъухь къызахщ, шейтIанхэр си ужь кърагутIыпщхьэжри... Сызэщхьэщахуащ. «Iэзэшхуэр» къызагъэпщащ. Дыуэхэр схуитхащ. Зыгуэрхэр къысщIигъэуащ...

Псори «хущхъуэ схуэхъуу» сыхъужауэ нэху сыкъекIыу школым сызэрыкIуэфар зи фIыгъэр, дауи, дыдейхэр IэзапщIэм зэрыщымысхьаратэкъым – а гъэунэхупIэми псэууэ сыкъизыхар фIыуэ сыкъэзылъагъу Алыхьырат. Си щхьэм игъуэта удыным шынэ къызигъэащтэу, спортсмен къысхэмыкIамэ, бэлыхь хъуаи! Узэрыхъу хъуну нэгъуэщI щыIэкъэ афIэкIа? Гъунэжщ!

Мис а гъунэжхэм ящыщ шофер IэщIагъэм сыхуеджэну мурад щIэсщIар щхьэусыгъуитI-щым къыхэкIат. Абы и Iуэхур щхьэхуэщ...

## Тхыналъэ



## СОНЭ Абдулчэрим

### ЩIАЛЭГЪУЭ АКЪУЖЬ

**1.**

**«ПцIащхъуэ шыр» жызоIэ сэ узгъафIэу,**
**Тхьэм уэ фIыкIэ и гум укъигъэкI.**
**Гъэмахуэкуу мы дунейр фIэрафIэу**
**Сытым дежи дахэу емыкIуэкI.**

**ГъащIэр мэхъур бжьыхьэ, зэм — щIымахуэ,**
**Блэ шэрэзи щыIэщ къезыхьэкI.**
**Уэ си пцIащхъуэ цIыкIуу псэм и хъуахуэ,**
**Си псэр афэ джанэу узошэкI.**

**Бжьыхьэ уэшхми уэ ущымышынэ —**
**Жьауэу си гур уэ пхузэIусхынщ.**
**Уэ щIымахуэр къэсми сумыбгынэ —**
**Си гухэлъ жьэгу мафIэм зебгъэунщ.**

**Бзухэм хуэдэу дызэрыгъэпэжмэ,**
**Трихьэнкъым пшагъуэ дэ ди гъуэгу;**
**Гухэлъ нэхукIэ дызэхуэсакъыжмэ,**
**Насып щыпкъэм дисынщ и Iэнэгу.**

**2.**

**Iэгъуи-гъуэгуи зыхуэзмыгъуэт гурыщIэ,**
**Си пкъынэлъынэм къыщыукъубей,**
**ХэкIыпIэ зимыIэ, сыту угуащIэ!**
**Псэм урихъуахуэщ, уэркIэ сыбейщ.**

**Iэгъуи-гъуэгуи зыхуэзмыгъуэт гурыщIэ,**
**ФIыщIэ мыухри сэ уэ пхузощI.**

**Псэр щІэмбрыуэу насыпым и лъащІэм**
**Къизыгъэхъуами сэ зыпызощІ.**

**Іэгъуи-гъуэгуи зыхуэзмыгъуэт гурыщІэ,**
**Дахэм фэеплъу сэ къызита,**
**Нобэр къыздэсым си гъащІэм хэщІу**
**Уэрыншэу дауэ сэ сыпсэуа?!**

**Уэрыншэу сытхэр сэ сусыжыну?**
**ГъащІэ джэлэси сэ усхуэхъуащ.**
**Мы дунеягъэм псыуэ щисфынур**
**Зэщыщхъу зыщІынур уэ зыр аращ.**

## МЫВЭБЗЭ

## 1. Испы унэ

**Испыхэм къагъэнащ Іэужь,**
**Фэеплъ мыкІуэдыжыну:**
**Испы унэм уеплъа нэужь,**
**ЗыхэпщІэр гум къинэжынущ.**

**Испы унэр мэхъур мывитху,**
**Мывитхум зыгуэр яІуатэ.**
**А фэеплъым къуэлъыр къэтщІэху,**
**ЖысІэнкъым дгъэшыфу батэ.**

## 2. Мысырым щыІэ хьэлэмэтхэр

**Мысырым Іэджэ дехьэх –**
**Фэеплъхэр зиІэм телъыджэу**
**Нилыпсыр и щІыгу щожэх,**
**Мамлюкхэм я псэкІи къаджэу.**

**Пирамидэр хьэлэмэт гуэрщ,**
**Щыгу папцІэр уэгум етауэ;**

**Халъхьэфащи абы мывэгу,**
**Мывэ хабзэу, йокІуэкІ жеяуэ.**

**Игъуэтамэ зэпсэлъылІэн,**
**Ар, дауи, къызэщыунут.**
**БзэмыІухэм ар пхуелІэлІэн? –**
**ХьилмыкІэ пэхъун пэплъэнущ.**

## 3. ЩІэныгъэм къигъэпкІыр дапщэ?

**Пасэрейхэр тетащ дунейм,**
**Гурылъхэр мывэм халъхьэфу.**
**Абыхэм къытщохъу къеджэгъуей, –**
**Къытхуагъэнакъыми хьэрфу.**

**Пасэрей бзэжьхэр узджынтащ,**
**Бзэ-щІэблэ гуэрхэр къалъхуауэ,**

**Илъэс мин бжыгъи блэлъэтащ,**
**Хьилмы IункIыбзэр етауэ.**

**Ди щIэныгъэм куэд къимыгъэпкI,**
**Зытплъыхь нэужькIэ гупсэхуу:**
**КъэтщIам дымыщIэр йокуэдэкI,**
**Сизиф и пщIэнтIэпсыр къытхихуу.**

КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт



**Уи щIым хуэди, уи псым ещхьи**
**ЩыщымыIэт мы дунейм,**
**ЯщI къагъанэу уищI къыхуеIэр**
**Уи ижэгъухэрт, Къэбэрдей.**

**Дыгъэмыс, IэфIыпс, Абынэ,**
**Лабэ, Псыжь, Анапэ, Цей –**
**Щытащ ахэр уи унапIэу,**
**Си адыгэу си дуней.**

**Хэт мафIэскIэ, хэти гынкIэ**
**Лъапсэрыхэ уэ ущащIам,**
**ЖаIэрт фIыгъуэхэр къыпхуахьу**
**Си лъэпкъ мащIэу яхъунщIам.**

* * *

**Сэ щыгъыныджэ зы цIыху сщIакъым,**
**И щIакхъуэ Iыхьи зыми къытесхакъым,**
**Сэ си лъэпкъыр зы лъэпкъщ –**
**Псыежэхым Iус жылэщ.**
**И къэкIуэнум гъуэмылэу**
**ИIэнур и хабзэрщ.**
**И цIыху псори сфIэкъабзэщ,**
**И Iумэтри сфIэIэфIщ.**

## ГЪАТХЭПЭ

**Гъатхэпэ шыцуэсыр жьы щIыIэм къыдофэ,**
**Дунейм и гупсысэр уэсукхъуэм доудж.**
**КIыгуугухэр къызоджэ гъатхэпэр щыгуфIэм,**
**Сэ щIым и дэфтэрыр удзыпэмкIэ содж.**

## ГЪАТХЭ ЖЭЩ

**Сэ сымыжейуэ, нэбэнэушэу**
**Си усэ гуэрхэр къызогупсыс.**
**Гъатхэр хэтакъым си гъащIэм хъушэу,**
**И фащэ гуэрхэр хъуами сэкIупс.**

**Мэжей си Щхьэлыкъуэ Iэджэм хуэныкъуэу,**
**И къуали, къуанщIи мэжей,**
**Сэ сесэжащи жэщым и щэхум,**
**СищIкъым абы сыгужьей.**

**Щхьэщытщ си щхьэгъубжэм мазэм и бжьакъуэр,**
**Гъатхэпэ жэщыри щымщ.**
**СимыгъэхыщIэу псэм зэризакъуэм,**
**СыщIогупсысыр сэ щIым.**

***  *  ***

**Удз дахэ жылэ къызощэху**
**ЩIымахуэм, гъатхэм сыпежьауэ,**
**ЩыкIыфIми, гъащIэр къысщещI нэху,**
**Мы си псэр щIэтщи гъатхэ жьауэм.**

**Удз дахэ жылэ къызощэху**
**ЩIымахуэм, гъатхэм сыпежьауэ –**
**Зи щхьэфэ симыIэбэ щэху,**
**Мы дуней псом къытезмынауэ.**

**Къэбырыбауэ уэсыр хужьщ,**
**Тхъурымбэу пфIэщIми, ещхьу тхъугъэм.**
**Мурад домбейхэри сымыщI,**
**ТаурыхъкIи зезгъэтIыжкъым гугъэм.**

**Ауэ а гугъэр сыпсэуху**
**Сигу езэшам и лъащIэ дыдэщ,**
**Мы гъащIэ ябгэми зы цIыху**
**ЩагъэжакъуэхукIэ, зегъэбыдэ.**



# ГУГЪУЭТ Заремэ

**Сынеджэж, уи деж сышэж,**
**БлэзгъэкIа щIымахуэ.**
**Гурылъ IэфIыр къэзгъэщIэж,**
**Сытешэж уэс лъагъуэм.**

**ЩIым уэс щабэр къытепхъэж,**
**Сыхэшэж уи махуэм.**
**Къызэтыжи гукъыдэж,**
**Щыгъэплъыз гур уафэм.**

* * *

**Къэмысарэ пэт щIымахуэр,**
**Си гур мылу щтащ.**
**Сымылъагъуурэ сэ махуэр,**
**Жэщым сыIущIащ.**

**Аурэ кIыфIым сыхокIуадэ,**
**Жьыбгъэм сыкъефыхь.**
**Ситщ гупсысэ куум и хадэм –**
**Сыщоплъ гъащIэ пщIыхь.**

* * *

**Зэпиплъыхьурэ дунейр**
**Уэсыр щабэу къотIысэх.**
**Сабэ хужьыр къигъэхъейу,**
**Абы мазэр ходжэгухь.**

**КIыфIым щIыгур зэщIищтауэ,**
**Егъэпщкlу дуней къэутхъуар...**
**Ахэм вагъуэу сахэтамэ,**
**КъэсщIэнт, жэщ, уи щэхуу хъуар.**

* * *

**Дунейр сфIэцIыкIущ.**
**КуэдыIуэ мэхъури пцIыр,**
**Хэхъуэжмэ тIэкIу,**
**КъысфIощI пхыхуну щIыр.**

**ХедыкI дунейр**
**Псалъэ фейцейкIэ зым,**
**ЗещIыф адрейм**
**И телъхьэ хуэдэу фIым.**

**Ауэ солъагъу:**
**ЩызокIуэ пэжи щIым,**
**Абы и щIагъ**
**ЩIэкIуэдэжынщ зэ пцIыр.**

*** * ***

**ХощэтыкIыр си гур, къищыпыжу**
**БлэкIа махуэм хэткIухь гукъэкIыж.**
**Сежьэжащи ситу гум и ужьым,**
**Жьым солъэIур: гугъэр къысхуэхьыж...**

**ЗыщегъафIэ вагъуэм мазэ гупэм,**
**И гукъеуэ щэхухэр ирeIуэкI.**
**Псалъэ гуауэ къеIущэщ си Iупэм,**
**Ауэ гугъэм IэплIэ изошэкI.**

## ЗЫКЪЭЩIЭЖ

**«Сыт иджы къэсхьынур сэ нэмыскIэ?» -**
**Ар къыпIурылъэлъри, уежьэжащ.**
**Уи псэр тыншыжауэ, уигу къэмыскIэу,**
**УкъеплъэкIри, бжэр ебдзылIэжащ.**

**Сыт уи напэм епщIэжар, тхьэмыщкIэ?**
**Щхьэ захуагъэр бжэм дебгъэпIытIа?**
**Уи щхьэ Iуэху фIэкIа уемыгупсыскIэ,**
**ФIы къэпхьыну хэт къыпхуиIуэта?**

ЖъанІэ



# Гурыщlэ къабзэм и макъамэ

Щыlэу къыщlэкlынкъым мэзыр фlыуэ зымылъагъу, абы кlуэуэ и хьэуа къабзэмкlэ бэуэну зыфlэмыфl, и хъугъуэфlыгъуэм щыщ кlэдахъуэкlэ къищыпыну, щыщэкlуэну, и нэгу зыщригъэужьыну хущlэмыкъу. Щlэмыхъуэпс щыlэми – зырызщ. А зырызым сэри сахэтщ. «Сахэтщ» жыпlэнри тэмэм дыдэкъым. Сахэтащ. Сахэтащ жысlэ щхьэкlэ, мэзыр фlыуэ слъэгъуауэ, абы сыкlуэну си нэ къикl фlэкlа, сыкlуакъым. Гъэмахуэ хъууэ, мэзым щхъуантlагъэ дахэкlэ зэрызихуапэу, сэ абы сыкlуэну си гум къохьэ, ауэ ар фlыуэ сэзыгъэлъэгъуар си нэгу къызэрыщlыхьэжу, си гукъыдэжыр мэкlуэдыжри, нэщхъей сохъу. Ар псэужкъым…

Си нэгу къыщlохьэж мэзым сызышэу абы и щэху псори къысхуэзыlуэтэну, и сабиигъуэр щигъэкlуа щlыпlэр сэзыгъэлъагъуну сыкъэзыгъэгугъа цlыху щыпкъэм, усакlуэм, тхакlуэм, драматургым, публицистым мэзыр си хэгъэрейуэ, сыкlуэрейуэ зэрыщымытыр щыжесlэм, ар зэригъэщlэгъуар.

Гъэмахуэт. Гуэдз lухыжыгъуэт. «Тхакlуэхэр микрофоным lутщ» нэтынхэм ящыщ зы игъэхьэзырыну Мысачэ Петр селъэlуащ. Петр зэрихабзэу, пыгуфlыкlри, и нэ пlащитlыр къыстриубыдащ. Заулрэ псалъэншэу къызэплъри, аргуэру пыгуфlыкlащ.

«Хъунщ, укъызогъэгугъэ, ауэ… – и псалъэр зэпигъэуащ Петр. – Зы ауэ lуэхум хэлъщ: сэ уздэсшэнум, къомыхьэлъэкlыу, си гъусэу накlуэ».

Сэ ар къэзгъэгугъащ. Етlуанэ махуэм дежьащ. Дэ дигу къэдгъэкlыжащ япэ дыдэ дызэрызэхуэзар: си новеллэхэм щыщ зы хуэсхьу сы-

укIытапэурэ журналым сыкIуауэ зэрыщытар. ИужькIэ дытепсэлъыхьащ си диплом лэжьыгъэр абы и прозэм зэрытезухуам, ар щыстхым, дызэхуэзэу адыгэ литературэм, урыс совет литературэм зэрызаужьым и гугъу куэдрэ зэрытщIам, нэгъуэщI Iэджэми я щхьэфэм дызэриIэбам. Апхуэдэурэ, тхакIуэр къыщалъхуа Псыгуэнсу къуажэм дынэсащ. Петр и адэ лъапсэжьым сишащ, и анэр иужь дыдэу зыщIэлъыжа пэшыр, блыным фIэдза абы и сурэтхэр сигъэлъэгъуащ, хадэм сришэри жыгхэм я гугъу къысхуищIащ. Удихьэхыу абыхэм тепсэлъыхьырт. «Мо ди мэзыр плъагъурэ, – гушхуэу и щхьэр ищIащ къуажэ щIыбым къыдэт мэзымкIэ, – еплъыт абы и дахагъым!»

Дэ мэз дызэримыгъунэгъур, куэдрэ абы сыкIуэну къызэрысхуимыхуэр щыжесIэм, Петр ар зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу къызэплъащ: «Пэжу жыпIэрэ?!» и фIэщ мыхъуу къызэупщIащ аргуэру.

ЖызоIэ.

– Къэлэрыхьи укIуакъэ!

– И гугъу ящIу зэхэсха фIэкIа, зэи слъэгъуакъым.

– Пэжуи?!

– Пэжу.

Петр зыри жимыIэу зыкъомрэ къызэплъри, дыхьэшхыурэ жиIащ: «ГъэщIэгъуэн къызжепIащ».

Куэдрэ зыдмыIэжьэу дытехьэжащ ди гъуэгуанэм. Жэмтхьэлэ дыкIуэу арат. Петр и ныбжьэгъу, егъэджакIуэ Дэхъу Мухьэрэдин деж. Арат Петр и тхыгъэр зытриухуэнур.

ДокIуэ. Доуэршэр. Петр къэлэрыр зищIысыр, къыщыкI зэманыр, щIыпIэр, ар пшхыну зэрыфIыр, бжьыныхум зэрещхьыр къызжеIэ. Сэри содаIуэ. Апхуэдэурэ, дыздэкIуэм дынос. Школым дымыкIуэу, Дэхъухэ я унэм дыIуохьэ. Куэбжэр Iутхыну дыхунэмысу, ди пащхьэм къохутэ лIы лъагэ зэкIуж. Петррэ абырэ зызэрадзри IэплIэ зэхуащI, зэшэкIауи унэм щIохьэ. Унэм дыщIыхьа нэужьи, зэбгъэдэкIуэтыжри зэплъыжахэщ. Зызэрадзыжри IэплIэ зэхуащI... Аргуэру зэбгъэдокIуэтыжри зоплъыжхэ, еуэ IэплIэ зэхуащI. Иужьым къыщеудри тIури магъ. Сэ зыри жызмыIэу гъуэрыгъуэу абыхэм соплъ. Сигу къокIыж Петр и тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэридзэкIыну зи пщэ иралъхьа тхакIуэ Родичев Николай «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестым и лIыхъужь, звеном и унафэщI Ланэ лIы щыдэкIуэм куэдрэ зэрыгъыр лейуэ къилъытэу ар Iуихыну щыхуежьэм, тхакIуэм зэрыхуимыдар. «Сэ си тхыгъэм хэт лIыхъуэжьхэмрэ персонажхэмрэ си кIуэцIым къикIа си бынхэмрэ си Iыхьлы гумащIэхэмрэ хуэдэу фIыуэ солъагъу. Абыхэм лей къатехьэу здэнукъым», – си тхьэкIумэм итт я унэм сыщIэсу Петр къызжиIа псалъэхэр. Пэж дыдэу, ахэр фIыуэ илъагъурт. ЩIилъагъур гъащIэм къыхихати аращ.

Пасэ дыдэу, 5-нэ классым щIэсу усэным гу хуещI щIалэ цIыкIум. Ар школым къыщызэрагъэпэща литературэ кружокым и лэжьыгъэм жыджэру хэтщ. Кружокым и унафэщI, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ Пщынокъуэ ТIутIэ ирегъэлъагъу и усэхэр. ЕгъэджакIуэр къыщотхъу, нэхъри трегъэгушхуэ. «Мамырыгъэ» зыфIища и япэ усэр «Къэбэрдей пэж» газетым къытрадзэ. Куэд дэмыкIыу а газет дыдэм къытохуэ и етIуанэ усэ «Кореем и цIыхухэр». А усэхэр гуащIэмащIэт, IэрыщIт, ауэ усакIуэ ныбжьыщIэм фIэщхъуныгъэ ин къыхалъхьэ.

Мысачэ Петр еджапIэр фIы дыдэу къеух. Къызэриухыу абы егъэджакIуэу къагъэнэж. ИлъэскIэ пэщIэдзэ классым щригъэджащ Петр. Ауэ тхэным гу хуэзыщIа щIалэм и псэр псэхуртэкъым. И мурадым лъэIэсын

папщIэ емыджэу хъунутэкъым. Ар фIыуэ къызыгурыIуэ щIалэр ди пединститутым и адыгэбзэ отделенэм щIотIысхьэ. А лъэхъэнэм литературэм зрет. Институтым и егъэджакIуэ, усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм щIалэм гу къылъетэри и нэIэ тригъэкIыркъым.

– Зэгуэрым, – игу къигъэкIыжт Мысачэ Петр, – футбол сеплъыну стадионым сыкIуат экзамен нэужьым. Iэдэм стадионым ису сыхуозэ. Сыкъыщилъагъум, Iэдэм сызыбгъэдешэри сыкъррегъэцIыху и гъусэу щыс тхакIуэ Теунэ Хьэчим. СыкъыщыIукIыжым, абы къызжеIэ: «Уи документхэр институтым къеIыхыжи, Iэдэм къет. Сэ уи усэхэр пхузэздзэкIынщи, М. Горькэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт Литературэ институтым еджакIуэ узгъэкIуэнщ». Апхуэдэ щIыкIэкIэ, 1951 гъэм Мысачэр Литературэ институтым щIотIысхьэ. Абы щеджэм етх цIэрыIуэ хъуа «Лъэпэд», «Псыгуэнсу», «Къурш псынэ» усэхэр. 1955 гъэм дунейм къытохьэ усакIуэм «Къурш псынэ» зыфIища и япэ тхылъыр. Абы къыкIэлъокIуэ тхылъеджэри критикхэри гуапэу зыIущIа «Уэращ зи фIыщIэр» етIуанэ усэ тхылъыр. Ауэ Мысачэм и макъым зилъэщIу зыщишэщIар еплIанэ («Уэгу пкIэлъей») тхылъырщ. УсакIуэм и гур, и псэр зэпымыууэ мурадыфIхэм хуэплъэрт:

*Мурад нэхъыфIым сыхуэпIащIэу*
*Сытетщ гъуэгуанэ – семызэш,*
*СылъэмыIэсу си гурыщIэм*
*Зэи уи деж къэзмыгъэзэж,*
*А мыкIуэщIыж си лъагъуныгъэр –*
*Уи лъагъуныгъэ саугъэтщ:*
*Насып мыухыр схуэпщIу тыгъэ,*
*Сэ уи гуфIэгъуэм сыхэбгъэтщ.*
*Уэ Iуащхьэмахуэ схуощIыр уанэ,*
*Уи къуршыпс Iэлхэр – шыныбэпх:*
*Ди губгъуэ хуитхэрщ сэ си Iэнэр, –*
*Я нэхъ къыр лъагэр – сэркIэ пэнтхщ.*
*КъызжеIэ закъуэ! –*
*Шым зездзынщи,*
*Мо вагъуэ цIыкIухэм сынэсынщ,*
*Сэ уафэхъуэпскIым сыщIыхьэнщи –*
*И пащIэр сIыгъыу къыпхуэсшэнщ.*
*Ауэ мы зыр сэ схузэфIэкIкъым:*
*(Сыт сщIэн, абыкIэ зызоумыс!)*
*ПхуэсщI лъагъуныгъэм и гъунапкъэм*
*Сэ гъащIэу сиIэм сынэмыс!..*

60 гъэхэм Мысачэм и лирическэ макъамэм зеIэт, и усэ жыпхъэр мэж, зэроубыд, цIыху куэдым я гум, я псэм дохьэ. ЦIыхубэм я гуращэ дахэт, мэкъумэшыщIэхэм я уэрэдт усакIуэм игъэIур, иIэтыр, зэрыгушхуэр, зэрыиныр, зэрыпагэр. ИужькIи гуапэу, удихьэхыу, и купщIэкIи нэхъ куу хъуауэ Iуащ усакIуэм и пшыналъэр:

*Ди къуажэ гупэм къыщыт Iуащхьэ тIэкIум*
*Нэхъ лъагэ къурш темыту щIы хъурейм*
*Щытащ къысфIэщIу адэ сыщыцIыкIум, –*
*Ар сэркIэ Iуащхьэмахуэми ярейт,*

*Сыбэуэбапщэу абы сыдэкIамэ,*
*Слъытэжырт батэкъутэр сэ згъэша,*
*И щыгу сытету хуиту сыбэуамэ,*
*Сэ занщIэу сщыгъупщэжт сызэрешар.*

60 гъэхэм и кIэм «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуэу щIадзэ Мысачэм и рассказхэм. Зи усыгъэхэмкIэ дыдэзыхьэха щIалэм и рассказхэм таучэлмыщIу, дзыхьышхуи едмыгъэзу дыкъоджэ. Ауэ дыщIэшынэн щымыIэу къыщIокI: рассказхэм хэт лIыхъужьхэм я гурыщIэ дахэр усакIуэм сэтей къещIыф, зыхэтщIэу, дыдихьэхыу, дызыIэпишэу зэкIуэцIех.

Абыхэм я щыхьэту, рассказхэм я ужьым кIэщI дыдэу иту, дунейм къытохьэ «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестыр. Абы нэрылъагъу къещI Мысачэм прозэмкIи зэфIэкIышхуэ зэриIэр, уеблэмэ, езы усакIуэм и псалъэкIэ жыпIэмэ, Петр нэхъ «зыкъыщигъуэтыжар» прозэрщ. Образ телъыджэхэр къыщигъэщIащ Мысачэм «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестым. Лъагъуныгъэ ямыхъумам и макъамэ нэщхъейуэ мэIу ар.

Пэжу, гъащIэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр егъэлеяи, тафэтелэ куэди хэмылъу къегъэлъэгъуэж Мысачэм. Абы тхыгъэм и пщIэр къеIэт, лъагэ ещI.

Мадинэт и образыр зыкъомкIэ поджэж ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и «Софят и гъатхэ» повестым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэ Софят. Абыхэм я гъащIэр зыкъомкIэ зэщхьщ.

«Псыхъуэ гуащэ» повестыр Мысачэм и етIуанэ тхыгъэшхуэщ. Мыри, Петр и рассказ нэхъыфIхэмрэ «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестымрэ хуэдэу, зытепсэлъыхьыр мэкъумэшыщIэхэмрэ ахэр зытелэжьыхь щIылъэ анэмрэщ, абыхэм яку зэхуилъ гуапагъэрщ, жумартагъэрщ.

Мысачэм и сюжетым ухуэкIэ хьэлэмэт иIэщ. Повестым хэт лIыхъужьхэм я образхэр зэпхащ. Зым и хьэл-щэныр белджылы щыхъукIэ, адрейхэм яйри убзыхуа мэхъу, ахэр зэхэухуэнащ, зэхэжыхьащ.

ТхакIуэм нэхъыбэу и нэIэ зытригъэтыр, лIыхъужьхэм, персонажхэм я образхэр къыщигъэщIкIэ, абыхэм я гурыщIэр, психологиер кууэ къэгъэлъэгъуэнырщ, езыхэм ялэжь Iуэхухэмкiэ, ар зэралэжь лъэхъэнэм и хабзэхэмкIэ гъэнщIауэ.

Адыгэ хьэл-щэн дахэмкIэ гъэнщIащ тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэм я образхэр. Мысачэм и персонажхэр гукъинэжщ, уи гум кIэропщIэ, эстетическэ гузэгъэгъуэ ин къуат. Ахэр тхыгъэхэм куэдрэ щыплъагъуркъым, тхакIуэм зэ еплъыгъуэкIэ абыхэм гулъытэшхуэ хуимыщIу къыпщохъу. Зы псалъэ е псалъэ зытIущ фIэкI щахужимыIи щыIэщ, ауэ, абы щхьэкIэ къэмынэу, образхэр нэIурыту ухуа мэхъу.

Зэрыщыту къапщтэмэ, Мысачэ Петр и тхыгъэхэр гурыщIэ къабзэм и макъамэ дахэмкIэ гъэнщIащ. ГъэнщIащ, езы тхакIуэм ейм хуэдэу. Аращ абыхэм ущIыдахьэхыр, уатемызашэу укъыщIеджэр.

Мысачэ Петр ди искусствэми, культурэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ пьесэ, очерк купщIафIэ куэд. «Псэм и щIасэр нэм фIэдахэщ», «Ар уи напэщ» пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ ди къэрал драмтеатрым щагъэуври, илъэс куэдкIэ ахэр театрым и репертуарым хэтащ.

Апхуэдэу Мысачэм Iэзэу адыгэбзэм къригъэтIэсащ дуней псом щызэлъащIыса драматург цIэрыIуэ, классикэ хъуа пьесэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Шекспир, Мольер, Шиллер сымэ я пьесэхэу «Пащтыхь Лир», «ЕпщIыкIутIанэ жэщ», «Тартюф», «Абрэджхэр» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэ-

ри. А пьесэхэм къадэкIуэу, Петр зэридзэкIащ Кулиев Къайсын, Шевченкэ Тарас, Лермонтов Михаил, Есенин Сергей, Маяковский Владимир сымэ я усэ нэхъыфIхэр.

Зэманыр псынщIэу макIуэ. Нобэ хуэдэщ тхакIуэ, усакIуэ щIалэхэр дигъэгушхуэу, къыддэгушыIэу, и мурадхэм, тхыгъэ зэлэжьхэм я гугъу къытхуищIу къыщытхэтар. Илъэс 22-рэ блэкIащ абы лъандэрэ. Ауэ дэ зэи тщыгъупщэжыркъым «Iуащхьэмахуэ» журналыр къыщызэIуаха махуэм къыдыщIэдзауэ ди лэжьэгъуу, ди ныбжьэгъуфIу, ущиякIуэу 1988 гъэм дунейм ехыжыху къытхэта цIыху щыпкъэ, усакIуэ Iэзэ, тхакIуэ телъыджэ, драматург, публицист къызэфIэмыщIэж Мысачэ Петр и цIэр.

**ХЬЭIУПЩЫ МуIэед**

МЫСАЧЭ Петр

# БжьаIуэм

***Рассказ***

Ди щIалэхэм ящыщ зыгуэрхэм фегуэкIуэну жыфIэнщи – хэткъым!.. Сыту жыпIэмэ, абыхэм гухэлъ яхуэпщIауэ зы мастэ хуэдизкIэ къыпхащIыкIмэ, я пэр уафэм нэс яIэтынкIэ тIэу еплъынукъым. Е апхуэдэу сэ къысфIэщIрэ... ГъэщIэгъуэнщ икIи куэду къэщIэгъуейщ абыхэм я хьэлыр: уеплъамэ, щIалэ къызэрыгуэкIхэу, нэжэгужэхэу, гушыIэрейхэу; уакIэлъыплъыжамэ, «фу, цIыхумэ» жаIэу апхуэдэщ ахэр.

КIуэ еплъ Зубер... Иджыри къэс ар зэзыпэс си ныбжьэгъухэм яхэту щытакъым. «Псэлъэн мэщхьэх а тхьэмыщкIэр, Iэсащэщи вы тIыса игъэтэджыркъым», – хужаIэрт. Драмкружок дыздыхэтым лIыжь кхъахэ, е факъырэ нэхъ роль ищхьэ къылъагъэсыртэкъым а Зубер. Абы щыгъуэм сэ пьесэм хэт героинэ нэхъыщхьэ дыдэхэм я ролырщ згъэзащIэр. Спектаклыр щыдгъэлъагъуэкIэ «мис ар артисткэ нэсщ» къысхужаIэу еплъхэм я Iэгур къыстракъутэ.

– Мы уи нэ пыжьитIыр тIэкIунитIэ нэхъ иныIуатэмэ, уи джэгукIэми псэлъэкIэми дагъуэ лъэпкъ хуамыщIу занщIэу езы театр дыдэм артисткэу уашэнт уэ, Салимэт! – къызжеIэ дызыгъасэ Хьэмид репетицэ щедгъэкIуэкIкIэ.

Абы щыгъуэ ди гъусэ щIалэхэм загъэпсчэуIу, Зубер и закъуэщ а псалъэхэр зи гуапэу къысхуеплъэкIыр.

Иджы сщIэркъым къэхъужар... Сызэрыбжьахъуэра игу темыхуэр, хьэмэрэ ар фIэауан?.. Ауэ сэ си IэщIагъэм зыкIи сриукIытэркъым. Зыхуейрауэ щытмэ, а си IэщIагъэр зэрысхъуэжыни щыIэкъым. Фом нэхъ IэфI сыт щыIэ?!. Фо зехьэни нэхъ IэщIагъэфI щыIэу си щхьэкIэ сщIэркъым. ИтIани «зи гъунэгъур зи бий» жыхуаIэ дыдэм хуэдэщ а Зубер...

Ар щIыжысIэр мыращ: гъатхэр къызэрихьэу ди колхозым и бжьэхэр догъэIэпхъуэри жыг хадэм пэмыжыжьэу хэщIапIэ щыдощI. А тIум я кум псы цIыкIу дэжу, зы гъуэгу дэкIыу – аращ жыжьагъэу я зэхуакур. Ауэ жыг хадэм укъикIыу бжьаIуэм укърикIуэу дякум лъэс лъагъуэ, тIэкIуи хуэнэшэкъашэу иIэщ, псыми пхъэ закъуэ лъэмыж телъщ.

Тхьэмахуэм щIигъуауэ Зубер и зэранкIэ а лъэс лъагъуэмрэ пхъэ закъуэ лъэмыжымрэкIэ си гур щыIэщ. Си гум и закъуэ, си гум и гъусэу си

нэхэри щыкъэрэгъулщ. Абы и бжьаIуэ къэкIуэныр апхуэдэу пичыжыпэмэ, си фIэщ хъуркъым а лъагъуэр хэмыгъуэщэжыну. Зыбгъэгусэныр е тэмакъкIэщIыгъэр зытебгъэкIуэныр – ар лIы хьэлкъым. АтIэми, ар къыщIытехьар сытым щыщ? Зы бжьэ цIыкIум, хьэуэ, зы бжьэ цIыкIукъым, атIэ а бжьэ цIыкIум и шэрэз цIыкIунитIэрщ Зубер плъагъур къыщIытехьар!

Фи фIэщ хъуркъэ? Фи фIэщ мыхъумэ, Iуэхум и пэжыпIэр тэмэму нывжесIэнщ, ауэ, кхъыIэ, ар езы Зубер хуэвмыIуэтэж...

А махуэм ди бжьаIуэхъумэ Шухьиб дади уэрэд тIэкIу жиIэу матэ ищIу бжэIупэм Iуст, сэри си отчетым иужь ситу жыг щIагъым щIэт стIолым сыбгъэдэсу, Зубер и мыхабзэххэу нэжэгужэу, зикI бжьэ къэпщIам ещхьу вууэ псалъэр къыIурылъэлъу, ди бжьаIуэм къытехьащ. Абы сэри гу лъызмытэу къэнэнт, щIыкIафIэ зэрыхъуар згъэщIагъуэу, жыжьэу сыщыту седаIуэрт дадэм бгъэдэтым жиIэ псоми. УкIытэ зэпытым зи щхьэр егухауэ, зи плIэр хуэухуа мащIэу къагъэна Зубер моуэ и щхьэр Iэтауэ, и фурашкIэ гъуабжэжь тIэкIуми и натIэр дэгъэкIуэтеяуэ Шухьиб бгъэдэтщ. И «Iуэху фIэхъу апщийри» зэфIэкIащи гушыIэу, сэ зэхызигъэхми и мыжагъуэу щIоупщIэ:

– Уа, Шухьиб, Iуэхушхуэ сиIэу сыкъызэрыкIуар пщIэуэ пIэрэ уэ?!

– КъызэрыджепIэу къэтщIэнкъэ уи Iуэхури, хуэмыху, – жи Шухьиб. – Мыдэ къыджеIэ уи гукъеуэр, тлъэкIымкIэ дыбдэIэпыкъуну укъыдогъэгугъэ – гъунэгъу жыхуаIэращ.

– Хьэуэ, сэ фи деж лъэIуакIуэ сыкъэкIуакъым, ауэ гъунэгъу зэфIэгъэкIуэдым дыхэмыхьэу, мы Iуэхур утыку фщIыну фыхуэмеймэ, мы фи бжьэхэм зыгуэр ефщIи я лъакъуэр фубыд, арыншамэ жыг хадэм нокIуэри гъэгъауэ диIэр кърах, лажьэу ит цIыхухэми я щхьэр щIрагъэхьэным нэсащ.

Шухьиб, дауи, ныбжькIэ Зубер хуэдэу щIалэу и къару илъыгъуэкъым, ауэ Iуэхур псалъэкIэ «IэпщэкIуэным» нэсмэ, зыкъыуигъэуплIэнщIэфынущ, псалъэ щхьэкIэ и жыпым имыIэбащэу. Шухьиби матэ ищIу здэщысым, щIалэ щхьэщытым хуэауаныфэу къыхудоплъейри, жэуапыр иретыж:

– А ди бжьэхэм ящыщу фи деж лъакъуэкIэ дапщэ накIуэми – псори къэвубыди лъахъэ ифлъхьэ, ар фхузэфIэмыкIынумэ, ахэр Iуэм ивубыди пхъэрыгъажэ ивгъэлъэдэж, ари мыхъунрэ – хьэсэпэбжыхь нэхъ лъагэу къефхуэкI, фи жыг хадэм зы бжьэ цIыкIу ныщхьэпрымылъэтыфыну. ИтIанэ фэри дэри дытыншынщ, гъунэгъухэм дякум, къайгъэ дэмылъу, мамыру дыпсэунщ.

Сэ а тIум сакIэлъыплъырт. Зубер Шухьиб епсалъэ щхьэкIэ, и нэр си дежкIэ щыIэт. Сэри, абыхэм я дежкIэ сыщымыплъэми, си гур плъэрт – илъагъурт си гум Зубер я фурашкIэ натIэр дриIэтей–кърихьэхыжу щIэхщIэхыурэ нэбгъузкIэ къызэрысхуеплъэкIыр: дауи, абы и жагъуэу къыщIэкIынтэкъым апхуэдизу си щхьэр хэтIауэ сщIы отчетыр зищIысыр. Сэ а отчетым щIэздза къудейт, пщыхьэщхьэ мыхъуу, бухгалтерием яIэрызмыгъэхьэнкIэ Iэмал зимыIэти, хуабжьу сепIэщIэкIырт.

– Отчетыр и чэзум къыдумытмэ, къыпIытхынкIэ умыгугъэ, Салимэт, – жиIэри, ди бухгалтер Мэжид си тхьэкIумэр ткIийуэ къысхуиIуэнтIати, абы нэхъри сигъэпIащIэрт. Дауи симыгъэпIащIэнрэт, Мэжид и набдзэ Iувхэр пщыхьэщхьэ пшапэу зэхиуфэрэ зэ псалъэ жиIамэ зэфIэкIащ. Председатель дыдэм хутекIыркъым ар и псалъэм. Абы нэмыщIкIэ, отчетым зы щыуагъэ закъуэ иIэу пIихынкIэ Iэмал иIэкъым. Си гъащIэм слъэгъуакъым нэхъ хьэтырыншэ. Мазэ псокIэ укIэрысами, езым игу иримыхьамэ, ухуеймэ дауэри елъэIу, зы къыпхуимыщIэну куэду цIыху

IэубыдыпIэншэщ, ауэ и лэжьыгъэр фIыуэ ещIэ, ди районым колхозу щыIэм я бухгалтерхэм абы нэхъыфI яхэмыту жаIэ.

А псори схузэхыхьэжауэ Мэжид си тхьэкIумэр щIиIуэнтIа отчетым сыкIэрысщ. Шухьиби а отчетым и ужь сызэритым щыгъуазэщи, Зубер си дежкIэ къимыгъэкIуэну къыдоуэршэр, бжьэм зи гъэгъахэр къыхуэзыгъэлъагъуэ удзыщIэу дадэр и матэхэм къыхущотхъу.

– Ей, сэ матэу сщIар зэхэплъхьэжамэ, мы ди бжьаIуэр зи инагъым ихуэнтэкъым. «ЗыщI нэхърэ еплъ нэхъ Iэзэщ» – жыхуаIэращ, хуэмыху, дауэ къыпщыхъурэ мыр, тхьэ, матэ екIу хъуакъэ?!.. – щIоупщIэ Шухьиб, матэм и бжьапэтехуэр иухауэ чы кIапэ цIыкIур здигъэбыдэжым.

– Хъарзынэщ... Матэщ, пыпхыни пыплъхьэни щымыIэу... – жэуапыр иретыж Зубер, къызэрытхуэкIуар къызэрысфIэмыIуэхумкIэ мыарэзыщэу.

Шухьиб и псалъэмакъыр дауэ кIыхьу иримышэжьами, абы и псалъэхэр Зубер и тхьэкIумэм блэлъэт фIэкIа зэредаIуэ щыIэкъым: щIалэм зэм и Iэр и бгым ирегъэувэ, зэм и зы лъакъуэр щIегъэху, хуэм-хуэмурэ адэкIэмыдэкIэ зигъазэурэ щэнауэу зэфIэтщ, жэщ псом щхьэгъэрыту хьэщIэхэм ящхьэщыта нэхъей, ешагъэфа къытеуэу.

Гугъущ уи гурыщIэм хуэфащэ Iэ хуабэкIэ теIэбэ псалъэ къыщыпхуамыIуатэкIэ, икIи Iуэхум щымыщ псалъэм емыдэIуэф Зубери бгъэкъуаншэ хъунутэкъым. Сэ ар къэслъытэри, Зубер седжащ:

– Зубер, мыдэ къакIуэт, мыбдеж сфIызэхэзэрыхьащи дегъэплъыт!

А псалъэхэм Зубер дамэ къытрагъэкIа фIэкIа пщIэнкъым: мыарэзыныгъэу иIар абы сыIэбэу тесха хуэдэу нэжэгужэу, пкIатэлъатэу ар сэ къызбгъэдыхьащ, Шухьиб псалъэу здэщысым и закъуэ къигъанэри. ГурыIуэгъуэщ Шухьиб и закъуэ утыкум къызэрыранар игу зэрыримыхьар. Ар зи щIыбыр хуэгъэзауэ сэ къызбгъэдэт Зубер нэкIэ ишхыным хуэдэу къыщеплъам, сэ къысфIэщIащ стIолым IэдакъэкIэ тегъэщIа щIалэм и плIэ ухуам, нэкIэ мыхъуу, IэштIымкIэ къыдэуауэ. Шухьиб и ныкъуэжыIэр езмыгъэухыу Зубер абы къызэрыбгъэдэсшари лIыжьым и дежкIэ удын цIыкIуу къыщIэкIынтэкъым сэ ездзыну. Ар ину папщэщ, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну псынщIэу къэтэджри унэм щIыхьэжащ, зимыIэжьэу къамэжьыр иIыгъыу унэм къыщыщIэкIыжам уи гугъэнт а къамэмкIэ къытхэлъэщыхьыну, арщхьэкIэ куэбжэ цIыкIумкIэ щиIуантIэм дадэр ди дежкIэ зэ къызэплъэкIыжри къэджащ:

– Салимэт, а отчетыр псынщIэу зэфIэгъэкIын зэрыхуейр зыщумыгъэгъупщэ, тIысэ! Зыгуэр зэIыбгъэхьэрэ Мэжид пIимыхыж хъужыкъуэмэ, си ягъэ умыщIыж. ИтIанэ мыдэ укъысхуэтIысыжынщ «си отчетыр хъуакъым, бухгалтерием сIахакъым...» жыпIэу угъынанэу. Сэ модэ чыцIыкIухьэ сокIуэ, апщIондэху уи отчетыр зэфIэгъэкI...

Абы и ужькIэ дадэм сыт жиIами тэмэму къызгурыIуакъым, ауэ Шухьиб лъэбакъуэхъу-лъэбакъуэхъуу бжьаIуэм зэрытекIам сэ нэхъ къызигъэщтэжащ лIыжьым и псалъэхэр зэрызэхэзэмыхар. «ЗыжраIэ нэхърэ – зраIуэкI» жыхуаIэм ещхьу, Шухьиб и псалъэ къэпыджахэм Зубер и щхьэфэм Iэ къызэрыдамылъами шэч хэлъкъым. ГуфIэгъуэм, нэжэгужагъэм къызэщIаIэтауэ къызбгъэдыхьа щIалэм и гум къыщызэрыIэта гукъыдэж псори зэуэ еупIэхыжащ, мафIэшхуэ къыдэлыдеям псы щIыIэ тракIауэ, езыри зэрихабзэжьу и пIэ иувэжащ, псэлъэгъуейрэ Iэсафэу. Си фIэщ хъуртэкъым абдеж си псэр Зубер схуемыгъэшхыну, апхуэдизкIэ щIалэм сигу щIэгъуати, ауэ, хъыджэбзхэр дыбзаджэкъэ, абы зыкъезмыгъэщIэу, Шухьиб сыхуэшхыдэ нэпцIурэ, си псалъэмакъыр отчетым тесIуэнтIащ.

– ГъэщIэгъуэнщ мы Шухьиб, езыр къызбгъэдэмысмэ, сэ отчетыр схуэ-

мыщIын игугъэу унафищэ къысхуещI. УнафэщIу мы бжьаIуэм щыIэр езырами ярейщ.

Си псалъэхэм Зубер арэзы техъуэркъым:

– Пэжыр жиIащ Шухьиб. Ауэ сэмырауэ пIэрэ абы а псори зриIуэкIар?.. ГурыIуэгъуэщ, гурыIуэгъуэ...

Зубер и «гурыIуэгъуэхэмкIэ» зыхуеяр къысхуэщIакъым. Ар балиейм доIэбейри, зы тхьэмпэ къыпеч, а тхьэмпэр и жьэм Iуеубыдэ, мыдэ зы псэлъэрей гуэрым жимыIэпхъэ къыжьэдэлъэту абы хущIегъуэжауэ и жьэр щиубыдыкIыжа нэхъей, жыг тхьэмпэр фIэмащIэу и Iэ ижьымкIэ ар кIэриIыгъэщ и Iупэм.

– А тхьэмпэр фо мыхъуамэ, ущIэмыф, щIалэшхуэ бэрагъуэ! – сыдогушыIэ Зубер, тIэкIу и гур къызэрызгъэгъуэтыжыну.

– БжьаIуэм щытеткIэ, хэт ищIэн, фоункIи хъунщ, Салимэт. Мы бжьаIуэр зэрыщыту сэ фо къысфIощI, ауэ мыбы куэдрэ ущызэхэзеуэ хъуну къыщIэкIынкъым...

– Ар сыт щхьэкIэ? – соупщI сэ Зубер.

– Укъаужэгъури жыыри щIэри къамэ къихакIэ къыппожьэ. Хэт псалъэкIэ мауэ, хэти мы къэкIуар цIыхущ жиIэу щымытэджи щыIэщ, щхьэусыгъуэ гуэрхэр ящIу. ЯщIэркъым, ящIэнуи хуейхэкъым сыт мурад уиIэу укъакIуэми... – жеIэ Зубер гукъанэ хэлъу.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, сэркIэ гурыIуэгъуэт а гукъанэр къызыхэкIыр: зыбжанэ щIауэ Зубер къысхуиIэ щытыкIэ лейм хуэдэгу-хуэнэфу сызэрыщытым и уэлбанапэ жыбгъэу къызэпхихурт ар. ПщыхьэщхьэкIэрэ, репетицэр дыуха нэужьым, мызэ-мытIэу сэ абы къызиIуэкIат си гъусэу унэм нэс нэкIуэжмэ зэримыжагъуэр, арщхьэкIэ сэ зыри зэхэзмыщIыкIыфэ зытезгъэауэри сыпэмыплъэу сыкIуэжат ди хъыджэбзхэм срагъусэу.

Абы нэмыщIкIэ, Зубер и анэм зэпхыжеIыкI сэ нысэу къызэхъуапсэу, ауэ и щIалэр зэрыIэсэлъасэм, сэ сызэрыхъыджэбз псынщIэм, щхьэпсым къыхэкIкIэ и къуэм и пщэм сыдэсу зыкърезгъэхьэкIынкIэ шынэу. Зы жьэм жьэдыхьэр жьищэм жьэдыхьэркъэ, а хъыбарыр Зуберхэ я хьэблэ псом зэлъащIысащ, уеблэмэ а хъыбарым и кIапэлъапэ мы бжьаIуэр жэщми махуэми зи унапIэ Шухьиб дадэ и дежи къэсагъэнущ.

Мис аращ, сэри репетицэ нэужьхэм Зубер си гъусэу къыздамылъагъумэ нэхъ къыщIэсщтэр. МащIэ цIыхум къыпхуапсэлъын: Iэмбатэ зэрымытым Iэтэ псо ирагъэувэу Iэджи къыпхужаIэфынущ, игъащIэкIэ уигу къэмыкIауэ. Зубер и анэр нысэу къызэхъуапсэми, езы дыдэр лIэнкъэнэну къызэгуэкIуэпами, сэ иджыкIэ лIы сыдэкIуэну си мурадкъым. ЩIалэжь къыдэнэжауэ зыми зэримыпэсыжу щыщымыткIэ, езы Зубери апхуэдизу щIэпIэщIэн щыIэкъым.

А псоми Зубер зыри хищIыкIыркъыми, сэ сепэгэкIыу къыщохъури къысхузэгуоп. Шухьиб и псалъэхэри сэ жезгъэIауэ къыфIэщIу къыщIэкIынущ. «Хьэм и губжьыр кхъуэм трелъхьэ» жыхуаIэм хуэдэу, лажьэ зимыIэ балий тхьэмпэр и Iупэм къыIуихыжауэ и Iэгум щеIуэт, си отчет сщIыри си Iуэху пIэщIэгъуэри зыуи кърипсыдзэу псалъэншэу и фурашкIэ натIэм къыщIоплъри нэ хьэкъуртыфэхэмкIэ щэху-щэхуу къызжьэхоплъэ.

– Хьэуэ, а лIыжьым пцIы иупсакъым, сэрауэ къыщIэкIынущ делэр – лъагащэу дыдоIэбейри дылъэIэсыркъым, ауэ жэуап дгъуэтамэ, куэдрэ мы бжьаIуэм дыкъакIуэу фи щхьэр дгъэузынтэкъым... – жеIэ Зубер.

– Сыт жэуап, ди бжьэхэр фи хадэм нэдмыгъэкIуэнуи?! Абы и жэуапыр Шухьиб къыуита си гугъэщ!..

– КъызитакIэ къызитащ, ауэ езы бжьахъуэм и жэуапми дыщIэдэIуатэмэ, ди гуапэт...

Зубер и щIагъыбзэхэм къыпхуэмыщIэну зыри хэлътэкъым, сэ къызгурымыIуаифэ зытезгъэуэу си дамитIыр тIэкIу дэзгъэуея пэтми, ауэ си жэуапым Зубер куэдрэ пэплъэн хуей хъуакъым: щIалэр етIуанэу балиейм тхьэмпэ къыпичыну щыдэIэбейм вууэ зы бжьэ цIыкIу къыжьэхолъатэ, ар Iуихуну Зубер мэIэрпхъуэр. Абы бжьэ цIыкIур нэхъри къегъэгубжь. Зубер и нэкIум псынщIэу зэрепхъуэжамкIэ гурыIуэгъуэт а бжьэ цIыкIур щIалэм къызэрылъэIэсар. Сэ абы ину сегъэдыхьэшх. Дауи умыдыхьэшхынрэт, ар апхуэдизкIэ Iэрпхъуэрти, уи гугъэнт зы бжьэ цIыкIу мыхъуу, атIэ хьэдзыгъуанэ къэпщIам хэзэрыхьауэ.

– Емынэм хуэди мыр, сапэ фIэкIа умыщIэну къысхиIуащ и шэрэзыр, – жиIэри и напIэр IэдакъэкIэ щиубыдыкIащ.

– IэдакъэкIэ умыIуэт, нэхъыкIэ хъунущ. Мыдэ сэ гъущIыпэ гуэр къыпхуэсхьынщи ар кIэрылъхьэ.

– Сыхуейкъым фи гъущIыпи!

Зубер и Iэр и натIэм къыщыIуихыжам и напIащхьэр шыкъырыфIу къытетIысхьат, къытетIысхьат хуэнэгъуейнапIэу къэпщауэ, и нэ лъэныкъуэр щIагъуэу къыщIэмыплъыжу. Къеуар абхъаз бжьэ лъэпкъ бзаджэхэм щыщу къыщIэкIынт.

Ар апхуэдизкIэ дыхьэшхэныфэ зэрыхъуам слъэмыкIыу къызжьэдишащ мы псалъэхэр:

– Бжьакъуэ лъэныкъуэ птету хъарзынэу щIалэ екIу ухъуащ, иджы мыдрейм зы бжьакъуэ тетын папщIэ нэгъуэщI зы бжьэ къеуэжатэмэ, нэхъ екIуж ухъунт, бжьакъуитI птету.

Си псалъэхэр гушыIэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ жыхуаIэм хуэдэу къыщIэкIащ: Зубер и фэр пыхьэ-пыкIыу къызжеIэ:

– ЕтIуанэ бжьакъуэр уэ фэеплъу къыпхузогъанэ, тегъэт уфIэфIыху. Аращ, уделэмэ... Игъуэ хъуащ зэ губзыгъэ дыхъуну... – фIэкIа жимыIэу, Зубер егъэкIэрахъуэри IуокIыж.

Сэ Зубер сыкIэлъыжэнут, сыкIэлъыжэнут «къэгъазэ» жысIэу сыкIийуэ, ауэ ар жыжьэIуэ нэсыжат, нэсыжам и мызакъуэу, сэ хьэкъыу зэхэсщIыкIат а дакъикъэм си псалъэм зыри къызэримыкIыжынур...

Хэт ягъэми, Мэжид си тхьэкIумэр щIиIуэнтIа отчетыр сэ а махуэм схуэщIакъым. Си Iэр Iуэхум хэмыхьэу махуэ псор екIуэкIащ, екIуэкIащ жыг хадэмкIэ сыплъэ зэпыту, зым «цырхъ» жиIэмэ, Зубер къигъэзэжа сфIэщIу. Шухьиб къытехьэжу отчетым щыщIэупщIэм «отчетыращ уэри Iуэхуу уиIэр» жысIэу си мыхабзэу лIыжьым хуэмыфащэ жэуап естыжамкIэ дадэми зэхищIыкIагъэнущ Зубер дэрэ дяку мыгуапащэу псалъэмакъ къызэрыдэхъуар.

Хэт ягъэми: лIыжьри, хъыджэбзри, бжьэри дызэхыхьэри Зубер и жагъуэ тщIащи, нобэм къэскIэ ар ди деж къэкIуэжыркъым. Ди бжьэхэм ящыщ афIэкIа жыг хадэм мыкIуэжми ярейщ, ауэ абы щхьэкIэ сэ си гур нэхъ мамырауи къысхуэщIэркъым. Лажьэ имыIэу зи жагъуэ тщIа щIалэм щхьэкIэ зэпымыууэ си гур мэубзэрабзэ. Нэху мэщри, жэщ хъухукIэ жыг хадэмкIэ соплъэ-содаIуэ. Си тхьэкIумэм имыкIыу итщ Зубер и лъэ макъыр. Апхуэдэ лъэ макъкIэ бжьаIуэм къытехьэну пIэрэ жытIати, абы лъандэрэ тхьэмахуитIым щIигъу дэкIащи, хъыбарыншэщ. Езы Зубери репетицитI хъуауэ клубым нэкIуэжыркъым, «жыгхэм хущхъуэ тыдоутхэри сыхущIыхьэркъым» жиIэу щхьэусыгъуэ ищIу жаIэ ди щIалэхэм.

Зубер а и къэмыкIуэкIэм Iуэхур къытенэмэ, си фIэщ хъуркъым жыг хадэмрэ бжьаIуэмрэ дызэрызэкIэлъыкIуэ лъагъуэ цIыкIур хэмыгъуэщэжыну. Догуэ, ар схуэфащэ-тIэ, Зубер, сэ? Сыт ягъэ кIынт, зэ къытебгъэзэжмэ?..

# Куэдым хуэlэзэ тхакlуэ



Хуэфэщэпсу къелэжь Кхъуэlуфэ Хьэчим тхакlуэкlэ, усакlуэкlэ, литературэ критиккlэ, публицисткlэ къызэреджэхэр. Ар а псоми дэгъуэу зэрыхэзагъэм щыхьэт тохъуэ абы и къалэмыпэ жаным къыщlэкlа тхыгъэ купщlафlэхэр. Ауэ lыхьэлейм икlауэ езым и гуапэу игу къегъэкlыж lэщlагъэ нэхъыщхьэу къыхихауэ щытар: журналист лэжьыгъэр. Ириуэркърэ и напщlэм телъу ноби жеlэ абы: «Сыкъызыхэкlамкlэ сыкъапщтэмэ, сыгазет лэжьакlуэщ».

Абы фэрыщlагъи пцlыи хэлъкъым – ар гъащlэм и гъуэгуанэшхуэм зэрытехьар газет лэжьакlуэущ. А гъуэгуанэм и къежьапlэ хъуари езыр къыщалъхуа Бахъсэныпс бжьэпэращ. Адыгэ къуажэхэм я нэхъ ин дыдэ Дыгулыбгъуей щыщ щlалэщlэм жыжьэ мыкlуэу лэжьапlэр къыщигъуэтат Бахъсэн (иужькlэ къалэ хъуам) къыщыдэкl «Коммунист» район газетым. Ауэ угъурлыуэ къыхущlэкlа, къежьэкlафlэ щыхьуа а лъахэм гъуэгуанэ дахэ ущытехьэн папщlэ япэ щlыкlэ дунейм укъытехьэн хуейти…

Пэжщ, Хьэчим къыщалъхуа илъэсыр, абы щыгъуэ ар сыт хуэдизкlэ цlыкlуами, ноби зытригъэчыныхьыр 1939 гъэращ. Абыкlэ щlалэм акъылэгъу къыдохъу зи плъыфэхэмкlэ зэщхьэщыкl и тхылъу хъуар: уи комсомол билети, уи военнэ билети, уи парт билети, уи… Къыфlэбгъэкlмэ, и лэжьакlуэ тхылъми аращ итыр. Арщхьэкlэ а псори пцlыуэ къыщlрегъэдз къэралым и цlыхухэм зэрахьэ документ нэхъыщхьэм: паспортым.

Ар адрей тхылъу хъуам нэхъри нэхъ лъэщу къызэрыщlэкlам ехьэлlауэ, дзадзу цlыкlуу щытами, къыщалъхуар «зыщlэж» езы Хьэчим жиlэращ: «Нэмыцэ фашистхэм дыщаубыда лъэхъэнэм ди унагъуэ тхылъхэр кlуэдащ. Къэрал хъумапlэм щlэлъ тхылъхэми дэ дызыхуейхэр яхэдгъуэтэжакъым. Апхуэдэу щыхъум, сыкъыщалъхуам ехьэлlа тхылъыр щlэрыщlэу зэфlэгъэувэжын хуейуэ къытхудэкlащ. Ар къыщыщlэдзэн хуейр дохутырхэм я комиссэрат. Абы схьа лъэlу тхылъым сыкъыщалъхуа илъэсу итыр 1939-рт. Комиссэм хэт дохутыр тlорысэм

сыкъызэпеплъыхь-сынызэпеплъыхь. Балигъыфэ къыстеуауэ зэрыплъытэн нэщэнэ лъэпкъ къыздумылъагъуну, сыщIалэ гъурыжь цIыкIути… Тхьэм ещIэ, комиссэм хэтхэм къэзгъэпцIэну яужь ситу къащIыщыхьуар, сыт хуэдизкIэ сыдэуа пэтми, мохэр нэхъ къарути, зы илъэскIэ сынэхъ щIалэу сыкъыщIрагъэдз: 1940 гъэм «сыкърагъэлъху». Сэ слъэкIрати, Iэджэрэ сахутекIакъым 1939 гъэм сыкъызэралъхуам. Аращ, паспортым къищынэмыщIа, адрей си тхылъу хъуам 1939 гъэм сыкъалъхуауэ щIитыр… ИужькIэ, сыт сщIэнт, сфIэфI-сфIэмыфIми, документ нэхъыщхьэм сызэрыратхам арэзы сытрагъэхъуауэ, зы илъэскIэ нэхъыщIафэ къыстезыгъэуахэм фIыщIэ щахуэсщIи къыхэхуэу сыкъокIуэкI».

Дэри зэгуэр щыуа дохутырым и лъэныкъуэ дыщIэхъуми щхьэусыгъуэ иIэщ: и ныбжьыр илъэс блыщIым щIигъуауэ хуумыгъэфэщэну, ноби щIалафэ тетщ адыгэлI къекIу КхъуэIуфэ Хьэчим. Пэжщ, щыщIалэ гъурыжь цIыкIум щыгъуэ ар зы илъэскIэ нэхъыщIэу къыщIезыгъэдза дохутырым нобэ къилъэгъуамэ, къэуIэбжьынт икIи къицIыхужынтэкъым лIы берычэтышхуэ, утыкухэр зыгъэбжьыфIэ, зи щхьэпэлъагагъкIи, зи гъумыщIагъкIи гу зылъозыгъатэу ныбжьэгъухэм къахэщ КхъуэIуфэ Хьэчим.

А и теплъэ къудейм и закъуэкъым Хьэчим цIыхум къазэрыхэщыр – и акъыл жанымкIи, цIыху хэтыкIэмкIи, адыгэбзэми урысыбзэми дагъуэншэу хуэIэрыхуэу утыку ихьэкIи къикIыжыкIи зэрищIэмкIи щытхъушхуэ къэзылэжь адыгэлI нэсщ КхъуэIуфэр. Хьэчим и псэлъафэщ: «Сэ зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэшыгъэр щагъэлъапIэрэ лъэпкъыбэу зэхэта Совет Союзышхуэм сыкъыщалъхуащ. Абы щызекIуа хабзэ дахэхэм сыщIапIыкIащ. Ахэр сымыбгынэу сызэрыпсэунми сыпылъщ».

А Iуэху еплъыкIэм емыпцIыжу дунейм тетщ икIи мэлажьэ КхъуэIуфэр. Абы лъэпкъ зэхэгъэжи цIыху зэхэгъэжи иIэкъым – цIыхугъэрэ хабзэрэ зыхэлъ дэтхэнэ зыми зыдрегъэкIуф. Егъэныбжьэгъуф. И тхыгъэхэмкIи къыхуреджэ цIыхухэр фIыуэ зэрылъагъуным, пэжыгъэр, напэр хъумэным. ИтIанэ – лIыгъэм. А псомкIи езыми щIыхуэ зытригъахуэркъым. Ар ящыщкъым сэ жысIэр щIэи, сэ сщIэр умыщIэ жызыIэхэм. Абы литературэм къыщигъэщI лIыхъужьхэм яхилъхьэ хьэл-щэнхэр езым и дуней тетыкIэм, и Iуэху еплъыкIэхэм ещхьщ. Ар хыдолъагъуэ адыгэ художественно-документальнэ прозэм и зэхэублакIуэу ябж КхъуэIуфэм и творчествэ лъэщым. Хьэчим гулъытэшхуэ зыхуищI лъэныкъуэхэм ящыщщ къэмыгупсыса, атIэ ипэжыпIэкIэ щыIа Iуэхухэр, псэуа цIыхухэр мыкIуэдыж, уахътыншэ щIыныр. И акъылрэ и псэкIэ зэригъэзахуэу абы къалэмыр къызэхуищта дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри, цIыху гъащIэри ди тхыдэм, ди зэхэтыкIэм я гъуджэ нэху мэхъу. Апхуэдэ тхыгъэ куэд къыщIэкIащ КхъуэIуфэм и Iэдакъэм. Абыхэм ящыщщ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан Хэку зауэшхуэм щыгъуэ зэрихьа хахуагъэхэр къыщигъэлъэгъуа «Къуршыбгъэм и уафэр лъагэщ» документальнэ повестри. Хьэчим и творчествэм и хьэсэпэр зэрыиныр, абы и гупсысэхэр зэрышэщIар мы тхыгъэ гъуэзэджэми къыщыгъэлъэгъуащ. КхъуэIуфэм и повестым лIыхъужь нэхъыщхьэу хэтыр щхьэмыгъазэу зэуа адыгэ щIалэ кхъухьлъатэзехуэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъану щытми, тхакIуэ Iэзэр а зы ЛIыхъужьым деж къыщызэтеувыIакъым – абы гулъытэншэу къигъэнакъым нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIауэ Ахьмэдхъан къыдэзэуахэми къагъэлъэгъуа хахуагъыр. Мыбдежми адыгэ тхакIуэм зыщигъэгъупщакъым къэралыгъуэшхуэу щыта Совет Союзым и текIуэныгъэкIэ зауэр зэриухамкIэ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм, ахэр

быдэу зэрызэкъуэтам мыхьэнэ ин зэриIар. Ар зэрыпэжыр щIубзыщIыни щыIэкъым. Къанкъуэщыр Къанкъуэщ зыщIар ар зыгъэса, зыщIапIыкIа зэхэтыкIэрщ, къыдэзэуа ныбжьэгъухэрщ, Хэкум, къэзылъхуа лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэшхуэрщ. Мис а псори уи фIэщ хъуурэ, тхакIуэ Iэзагърэ зэфIэкIрэ бгъэдэлъу къыщигъэлъэгъуащ КхъуэIуфэм и повестым.

ЗэрытхакIуэшхуэм, зэрыжурналист Iэзэм къыдэкIуэу, КхъуэIуфэ Хьэчим къулыкъу IэнатIэ куэд щызэрихьащ ди республикэм. ЗэрыжытIащи, 1964 гъэм КъБКъУ-р къиухщ, район редакцэм къыщыщIидзэри, ар щылэжьащ «Советская молодежь» газетым, телевиденэм, «Блокнот агитатора» журналым, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм щэнхабзэ Iуэхухэмкlэ дапыщIауэ щытыныр зи пщэ дэлъ «Родина» обществэм, КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ радиомкIэ и секторым и унафэщIу щытащ. А къулыкъу IэнатIэхэм щыпэрытым къигъэлъэгъуа зэфIэкIхэр къалъытэри, КхъуэIуфэр 1986 гъэм ягъэув Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м телевиденэмрэ радиомкIэ и Къэрал комитетым и тхьэмадэу – а IэнатIэр министр къулыкъум пащIырт. ИтIанэ Хьэчим щолажьэ «Адыгэ псалъэ» газетым, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу.

1998 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм КхъуэIуфэр кърупашэ щащIым щыгъуэ, абы апхуэдэ пщIэ щIылъагъэсар литературэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ и творчествэмкIэ фIыуэ яцIыхурт, ирагъэз дзыхьыр зэригъэпэжынум шэч къытрахьэртэкъыми аращ. ТхакIуэхэр щымыуауи къыщIэкIащ: Хьэчим дэгъуэу зэрихьащ и пщэ къыдалъхьа Iуэхур – тхакIуэхэр зэгуригъаIуэу, хузэфIэкIыр яхуищIэу лэжьащ. Дауи, апхуэдэ зэфIэкIыфIхэр зэриIэр къалъытащ ар Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым и секретару щыхахым щыгъуи. Ди тхакIуэхэм я союзым и унафэщIу зэрыщытын хуей пIалъэр щиухым, ар тхьэмадэщIэу хахам и къуэдзэу къагъэнэжри, а къулыкъури илъэситхукIэ зэрихьащ.

Къулыкъу IэнатIэхэу сыт хуэдиз зэрихьа пэтми, КхъуэIуфэм зэи зыщигъэгъуэпщакъым къызыхуигъэщIа икIи дэгъуэу зыхэзагъэ къалэн лъапIэр – тхэныр. Абы и Iуэхур Iэпэдэгъэлэл щищIа зэман къэхъуакъым. Арыншамэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи абы къыхудэгъэкIынтэкъым критикхэми, тхакIуэхэми, щIэджыкIакIуэхэми щытхъу куэд зыхужаIа и тхылъ къомыр. Абыхэм яхэтщ усыгъэхэри, рассказхэри, повестхэри, очеркхэри, публицистикэри, литературэм теухуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсахэри. А псоми КхъуэIуфэм и нэпкъыжьэ ятелъщ. И псэ Iыхьэ яхэлъщ. Хьэчим и пщIэр зыIэтхэм ящыщщ «ЩIакIуэ кIапэ» (усэхэр), «Зауэм и IэпапIэхэр», «Гъатхэм и ныбжьыр», «Мэзыр жыг зырызу зэхэтщ», «ЗэIущIэ гуапэхэр» прозэ тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Ауэ и творчествэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, общественнэ гъащIэми жыджэру хэт КхъуэIуфэ Хьэчим республикэм и тхакIуэхэм я зэIущIэ нэхъыщхьэм (съездым) нэгъабэ аргуэру щыхахащ я Союзым и правленэм и тхьэмадэу. А псом къикIыр гурыIуэгъуэщ: КхъуэIуфэм цIыху хэтыкIэ ещIэ, и тхакIуэгъухэм задрегъэкIуф. Абыхэм я лIыкIуэу, я уэчылу утыкухэм йохьэф, и ныбжьэгъухэр зыхуэныкъуэ, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр унафэщIышхуэхэм я пащхьэм ирелъхьэф. Ауэ щыхъукIи, зэхэгъэж имыщIу, ар псоми зэхуэдэу яхущытщ. Зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, Хьэчим тхакIуэхэм фIыуэ къыщIалъагъур, пщIэ къыщIыхуащIыр, ныбжьэгъу щIикуэдыр аращ. Абыхэм яхэтщ езым университетым къыщыдеджахэр, иужькIэ къыдэлэжьахэр. Ахэр нобэр къыздэсым зэрыгъэпэжу ныбжьэгъугъэкIэ зэбгъэдэтщ. Я гуфIэгъуэми я нэщхъеягъуэми

зэрыщIэу, зым адрейм зыщIигъакъуэу Хьэчим дэгъуэу ядогъуэгурыкIуэ Толгуров Зейтун, Гуртуев Сэлихь, Занкишиев Хъусен, Зумакулов Борис сыми нэгъуэщIхэми. А зэхущытыкIэ дахэ тету КхъуэIуфэр ябгъэдэтащ балъкъэр тхакIуэ нэхъыжьхэу Гуртуев Берт, Залиханов Жанакъаит, Макитов Сафар, Зумакуловэ Танзиля, Теппеев Алим сыми, нэгъуэщI куэдми.

Ауэ псом хуэмыдэу КхъуэIуфэр ирогушхуэ, ирогуфIэ дуней псом щыцIэрыIуэ усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын гуапэу къызэрыхущытам. «Сэ сынасыпыфIэт, – игу къегъэкIыж Хьэчим, – Къайсын щIэх-щIэхыурэ сыхуэзэу, абы сригъусэу гъуэгуанэхэм сытехьэу, ар къызэрыпсалъэм сызэредаIуэу щытамкIэ. Кулиевым жиIэхэри, и цIыху хэтыкIэри дахэт – акъыл къызыхэпхынт, узыдэплъеинт… Си щхьэ схутелъхьэнукъым, си жьэ къысхуегъэкIунукъым а усакIуэшхуэм сриныбжьэгъуу щытащ жысIэну. Ауэ шэч зыхэмылъыр зыщ: абы пщIэшхуэ хуэсщIу, и гъусэу зыщIыпIэхэм сыкIуэу, седаIуэу, сыкIэлъыплъу щытащ. Езыми сигъэгушхуэрт. Си цIэ фIыкIэ жиIэрт. Ар насыпышхуэт сэркIэ. Псалъэ гуапэхэр къысхутритхэу Кулиев Къайсын тыгъэ къысхуищIа и тхылъхэр си унэ илъхэм езгъэфIэкI фIыгъуэ лъапIэу сохъумэ. Ныбжьэгъухэм, къысхуеблагъэхэм ин срихъуу, зызгъэщIагъуэу сакъыхуоджэ Къайсын и тхылъхэм ящыщ зым къысхутритхэгъа мы псалъэ гуапэхэм: «Хачиму Кауфову, замечательному кавказцу. Чудесному кабардинцу, красивому и талантливому человеку, моему другу с любовью. К. Кулиев. 22 января 1971 года».

Гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу, хэбдзыни хэмылъу мы псалъэшхуэхэр зыхужаIа КхъуэIуфэм нэхъ къызэрищтэм хуэдэу дэри къыщIэтхьар ахэр адыгэбзэм къытхуимыгъэтIэсэну аратэкъым – апхуэдэ щытхъушхуэр гупыж зэращIа бзэм дыхэмыIэбэн папщIэщ.

Дуней псом щыцIэрыIуэ усакIуэшхуэм и щытхъу дахэр къыщыплъысам ущIалэт, Хьэчим. Кулиев Къайсын къызэрыпщыгугъар, ар зэрыщымыуар бгъэпэжу, бгъэлъагъуэу нобэм укъэсащ. Иджы, лIыпIэ уиуващи, уэ нэхъыбэжкIэ дыпщогугъри, дыкъыумыгъэщIэхъуу куэдрэ утхуэлэжьэну Тхьэм жиIэ.

КХЪУЭIУФЭ Хьэчим

# Жэщ усэхэр

## МЫНАРТ ХЪЫБАРХЭР

*Нэсрэн ЖьакIэ и гыз макъыр*
*Iуащхьэмахуэ къытоIукI*

**«Нарт хъыбархэм» щыщщ.**

**ЖысIэну си Iупэм къэсат ар –**
**Къыхэпсти «Нартхэм» зы лъэужь:**
**Къэхъунур зыщIэуэ Кассандрэр**
**И шыпхъуу пIэрэт Уэрсэрыжь?**

**Пасэрей грекхэм я нэщӀэбжьэр**
**Щхьэ дэри натӀэ тхуэхъугъат?**
**Алыджхэ — хэт ар? — я унэжьыр**
**Щхьэ мы нарт хэкум щаухуат?**

**А къуажэхь къомым хэт хуэныкъуэ?**
**Хэт хуэщӀыжыну ар зэтес?**
**И куэпкъ пщӀанитӀыр Сосрыкъуэ**
**И лъэдакъэпэщ Ахиллес.**

**И къару лъэщыр кӀуэщӀыж хабзэт,**
**ЩӀым къытрачмэ, Антей…**
**Ди Ашэмэзым фӀыр и шабзэт —**
**Бжьамийр игъаджэм — бэвт дунейр.**

**Хуэхъунущ тхыдэм ар и адэ:**
**ФӀылъагъуныгъэр уи япэ итым,**
**И кӀапсэм хуэдэу Ариаднэ,**
**Укъришынущ лабиринтым.**

**Тхыдэжьыр дгъафӀэу ди хьэлщ, ауэ**
**СфӀэпшагъуэщ икъукӀэ ди пщэдейр.**
**Къыр дзакӀэм плӀэӀукӀэ еӀулӀауэ**
**КӀэрылъщ иджыри Прометейр.**

**МэкӀуэд адыгэм и бэр хейуэ.**
**Хэхэс щыхъуакӀэ — ер и щӀыӀущ.**
**Къырым къинащи Прометейуэ,**
**И гущхьэр бгъэм еуӀу, еуӀу…**

**Нэсрэн ЖьакӀэу триӀуэну**
**Абы адыгэм фӀэтэрэзщ.**
**Ар кӀуэуэ псэууэ къишэжыну**
**Дэнэ къитхыну Батэрэз?**

**Си гум и пшынэщ а хъыбарыр —**
**Теурэтым нуру къыхощыж:**
**И лъэпкъыр Мусэ бегъымбарым**
**Мысыр гъэрыпӀэм кърешыж.**

**«Тенджызым тедзэ а уи башыр!»**
**Тхьэр къыхуоупсэри къоджых…**
**Псыр зэпокӀуэтри, нэхъ кӀашэр**
**Я кум дэкӀыхукӀэ мэужьых…**

**Дэри ди дежи ар къэсатэм, -**
**Тхьэм и джэ макъыр … и башыжь…**
**Дапщэщ ар? КъащIэт уэ, Кассандрэ,**
**Е усэрэжу Уэрсэрыжь…**

*2006 гъэ*

## БРУТ

*И ты, Брут?!.*
**Шекспир. «Юлий Цезарь»**

*ФIы щIэи, псым хэдзэ.*
**Адыгэ псалъэжьщ.**

### I

**Куэд щIауэ хуэдэ къэмыхъуауэ,**
**КъэскIат а махуэм, хыщIэт Рим, -**
**ЛIыукIхэр сэкIэ къепыджауэ,**
**Сенатым Цезарь щыукIурийм.**
**Къеуахэм Цезарь яхэплъауэ,**
**И гущхьэр зым нэхъ фIиубрут**
**Къуэ ищIа щIалэр… «Мыр дауэ?**
**Уэри мыбыхэм уахэт, Брут?!»**

### II

**А Брут, е Цезарь я тхыдэшхуэм**
**ХищIыкI сыт щыIэт си адэшхуэм?**
**ХуащIар зымыщIым зикI хъымпIар**
**Фэ иримыплъу ар есати,**
**ЖиIэжырт куэдрэ зы хъыбар.**

### III

**ЛIыфI гуэр зыгуэркIэ къыщIэхуати,**
**Щылът зэщIапхауэ.**
**Къуажэр зэхуэсати,**
**Пщы бзаджэр псоми яхогуауэ:**
**«Мы лIыр, пщIэ щIаткIэмэ, иукIыну**
**Зыгуэр фэ жылэм къыфхэкIыну?»**
**ЩIыхуфIу къуажэм лIыр дэсауэ**
**ЯщIэжти — хэт къихьынт гуэныхь?**
**«Хэт?» - матхъуэ ябгэр, къэгубжьауэ.**
**АрщхьэкIэ - зыми, зыми «быхъ»…**
**Апхуэдэу щытхэу, щIалэ пIащэ:**

«Сэ сывгъэукI ар» - къэкIуэтащ.
Ар щызэхихым, зи суд ящIэр
«ХьыI…» - жери, дыджу дыхьэшхащ…
Абы пщыр нэхъри къегъэгубжь:
«УщIэдыхьэшхыр къызжумыIэм,
ПхуэсщIынщ уи лIэкIэр нэхъри ткIыбжь,
УезгъэукIынкъым, хьэзабищэр
Уэ птелъу, пхауэ узгъэлIэнщ…»
«Хъунщ-тIэ, мыр псалъэу ныбжесIэнщ:
Iэщ уэд упIам, уи Iупэр дагъэ,
И пIалъэр къэсмэ, къыпхуищIынщ,
ЩIыху уэдыр упIмэ, - ар жыжьэ, благъэ —
Зэгуэр уи Iупэм къеуэжынщ…»
Абы и жыIэм пщыр хегъаплъэ:
Зеиншэ гуэру мис а щIалэр
ИпIат мо лIым, зы хуэмыныкъуэу,
Ешхь жыпIэу Цезарь и мылъхукъуэм.
Пщым кIэщIу ещIыр и унафэр:
«ПэшэгъуфымыщI фIым игъэудафэр.
Мо щIалэр дэфху мы жылэм нобэ,
Сэращи, мис, зэхэфхыу, тобэ
Си судым щхьэкIэ къызохьыж.
Мыр фтIати, хуиту футIыпщыж…»

## IV

А Брутхэр зэикI хэкIкъым тхыдэм.
Дунейр хагъэкIкъым хьэргъэшыргъэ.
ФIэлIыкIкъым тхьэхэми я шхыдэм.
Иджыкъэ ену щыетар.
Ди къэралыжь мыгъуэр зыкъутар
А Брутхэр мыхъумэ, хэт фи гугъэ?
ЗыпIар, лъэкI яIэр къезытар
Иращэжакъэ пцIыIуэпцIышэм —
Хьэрэм яхухъуи хэку быдзышэр!

## V

Дэри зы пщыжь диIамэ, хъунти,
А Брутхэм я кIэр кIэщI ищIыну.
АрщхьэкIэ щIэхыу ар бгъуэтынти!
Ерум дэ тщIэркъэ гъуэгу езытхэр.
Къаубыду Брут пхуагъэтIысын,
Хьэмэ я къуажэм пхудахун —
Апхуэдэ Брутхэмэ езыхэр?

VI

**Уи япэ мывэ бгъажэм ухуозэж —**
**Арт и философиер ди дадэм, -**
**Здынэсым уи хьэсэпэр ухуокIуэж,**
**Бгым удэкIыфами я нэхъ задэм.**

VII

**НэхъыфI хэмыт злэжьауэ хъуам:**
**А псоми зэуэ сахэдэжмэ,**
**Зы зэман гуэр фIы зыхуэсщIам,**
**Сэ сымыщIэжу, ар ищIэжмэ!**

*2008 гъэ*

## СЭЛЭТХЭМ Я КХЪАЩХЬЭ

*Пычыгъуэ*

**Пшэхэр зоуэр Iэрамэу.**
**Щылъщ сэлэтхэр, мыхъей.**
**ЩIы хъуреййр я казармэу,**
**ХэмыщтыкIыу мэжейр.**
**Зэпычащи гъуэгуанэр,**
**Щыджэлам деж щожей.**
**Я пIэщхьагъыу щIы пщIанэр,**
**Я джэбыну я цейр.**
**Абы я кхъэр ин дыдэщ,**
**ЗэрытIари бел инщ.**
**И зы гъунэр Индылырщ,**
**И зы гъунэр Берлинщ.**
**Зэрыщыту Европэр**
**А зы кхъэм иуфэбгъуащ.**
**Уафэр лъалъэу нэпс топу,**
**Гъатхэ тIощIкIэ тегъащ.**
**Ауэ щIалэщ сэлэтхэр.**
**Я гъуэгу тIэкIур я ныбжьщ.**
**ФIыщ я нэгум щIэлъэтхэр,**
**Гугъэр, гугъэр я ныпщ.**
**Я сэфэтым уеплъыпэм,**
**Лъэпкъыу диIэм ещхь хэтщ, —**
**Сыт хуэдами я плъыфэр**
**Я нэкугъуэм, я щхьэц.**
**Нэчыхь зытх ефэндыуэ**
**Шэм Iэпэгъу зэхуищIащ.**
**Жор пщIэхэлъми, е дыуэ —**
**А зы диным ит хъуащ.**
**Лъэпкъхэм яIэр къуэ щыпкъэу**
**Ещхьщ мыбы къагъэкIуам.**
**Арщ щIыфIащыр «къуэшыкхъэ»**
**Кхъэ лэгъунэ хэхам.**
**Сыт я тхылъхэм ярытми,**
**Псэр зэгъусэу ятащ…**
**Ахэр жейрэ-тIэ, сытми -**
**ТIэкIу щхьэукъуэу аращ.**

*1966 гъэ*

# Уэрэдыжь макъамэхэр

## СТЕНЬКЭ РАЗИН

*Б.А.*

I

**Тетщ Индылым Стенькэ Разин**
**ТIэкIу щIикIарэ, къэжанау.**

**Пхуик1уэтынкъым фэнк1э ар зи,**
**Исщ и куэщ1ми къэжэр «наур».**
**И ныбжьэгъухэр атаманым**
**Къыхуэхъущ1эу къызэхех:**
**«Фызщ и 1уэхур, ар тэмэмым**
**Тхьэр догъэпц1ыр — напэтехщ».**
**Къыщолъэтыр а л1ы дакъэр,**
**«Наур» кхъуафэм трепхъуэт.**
**Къэжэрыпщым и пхъу дахэр**
**Къамыл пхыру псым епхъуэт.**
**Уэ Индылу хыр зи лъащ1э!**
**Пщащэ нэпсыр 1эк1э лъэщ1.**
**Л1ы губжьам уэ къуит нысащ1эр**
**Шэ лэгъунэми, 1эпл1э хуэщ1!**
**Уэ Индылу псыжь емынэ,**
**Зи нэр щыпк1ыурэ ежэх,**
**И къэшэныр ерып1ынэм**
**Дауэ щэхуу уэ бгъэбзэхт?!**
**Сэри хуэдэр здэнт къызатым —**
**Уэ къурмэну къыпхуахьам.**
**И саугъэтыр Дон къэзакъым**
**Уэ жы1эжыт зыдэпхьар.**
**Л1ым я пхъашэу Стенькэ Разин,**
**Гум и фадэр мис а зырщ —**
**Лъагъуныгъэрщ! Дэнк1и гъази,**
**Ф1ыр хутыкъуэм, ер хьэзырщ.**
**Пщ1эрэт ар хуэхъунум дамэ**
**Уэ уэрэду пхуаусам,**
**Кхы1эщ1ихыу и 1эм къамэр**
**Уэ ныбжьэгъуу къопц1ыжам?**
**Сигу хощтык1ыр сэри щ1ы1эу —**
**Къохъу апхуэдэуи зэман —**
**Къысхуэк1уэну п1эрэ - жыс1эу**
**Уэ уи махуэр, атаман!**

**II**

**Си ныбжьэгъуу физкъэмышэ,**
**Зи щауэгъуэр зик1 имык1,**
**Шы жагъыным и къамышу**
**Псалъэ хъуэрхэр тк1эрымык1.**
**Къытхуошхыдэр ди 1ыхьлыхэр,**
**Хэти мабжэ, хэти магъ:**

**Хъуатэм зэ губзыгъэ мыхэр,**
**Ягъуэтатэм зэ пӀэщхьагъ…**
**Ди ныбжьэгъухэми ардыдэр,**
**ПцӀыр сыт щхьэпэ, жаӀэрейщ,**
**Ауэ Разин и дыдыдыр**
**Дерс тхуэхъуами дэ ярейщ.**
**Дыдихьэхыурэ нэмыс щӀыным,**
**Яужь псоми дыкъинащ,**
**«Фызщ и Іуэхур» - хъуэн тхуащӀыным**
**ДыфӀэлӀыкӀыу дунейр тхьащ.**
**Къибжыфыну ар зыгуэрым —**
**Дапщэ дыгъэу гъэ кӀыхь кӀуахэм**
**КъытхукъуэкӀыу кӀуэдыжа?**
**Къэжэрыпщым и пхъу дахэу**
**ГъащӀэ бзаджэм и псы уэрым**
**Дапщэ дэри хэддзэжа?**
**Зэман хъыжьэм зэпеч псори,**
**ЗэпытщӀэжхэр — зэпочыж.**
**КъытхэкӀакъым дэ Печорин -**
**Сыт ухуейми зыфӀэщыж.**
**Мис иджы дытесщи ныджэм**
**Сыт, ди Іэпэм додзэкъэж,**
**Псы толъкъунхэр зэкӀэлъыджэу**
**Тенджызыщхъуэм холъэдэж.**
**Псыхьэлъахуэу епхъуэт блахым,**
**Ди цӀэр теткъэ — зы къахэх,**
**Къэжэрыпщым и пхъу дахэу**
**Ди щӀалэгъуэр ирахьэх.**

## ЖЭЩ УСЭХЭР

**Сефэнщ, сыт сщӀэн, нитросорбид.**
**Гу узым Іэдэуэ сеубыд.**
**ЖесІащ дыгъуасэ си дохутырым:**
**— И блэгъум схуиплъэт уи дэфтэрым,**
**Сыт нэхъ фӀэзахуэр медицинэм,**
**Нэсауэ пӀэрэ Іуэхур и нэм?**
**Іэмал зимыІэр къэблэгъа?**
**Е тӀэкІу иӀэжу хэплъэгъуа?**
**— КъобэкӀ уэ хъуащ холестериныр,**
**Къыпщхьэщыхьащ узыфэ иныр.**
**— Дохутыр, щӀы хьэкъ, сэ сымышынэ.**
**Алыхькъым, пэжкъэ, медицинэр?**

**Сыхуэарэзыщ сэ къэзгъэщӀам.**
**Зыгуэрым и гур хэзгъэщӀам,**
**Спшынынщ абыи и гуэныхьыр!**
**ХэмыкӀыр пщӀэрэ сэ си пщӀыхьым:**
**Сэ гуащӀэр сщӀами си хьэрэм,**
**Сошынэ хуахьмэ ар аркъэм —**
**Тхьэм и ӀэмыркӀэ къэхъуа Ӏуэхур**
**Зыгуэрым жиӀэм, фӀэмыӀуэхуу:**
**«Ар зыхьа мыгъуэр ирифарт,**
**Плъагъунти хъумэ ар инфаркт.**
**Зыхуэсакъыжу тӀэкӀу щытам!»**
**Абыхэм си гур яхуэжам,**
**Си нэпсым нитӀри сфӀаубыд.**
**Сыт сщӀэн, сефэнщ нитросорбид.**

*19.12.2003*

* * *

**ЛыфӀ дыдэр дунейм ехыжауэ,**
**А махуэм щыӀэт жэназы.**
**Псэм къешылӀами куэдкӀэ гуауэр,**
**Сигу нэхъ къинакъэ сэ мы зыр:**
**Хьэдагъэ фызхэм зэрымыщӀэу,**
**Хъыджэбз цӀыкӀу закъуэ къахэжащ,**
**Щыт псоми я гур игъэхыщӀэу,**
**ЛӀа дахым «Па-пэ!» — кӀэлъыджащ.**
**А макъым хэти къигъэщтати,**
**И гуауэ мафӀэм псори дист.**
**Ухуеймэ, кхъаблэр къэзыщтахэм**
**Къагъэзэжыным апхуэдизт.**
**Хьэдагъэ фызхэм къоӀур жаӀэр:**
**«УимыӀэм гугъукъэ щыгъуэн бын…»**
**«ТхьэмыщкӀэ цӀыкӀум и джэ макъыр**
**Зэхихыжын мыгъуэ абы…»**
**… ПпэсщӀын уэ щыӀэ уафэ щӀагъым,**
**Си хъыджэбз закъуэу си щӀыкӀафӀэ!**
**Мы дунеижьыр зи инагъым**
**Зы насып нуру сэ щызгъафӀэ!**
**Нэщхъей зыгуэркӀэ укъэхъуамэ,**
**Сэ жей сиӀэжкъым, си псэ тӀэкӀу.**
**Уэ «папэ» — жыпӀэу зэхэсхамэ,**
**Мо шэху уэздыгъэу си гур мэткӀу.**
**ЦӀыху цӀыкӀум и щхьэм псори хуехьыр —**

**ЩIэгузэвэнур, сыт, къобэкIри.**
**Сэ сыкъэскIат а лIам ипхъу цIыкIур**
**Уэрауэ хуэдэу си гум къэкIри.**
**Апхуэдэу гъыуэ щIыр зэщыджэу,**
**Зэгуэрым сэри сыдахынущ.**
**Уэ «Па-пэ!» — жыIи къыскIэлъыджэ —**
**Iэмал имыIэу зэхэсхынущ.**

*1998 гъэ*

* * *

**Къысхуигъэгъуэкъым сэ гъащIэм зы хъати.**
**СырeIулI «напэншагъэм и пкъом».**
**Мис аргуэру, сыкIуауэ ахърэтым**
**Ситым хуэдэщ и пащхьэм Сэром.**

**Ситым хуэдэщ и пащхьэм Сэроми,**
**КъызоупщI, къыстредзэр удын:**
**— Ялэжьыфыр тхьэмыщкIэ, фIей псоми**
**Дауэ плъэкIрэт уэри блэжьын?!**

**— Къысхуэгъэгъу, Сэро дыщэ, сыкъуаншэщ,**
**КъыстекIуащ сымыщIэххэу шейтIан.**
**ГъащIэм куэдрэ пцIыупсхэр и къанхэщ.**
**Счынкъым пхэнжу афIэкI зы лъэдан.**

**— Хьэуэ, — жеIэр Сэром напщIэуфэу, —**
**Хьэуэ, хъункъым уэ зыри къыпхуэгъу,**
**Уи къуаншагъэр сфIэтопщ нэм щIэмыхуэу,**
**Шхийуэ щытми, си дежкIэ ар бжэгъущ.**

**— Хьэуэм, хьэуэ. СешалIэ щхьэпылъэм.**
**Тех, ажал, уи хьэджэсэм дохъутейр!**
**Схуэбгъэгъун зы мэскъали сэ хьэлъэм,**
**Сэ фIы куэдкIэ сщыгугъ хъунщ дунейр!**

**СикIуэтыжкъым зэгуэр сыкъуэншамэ,**
**Къыслъагъэсыр сшэчын сыхьэзырщ, —**
**Хьэрэмыншэу соджэгу, сыхэнамэ,**
**Стырырелъхьэ схуэфащэу тезыр!**

**Ауэ  хэти къыспихьэм фасикъыуэ,**
**Сэри си гум бажафэ тездэнщ.**
**УитI, хэнакъэ, — щыжиIэ дакъикъэм,**
**ЩIэхуа тузыр сэ Iэнэм тездзэнщ.**

*1967 гъэ*



*Критикхэми, тхакIуэхэми, щIэджыкIакIуэхэми Мэзыхъэ Борис нэхъыбэу къызэрацIыхур ар адыгэ новеллистикэм и зэхэублакIуэу зэрыщытымкIэщ. ТхакIуэ куэдым къайхъулIэркъым псалъэ мащIэкIэ гупсысэшхуэ къэIуэтэныр. Мэзыхъэр а жанр мытыншым дэгъуэу зэрыпэлъэщыр пасэу наIуэ къыщыхъуащ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа и япэ новеллэхэм. АбыхэмкIэщ зэман кIэщIым къриубыдэу ар тхакIуэ цIэрыIуэ зэрыхъуар. А тхэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ Мэзыхъэ Борис лъэщIыхьа къахэкIагъэнкъым нобэрей ди тхакIуэхэм.*

*Апхуэдэу зи дамыгъэ зиIэжу адыгэ литературэм къыхыхьа Мэзыхъэ Борис 1940 гъэм и апрелым Щхъэлыкъуэ къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр а къуажэм къыщиухащ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъукIа щIалэ цIыкIур школ нэужьым колхозми щылэжьащ. ИтIанэщ ар щыщIэтIысхьар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. А еджапIэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ къыщIэзыха Мэзыхъэ Борис къулыкъу IэнатIэ зыбжанэ зэблихъуащ: ар щылэжьащ печатым и щэхухэр щахъумэу КъБССР-м щыIа IуэхущIапIэм, «Ленин гъуэгу» газетым (корреспонденту, отделым и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэу), КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ радиомкIэ секторым и унафэщIуи щытащ, Мэзыхъэр тIэунейрэ хэхащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Ар Урысейм и Журналистхэм я союзым и Федеративнэ Советым хэтщ. Ди республикэм и Журналистхэм я союзым и унафэщIщ, къэралым и ТхакIуэхэм я союзым зэрыхагъэхьэрэ куэд щIащ.*

*Художественнэ творчествэми общественнэ лэжьыгъэхэми ехъулIэныгъэфI щызиIэ Мэзыхъэ Борис хуэфащэ гулъытэ игъуэту и къалэнхэр егъэзащIэ: ар УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, абы къыфIащащ Адыгей Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэри. Мэзыхъэм къыхуагъэфэщащ Урысейм и Журналистхэм я союзым и саугъэтхэри, ЩIыхь, Щытхъу тхылъ зыбжани.*

*«Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэзэшибл», «ПцIащхъуэ хужь», «Мазэхэ жэщ», «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ», «Къуажэ пшыхьхэр», нэгъуэщI тхылъхэмкIи дызыгъэгуфIа Мэзыхъэ Борис и ныбжьыр илъэс блыщI ирикъуами, творческэ зэфIэкIышхуэ иIэу ноби ехъулIэныгъэкIэ тхуолажьэри, ди гуапэу дохъуэхъу дяпэкIи нэхъыбэжкIэ дигъэгуфIэу куэдрэ тхуэпсэуну.*

# Вагъуэхэр гъунэгъу къыщыхъукIэ

Ди литературэм зырызыххэщ хэтыр тхэным (художественнэ тхыгъэ къэгъэщIыным) фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зэримыхуэу, абы ирипсэууэ. Мэзыхьэ Борис и гугъу пщIымэ, ар пасэу дихьэхат журналист IэщIагъэм. Махуэ къэс къыдэкIын хуей газетым махуэ къэс къалэну птелъ сатыр бжыгъэм хуэдиз ептын хуейуэ улажьэу, абы зыкъыдэбгъэхуэурэ усэ, рассказ, повесть, роман птхыну тыншкъым. Абы куэд пэлъэщыркъым. Мэзыхьэр пэлъэщащ – ерыщагъэкIэ, псэ къарукIэ, талантклэ. Адыгэ журналистикэм абы щхьэузыхь хуищIащ и щIалэгъуэр, Iуэху зехьэкIэм, цIыхухэр зэщIэгъэуIуэным, абыхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным, унафэ яхуэщIыным, гупышхуэм я творческэ гукъыдэжыр убзыхуным зэрыхуэIэижьри къыщигъэлъэгъуащ а IэнатIэм.

Абы пыщIа псоми жыджэру, емышу зэрыхэтым къыдэкIуэу, Мэзыхьэм хузэфIэкIащ литературэри IэщIыб имыщIын. Ар дэнэ къэна, журналистикэм, общественнэ лэжьыгъэм сыт хуэдиз зэманрэ къарурэ фIамыхьми, къехъулIащ литературэм щиIэ зэфIэкIым лъэщу хигъэхъуэн, и талантым зригъэузэщIын, езым и тхэкIэрэ и Iуэхугъуэ къэIуэтэкIэрэ зэриIэжыр наIуэ дыдэ къищIын.

«Гъуэгупэ псалъэ» – арат Борис и япэ тхылъым зэреджэр. Тхылъым и цIэр абы ит рассказхэм ящыщ зым и псалъащхьэм къытекIат. Ауэ апхуэдэу щIыфIищам куэдым уригъэгупсыст. Балигъ хъуауэ гъащIэм щыхыхьэкIэ къыхих гъуэгурщ цIыхум дуней тетыкIэу иIэнур зыхуэдэр бэян къэзыщIыр. Мы рассказыр зытеухуа щIалэ ныбжьыщIэри зэхэгъэкIыпIэ йохуэ – цIыхухэр фIыуэ илъагъуу, абыхэм я псэ къабзэр и фIэщ хъууэ псэунуми, зыми дзыхь хуимыщIу, хэткIи щхьэцпэщтэу, псори бзаджэнаджэу къыщыхъуу дунейм тетынуми зыубзыхуфын Iуэху хуозэ. Узыгъэгупсысэнщ къыщыщIхэри. Командировкэ здагъэкIуа къалэр тенджыз Iуфэм Iутщи, зыгъэпскIакIуэ здэкIуам щожейри, и гъуэгу хьэпшыпхэр зыдэлъ пхъуантэ цIыкIур фIадыгъу. Жэщым здэщыIэн имыIэу къэнауэ щIалэ мыцIыху гуэрым я студент общежитым ешэри абы нэху къыщокI. Ауэ общежитым нэсыху щIалэм и гур здэжэхэмрэ зэригъэзахуэмрэ ущIэмыупщIэ, яукIыну, яхъунщIэну ирашэжьауэ къыщохъу, нэху щыхуи и гур хьэжэпхъажэщ. Хэгъэрей щIалэхэр я хьэщIэм къыхуэгузавэу аркъудейщ, нэхъ зэрагъэтыншынрэ зэрамыгъэпIыщIэн Iэмалрэ къыхуалъыхъуэу. «ЦIыхум дзыхь хуэщIын хуейщ» – аращ иужьым щIалэр зыхуэкIуэжыр. Рассказым къеджэхэр-щэ? Дэ нэхъыбэм дегупсысыну ди къалэнщ, щIалэм и пхъуантэ тIэкIур зэрыфIадыгъуар дигу къэкIыжу. ГъащIэр – гъащIэщ, ери фIыри зэIэпэгъущ. Гъуазэу къыхэпхырщ псори зэлъытар. ФIы уигу илъу гъуэгу утехьамэ,уи Iуэху тэмэму укъытекIыжынщ.

Уахэплъэжыпэмэ, аращ Мэзыхьэм и тхыгъэ псори зытеухуар: гъащIэр зэрыбгъакIуэщ (рассказхэм ящыщ зым апхуэдэ дыдэу фIищауэ щытащ), аращ зэлъытар уи щхьэ сыт хуэдэ пщIэ къыхуащIынуми.

«Гъуэгупэ псалъэ» тхылъ цIыкIур къыщIэкIащ тхакIуэ щIалэр литературэшхуэм хуэзышэ гъуэгум и къежьапIэу. Абы наIуэ къищIащ художественнэ прозэм и лIэужьыгъуэхэм ящыщу Мэзыхьэм нэхъ зэфIэкI къыщигъэлъэгъуэнур. Ар рассказ кIэщIырщ, новеллэ жыхуаIэжырщ.

Дэ тхакIуэ диIауи си фIэщ хъуркъым а тхыгъэ лIэужьыгъуэ хьэлэмэ-

тыщэр, куэд-мащIэми, къэзымыгъэсэбэпа, абы зезымыпщыта тхакIуэ щIали гъуэтыгъуейщ. Ди япэ итахэм яхузэфIэкIащ дунейпсо художественнэ литературэм хъугъуэфIыгъуэу, тхэкIэ хабзэу зэригъэпэщар къагъэсэбэпурэ, лъэпкъ нэщэнэхэмкIэ зэщIэгъэпса тхыгъэ лIэужьыгъуэхэр къагъэщIын, абы ди тхылъеджэр ирагъэсэн.



**КIыщокъуэ Алим и гъусэу**

Рассказым ехьэлIауэ къапщтэмэ, ди нэхъыжьхэм я мащIэтэкъым зыдэплъеин – урыс литературэмрэ абы щапхъэ хуэхъужа къухьэпIэ Европэ новеллэ тхыкIэмрэ. Ар псоми ящIэ хуэдэщ. Щыгъуазэр нэхъ мащIэми, е тIэкIу ябзыщI хуэдэу къекIуэкIами, нэхъыжьхэм яIащ рассказ кIэщIхэм я къупхъэр тэмэм зэращIын нэгъуэщI зы бзыпхъэ, ари адыгэм и гупсысэкIэм, и художественнэ зэхэщIыкIым куэдкIэ нэхъ пэгъунэгъуу. Зи гугъу тщIыр зи гъэпсыкIэр къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я культурэм къыпыкIэрэхъукIа, къыпыза хъыбархэрщ, цIыхубэ новеллэкIэ узэджэ хъуну анекдотхэрщ. Дэ ахэр фольклорым, жьэрыIуатэ творчествэм апхуэдизкIэ быдэу етпхащи, дегупсысыжыркъым (дымыщIэнри хэлъщ) абыхэм ящыщ куэдыр хьэрып, къэжэр, тырку литературэм къыхэкIа сюжетхэу зэрыщытым, ислъам культурэм и гъусэу ди деж къызэрыкIуам. Абыхэм къыздахьащ ди литературэм нэхъ къищта сюжет гъэпсыкIэри.

Егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэлъыну си гугъэкъым: новеллэ жанрыр япэу нэхъ IэщIагъэ зыхуэхъуар, абы и дахагъэмрэ и фIагъымрэ нэхъ IупщI тщызыщIар Мэзыхьэ Борисщ. Абы и тхыгъэхэрщ ди прозэм и жанр кIэщI лIэужьыгъуэхэм чэм имыIэу зэрызаузэщIыр, зэрызахъуэжыр, зэрефIакIуэр нэхъ наIуэу къызыхэщыр. Мэзыхьэм новеллэм и хабзэхэр ди литературэм кърипэтIэсащ а тхэкIэ дахэ дыдэм и щапхъэ нэхъыфIхэм тету: тхыгъэр езыр кIэщIу, хъыбар къэIуэтэкIэр зэщIэкъузауэ, узыIэпишэрэ укъимыутIыпщу, зы Iуэхум зы Iуэхур жьы дэхупIэ имыIэу

пыувэу, ятхам нэхъpэ щIагъыбзэу щIэлъыр нэхъыбэу, лIыхъужьхэм я гумрэ я псэмрэ щыщIэр зы къалэм Iэтыгъуэкlэ уигъэлъагъуфу, уи гум къришэлIэфу, мы тхыгъэ тIэкIум мыпхуэдиз дауэ иригъэзэгъа, жыпIэу бгъэщIагъуэу Iуэхугъуэ куэд къигъэбатэу, зыкIи узыпэмыплъауэ хъыбарыр иухыу. Мэзыхьэм повесть зыбжани къыдигъэкIами, рассказ кIэщIхэрщ абы и зэфIэкIыр здынэсыр нэхъ къэзыгъэнахуэр.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэт тхакIуэм и бзэм. Борис адыгэбзэм хуеджащ, филологие щIэныгъэ иIэщ. Ауэ абы и тхылъхэм я бзэр езым Iурылъу къалэм къэкIуарщ, и анэм, и къуажэгъухэм я бзэрщ. Дауи, щеджэм, газетым щыщылажьэм щыгъуэ Тхьэм кърита бзэм нэхъри зиузэщIащ. ИтIани гу лъыумытэнкIэ Iэмал иIэкъым: ар тхылъ уеджэкIэ, е лекцэ уедаIуэкIэ къэбгъэшэрыуэфын бзэкъым.

Борис и бзэр сыт щыгъуи лантIэщ, псынэпс Iубыгъуэу щIэщыгъуэщ, ущызэкIэщIэплъу къабзэщ, мащIэрэ IэфIу зэгъэзэхуащ, жанщ. ИгъащIэкIэ Щхьэлыкъуэ удэмыхьами, Мэзыхьэм и тхылъхэмкIэ къэпщIэнщ абы и къуажэгъухэр зэрыжьэнахуэр, псалъэ хуэIэзэхэу, IуэрыIуэдзхэрэ гушыIэрейхэу зэрыщытыр, адрей къуажэхэм зэрахэмыгъуэщэнур. Удехьэх тхыгъэ зыбжанэм публицистикэ плъыфэ зэращIэлъадэми. Ауэ поэзие дамыгъэ зытелъ публицистикэщ.



**И лэжьэгъухэм я гъусэу**

ЦIыхугъэм и пшыналъэ лъэщ зэфIэзыщIэ поэзиер, арыншэми, пэжыжьэкъым Мэзыхьэм и новеллэхэм. Рассказ гупышхуэхэм, уеблэмэ, тхылъ псохэм (псалъэм папщIэ, «Вагъуэзэшиблым») усэ сборникым хуэдэу укъоджэ, псори зы тхыгъэшхуэм и Iыхьэ щхьэхуэ хуэдэхэу, ауэ Iыхьэ къэс езым и къыщIэдзапIэрэ и ухыпIэрэ иIэжу, псори зы Iэпэм къызэрыщIэкIар наIуэ дыдэу къатещу, зы гупсысэ лъапIэкIэ, зы къуэпскIэ зэпыщIахэу, псори зы гум къишхыдыкIыу. Прозэу тха усэу къыпщыхъухэри къахокI новеллэхэм. Апхуэдэщ «Сэ ныбжьэгъу сиIэщ» новеллэм и вариант «Вагъуэзэшиблым» итар. Поэмэ дыдэм хуэдэхэщ «Бжьыхьэ уафэхъуэпскI», «ЩихуитI», «Вагъуэзэшибл» тхыгъэхэр. Усэ псэлъэкIэхэр, жыIэгъуэ дахэхэр, зэгъэпщэныгъэ хьэлэмэтхэр, псалъэ шэрыуэхэр удз цIынэм хэщэща налкъуту прозэ напэкIуэцIхэм къыхопщIыпщIыкI.

Зи ныбжь хэкIуэта фызыжьым и япэ лъагъуныгъэр игу къэкIыжащи,

гъэмахуэ жэщ уафэм еплъыфыркъым. Зауэм къимыкІыжа абы и щауэр щригъажьэм къыжриІат: «Уигу сыкъэкІмэ, Вагъуэзэшиблым еплъ». Иджы и щхьэгъусэм щІыгъуу пщІантІэм пІэ щащІауэ здыхэлъым, имыщІэххэу и нэр хуозэ Вагъуэзэшиблым. «Ахэр пыгуфІыкІыу, нащхьэ къащІу абы къоплъ, я кум щІалэ мыцІыху гуэр къоувэ. Бынэ, пІэм зыкъыхиІэтыкІауэ, илъагъур и фІэщ мыхъум хуэдэу, доплъей, – зи щхьэ упсагъащІэ щІалэщІэри погуфІыкІ. И лІым ба щыхуищІым мобы къилъэгъуа фІэщІыжу, Бынэ и нэкІум лъыр къыщІолъадэ. Хьэсэн! Сыт щІа сигу укъызэрымыкІыжрэ? Уэ улІащ. Хьэуэ, хьэуэ, уэ умыпсэужмэ, сыхуэзэху уи анэр щхьэ гъырэ?»

Е мы теплъэ дахэр, фІыщэу зэрылъэгъуа щІалэмрэ хъыджэбзымрэ иужь дыдэу щызэхуэзэжа мазэгъуэ жэщыр: «Мазэр щэхуу кІарц тхьэмпэ Іувхэм къыпхоплъ, зэми зэран сахуэхъункъым жыхуиІэ щІыкІэу, пшэхэм я къуагъым зыщегъэпщкІу». Лъагъуныгъэм и ныбжьыр зэикІ икІыркъым. Дэ фІыуэ тлъэгъуахэри дэ дыпсэуху псэухэщ. «Вагъуэзэшиблыр жыжьэу къухьэпІэмкІэ екІуэкІат, Хьэсэн и сурэтри абы щыплъагъужыркъым. Бынэ куэдрэ щІыбым дэтащ уафэм дэплъейуэ, зэ Іуплъэгъуэ нэхъ мыхъуми, Хьэсэн илъагъун фІэщІу, ауэ вагъуэхэм къащІ нащхьэм фІэкІа абы и нэгу зыри къыщІыхьэркъым...»

Лъагъуныгъэм и бзэр нэгъуэщІщ, ар къызыгурыІуэнури фІыуэ зылъагъурщ. «ЩихуитІ» хъыбарыр зэриухыр гуузщ. ФІыуэ зэрылъагъуу, ауэ я насып зы ящІыну къызыхуимыуха ныбжьыщІитІым заукІыжащ. ЩІалэм и ныбжьэгъум абыхэм я кхъащхьэм щиху жыг цІыкІу зырыз щыхисащ. «Нобэ жыгитІыр абрагъуэ хъуащ, ауэ зэпэмыжыжьэу щыт щхьэкІэ, зэхуеІэ пэтми, а тІур зэлъэІэсыркъым, Іэм хуэдэу я къудамэхэр зэхуашийуэ ахэр щытщ, тхьэмпэхэр жьым щигъэхъейкІэ зэІущащэу. Абы зэжраІэр къызыгурыІуэри хьэщыкъ зэхуэхъуахэрщ». Е мыпхуэдэ теплъэр дауэ уигу ихужын: «Фызыжьыр адрей фызыжь куэдым бжьыфІагъкІэ къазэрыгуэкІ щыІэтэкъым: гуэлмэдын упІышкІуауэ и напэхэр лэдэхыфэт, щхьэфІэпхыкІ фІыцІэм щхьэц тхъуар къыщІощ, и лъапэм теуэрэ жыпІэну бостей гъуабжэ кІыхьыр ипкъ гъурым щІакІуэу теубгъуащ» («Бжьыхьэ уафэхъуэпскІ»). НэгъуэщІ лъэпкъ фызыжь хэбгъэзэрыхьын ар? Зыми емыщхь цІыхум и теплъэр тІэкІу щІэнакІэу къыщигъэлъэгъуэнуми аращ: «Цыпхым къыдахыжа фІэкІа умыщІэну, цы ІэмыщІэурэ зэбгъурылъ жьакІэ кІыхьым галстукыр щІехъумэ, пащІэху пхъашэр тхьэкІумакІэм хуеІэу щІэІуэнтІэжащи, Хьэгуцырэ дыхьэшх зэпыту къыпщохъу, ауэ набдзитІыр вындырыжьычщ, нитІыращи, уэлбанэ дыгъэу уалыпщІ…» ЖыІэгъуэ щхьэхуэхэр-щэ: «Ажалым ІулъхьэкІэ гурыІуа щыІэкъым», «МафІэм къыпэрахыжа шэ къэкъуалъэр зэретІысэхыжым хуэдэу, куэд дэмыкІыу дадэри зэрыщыта хъужащ», «Башыр жьэпкъым щІигъэкъуауэ щыс лІыжьыр хьэдрыхэ къикІыжам ещхьт», «Тхьэ соІуэ, зи кур кърашхыкІа дафэу дыхыфІадзэжам», тенджызым хыхьэ щІалэм «ІэплІэ къыхуэзыщІыжыну къажэ толъкъуным зыпщІыхедзэ», «Куэдщ ди дарийм чэсыргей къытевдыжэу дызэрыпсэуар».

ЦІыхухэр зэрагуэш лІэужьыгъуэ куэд щыІэщ: цІыхухъу – цІыхубз, хужь – фІыцІэ, урыс – адыгэ, куэд – мащІэ. Зы уэрэд цІыкІу гуэрым зэрыхэтымкІэ, цІыхухэр гуэшащ сабийхэрэ балигъхэу. Адыгэми тІууэщ зэригуэшыр – нэхъыжьхэрэ нэхъыщІэхэу.

ЛІыжь-фызыжьрэ щІалэгъуалэрэщ Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэм нэхъыбэу хэтхэр. Ар зэрымыщІэкІэ апхуэдэу хъуауэ уегупсысыныр щыуагъэ хъунт. ЩІалэгъуалэр – гурыІуэгъуэщ, езы тхакІуэм тхэн щыщІидзам ныбжькІэ къыгухьэу щытахэрщ. ТхакІуэр езыр къыдэкІуэ-

теиху и лIыхъужьхэри нэхъыжь хъуащ. Ауэ лIыжьхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэгъусэу тхыгъэм къыхэувэныр зэпыуакъым. Зи ныбжь хэкIуэтахэр гъэщIэрэщIауэ, хабзэм, нэмысым, захуагъэм, Iущыгъэм я къежьапIэу къэгъэлъэгъуэныр 60 гъэхэм литературэм къыхыхьа тхакIуэ щIалэхэм зэхаубла Iуэхущ Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэми щIагъуэ яхэткъым нэхъыжьхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ яку дэлъ е дэлъын хуей зэхущытыкIэхэр лъабжьэ зыхуэмыхъу, зы адыгэ лIыжь е фызыжь екIу, бзэ щабэ-Iущабэ, псори зыщIэ, псомкIи щIэгъэкъуэн хъуф дызыщыхуэмызэ.



**И ныбжьэгъухэм я гъусэу**

А зэманым, 60-70 гъэхэм, ди литературэм, публицистикэм, къэралым щекIуэкI пропагандэм нэгъуэщI зы зыгъэзапIи игъуэтат, гулъытэ лей хуащIырт Хэку зауэшхуэм и тхыдэм пыщIа темэм, зауэм и дерсхэр щIэрыщIэу щIапщытыкIыжырт.

Ар тыншу холъагъукI Мэзыхьэм и новеллэхэу, повестхэу а лъэхъэнэм дунейм къытехьахэм, псом хуэмыдэу зи гупсысэкIэкIи, зи хьэл-щэн зэпIэзэрыткIи адрейхэм къахэщ цIыхухэм – зауэм и ветеранхэм я образ гукъинэжхэр къэзыгъэщIхэм.

А лIы ткIийхэр, зауэм ипсыхьахэр мамыр гъащIэми хэтщ гъущI Iунэм хуэдэу къызэфIэмыщIэу, къэзыгъэдзыхэрэ къэзыгъэулэнджрэ щымыIэу. Ауэ «Сэлэт дамэтелъхэр» рассказым зэрыщытлъагъумкIэ, абыхэми я хамэкъым цIыху псоми я гум щыщIэ хабзэхэр, ахэр зыгъэгубжьхэр е зыгъэгумащIэхэр.

Мы «лIыжь-фызыжь» хъыбархэм щыщу художественнэ Iэзагъ и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, псом япэу зытепсэлъыхьыпхъэр «Бжьыхьэ уафэхъуэпскIырт». Рассказым дыщрихьэлIэркъым сюжет гъэщIэгъуэни, е Iуэхугъуэ егъэлея гуэри, мыбы, уеблэмэ, конфликт лъэпкъи хэлъкъым. Ауэ къеджар, хэти ирехъуи, хуэгущIыIэу къэнэнкъым, жыпхъэм кърагъэджэлам хуэдэу зи сурэтыр уи пащхьэм къиувэ лIыжь хъарзынэм и образым.

Иджы и мызакъуэу, нэхъапэми щыIащ блэкIа псори ящыгъупщэжыпатэмэ нэхъ къэзыщтэхэр, дгъэлъапIэу, лъагэу тIэту дыкъекIуэкIа псоми зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр ягъуэтмэ зимыжагъуэхэр. Абыхэм ягуохьэ зауэм щыгъуэ хэкум епцIыжахэм, фашистхэм якъуэлъэдауэ щытахэм щыуагъэ яIэщIэщIауэ фIэкIа къэзымылъытэ, къуэншахэм тезыр яхьауэ щыщыткIэ, абыхэм ящIар щIепхъуэнын щымыIэжу жызыIэхэр.

Апхуэдэущ Iуэхум зэрегупсысыр «Сын» новеллэр зытеухуа Хьэжуди. 1942 гъэм Хьэжудэ и адэр фашистхэм я IупэфIэгъу хъуауэ щытат.

Новеллэм и сюжетым мыпIащIэурэ зеужь. ИтIани япэ сатырхэм къыщыщIэдзауэ зыхыбощIэ Хьэжудэ кърихьэжьа Iуэхум и щIагъым лагъым гуэр зэрыщIэлъыр. Апхуэдэуи къыщIокI. ЦIыхухэм я гукъеуэм и лагъымыр кхъэм къыщоуэ. ЦIыху хьэлэлхэм хухатIауэ кхъэбгъум Iут сын сатырхэм деж кумбыр къыщатIами, зей зауэм хэкIуэдахэм ядакъым хэку напэр зыгъэпудам и сыныр абыхэм хагъэувэн



**И унагъуэм яхэсу**

ЦIыхум и гъащIэ псо, уеблэмэ, гъащIэ къэукъубея къыщызэщIэкъуащ «Хамэ» новеллэм. Мэзыхьэм иIэщ хэкур пфIэкIуэдыныр зищIысыр психологическэу къэгъэлъэгъуэныр къалэн зыщищI тхыгъэ зыбжанэ. Ауэ мыбы хуэдэу кууэ ар къыщIэзыгъалъэ абыхэм яхэткъым. Философие пщалъэкIэ къепщытэ мыбы «Хэку» жыхуаIэжыр зищIысыр, афоризм мыхьэнэ зиIэ псалъэхэмкIэ къегъэнахуэ. Щэхуу дедэIуэнти къыздикIари къыздихуари ямыщIэу къуажэм къигъэзэжауэ дэс лIыжьым и щхьэ хужиIэжхэм. «Си хэку сыщылIэжынщ» жери къэкIуэжат. АрщхьэкIэ дэнэт! Ар къыздикIыжар дыгъуасэщ. КъыздэкIуэжа къуажэри щыIэжкъым - нэгъуэщI хъуащ. ЛIыжьыр псом я дежкIи хамэщ. Езыри хамэгу-хамащхьэу къэнащ. Iыхьлы гуэрхэм я деж екIуэлIауэ аращи, псори къолIалIэ, ягъашхэ, ягъафIэ, ауэ сыт, цIыхухэм я гуапагъэм ар игъэхуабэкъым, игу пэщу зэпсэлъэн игъуэтыркъым, псори хамэщи

хамэщ. «Хамэу къафIэщIым я гур хузэIуахыркъым, хузэIупхами, уакъыгурымыIуэнкIэ мэхъу. Гурылъ зыжраIэр я ныбжьэгъурщ... Жыг ищIыкIар хэкIэжыркъым. ЦIыхури аращ».

Хэкур-щэ? «Хэкур ар ущалъхуа щIыпIэм и закъуэкъым. Хэкур ар цIыхухэрщ. Къурши, мэзи, псыи дэни щыIэщ, ауэ цIыхухэрщ хэкур хэку зыщIыр... Бланэр щалъху екIуэлIэжми, лIапIэ щIыпIэ игъуэтыжыркъым. ЩIэблэр къыдокIуэтей, щIыпIэр абыхэм яубыд, ягъафIэ, ягъэдахэ, щIыпIэр зыбгынауэ щытар, ирамыхужми, хамэ мэхъу...».

Апхуэдэущ зэрыхъур – гуауэми, гуапэми. ТхакIуэм дигу къызэригъэкIыжщи, зэманыр къэзэзыгъэпцIа щыIэкъым. Уи натIэм къритхами уфIэкIынукъым. Сыт хуэдэ мывэ уи япэкIэ бгъэжами уIууэжынущ.

Зауэм и щIэину къытхуэнахэм, абы и гуауэ мыгъущыжым теухуащ «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ» повестри. Новеллэхэми хуэдэу, мыбыи нэхъыщхьэу хэлъыр Iуэхугъуэ щекIуэкIхэркъым – абыхэм узрагъэгупсысырщ. Зауэм хэкIуэда и къуэм и кхъащхьэм Iуплъэну гъуэгу техьа лIыжьыр Iэджэм яхуозэ, Iэджэм Iуоуэ. Ауэ, дэнэкIэ кIуэми, ар ирохьэлIэ цIыхуфIхэм, къыдэIэпыкъуну хьэзырхэм. ЛIыжьыр, философ дыдэщи, апщIондэхукIэ Iэджэм йогупсыс, Iэджи гукIэ, акъылкIэ зэрегъэзахуэ, зэпелъыт, цIыхур къыщIигъэщIым, ар зэрыпсэун, зэрылIэжын хуейм ехьэлIауэ. Мы повестыр дунейм къыщытехьа зэманым а лIыжьым и нэгу зэрыщIэкIым хуэдэ дыдэу щыташ ди гъащIэр, ди псэукIэр, ди зэхэтыкIэр – лъэпкъхэр псори зэгурыIуэу, къуэш зэрыщIауэ, цIыхухэр фIыуэ зэрылъагъуу, яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэту, нэхъыжьым пщIэ хуащIу, хэкум папщIэ зи псэ зытахэм я фэеплъыр ягъэлъапIэу. Апхуэдэу зэкъуэту псоми яхъума къэралри, апхуэдэ хабзэфIхэр щызекIуэу щыта гъащIэри нобэ щыIэжкъым.

Мис ар гукъеуэ тIууащIэщ.

Ауэ а зэманым фэеплъ хуэхъу тхыгъэхэр ди литературэм иIэщ. Мыри абы ящыщ зыщ. И нэхъыфIыпIэхэм хохьэ жыпIэми ущыуэнкъым.

Иджыри зэ дигу къэдгъэкIыжынщи, Мэзыхьэм и тхыгъэхэм хэт цIыхухэр лIыжь-фызыжьрэ ныбжьыщIэхэрэщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, адыгэ тхакIуэм къалэныщIэ къытохуэ. Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я псэлъэкIэр адыгэбзэм щызэтехуэркъым. Бдзы кIыхьри, бдзы кIэщIри, зэрытщIэщи, зыхуэхъур тхьэмыщкIэрщ. Персонажыр тхьэмыщкIэмэ (литературэ и лъэныкъуэкIэ), абы сыт хуэдэ псэлъэкIэри йозэгъ. Ауэ Мэзыхьэм и тхыгъэхэр апхуэдэкъым. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ жыкIэфэкIэми, дэтхэнэ щIэблэми езым и бзэ Iурылъщ. ЩIэблэхэр я бзэкIэ апхуэдизкIэ наIуэу зэщхьэщокIри, а бзэр щхьэхуэу зэпкърыпхыну удехьэх. Ауэ мы статьям и мардэу щытын хуейм абы дыхыхьэну Iэмал къыдитыркъым.

ГъащIэм ину зихъуэжащ Борис и япэ тхыгъэхэр дунейм къытехьэу зэрыщIидзэрэ. Дэри зытхъуэжащ а гъащIэм дригъусэу. Ауэ Борис къикIуэтакъым, къыхиха гъуэгум, и вагъуэм хуэкIуащ. Дэтхэнэ зыми и хъуэпсапIэщ и вагъуэр къыхуэлыду уэгум исыну. ТхакIуэм и насып вагъуэр литературэм и лъагапIэхэрщ. Мэзыхьэ Борис нэсащ а лъагапIэм. ДяпэкIи Тхьэм хущIигъэхьэ.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим,**
*КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI*

# Мэзыхьэ Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Мэзыхьэ Борис адыгэ литературэм къыщыхыхьам япэ итахэм хаша гъуэгуракъым зрикIуар, атIэ езым и лъагъуэ хишыжащ. Абы и лIыхъужьхэр псэкIэ бейщ, и IэдакъэщIэкIхэр плъыфэ куэду зэщхьэщокI. И бзэр гъэхуащ, шэрыуэщ.

**ТЕУНЭ Хьэчим**

Зауэм и лъэужь мыкIуэдыжын къызытенар зы цIыху лIакъуэкъым, зы ныбжькъым, зы гъащIэкъым. Гум нэсу езым хуэдэхэм я нэгу щIэкIар къигъэлъэгъуэфащ Мэзыхьэ Борис.

Ар нэ жанкIэ гъащIэм кIэлъоплъыф, утыкуакIуэ къещI икIи къегъэпсэлъэф занщIэу гу зылъумытэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэр. И дуней еплъыкIэр, цIыхухэм зэрахущытыр къызэрыгуэкIщ, къабзэщ. Ахэр зыхэплъагъуэ абы и IэдакъэщIэкIхэр занщIэу гум дохьэ.

**СОКЪУР Мусэрбий**

Хуабжьу сигу ирихьащ рассказхэр. Си гуапэу селэжьащ. Уеплъыжыну ныпхузогъэхьыж икIи уи лэжьыгъэщIэхэм сыпоплъэ, злэжьын гъунэжу сиIэ пэтми. Сыпоплъэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уи IэдакъэщIэкIхэм сыдахьэх.

**ЦЫБИН Владимир**

Хэку зауэшхуэм теухуауэ апхуэдиз ятхащи, щIэщыгъуэу зыри пхужымыIэну, пхуэмытхыжыну къыпщохъу. Ауэ гъащIэр пхуэIуэтэщIыркъым. ЦIыхугури апхуэдэщ. Арауэ къыщIэкIынщ Мэзыхьэ Борис и новеллэхэм укъеджэну щIэщIэщыгъуэр, щIэгукъинэжыр.

**КЛЕНОВСКИЙ Виталий**

Сэ хабжьу сигу ирохь си гуапэуи сыкъоджэ Мэзыхьэ Борис итххэм, псом хуэмыдэжу и новеллэхэм. Новеллэ тхынкIэ Нало Зауррэ Мэзыхьэ Борисрэ япэхъун зэкIэ димыIэу си щхьэкIэ къысщохъу. АтIэми, шэч къытезыхьэн щыIэу ди гукъэкъым новеллэ и IуэхукIэ а тхакIуитIым я цIэ-унэцIэхэр зэкIэлъыкIуэу ди литературэм зэрыхэувам.

**IУТIЫЖ Борис**

Мэзыхьэ Борис и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр зыми хэгъуэщэнукъым. Абы ди литературэм къыхихьащ езым и темэрэ и псэлъафэрэ – аращ къалэмыр зыгъабзэ дэтхэнэм дежкIи нэхъыщхьэр. Зи къалэмыр жан тхакIуэ набдзэгубдзаплъэм, зэрыхабзэщи, тхэн зэриублэ лъандэрэ къыдогъуэгурыкIуэ иужькIэ зэи IэщIыб имыщIыж темэрэ образрэ.

Мэзыхьэм и тхыгъэхэм лъабжьэрэ купщIэрэ яхуищIыр цIыху цIыкIум и дунеймрэ и гурыгъу-гурыщIэхэмрэщ. Борис зи образ къигъэщI цIыхум и псэм и дахагъымрэ и гупсысэмрэ уимытхьэкъун плъэкIыркъым – дауи, ар зыхузэфIэкIыр цIыхум и гущIэлъапсэм къипсэлъыкIыф, абы и гум щыщIэмрэ и фэм дэкIымрэ дэзыгъэлъагъуф тхакIуэрщ. Апхуэдэ тхакIуэщ Мэзыхьэ Борис – апхуэдэ зэфIэкIымрэ Iэзагъэмрэ къыдалъхуауэ, Тхьэр абыкIэ къыхуэупсауэ.

Къэрал саугъэтрэ дамыгъэкIэ зэщIэблакъым Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэр (ар къызэрилэжьрэ куэд щIа пэтми). Абы нэхърэ нэхъ лъапIэщ Мэзыхьэм и тхыгъэхэм я натIэ хъуар – ахэр ди литературэм и жьантIэр яхуэфащэу зылъыса, абы и тхыдэр зыгъэбжьыфIэ тхыгъэщ, анэдэлъхубзэм и IэфIыпIэр зыхыуагъащIэрэ уи гур хагъахъуэу, жылэм яхэIуарэ цIыхум гукъинэ ящыхъуауэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

Мэзыхьэ Борис тхакIуэ Iэзэщ, журналист IэкIуэлъакIуэщ. Абы щыхьэт тохъуэ Борис и къалэмыпэм къыщIэкIа дэтхэнэ зы повестри, новеллэ кIэщIхэри. «Вагъуэзэшибл», «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ» тхыгъэхэм емыджа адыгэ куэд щыIэу къыщIэкIынкъым.

Борис цIыху зэпIэзэрытщ, гуапэщ, адыгэлIщ. Псоми фощIэж 1993-1994 гъэхэр. Абы щыгъуэ Мэзыхьэ Борис «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. Къэралри цIыхухэри зэщIэукъубеят, псори зэрыхьэзэрийрэ зым жиIэр адрейм зэхимыхыжу. А илъэсхэм ехутылIауэ, тщыгъупщэж нэхърэ нэхъыфIщ, жысIэри «Адыгэ хабзэ» тхылъыр стхат. ПыIэзэфIэхьым хэтхэм, властыр зыгуэшхэм, абы щхьэкIэ зэпекъухэм хабзи бзыпхъи къафIэIуэхутэкъым.

Си Iэрытхыр си стIолым телът, и фэр гъуэжь хъуным нэсауэ. Сигу къэкIащ: нэгъуэщI мыхъуми, мыбы щыщ пычыгъуэ гуэрхэр газетым традзамэ арат. СыкIуащ Борис и деж. Гурызгъэ Iуащ Iуэхур зыIутыр. Iэрытх пIащэ и пащхьэм ислъхьар, и хьэлъагъыр ишэчу арам ещхьу, къиIэтащ, иужькIэ зыIэщIиубыдэжри жиIащ: «Мы япэ напэкIуэцIым къыщыщIэдзауэ мы и лъабжьэ напэкIуэцIым нэсыхункIэ зы хьэрф дэдмыгъэхуу теддзэнщ. Мыр адыгэхэр дызыхуей Iуэхущ».

Илъэс ныкъуэм щIигъукIэ тхыгъэр газетым къытехуащ. «Адыгэ хабзэ» тхылъыр иужькIэ щхьэхуэу къыдэкIащ. Ауэ абы нэхърэ нэхъ сыщогуфIыкI газетым тета пычыгъуэхэр зэхуахьэсурэ тхылъым ещхь ящIауэ жинт тралъхьэжауэ адыгэ унагъуэ сызэрыхьахэм къыщащтэу сагъэлъэгъуа иужькIэ.

**МАФIЭДЗ Сэрэбий**

Мэзыхьэ Борис тхылъеджэхэм къацIыху «Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэ зэшибл» рассказ сборникхэмкIэ. Япэ рассказхэмкIэ нэрылъагъу къэхъуащ абы творческэ Iэзагъ зэрыхэлъыр, гъащIэм и купщIэм нэплъыс нэ жан зэриIэр. Борис и бзэр къабзэщ, зыхуей гупсысэхэр Iупщ Iу къеIуатэ. Абы хузэфIокI тхыгъэ мыинхэм Iуэхугъуэ инхэр къыщиIуэтэн. Апхуэдэщ «ПцIащхъуэ хужь» повестри.

**АБЫДОКЪУЭ Iэуес**

Мэзыхьэ Борис и ІэдакъэщІэкІхэр купщІафІэщ. Абыхэм укъыщеджэкІэ литературэ нэсым узэщІеубыдэ. Уатхьэкъу къигъэщІ образхэм я зэхэлъыкІэм, я псэ беягъым, гурыщІэ гуэрхэр къызэщІэзыгъэст къэхъукъащІэхэм.

И лІыхъужьхэр занщІэу гу зылъумытэн цІыху къызэрыгуэкІыу уегъэлъагъури, хьэл-щэн хьэлэмэтыщэхэр якъуэлъу къыщІегъэкІ. ИкІи удэзыхьэхри аращ, гъащІэм зэрещхьырщ, абы къыщымыхъуарэ цІыхум яхэмылърэ къызэримыгупсысырщ.

**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Евгение**

## МЭЗЫХЬЭ Борис

# Сэ ныбжьэгъу сиІэщ

*Хэку зауэшхуэм хэкІуэда*
*си къуажэгъухэм я фэеплъу*

Сэ ныбжьэгъу сиІэщ. Ар сэ нэхърэ нэхъыжьщ, ауэ нэхъыщІэщ. Ар дунейм къытехьэу зыкъомыфІ дэкІа нэужьщ сэ сыкъыщалъхуар. Иджы сэ илъэс тІощІрэ пщІым себэкъуащ, си ныбжьэгъур илъэс тІощІым итщ, сэ си жьакІэр махуэ къэс супсын хуей мэхъу, абы и дзыгъуэц пащІэр зэримыупсащ. Ауэ а псор дэ зыкІи зэран къытхуэхъуркъым: гугъуехь сыІууамэ, абы и блыпкъыр къысщІегъакъуэ, гузэвэгъуэ къыслъыкъуэкІамэ, къысхуощыгъуэ, гуфІэгъуэ сиІэмэ, джэгур зэхеублэ.

Ар си чэнджэщэгъущ. Абы нэхъыбэ илъэгъуащ: япэ лъэбакъуэр сэзыгъэчар аращ, си ныбжьэгъурщ япэ дыдэ псыхъуэм дамэкІэ сызыхьар, зыгуэрым и удын къыстехуамэ, сымыгъыу жэуап естыжу сызыгъэсари аращ.

Нобэ хуэдэщ пхъэ фоч цІыкІу къыщысхуищэхугъар. Абы щыгъуэ сэ къэзгуфІам щІэи гъуни иІакъым. Фочыр сІыгъыу сышхэрт, сыщыжейкІэ, ди анэмрэ сэрэ дяку дэлъу фІэкІа сыгъуэлъыжыртэкъым.

Мис апхуэдэщ си ныбжьэгъур. Сэ абы сыт щыгъуи щапхъэ тызох. Нэхъапэм псыІэрышэр и лъакъуэ зэхуакумкІэ дэжу уврэ зитхьэщІу слъагъурти, сэри апхуэдэу схуэщІын си гугъэу псыхъуэм сыдыхьэрт, арщхьэкІэ цы топу псым сыхэджэразэрт.

Ахьмэдхэ сэ сыщыпащтыхьт, жысІар унафэт, сщІэр хабзэт. Сэ сыщыту тІысыну хуиттэкъым зыри, Ахьмэд и адэри абы хэтыжу. Сигу зэбгъам сезауэкІэ и Іэр къысхуиІэтыну хуитыныгъэ зиІэ щыІэтэкъым. Іэнэ къащтамэ, Іыхьэм я нэхъыфІыр сысейт, шхэгъуэм сримыхьэлІамэ, си Іыхьэр къызэжьэу жьэгум пэрытынут. Хэтыт абыхэм ящыщу къалэм е тыкуэным кІуауэ ІэфІыкІэ къысхуимыхьыну хуитыр?

Махуэ гуэрым нэхъ хэкІэсауэ Ахьмэдхэ я деж сыкІуат. Си ныбжьэгъум ІэкІэ кърашэкІ гу цІыкІур къыщІишати, е мэз, е шыудзышэ, е щхьэл дызэрыкІуэнур къызгурыІуащ.

– Уи гъуэмылэ зэрегъалъхьэ, Юрэ, дыкъэгувэнущ. – Юрэр сэращ.

– Дэнэ дыздэкІуэнур?

– Мэз.

Сэ сылъэпэрапэу Ахьмэд и анэм деж сыкIуащ. Сэри абы сызэреджэр мамэщ.

Мамэ жьэгум дэсти, сыкъызэрилъагъуу кхъуей хьэбыкъуэшхуэ къысIэщIилъхьащ.

– Мамэ, гъуэмылэ... мэз докIуэ... – Ахьмэд и анэр нэхъу-нэхъуу къызэплъри шэжыпс къызыпыж и Iэхэр кIэпхынкIэ илъэщIурэ, щIыбым щIэкIащ:

– А-а, тIасэ, здумышэ, гугъу уригъэхьынщ.

Сэ мамэ и кIэкъуащIэр сыутIыпщри гу цIыкIум ситIысхьащ икIи Ахьмэд сыхудэплъеящ.

– Хьэуэ, мамэ, си закъуэ сыкIуэфынукъым, сошынэ.

Ныбжьэгъу щхьэкIэ умыщIэн щыIэ, ар згъэшынэнт, гу цIыкIум нэхъ тыншу зизгъэзэгъащ. Си ныбжьэгъур гуфэм дэувэри дежьащ.

Ахьмэд бауэкIэщI хъуа щхьэкIэ, ар хуэму кIуэуэ хуэздэнутэкъым. Сыт дэгъэзеигъуэ? Неуэ, неуэ. Сытуи гъуэгуанэ кIэщIт: щIэх Iейуэ дынэсащ. Сэ къысхуэнар схуаубгъуа кIагуэжьым сытесу ныбжьэгъум банэ жыгхэр зэрыпиупщIым сеплъыныртт. Ауэ сэ щIэхыу сезэшащ икIи, абы зыгуэркIэ сыдэIэпыкъун мурад сиIэу сежьати, лъэбакъуищи сымычу банэ къысхэуащ. Мис абдежым угъынумэ къеблагъэ. ЩIымэракIуэ IэмыщIэ къысхуищыпакIи сыхутеужакъым. Абы иужькIэ и кIэлошитIым сригъэувэри, езыр лъапцIэу пабжьэм хыхьэжащ.

Сытми Iэщ къыдыхьэжыгъуэм пыдупщIынур пыдупщIри гур ткъузыжащ. Япэ щIыкIэ сэ тIэкIу сыкъэгузэващ: дауэ сызэрыкIуэжынур? Ахьмэд гум зэрылъэIэсыжыр гуахъуэпэмкIэщ, зыгуэру сыдригъэпщеину сощIри, банэр къысхэуэнукъэ?

– Ухуеймэ, лъэсу нэкIуэж, хьэуэ жыпIэрэ, сэ къэзгъэзэжыху мыбдеж щыси усхьыжынщ, – щыжиIэм си пэр къыпылэлащ. Абдежым щIакъуэ нэпцIи зыкъэсщIаи, зызгъэгусаи, арщхьэкIэ си ныбжьэгъур нэбгъузкIэ къысхущIэплъ фIэкIа «быхъ» жиIэркъым. Нэщхъей дыдэ сыкъызэрыхъуар щилъагъум, хуэмышэчыжу дыхьэшхащ.

– КъакIуэ мыдэ, – ар хьэмбыIуу тIысащ. – КъыдэтIысхьэ си пщэдыкъым. – Сэ куэдрэ зысIэжьакъым. Асыхьэтуи дыкъежьэжащ.

Си IутIыжыгъуэ махуэти, нэхъ псынщIэу къуажэм сынэсыжу си ныбжьэгъухэм зэрызахуэзгъэлIыным сыхэтт, ауэ ар пIащIэртэкъым, хэбгъэзыхьмэ, дыкъызэрыкIуам нэхърэ нэхъ хуэмт. Си куэр псыф къэхъуащ. Сыт ар къыщIэпщIэнтIар? Сэ сыту сымыпщIантIэрэ? Езы Ахьмэдщ слэбакыр армыхъумэ, сэракъым. Ар щыжысIэкIэ, дыхьэшх фIэкIа нэхъ псынщIэу кIуэркъым.

Дэ къуажэм дыкъэблэгъэжащ. Сэхуранхэм сащхьэпрыплъмэ, унэ уэнжакъхэр солъагъу, Iугъуэмэ къысщIехьэ, жэмым пежьа шкIэхэм я бу макъыр зэхызох. ЗгъэпIэщIэн си гугъэу сэ лъакъуэкIэ Ахьмэд и джабэм сотIыхь...

Былымым я ужь диту дэ къуажэм дыкъыдыхьэжащ, дыкъэзылъагъум Iэпэ къытхуашийрэ я щхьэр ягъэкIэрахъуэу. Сэри зызгъэлIу дбгъурыту нех си ныбжьэгъу щIалэжь цIыкIухэм си бзэгур къахуиздзырт.

– Юрэ тхьэкIумэкIыхь шыр къиубыдати, фIэгуэныхь хъури иутIыпщыжащ, – жиIэрт Ахьмэд. Сэри си щхьэр сщIырт, си фIэщыпIэ хъужауэ.

ПщIантIэм дыкъыдыхьэжыху абы и пщэдыкъым сыкъыхудэкIакъым. Пщыхьэщхьэшхэ дышхуэху и куэщIым сисащ. А псом я щIыIужкIэ ди унэ зезгъэхьыжащ.

Абы иужькIэ махуэ зыщыплIкIэ си ныбжьэгъур слъэгъуакъым. Жэщ

хъуху сэ Iуащхьэ джабэм сыкIэрыст, ар къэсыжыным сыпэплъэу. Ауэ ар си япэ къэтэджырти дэкIырт, сыгъуэлъыжауэ фIэкIаи къигъэзэжыртэкъым. Ахьмэдхэ сыкIуамэ, е мэз щыIэщ, е щхьэлым къэтщ фIэкIа къызжаIэртэкъым.

Пщэдджыжь гуэрым сэ Iэ щIыIэтыIэкIэ къызэрыстеIэбар зыхэсщIащ, си напIэр зэтесхын сыщхьэхыу куэдрэ сыхэлъщ, си нэкIущхьэм зыгуэрым ба къыхуещI. Зэ сыкъаплъэмэ – Ахьмэдщ, арщхьэкIэ жейм апхуэдизкIэ сызэщIиубыдати, зыкъысхуэIэтакъым. Ауэ ар абыкIи сфIэкIакъым, сыкъипхъуатэри пщIантIэм сыдихьащ, псыIэрышэм щхьэкIэ сыхиIури си нэм сыщIэIуэтыхьу сыкъэувыжащ.

Жейр зэрыстеууэ абы зездзри и дамэм сышэсащ. Бэзэрым сишэну куэд щIауэ сыкъигъэгугъэрти, сыкъыщIигъэушар ара си гугъэу, сэ абы сеупщIащ.

– АIэ, нобэ хъунукъым. Сожьэри къэзгъэзэжа иужькIэ, морожнэ Iэджи уэзгъэшхынкъэ усшэнщи. НытIэ, будь здоров, – абы и Iэгум си Iэхэр иригъапщкIуэри аргуэру зэ сыкъиIэтащ, лъагэу сыдридзейщ, сыкъиубыдыжщ, быдэу сызрикъузылIэри, зы псалъи къызжимыIэу, пщIантIэкум сыкъринэри псынщIэу дэкIыжащ.

А махуэм хьэблэ псор зыщIыпIэ кIуащ...

* * *

Махуэ мащIэ кIуа, а бэзэр гъуэгужьым си нэр теплъызауэ си ныбжьэгъум сыпэплъэурэ. МыIэрысэхэри хъури къыпачыжащ, дэшхуейм и пщIащэри къызэрыпылъэлъыжри Iэджэ щIащ. Ауэ Ахьмэд зи къэсыжыркъым. Уэшх зэпымычыжти, пэшым сыщIамыгъэкIыу унэм сыщIаубыдащ. АрщхьэкIэ саIэщIэкIыурэ мамэ деж сожэкI. СыкъызэрилъагъууIи си щхьэр и куэщIым ирекъузылIэ, ба къысхуищIыну зыкъыщигъэшкIэ, нэпс пщтырхэр си пщэдыкъым къыдолъадэ. Сэ зыми сыщIэупщIэркъым. СощIэ: си ныбжьэгъур къэсыжамэ, си деж нэкIуэнт. Мами мыпхуэдэу нэщхъеинтэкъым.

Ауэрэ гъэри щIыри кIуащ. Ауэ Ахьмэд и хъыбар щыIэтэкъым. Зауэ жыхуаIэм къикIыжми зылъэгъуа яхэттэкъым. Мамэ зэрыщIыкIум нэхърэ нэхъ цIыкIуж хъуащ. Махуэ псор джэшыдзхэм я деж щегъакIуэ, джэдым джэдыкIэу къыкIэрыхур джэшыдзхэм яхурикъуркъыми, жьэгу гъуанэм ситIысхьакIэ зы джэдыкIэ яжьэм къысхупэрихыжыртэкъым. Джэшым къикIыр сэ къызгурыIуэнт, ауэ мамэ «уи ныбжьэгъур жыжьэ щыIэу, ауэ узыншэу къызжаIащ», щыжиIэкIэ, тIури догуфIэ. Дунейм хуабэ кIапэр щиубыда махуэ гуэрым дэ бацэжь топыр къуажэ гупэм къыщетхуэкIырт. Мамэ я гъусэу хьэблэ фызхэми гуарцэ ящIын къащыпу тпэмыжыжьэу щызэхэзекIуэхэрт. Арати, джэ макъ гуэр зэхызох:

– А, Юрэ, зо! – къызоджэ мамэ. – Уи нэр нэхъ жанщ, тIасэ, плъэт, сыт мо бэзэр гъуэгужьым къррикIуэр?

КъызэхьэлъэкIыпэу топыр къэзгъэнауэ сыплъэмэ, фыз гупышхуэм къаухъуреихьауэ шу гуэр къашэ.

– Армейцщ шым тесыр, – жызоIэ. Фызхэри, Iуэхур къагъэнауэ, Iэдакъэжьауэ ящIауэ абыкIэ маплъэ.

– Алыхь, ар хьэсэпэхъумэм и шыр ара хуэдэмэ.

– Азалыхь, Хьэзешэ къепсыхыу нэгъуэщI и шым щигъэшэсакIэ, ди щIалэ гуэр къэкIуэжу арамэ, – жеIэ зым. Ауэ я пIэм икIхэркъым. Псори мэгугъэ къэкIуэжыр езыхэм я Iыхьлыуэ. ЩIалэ цIыкIухэр дыщIэпхъуащ. Гупми зы фыз къахэжауэ и щхьэфIэпхыкIыр щIиупскIэу къожэ. Къызэрыблагъэу:

– ГуфIапщIэр, гуфIапщIэр сысейщ. Нэхунэ, Ахьмэд къэсыжащ, – мэкIий. Сэри си къару къызэрихькIэ сыщIопхъуэ, шыпэм сызэрихутэу лъэданэ синам хуэдэу сызэщIоувыIыкI. Ахьмэд къепсыхыну къыжьэдекъуэ, арщхьэкIэ Хьэзешэ идэркъым.

– АтIэ Юрэ къызэтыт, – и дзэ хужь пIащэхэр къыIупсу ар къысхуогуфIэ, – мыр щIалэшхуэ зэрыхъуа, – жиIэурэ къоIэбэри Хьэзешэ сыIех, и бгъафэм сыщIекъузэ, и нэм, и псэм сыхуехь, сэри и пщэм зыщIэздзащи, псэлъапIи зыплъыхьыпIи езмыту сокъуз. Апхуэдэурэ унэм дыкъэсыжащ. Шым сакъыпэурэ къепсыхмэ, си ныбжьэгъур щIакъуэщ. Сэлэт щыгъынымрэ зэрыфагъуэмрэ щынэмыщIа, Ахьмэд зэры-Ахьмэдт.

А жэщым сэ ди унэ сахуэкIуэжакъым. Пасэу сыIурихыжащ, Ахьмэд ныщыгъуэлъыжар сщIэххэркъым. Хьэблэри къуажэри лъагъунлъагъу къызэхуэсат...

Пщэдджыжьым Iэ лъэныкъуэ баш зыIыгъ Ахьмэд дэрэ пщIантIэм дыкъыдэкIащ. АрщхьэкIэ си ныбжьэгъум «сигу къэкIыжыххэртэкъыми» жиIэри псынщIэу игъэзэжащ, зэкIуэцIылъ гуэр унэм къыщIихри къысхуишияц.

– Мыр ууейщ.

ЗэкIуэцIысхмэ, плъыжь дахэ гуэрщ, гъущI цIуухэр хэлъыжу. Сэ си нэр къихуу си ныбжьэгъум соплъ.

– Мыр жьэ пшынэщ, Юрэ, си лъакъуэр зыгъэуза дадэжьым къытесхащ. Мис мыпхуэдэущ зэрепщэр...

Апхуэдэ пшынэ зиIэ къуажэ псом дэстэкъым!

– А сымыгъуэ, а гъуамэм я жьэм жьэдэлъа сабийм щхьэ епта? – гукъанэ хэлъу жеIэ мамэ. Ар и IитIыр и блэгущIэм щIэлъу бжэкум итщ, и нэхэр Ахьмэд къыхутемыхыу.

– Сыхьэт енкIэ къэзгъэкъуэлъащ ар, мамэ, – мэдыхьэшх си ныбжьэгъур.

Куэдрэ пщIантIэм дыдэзэгъакъым. Сэ хьэмаскIэм хуэдэу яужь ситу, си ныбжьэгъур Мацэхэ екIуэкIащ, нэщхъейуэ куэдрэ бжэIупэм Iусащ, цIыхубз гъыхэм едэхащIэу, итIанэ си Iэпэр иубыдри дыкъэкIуэжащ.

– Ара мыгъуэщ, – жиIащ Iэнэ къигъэувурэ мамэ, – унагъуэ мащIэ гуIэркъым. Хьэблэ къудейм цIыхуипщIым тхылъ угъурсызыр къахуэкIуащ.

– Мацэхэ Iэбжи-набжи ямыIэж...

– ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъуэ мыгъуэр... фызабэ мыгъуэр... щIымахуэм щIисхьэу хуежьэри ягъэсыжащ, иджы зэпрыкIыбжэщ.

Си ныбжьэгъур къызгурыIуэжыртэкъым. Ар зэм егъэлеяуэ нэщхъыфIэт, зэми псалъэ къыпхужьэдэмышу еплъыхырт, асыхьэтым къыщиуду гъын фIэкIа умыщIэну. Махуэм и нэхъыбапIэм псы Iуфэм Iус си ныбжьэгъум Iуплъэху, мамэ и нэпсхэр кIэпхынымкIэ щIилъэщIыкIырти: «Махуитху мыгъуэр узижагъуэм и пIалъэ мыхъукIэ», – жиIэрт. Абы щыгъуэм сэ ар къызгурыIуэртэкъым.

ЦIыху къакIуэ-накIуэр щызэтеуа махуэ гуэрым си ныбжьэгъум гъунэгъум я шыдыгур зэщIищIащ, кIапсэшхуэ, джыдэ, гуахъуэ ирилъхьэри гублащхьэм дэтIысхьащ.

– А си щIалэ, тIэкIу зыбгъэпсэхуакIэщэрэт, уи лъакъуитI зэхуэдэкъым, – и къуэр къызэремыдэIуэнур ищIэ пэтми, мэлъаIуэ мамэ.

– Гуэныхьщ, мамэ, хадэ тIэкIур Iэщым Iисраф ящIмэ, щIымахуэ кIыхьым сыт яшхыжын, – жиIэурэ сэ къысхуеплъэкIащ. «Сыздэшэ» жаIэу

си нитIыр лъаIуэу къыщIэкIынти: – Уэ иджыри укъитIысхьакъым, си закъуэ сымышынэу мэз сызэрымыкIуэфынур пщIэркъэ?

Сэ абы и псалъэр тIу сщIакъым. IэхъупIэ банэр дэ тпэжыжьэтэкъым, баш папщIэу гуахъуэр зыщIигъакъуэурэ, абы банэр пиупщIащ, гум кърикъузэри шыдыгум и ужь иту лъэсу дыкъежьэжащ.

– ЛIы хуэдэу дегъэхыж, Юрэ.. Си плIэм удэсу усхьыжынт, ауэ си лъакъуэр... – нэщхъейуэ къызэплъщ, итIанэ пыгуфIыкIри кIагуэжьыр гум щIищIа шыдым трилъхьащ, сэ сигъэшэсыжри, – неуэ иджы, – жиIащ.

А махуэм кIыфI хъуху Ахьмэд сэрэ бжыхь тхуащ, сэ и лъабжьэм сыщIэзэрыхьурэ сымыгъэIэбэу. Ахьмэд къызэплъыху пыгуфIыкIыу. Ауэ ноби си нэгу щIэтщ Мацэ и щхьэгъусэ тхьэмыщкIэм гуфIэгъуэу иIар зыхуэдизыр.

ЕтIуанэ махуэм нэху сыкъызэрекIыу сэ Ахьмэдхэ сежэкIащ. Ауэ уни пщIантIи нэщIт...

Аргуэрыжьуи си ныбжьэгъум пэплъэн щIэздзэжащ, бэзэр гъуэгужьым сабэр къыщызыгъэхьейр ара сфIэщIу. Зэманыр макIуэ, Ахьмэд ихуа бжыхьыр зэрылъэлъэжрэ Iэджи щIащ. ЦIыхухэм абдежым «Ахьмэд и бжыхь хупIэ» фIащыжакIэщ.

* * *

Ахьмэд и гъуса Iэджэм къагъэзэжакIэщ. Хэт и Iэ-и лъэ псэууэ, хэти башкIэ гъуэгум теуIуэу. Ауэ дэтхэнэми насыпыфIэу зелъытэж. Зелъытэж дуней жыхьэнмэм къыхэкIыжащи. Ди хьэблэми дэсщ си ныбжьэгъум щIыгъуу зауэм дэкIа. Ар щIэх-щIэхыурэ мамэ деж къокIуэ, набжэ бжыхь хуегъэбыдэ, пхъэ IэплIэ къыхудедзэ, и жэмыжьым къыкIэлъоплъ, джэдкъазыр щыкъун щигъащIэркъым. Мамэ гуапэ лей щыхъур абы и бын цIыкIухэм ящыщ гуэр щIэх-щIэхыурэ жэщгъуэлъ къызэрыхуищIырщ. Ауэ а псом нэхъ лъапIэщ Ахьмэд и хъыбар къызэрыхуиIуатэр. Мамэ дежкIэ Чэруан иджыри щIалэтанэщ, Ахьмэд хуэдэу, арагъэнщ «си щIалэ цIыкIукIэ» щIеджэр.

Чэруан къыдыхьамэ, къару лей игъуэтыжауэ, кIэ кIыхьыр щIихурыхукIыу мамэ абы пожажьэ, IэплIэ иришэкIыурэ, Ахьмэд хисауэ щыта тут жыгым и лъабжьэм щIешэри егъэтIыс, и щIалэ закъуэр къыхуэкIуэжам ещхьу, нэхъуей текIауэ, зэпиплъыхьу тэлай щосри, сыт щыгъуи хуэдэу, укIытафэ тету къыщIедзэ.

– ИIэт, Чэруан, уи ныбжьэгъум и хъыбар къызжеIэт. – Мамэ дежкIэ а тIур сыхьэт япэкIэ зэбгъэдэкIыжам хуэдэщ. Чэруан жиIэнур гукIэ ищIэ пэтми, фIэгъэщIэгъуэнщ.

Чэруан мэпсчэуIу, тутын пегъанэри щIеш, и нэ гъуабжитIыр занщIэу фагъуэ мэхъу, и гупсысэхэр зэхуикъусыжыху абы зэрызиIэжьэр мамэ къохьэлъэкIри, игъэпIащIэу и куэм тоуIуэ.

– НытIэ, а махуэм кIэмэндирым дриджат, – мыпIащIэу кърегъажьэ Чэруан. – Дриджэри картэр къытрилъхьащ. Фэ нэхъ сызыщыгугъ щыIэкъым, жи абы, Iуэхур зыIутыр мыращ: мис мыбдежым нэмыцэм я кхъухьлъатэ тIысыпIэр щытщ, – жеIэри картэм тоIэбэ, – абы ныжэбэ зыгуэр евмыщIэмэ, пщэдей зызыIэтыну ди дзэр Iисраф къащIынущ. Щэхуу кIуауэ, тетри тесри зэтепIытIэн хуейщ. ГурыIуэгъуэ фи къалэныр?

– ГурыIуэгъуэщ, – жыдоIэ.

– АтIэ, гъуэгу махуэ, си къуэшхэ, фысакъ, – жери зырызыххэу ди Iэр къеубыд.

Ахьмэд дэрэ ди танкыр зэбгъурыттэкъэ? IэплIэ зэхуэтщIыжри дитIыс-

хьащ. Зауэм, мамэ, арыншауэ хъуркъым, а дакъикъэм къэхъунур зыми ищIэркъым. Арати, дыкIуэм-дыкIуэурэ, гъуэгу нэпцI защIэкIэрэ кхъухьлъатэ тIысыпIэм декIуэлIащ. ДекIуалIэри, лъэныкъуэ зырызымкIэ зыкъеттри дахэуэу щIэддзащ. Жэщыбг фIэкIати, къэрэгъулхэм щынэмыщIа адрейхэр жейрт. Сытми, нэмыцэхэм къэхъуар къагурыIуэу, зауэм зыхуащIыху зыкъом хьэлэч зэтетщIэри мэзым зыхэддзэжащ. Абдейм сыплъэмэ, Ахьмэд и танкыр мэзым хэжауэ солъагъу...

– Ар дауэ къэпцIыхуа, на? Псори зэщхькъэ? – хъыбарыр абы деж зэрынэсу мамэ сыт щыгъуи апхуэдэу щIоупщIэ.

– Тетха бжыгъэмкIэ, Iэгъу, – Чэруани сыт щыгъуи а жэуапыр ет. Мамэ абыкIэ арэзы зэрыхъуар елъагъури, адэкIэ пещэж: – Арати, сыплъэмэ, Ахьмэд и танкыр мэзым къыхэжауэ солъагъу. Уэлэхьи, адыгэш тес фIэкIа умыщIэнт, абы и танкыр зыкIэ игъэIэкIуэлъэкIуэфти. Зэм адэкIэ лъэуэ, зэм мыдэкIэ зыщIидзу абы сэмэлетыр ипIытIу, машинэшхуэжьхэр щхьэпригъэхуу солъагъу, абы и ужь иту дэри дытелъэдащ... Япэ ища Ахьмэд и танкыр бийм къаухъуреихьауэ щыслъагъум, абыкIэ зыздзащ, ауэ сэ сызэрысым мафIэ къыщIэнэу Iугъуэ къыщытщIэуэм исхэр дыкъилъэлъащ, танк къуагъым сыкъуэсу сыплъэмэ...

– Уэ уи нитI къаплъэмкIэ плъэгъуакъэ си щIалэр зэрысар мэзым хыхьэжу?

– Уэлэхьи, билэхьи, талэхьи, уэ узэрыслъагъум хуэдэу слъэгъуам, лажьи-хъати имыIэу абы и танкыр мэзым зэрыхэпкIэжар.

– ЛIы хуэдэу зэуат-тIэ си щIалэр?

– Тхьэ сIуэни, шыщхьэмыгъазэти, дыгъужьыгу ишха хуэдэтэкIэ.

– И адэри апхуэдэу пхъашэу щытащ, – мамэ погуфIыкI, ауэ и пыгуфIыкIыкIэм ткIыбжьагъ гуэр хэлъщ, – кIэдетхэм щезауэм сыт хуэдэу шыщхьэмыгъазэт...

Абдежым тIуми я псалъэм пач. Щхьэж и щхьэ илъым иIыгъыу хоплъэхэр. Ауэ мамэ япэ къощри:

– А си щIалэ цIыкIу, узогъэгувэ. Гугъу укъызэрыздехьыр тхьэм псапэу къуитыж, – жеIэри езыр япэ къызэфIоувэж. ЗэкIэ и закъуэу къанэмэ, абы нэхъ къызэрищтэр ещIэри Чэруан зиIэжьэркъым.

Сэ куэдрэ содаIуэ а хъыбарым. СедаIуэ пэтми, зыщызгъэнщIыркъым. Сэ срогушхуэ а хъыбарым. Хьэуэ, сэ сызэрыгушхуэр си ныбжьэгъурщ. СщIэртэкъэ ар зэрыхахуэр! Хьэблэ псом дэстэкъым къыпэхъу. Сэращ ар апхуэдэу щIэзэуар. Мамэ къыхуагъэхьыжа орденыр хуэмыхум иратрэ. Мамэ ахэр щIэх-щIэхыурэ елъэщI, си бгъэм къыхелъхьэ, IуокIуэтри къызоплъ. А дакъикъэхэм и пащхьэм итыр Ахьмэду къыфIэщI хъунщи, сабийм хуэдэу мэгуфIэ. ИтIанэ нэщхъейуэ:

– А си щIалэ цIыкIу мыгъуэ, сыту екIунут уи бгъэм мы фащэ дахэр! – жеIэ. Мамэ и нэпсхэр щIилъэщIыкIыну доIэбей, ауэ нэпс иIэжкъым. Абы орденхэр щащыху хужьым кIуэцIешыхьыжри пхъэ пхъуантэшхуэм и лъабжьэм щегъэпщкIуж.

ИтIанэ... ИтIанэ си ныбжьэгъум пэплъэн щIыдодзэж...

* * *

Илъэсхэр макIуэ, мамэ лъэрымыхь хъуащи гъунэгъухэм нэхъ жыжьэ кIуэжыфыркъым. Сэри Мацэхэ бжыхь щахуэтхуам сызэрыта ныбжьым нэса щIалэ цIыкIу сиIэ хъуащи, щIэх-щIэхыурэ си ныбжьэгъум и гугъу хузощI! Мамэ деж куэдрэ сызэрымыкIуэжыфри тIуми дигу къоуэ, ауэ сыкIуакъэ, «а Юрэ, си псэр зэзгъэшхын, уи ныбжьэгъум и письмом къыс-

хуеджэт», – жеIэри тхылъымпIэ гъуэжь зэпыпкIыр къещтэ. Ар абы нэм хуэдэу хуэсакъыу зэрехьэ, и псэм и щIэгъэуэнщ.

Мамэ и гугъэ хихыжыркъым гува-щIэхами Ахьмэд къызэригъэзэнум, сэри аращ. Дэхуэха мащIэ къыкъуэкIыжа? Илъэс къэси гуэгушыхъу хуегъашхэ. Сабийхэм ярегъэшхыж. Ауэ ерыщу дыпоплъэ къыщигъэзэнум. Гугъэр фIыщ. Блыным фIэлъ сурэтышхуэми «дауэ мыхъуами, фыкъыспэплъэ» – жиIэ хуэдэщ.

Махуэ гуэрым ди гъунэгъум лIы хьэщIэ къэкIуат. Сэри сыдэсти, срагъэблэгъащ. Iэнэ къахьыным дыпэплъэу ыздэщысым абы пэртэбакъ кърихащ, ауэ Iэ лъэныкъуэкIэ щыхузэтемыхым сыIэбащ. Пэртэбакъыр жьыт, текIыжат, зи щхьэ тезылъхьэу къыпхуезыхьэкIын куэди щыIэтэкъым. ЛIым и зыхуэпэкIэмрэ абырэ схузэгъэкIуртэкъым. ХьэщIэм тутын пезгъэгъэнэн сщыгъупщэжауэ сызэрыщысым гу щылъитэм:

– Ар фэеплъщ, щIалэфI, фейцей хъуами, аращ щIызесхьэр, – жиIащ. Пэртэбакъыр зэтезгъэпкIмэ, «Ахьмэд» жиIэу сапэкIэ къыхэуIукIат.

– Хэт мыбы зи цIэ тетыр? – соупщI сэ Хьэжсуф. ЛIыр нэщхъейуэ погуфIыкI, гукъэкIыжхэр зыщхьэщиху щIыкIэу и щхьэр егъэсыс.

– Сэр дыдэм сщIэркъым, уэ сыткIэ бжесIэн, куэд щIа пэртэбакъщ ар...

...Хуабэщ, хуабэщ дунейр. КIапсэу зызыукъуэдия цIыху гупышхуэр зыр зым зыщIигъакъуэу хуэму пхокI гъуни нэзи зимыIэу къыпфIэщI гъавэ щIапIэ губгъуэшхуэм. ЦIыхухэр зэхэфыщIащ, гукъыдэжыншэщ, ахэр зы зэман зауэлIу щытауэ къызэрыпщIэжын щыIэкъым. Гъуэзу къащхьэщыт сабэм гу лъамытэжыххэу ахэр макIуэ, я Iур игъущыкIащи, псы IубыгъуэкIэ я нэр къуатын къыпфIощI. Уеблэмэ ахэр цIыхухэм нэхърэ Iэщ хъушэм нэхъ ибогъэщхь. Ибогъэщхь, ауэ а къомыр мы бэлыхьым хэзыгъэтыр зэрыцIыхур зэращымыгъупщарщ, гъэрыпIэ ихуахэр Iэщым хуэдэу Iуэм зэримытырщ.

Хуабэщ. Хуабаещ. Гъуэгум и сэмэгурабгъур помидор хадэщ, ижьырабгъумкIэ уплъэмэ, хъарбыз фIыщIэшхуэхэр бомбэ къэмыуауэ зэхэлъщ хъущауэ. Ауэ еплъ хыхьи. КIапсэу гъуэгу кIыхьым зытезыукъуэдия цIыхухэм къабгъурытщ автоматыр зи бгъэм ищIа сэлэтхэр. Нэмыцэ сэлэтхэр. КъызэрыгуэкI фашистхэр. Ныжэбэ Iуэбжэм щIакхъуэ зытхух къыбгъэдэзылъхьахэр. Ахэр къащтэну щIэпхъуахэм ящыщу зыми къигъэзэжакъым – щIакхъуэм лагъым кIэрыщIати зэреIусэу, щIакхъуэхэри, цIыхухэри, щIыри зэхэзэрыхьыжауэ уафэм дрипхъеящ. Лагъым уэ макъым нэхърэ нэхъ гущыкIыгъуэт къуэгъэнапIэм къуэсахэм я дыхьэшхыр.

ГъэщIэгъуэнищэу зыхыбощIэ хъарбызымэр...

МакIуэ, макIуэ цIыхухэр, джалэр къапхъуэтэжу, уIэгъэм зыщIагъакъуэу, я дзэр зэтекъузарэ, я гущхьэм мафIэр щыблэу. ЕрагъкIэ зэфIэтыф къудей Ахьмэд нэхъ и лъэ зэрихьэми, ерагъкIэ и лъэр зэблихыфу арщ Мурат. Абыхэм я ужь итщ Къамбери. Зэхьэблэ щIалэхэр мы жыхьэнмэм щызэкIэрыкIыркъым. Ауэ куэд дэмыкIыу Ахьмэд бгъукIэ йощIэ, ауэ сабэм щыхэхуэ дыдэм Муратрэ Къамберрэ мапхъуэри (дэни кърахa къару!) къаIэтыж, зыщIагъакъуэри йожьэжхэр.

– Псы Iубыгъуэ закъуэ мыгъуэ... Щхьэлыкъуэпс шынакъ уефэнтэкъэ, Мурат? – и Iупэ гъущIа къэчахэр бзэгу гъущэмкIэ зэпилъэщIыхьурэ Ахьмэд нэщхъейуэ погуфIыкI икIи малъхъэдисым хуэдэу и нэр тедияуэ хъарбыз ныкъуэшхуэр зыIэщIэлъу блэкI нэмыцэ сэлэтым йоплъ. Махуэ Iэджэ щIауэ зиIу хугу хьэдзэ емыха пленхэр къызэреплъыр ещIэри сэ абрагъуэмкIэ абы сыхъэр къызыдих хъарбызыр зэгуегъэху, и кур кърешхыкIри, къэнар лъапэкIэ йоуэри дрехуей.

Хьэуар хъарбызымэм зэщIищтащи, ар щащэ бэзэр утет хуэдэщ. ГъэрыпIэм итхэм Iупсыр иракъух, нэхъыбэр йоплъых хъарбызым Iумыплъэн щхьэкIэ. Ахьмэди и ныбжьэгъухэм я Iэблэр иутIыпщауэ макIуэ, и нитIыр хъарбызым тенауэ. Мы дунеижьым тетт Ахьмэд абы пищI шхыныгъуэ! Тэмакъри апхуэдизкIэ игъущыкIащи, мы зэрыкIуэ гъуэгужьым ещхьу сабэр къилъэлъми ярейщ. Асыхьэтым мазэ никъуэм ещхьу хъарбыз бзыгъэшхуэ, жылэхэр къыхэплъу, Ахьмэд ибгъукIэ къыщохуэх. ЩIалэр меданкIэ къызэтоувыIэ абы еплъу, итIанэ ищIэр езы дыдэми имыщIэжу йохуэх, ауэ а напIэзыпIэм автоматыр къызэролъэлъ. Ахьмэд и Iэ сэмэгур щIопщ тхьэмпэу полэл, ар джэлэным хунамыгъэсу Муратрэ Къамберрэ йопхъуэри къаIэтыж, занщIэу цIыхухэм зыхагъэпшэхъуэж. АрщхьэкIэ къэрэгъулым ахэр илъэгъуакIэти, къабгъэдохьэ. Узымрэ зэгуэпымрэ къагъэлыба Ахьмэд абы кIуэцIыпкIэну и лъакъуэр еIэт, арщхьэкIэ адрейм зыIуедзри лъакъуэ пцIанэр сабэм хьэлъэу хохуэ.

Нэмыцэм напIэзыпIэм автоматыр зыпщIэхипхъуэтащ, ауэ зыгуэр игу къэкIа, къыжьэхэубжьытхам ещхьу погуфIыкIри:

– Туземцыр туземцщ, хьэращ никъуэшхым пхъуэр, цIыхум зэи нэгъуэщIым и никъуэш ишхынукъым, – жеIэри гъуэгунапщIэ удзым хохьэж, сабэр шырыкъу лъапэмкIэ иIэту. Мыдрейхэми гузэвгъуэр ящхьэщыкIащи, я псэр зэгъэжауэ я гъуэгу хагъэщIын щIадзэж.

Дыгъэр шэджагъуапIэм иуvауэ мывэкIэщхъ къыщIэхыпIэ бгынэжам носхэр. Сатыру ирагъэувэкI, аргуэру ябжыжри лэжьыгъэм пэрагъэувэ.

– Фэ лэжьыгъэр фIыуэ флъагъуркъым. Фыщхьэхынэщ. Дэ фылажьэу федгъэсэнщ. Языныкъуэхэм мы мывэкIэщхъыр джабэм носилкэкIэ дэфхи тефкIутэ. Кърахьэхыжыр аргуэру дэфхьеиж. Лэжьыгъэм цIыхур цIыху ищIауэ аракъэ фызыхурагъэджар? Феуэ-тIэ.

Офицерым къыбгъэдолъадэ нетIэрей къэрэгъулыр икIи и бзэкIэ зыгуэрхэр къыжреIэ. Мыдрейм, мэдыхьэшхри, и Iэр ещI.

– Ей-ей, мыдэ фыкъакIуэт. – Къэрэгъулым Ахьмэдрэ абы и ныбжьэгъуитIымрэ къыхеш, – флъагъуркъэ фи ныбжьэгъур сымаджэ хьэлъэщ, абы и мащэр къыхуэфтI. Къафщтэ мо белыр, – жеIэ нэмыцэм урысыбзэ никъуэкIэ. Мыдрейхэми зэхахар я фIэщ мыхъуу зэхэтщ, я нэр къиху.

– Мылажьэ ягъашхэркъым, иIэ, псынщIэу и мащэр къэфтI.

– КъэстIынукъым, ухуейми сыукI, – жеIэ Къамбер.

– Зауэм унафэр щызымыгъэзащIэм иращIэр, уэ усэлэтщ, уощIэ, – фашистым автоматыр зыпщIэхехри, джэд фIигъэжа къыщымыхъуу, лIы Iэщэншэр еукI. Къамбер Ахьмэд ибгъукIэ щоукIурий, лъыпсыр къыпыжу.

– Уэри мо хьэм зыщIэбгъакъуэу слъэгъуащ, – къреджэ абы аргуэру нэгъуэщI зы.

Ахьмэд щыму зыкъомрэ щытащ, иужькIэ, «сытIысмэ, саукIынци, си мащэр къызэратIыр слъагъункъым» – жиIэу йогупсысри зрегъэщэтэх.

– Зыгъэпсэху, зыгъэпсэху, – мэдыхьэшх нэмыцэ сэлэтыр, – уэ гъуэгуанэшхуэ къыппэщылъщ: уи алыхьым деж нэс укIуэн хуейщ! – Адрейхэм дежкIэ зегъазэри: – КъэфтIыну мащэ, хьэмэрэ мыбы и ужьыр фэзгъэхуну?

Ахьмэд нэщхъейуэ абыхэм я дежкIэ йоплъэкI. Абы къыгуроIуэ мы щIыпIэм псэууэ зэрырамыгъэкIынур.

– Сэр щхьэкIэ зевмыгъэукI. Куэдщ мор стекIуэдащи, къэфтI, дызэхуэдэ адыгэщ, сыщIэфлъхьэжынщ.

Муратрэ Хьэжсуфрэ ентIыр къаIэтым ещхьу къехьэлъэкIыу белхэр

къащтэри мывэкIэщхъ къихыпIэм ибгъукIэ макIуэ. Къэрэгъулым Ахьмэди абыкIэ еху.

– Мис мыбдежырщ узыщIэлъынур. Зыщумыгъэгъупщэ, – жеIэ абы.

ЩIалитIым мыпIащIэу щIыгулъ гъуущIар къатI. Дакъикъэри гъащIэщ. Бел дзагуэхэм мащэм ятIэмрэ мывэкIэщхъымрэ кърахтхъу. Мащащхьэм щхьэщыс Ахьмэди нэщхъейуэ йоплъ белыпэ къэс и гъащIэм зэрыхэщIым. Белыпэ – гъащIэ бжьиз, белыпитI – дакъикъэ. ЩIалитIри пIащIэркъым. Адрей къомри къоплъэри зэхэтщ. Зыри лажьэркъым, белыпэ – гъащIэ Iыхьэ, белыпэ – гъащIэ Iыхьэ... ЩIалитIыр пIащIэркъым – дакъикъэ закъуэри гъащIэ Iыхьэщ. Къэгъазэ имыIэу, зэи умылъагъужыну. Ахьмэди щыму мащэ бжьэпэм щхьэщысщ. Абы и гум щывыр зыхуэдизыр зыми ищIэркъым, игъащIэкIи ищIэнукъым, имыIуатэуи хьэдрыхэ здихьынущ.

Мащэр хьэзыр зэрыхъуххэу, Ахьмэд къызэфIагъэуващ. Ар щытт зэщIэкъуауэ, и нэгу нэщхъеягъуи гуфIэгъуи къимыщу, ауэ и нэ гъуабжэ пIащитIымкIэ нэхъуейуэ цIыхухэм къахэплъэу, илъагъу псори – и ныбжьэгъу нэщхъейхэри, хьэзабыр зыгъэв щIыгури, игу ириубыдэм ещхьу. ЦIыхухэри абы еплъырт, лIам ирагъэщхьу. Апхуэдэу куэд дэкIакъым. Сэлэтым унафэ ищIащ ятIэщIыну. Ахьмэд щыгъын тIэкIур езым зыщидзыну яужь ихьат, арщхьэкIэ нэмыцэм къыхуидэркъым.

– Мыхэр гугъу ехьащ, гугъуехьыпщIэ къуентхъыу уи щыгъыныр къыпщратхъ, – жиIэри. Ахьмэди нэщхъейуэ:

– ФыкъакIуэ, сщыфх, хамэIэ къызэвмыгъэIусэ, – щыжиIэм, Мурат бгъэдохьэри, и напIэр къыхуэмыIэту, джанэ пщампIэр еубыд, арщхьэкIэ и гур къызэфIонэ, къыIуокIуэтыжри и ныбжьэгъухэм къахэплъэу мэувыж.

– Сщыфх, тхьэм щхьэкIэ, зевмыгъэукI, – мэлъаIуэ Ахьмэд, – мыбы сэ сакъелынукъым, фэ си хъыбар фхьыжынщ, фи насып къикIмэ...

Хьэжсуф бгъэдохьэри Ахьмэд етIэщI. Ауэ фашистыр пIащIэркъым. Ар тIэкIурэ мэгупсысэ икIи Ахьмэд и щыгъынхэр щатIэгъэну а тIум унафэ къахуещI. Мыдрейхэми куэдрэ зралъэфыхьыжыркъым.

Ахьмэд мащэм щхьэщытщ, и анэ къызэрилъхуам хуэдэу, и нэм нэпс къудамэ къемыкIуэу. Асыхьэтым автоматыр хьэдагъэ пшынэу къызэролъэлъ, щиху жыгыщIэ ирагъэбэтауэ, Ахьмэд щIыбагъкIэ ещIэу тIэкIурэ щотри зэуэ мащэм къоукIурие.

ЩIы щхьэфэм хуэдэу зэтес хъужыху мащэр иратхъуэж, иужькIэ сэлэтым и дзэлыфэ итIурэ:

– Флъагъурэ, аращ зэрыхъур, и цIи и щхьи къэнакъым, фэри аращ къыфпэплъэр, – жеIэри IуегъэзыкIыж...

Хьэжсуф тутын ункIыфIар кIэфылъэм ирелъхьэри мэщатэ, пэртэбакъыр къызэрегъэдзэкI–нызэрегъэдзэкI.

– Мис абы лъандэрэ зызохьэ, – жеIэ. – Сэ щызагъэтIэгъа гъуэншэджым къикIат... Гуп сыхыхьэху пэртэбакъым и хъыбар соIуатэ...

Хэт ар? Си ныбжьэгъура? СщIэркъым. Ещхьу жеIэ. ИпэжыпIэр жызыIэн къуажэм къыдыхьэжакъым. Ауэ сэ си фIэщ сымыщIым нэхъ къызощтэ. Мы хъыбарыр мами жесIэркъым. Ар мэгугъэ. Сэри аращ.

Ауэ илъэсхэр блокI. Сэ зэрыслъэкIкIэ нэхъ щIэхыурэ мамэ деж сокIуэ, ауэ Ахьмэд зи къэсыжыркъым... СыкъилъагъуххУ мамэ магъ, щимэу зэкуэцIылъ письмо гъуабжэхэм сыкърегъаджэ. Абы си гугъуи итщ: «Юрэчкэ лIы хъуа?».

Си ныбжьэгъур къызэрытщ. Мамэ сэрэ иджыри догугъэ си къуэшым къигъэзэжыну. ГугъапIэ димыIэж щхьэкIэ, гъащIэм дигъэгугъэу дегъэпсэу.

Сэ жэщкIэрэ абы сопсалъэ, илъэгъуахэр къысхуеIуатэ, мэзым, псым дыздокIуэри мамэ къызохъуапсэ: – Сэри зэ закъуэ слъагъужащэрэт, – жеIэри.

Мис апхуэдэщ си ныбжьэгъур. Ар сэ нэхърэ нэхъыжьщ, ауэ нэхъыщIэщ. Ахьмэд и пащIэ-жьакIэ зэщIыхьакъым. Ауэ ар сэр нэхърэ нэхъыжьщ. Сэ ныбжьэгъу сиIэщ. Ди ныбжьэгъугъэр мафIэм исынкъым, псым хуэгъэункIыфIынкъым, зэманри пэлъэщынкъым.

# Нартыху Iэбжьыб

Гъуэлъыжыгъуэ зэрыблэкIрэ куэд щIащ. Къуажэ мамырыжам зэзэмызэ щоIу адакъэхэм зэфIащIэ уэрэдыр. Пэш кIуэцIыр щымщ. Пхъэ гъуэлъыпIэм къеувэкIа-къетIысэкIахэм жэщ Iэджи щIауэ зи нэбдзыпIэ къемыха яхэтщ. Абыхэм сащIыгъуу сэри соплъ зи псэм еджэу пIэм хэлъ фызыжьым. Абы и нэгур мамырщ. Зэзэмызэ и напIэ къеIэтри къыщхьэщытхэм къахоплъэ, къаруушэ хъуа и Iэр къеIэтри къыбгъэдэтым Iэ къыделъэ.

Ар малIэ. ЦIыху къигъэщIэн къигъэщIауэ. ЗыгуэркIэ дыдэIэпыкъункIи дыкъарууншэщ. ЦIыхур уахътыншэкъым. Сэ соплъэ абы и нэгу угъурлым, си нэр сфIоплъыз, уэфу си нэм къыщIэлъэда нэпсыр уэздыгъэм поцIури сыпхыплъыфыркъым. ИкIи а дакъикъэм сэ слъагъур къаруушэу пIэм къина Луцэкъым...

...Абы лъандэрэ куэд щIащ. АпхуэдизкIэ зэманышхуэ дэкIащи, сщIэж къудейщ. КъызэрысхуэгубзыгъыжымкIэ, гъэмахуэт, армырамэ уэрамымкIэ блэж псыIэрышэм зыщызгъэпскIынт, хьэмэрэ кIарц гъэгъа къыпызуду сшхынт? Ауэ зы фIыуэ сощIэж – а махуэм си кIуэцIыр къриIуэнтIыкIыу сымэжалIэрт, адрей махуэхэм хуэмыдэжу. Къалэм кIуэн ипэкIэ ди анэм тхуигъэжьа щIакхъуэм и вэгъум фIэкIа зыри схуэшхыртэкъым. Дауи пхуэшхынт а щIакхъуэр, гуэдз хуэнщIейм къыхэщIыкIамэ? ГурыфIыгъуэу сиIэр, зауэм щыIэ си адэм и шырыкъуитIыр бэзэрым зыхьа анэм и кIэрзинкIэм зыгуэр кърихынырт. IэнэщIу къэкIуэжынкIэ зэрыхъунури къызгурыIуэрт, ар мызэ-мытIэуи къытщыщIат. Арагъэнт «Ялыхь, щIакхъуэ къегъэхь», – жысIэу тхьэ сыщIелъэIур, бэзэракIуэ гъуэгум си нитIыр тедияуэ сыщIриплъэр. Ауэ, алыхьым си лъэIур зэхихын сфIэщI щхьэкIэ, абы сэ сриIуэху хуэдэтэкъым. Дыгъэм си щхьэр къигъэвэху уэрамыщхьэм сытесащ. АрщхьэкIэ ныбэ нэщIым си пIэ сримыгъэзагъэу, унэм сыщIыхьэжащ. Абы къыщызэжьэр уэрам нэщIым нэхърэ зыкIи нэхъыфIтэкъым. Щымыхъужым, тпэмыжыжьэу щыс ди благъэм я деж секIуэкIащ. Шхэуэ срихьэлIэнщ, жысIэу сегупсысами, сыкъыкIэрыхуауэ къыщIэкIащ – пщэфIапIэм пIастэ кIэрисхьэмэ IэфI къыщIих щхьэкIэ, Iэнэр Iуахыжауэ хьэкъущыкъур зэхатхьэщIэжырт.

КуэдкIэ сызыщыгугъ Луцэ фызыжьыр гуапэу къызэплъри и щхьэр игъэсысащ, ауэ абы и нысэ Любэ: «КIуэ, кIуэ, джэгу, унацIэу мыбдеж ущымыту», – къысщIэгубжьащ. Сэ тIэпIу шха щIалэ цIыкIум сыщIыгъуу пщIантIэм сыдыхьэжащ, си жагъуэ къызэращIар гуауэу си гум телъу. Вовэ и дзэм дэтIыхьурэ къызэупщIащ:

– ЛIо уэ шэджагъуэм пшхар?

Сэ жысIэнур сымыщIэу тэлайкIэ сыщытащ, иужькIэ:

– Шху-мырамысэ, – пцIы супсащ, – шхур шэщIэмыхуу ари, – Вовэ дыхьэшхыу къызэдэмэпкъэуащ:

– Фи мамэ бэзэрым кIуауэ хэт узыгъэшхар? Фэ жэм фиIэххэкъым. Уэи, сэ кхъуейрэ пIастэрэ сшхам. СыкъэмэжэлIэжас, – жиIэри абы жэрыгъэкIэ пщэфIапIэмкIэ игъэзэжащ, асыхьэтуи пIастэ хъурей иIыгъыу

къигъэзэжри ди лъакъуэ лъапцIэхэр щIэдупскIэу куэбжэпэм тет тетIысхьэпIэр егъэзыпIэ тщIащ. МэжалIэм си кIуэцIыр къриIуэнтIыкIырт, макъ иригъэщIу Вовэ пIастэр щигъэнык IукIэ (абы сригъэхъуэпсэну арат апхуэдэу щIищIыр) си гурыIупсыр ескъухырт. Вовэ пIастэ хъурейм къыгуипIэскIукIыурэ мащIэ-мащIэурэ жьэдидзэрт, дыгъуасэ я папэ нартыху куэдIей къызэришар къызжиIэрт.

– Ухуей пIастэ тIэкIу? – къызэупщIащ Вовэ тетIысхьэпIэм къелъэжри.

– ЦIыIу. СымэжалIэIым, – здакъым сэ. Абдежым Вовэ я хьэжьым еджэри пIастэ хъурейр хуидзащ. ТIэкIущ иIэжар ар къытесхыжыну сыжэным. Ауэ зызэтезубыдэжащ, пIастэкум къихуа кхъуей Iыхьэр слъэгъуа пэтми. Сэ кхъуей зэрысIумыхуэрэ Iэджэжь хъуагъэнт!

Зи ныбэ изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэнт? Вовэ и жьэр мыувыIэу пIэрэпIарэт. Сэ апхуэдэ гукъыдэж сиIэтэкъыми, си нитIыр си анэр къызэрыкIуэжыну гъуэгум къытезгъэкIыртэкъым икIи сегупсысырт: «УмыпIащIэ уэ, уэи, укъызэхъуэпсэжынмэ: папи зауэм къикIыжынщ, нартыху куэдIей къытхуишэнщ, уэи, мами иджыпсту къэсыжынум...» А дакъикъэм си тхьэкIумэм къиIуащ Вовэ къызэрызэупщIыр:

– Уэ дыдей нэцIакIуэ укъэкIуауэ ара?

– Хьэу.

– Уэи, мамэ нэцIакIуэ укъэкIуауэ жиIам. ИкIи арам.

– Щыгъэт... тхьэмыщкIэ... – селъэIуащ абы. Ауэ Вовэ къызэрыкIырт, къызэфыщIауэрт.

– Уэи, арам... Мухьэмэд, Мухьэмэдин, – нэцIэрыфэ, фейцеижь...

– ЩыбгъэтынуIэ? Iейуэ сыноуэнщ, тхьэмыщкIэ.

– Уэри? Уэ сэ укъыстекIуэрэ? Сэ къаруужь сыхъун щхьэкIэ самыгъащIэIауэ сагъашхэ, уэи, IэпхъуамбэжьакIэкIэ укъизмыудым, узыхуейрам, – икIи къызэуащ. Сэ афIэкIа схуэшэчыжакъым. Сыкъыщылъэтри и нэкIум IэгукIэ сеуащ, къызэпIэстхъ щхьэкIэ къэзмыгъанэу аргуэру сеуащ. Ауэ Вовэ зыщыщIидзым си удыныр и пэм техуэри... Си Вовэу плъагъур къэгъуэхъуащ. Сэ сыщIегъуэжауэ сыздэщытым, абы и анэри анэшхуэри къыдэжащ.

– Сыт къэхъуар? Хэт укъэзыукIар? – Любэ кIийуэ и къуэм бгъэдэлъэдащ, адрейр зэщыджэу здэгъым Iэпэ къысхуишийри, Любэ си дежкIэ къежьащ, ауэ Луцэ и къуагъым сыкъуигъэпщкIуащ.

– Сыт фыщIызэщыхьар, тIасэ? – Луцэ зыкъысхуигъэщхри губжь лъэпкъ хэмылъу къызэупщIащ. Асыхьэтым сэр дыдэм схуэмышэчыжу сыкъыщиудащ:

– Сыт-тIэ... нэцIакIуэ сыкъэ-къэкIуауэ щIыжиIэр?

Вовэ и анэр губжьауэ къызэплъри:

– Плъагъуркъэ а бэсачыр, – къызжьэхидзащ. А псалъэм къикIыр сымыщIэми, зэрымыщIагъуэр къызгурыIуауэ, нэхъри сыгъащ.

– ИщIэнур ищIауэ зэрыгъ а бэсачыр. Зы къызыщIэмынэжын, – жиIэри, Вовэ псы цIыкIум Iуишащ, и напэр хуитхьэщIри, – умыгъ, Вовэ, накIуэ лафкIэм уздэсшэнщ. Сэ кIэнфет къомыжь къыпхуэсщэхункъэ, – иришэжьащ и къуэр.

Сэ сигу зэгъауэ ди куэбжэпэм къэзгъэзэжащ. Пэж дыдэуи, куэд мыщIэу Любэрэ Вовэрэ къыдэкIри тыкуэнымкIэ драгъэзеящ. Сэ щызблэкIым Любэ къеплъэкIыххакъым, Вовэ и бзэгур къысхуридзащ, сэри IэштIым тIуащIэ хуэсщIащ. А тIур еуэкIыпIэм зэрыкъухьэу, Луцэ къыдэкIащ. Iэдакъэжьауэ ищIурэ зиплъыхьри, щимылъагъуIам, Iэ къысхуищIащ.

– Къажэ мыдэ псынщIэу, тIасэ.

СымыпIащIэурэ сэ абы и дежкIэ сежьащ, къызэшхыдэну ара сфIэщIу. Луцэ нэхъ сигъэпIащIэу къызэджэрт. Гъунэгъу сыхуэхъуа иужькIэ, ар щэхуу къызэупщIащ:

– Уи анэр къэсыжакъэ, тIыкIуэ?

– Хьэу.

– Е, хъарып цIыкIу мыгъуэ, умэжалIэкъэ-тIэ? Ей, зауэжь, гъащIэ кIэщIыр къыхукIуэ уэ укъэзыгъэхъеям... НакIуэ, ныдыхьэ. Нажэ, нажэ, лафкIэр Iумыхамэ, Вовэ сымэ псынщIэу къагъэзэжынущ. ИтIанэ бэлыхь дыхэхуэнщ...

Луцэ и блыгущIэм сыщIэту пщэфIапIэм сыщIишащ, щхьэгъубжэм зэ дэплъыжри псынщIэу щыкъу тегъэувапIэм пIастэ Iыхьэф I къытрихащ, абы и щIыIум кхъуей кIанэ пIащэ трилъхьэжри, тIэкIуи къысIэщIигуэрэ жысIэу, къысIэщIилъхьащ. ИужькIэ гуэным жэщ, нартыху IэбжьыбыфIитI къихьри си гуфIакIэм къыдикIутащ.

– Жэ, тIасэ, иджы кIуэж хадэ кIуэцIкIэ, мы уэстахэр Вовэ жумыIэж, армыхъумэ, зи пащхьэ декIуэлIэжын, уэри сэри нысащIэм дызэримыгъэхьым. КъыбгурыIуа? Жэ, си щIалэ цIыкIу. – Луцэ шыгъуэгум сришэри нартыху хадэмкIэ сыпхишыжащ, сымыIуэтэжыну аргуэру зэ си тхьэкIумэр иIуантIэри игъэзэжащ. Асыхьэтым «уи анэмрэ Луцэрэ хэт нэхъыфIу плъагъурэ?» – къызжаIамэ, къыхэсхынур сщIэуэ къыщIэкIынтэкъым.

Хьэуэ, зытездзэу, гъунэгъу фызыжьым къызита пIастэр сшхакъым, зы тIэкIу къыпызупщIа мыхъумэ. СыкъыщIыхьэжым сеплъу, си гурыIупсыр ескъухыу ар ди анэм пэзгъэплъащ. Си псэм ищIауэ къыщIэкIынт абы зыри къызэримыхьынур.

– Хьэжыгъэ банкI фIэкIа къызатыртэкъыми, схуэтакъым, – жиIащ ди анэм къэсыжри, ешауэ пхъэ къутапIэм хэтIысхьэурэ. Пщыхьэщхьэм нартыху IэбжьыбитIыр зэтриудри ди анэм пIастэ тхуищIащ, Луцэ гуэрым кхъуей шыпс къытхуихьати – нобэр къыздэсым си фIэщ хъуркъым абы нэхъ ерыскъы IэфI сIухуауэ. Ар сэ ныбэрылъ схуэхъуа сфIощI. ПIастэ хуабэр кхъуей шыпс шыугъэ, гъуэтырымэ мащIи къызыхихым хэгъэуауэ пшхыныр сыту гухэхъуэгъуэт! Абы и IэфIагъыр зыхуэдизыр чыщмыщкIэ япIам къыгурыIуэнкъым. Ауэ зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм ящIэ.

– Вовэ, дэнэ щыIэ Вовэ? – Луцэ и макъыр щызэхэсхым, си нэпс пIащитIыр пIэ лъапэм техуэри аргуэру сымаджэм и нэгу сиплъащ. А дакъикъэм си нэхэр хуэзащ щхьэгъубжащхьэм тет IэфIыкIэхэм. Ахэр сэ щIэупщIакIуэ сыкъыщыкIуэм сымаджэ шхыну къыздэсхьащ. Зэманым зи къарур щIихам ар щIэщыгъуэ щыхъуащ. Ауэ сытым щыщ а сэ къэсхьар, зы зэман абы си гуфIакIэм къыдикIута нартыху IэбжьыбитIым елъытауэ!

# НэфIыщIэ

Мэкъуауэгъуэ махуэм и дыгъэ жьэражьэр къухьэу мазэр кхъуей хъурей никъуэшх хуэдэ къызэрыщIэкIрэ зэман щIа пэтми, дунейр уэмт, хьэуар хьэлъэти, фо щIэхуагъащIэм ещхьу зэпышт. Дунейр упщIыIуртэкъым – гъуэгу сабэр хьэндыркъуакъуэ щIыIэу лъакъуэ пцIанэм къытехуэ щхьэкIэ, уэсэпс лъэпкъ щыIэтэкъым. Пщыхьэщхьэр цыIэрылъхьэ кIыхьу хуэму, щабэу зэпылъэфырт икIи а даущыншагъэм ихъуреягъыр иIыгъ пфIэщIырт. Ауэ екIуэкIыпIэм деж щыIэ чы-бжэгъу пщыIэ кIыхьу шыудзкIэ бгъам и бжэIупэм а даущыншагъэр щыкъутэрт. Мазэм и нурхэр

зэригъэзэхуапэу зыIуидзэ пщыIэ бжэIупэм щызэхэст махуэ псом колхоз губгъуэшхуэр фIанэкIэ зыIущIа цIыхубзхэр, зэхъуцацэу, зэрыгъэдыхьэшхыу, зэжраIам щыукIытэжа нэхъей, язынықъуэкIи зэхущIэплъыжу. Хъыджэбзхэм зыкърах: нэхъ хуэщIам щыгъщ зауэр къэмыхъей щIыкIэ къежьа бостей къуэлэн дахэ, тепхъуащ зи лъэгур хужь данэпс. Ауэ нэхъыбэм я фащэр парашют шылэм къыхэщIыкIа бостейрщ, ари щIакIуэкIэ хъужарэ лъэкIэным теуэрэ жыпIэу. Абы къызэрыкIэрыху щыIэкъым я лъытIэгъэныр – якъуу ягъэгъуа выфэр зыщIэда хъыдан вакъэхэм зэщхьу тIу яхэткъым – лъахъстэн зэмыфэгъухэр тхыпхъэщIыпхъэу, хьэбзыпэу, щхьэж нэхъ зэрыхуэIэзэу, я напэм тебзащ. Гъэмахуэ хъури я лъэр тыншыжащ  – чунир щахыжащ. Иджы мис, махуэр кIуащи мазэр нэхъ къыдэкIуэтеиным поплъэ, джэгу ящIынущи. Трактор бригадэм щыIэ щIалэ зытIури къэсын хуейщ.

Ауэ сыт хуэдизу джэгум пэмыплъами псори къэфэфынукъым – зыр и дэлъху хуощыгъуэ, модрейр нысащIэу къанэри и лIыр дэкIащи, нобэми хъыбарыншэщ. Ещанэрщи, утыку къызэрихьэн щыгъын пкъырылъкъым. Къызыдэфэнури хэт? Мо щIалэжь цIыкIу мафIэм къетIысэкIахэра? ЦIыхухъу дэсыжкъым къуажэм. Къыдонэж хъыджэбзхэр.

Зауэм къикIыжу къэзыгъэзэжыр зырызыххэщ, ахэми я Iэ-я лъэ зэхуэдэкъым. А псори зэрегъэкIэс хьэрэфинэм бгъэдэту зи набдзэ щIэзычми, дыгъэм кърижьыкIа нэкIум сэхусэплъ тIэкIу щызыхуэми, зи Iэр я бгъэм щызэрыдзауэ хъуэпсэнэкIэ абыхэм яплъ нысащIэ-фызабэхэми. Псом нэхъ зызыгъэжьажьэр Жануэсти, ар пшынэм щыIэбэм унэм щIэтахэр къызэрыщIэхри бжэIупэ убам деж щиувыкIащ икIи пшынэр къызэрызэрылъэлъыххэу гупзэхэшэ Хьэфисэт цей щыгърэ хъумакIуэм и пыIэ къуацэр тегъэсауэ утыкум къилъадэри пщащэм я нэхъ дахэр къыдишащи, еуэ кърехуэкI, еуэ зыжьэхегъауэ, къефыхь, хъыджэбзми абы зыпыIуедз, ибгъу, и щIыб къыхуегъазэ. Ауэ Хьэфисэт щIалэм я нэхъ ябгэм и бзаджагъэр и хьилагъщи, пщащэр IэщIэкIыркъым. Апхуэдэу цIыхубз къафэкIэ куэдрэ утыкур пIыгъынт, ари щаIэщIэужагъуэм Хьэфисэт мафIэм пэрыс щIалэ цIыкIухэм яхыхьащ:

– ФынакIуэ, зэрызэ фыкъафэхэ, – йолъэIу зэрифIэщкIэ.

– Уэй, дэ къэфэкIэ дымыщIэ, – мэукIытэ адрейхэр.

– ФынакIуэ закъуэ, фымыщIэмэ фэдгъэщIэнщ, иIэт, тIасэ, гуэныхьщ мохэр, я къэфэн къокIуэ... Фэ фыцIыкIуми фыцIыхухъущ, фэращ дэ диIэжыр, си дэлъху цIыкIухэ. НакIуэ, ХьэпIотI, тхьэ уэ дахэ Iейуэ укъофэмэ.

Хьэфисэт абы и Iэблэр еубыдри ирешажьэ. Модрейхэри кIэлъокIуэ, Iэгур къоблыж. Псори абы ирогуфIэхэ. Ауэ ар зауэм и пэм щыгъуэм щIалэхэм губгъуэжьыр къызэрагъэпсалъэу щыта Iэгум ещхькъым – сытми «цIопI-цIопIу» аращ. Адакъэ цIыкIу хуэдэ утыкур къефыхь ХьэпIотI, адрей щIалэ танэхэри къытолъадэ, къофэ, зыхатIэ-зыхасэ. ЦIыхубзхэри нэхъ нэщхъыфIэ къэхъуащ, Iэгур якъутэ, щIалэ цIыкIухэр трагъэгушхуэ, цIыкIумэ ин хъункъэ – цIыхухъухэщ.

Джэгур зэм кIащхъэ хъум зэми къызэщIэблэжурэ мазэри къыдэкIуэтеящ. ХъумакIуэ лIыжьми (аращ мы пщыIэм и алыхьри бегъымбарри) зэрэ-тIэурэ зыкъигъэлъэгъуащ. Абы къикIыр «гъуэлъыжыгъуэ хъуащ» жиIэу арати, джэгур якъутэжащ. Ауэ цIыхубзхэм Хьэфисэт джэджьей быным джэдкъурту къатIысыхьат зракъузылIэу. Iэджэрэ уэгум дэплъейуэ вагъуэр нэкIэ ящу, мазэм еубзэу щысахэщ. ИтIанэ гущIэр къэзыгъазэ гурыщIэ макъ дахэкIейкIэ Хьэфисэт къыхидзащ:

*СыкъыщIокIри мазэм соплърэ,*
*СыщIохъэжри си фэр макIуэ –*
*Си НэфIыцIэмэ сытокIуадэ мыгъуэ, уей!*

Макъ закъуэкIэ къыхидза гъыбзэм зэуэ печри, Хьэфисэт зэпходэIукIыж, дэнэ нэсауэ пIэрэ си уэрэдыр жиIэм ещхьу, икIи асыхьэтуи макъамэр цIыхубзхэм япхъуатэ, гум щIыхьэу зэпашу, дэтхэнэ зыми езым и гурыщIэр, гузэвэгъуэр, бампIэр хилъхьэу яукъуэдий. Яукъуэдий уи гум къепIэстхъыу.

*Е уа-а-редэрэ, ай-уа-редэщ,*
*Е уаре-дэр еуаредэ-мыгъуэщ,*
*Е уаредэрэ си НэфIыцIэ-мыгъуэ-уей,*

Макъамэр тIэу-щэ къытрагъэзэжурэ жаIэ, ауэ зыми псалъэ хигъэувэркъым. «Си НэфIыцIэм» нэмыщI. Апхуэдэу цIыхубзхэм нэхъ къащтэ – дэтхэнэ зыми и гущIэм щибзыщI псалъэхэр макъамэм щIелъхьэ.

*Пшынэ макъри гум сфIыхохъэрэ,*
*Псэм хыхьауэрэ лъагъуныгъэри*
*Уэ пхуэсщIатэкъэ, си НэфIыцIэ, мыгъуэ, уей! –*

– уэрэдым пещэ Хьэфисэт зыкъезыкъузылIэ цIыхубз цIыкIум.

Зи щхьэфIэпхыкI хужьыр, набдзэр щIихъумэрэ жыпIэну, къегъэкIуэтэха а щхьэлъащIэм и гъыбзэр зи закъуэу губгъуэм къина къыу уIэгъэм и макъ фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым. Абы и гущIэм къикъуэлъыкI бампIэм и инагъыр и ныбжьэгъухэми зыхащIэ, зыгуэрым нэпсыр иубыдын фIэщIу и пэр дрелъэфей, дэлъэфей макъыр зэхэзыхам езым и нэпсыр къыфIыщIож. Ауэ уэрэд кIапэр иутIыпщыркъым ЗэIирэт.

*Гъатхэ мазэр ину маблэ,*
*Щыблэ уапIэ хъун зауэжьмэ*
*УсIиха мыгъуи, си НэфIыцIэ, дахэ!*

ЗэIирэт и нэ гъуабжэшхуитIым къыщIэува нэпсыр заулкIэ щIэтри афIэкIа зыхуэмыIыгъыжу нэкIу пхъашэм ежэхащ, сэхусэплъым лъагъуэ цIыкIуитI щыпхишу. Гупми уэрэдыр нэхъри ишэщIащ, абы и бампIэр щхьэщихын и мурад щIыкIэу. Псоми ящIэрт ЗэIирэт лъыхъу къыхуэкIуэу пIалъэ зэIаха къудейуэ и щауэ есу Аслъэнбийр зауэм зэрыдэкIар, абы лъандэрэ зэрыхъыбарыншэр. Къыхуэнарщи, ЗэIирэт махуэ къэс чысэ хедыкIри дзэм ягъэхь саугъэтхэм яхелъхьэ – хэт ищIэрэ...

Ежьур зэраухыххэу и бгъэ къиIукI щIыкIэу, макъ лъахъшэкIэ уэрэд кIапэ иубыдащ Хьэсасэ:

*СыкъыщIокIри мазэм соплърэ,*
*СыщIохъэжри согъуэлъыжрэ –*
*Сыфызабэу сыкъэна мыгъуэщ-уей!*

Хьэсасэ мазэ нэси илъэгъуакъым илI и IэфI. Хьэсанш зауэм дашу я нэпс мыгъущ щIыкIэ нэмыцэр къэкIуащ. Нэмыцэм «Уколхозактивщ» жаIэри Хьэсасэ и тхьэмадэр укIыкIейуэ щIытIым щаукIащ, пIэхэнэ гуащэри куэдрэ псэужакъым. Унэ нэщIым щIагъэсынт, «уи лIыр къэкIуэжмэ укIуэжынщ», жаIэри Хьэсасэ и Iыхьлым зрашэлIэжащ. Хьэсаси и Iыхьлыхэми ящIэртэкъым Хьэсанш къимыгъэзэжу илъэс пщыкIубгъум Хьэсасэ фызабэу къызэрынэнури, илI и гупэ хуабэ зэрыхэлъа жэщ зыхыблым фIэкIа

цIыхухъу и IэфI имылъагъуу абы и гъащIэ псор зэрихьынури, Хьэсасэ хуэдэ адыгэ щхьэлъащIэ минхэр цIыхухъу щIэбэгми ялI я нэмыс яхъумэу зэрыщысынури... А псор япэкIэт. ЯпэкIэт, иджыпсту щхьэлъащIэм уэрэд жиIэ яфIэщI щхьэкIэ, Хьэсасэ гъырт, къугъырт, и щIалэгъуэ-и дахэгъуэ кIуэдым и гъыбзэр иусыжырт.

Уэрэдым зэм зеIэт, зэми зеущэху, жэщыр хокIуатэ, зи жеин къэкIуа хъыджэбз къэжэпхъагъащIэхэр унэм щIохьэжри, зэрыхуэпауэ пIэм зыхаIубэри Iурех. ЦIыхубз къэнахэр нэхъри нэхъ гъунэгъужу зэкIэщIопщхьэ. Мис абыхэм зызэпщIэхадзауэ макъамэм дощIэхэри, зы цIыху абрагъуэ унэ блын мыям кIэрысым ещхьщ. Къоплъэри лъэныкъуэкIэ щытщ хъумакIуэ лIыжьри, щыму, цIыхубзхэр фIэпсэкIуэду. Мыхэращ абы ихъумэр. Хэт зыщихъумэнури? Жэщгъуэлъу аращ. ТIэурэ щэрэ къытелъэдат «Фыгъуэлъи фыжей, пщэдей нартыху сатыр зэхуакум фыщыукIуриинщ», яжриIэну, арщхьэкIэ ягъэвыр елъагъури фIэпсэкIуэдщ.

...Къухьащ мазэ ныкъуэшхуэр, фагъуэ мэхъу вагъуэхэр. Цы Iуданэ шыхьауэ зэпщIэхэдза цIыхубзхэр лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэрэ йощIэ, хъумакIуэ лIыжьыр и щхьэр IитIкIэ иIыгъыу бжэщхьэIум тесщ. ПсыIэрышэм и еуэкIыпIэм и хъуреягъым гущIэр къэзыгъазэ уэрэдым зыщеIэт:

*Лъагъуныгъэ мыгъуэр мыдахагъэрэт,*
*Лъагъуныгъэ мыгъуэр мыIеягъэт,*
*Си псэм IэфIури уилъэгъуа мыгъуэти, уей-и-и...*

* * *

Iэджэ щIащ чы-бжэгъу унэр Щхьэлыкъуэ псы Iуфэм зэрыIумытыжрэ, илъэс пщыкIубгъум фызабэу къэнахэр гъащIэм къэрэкъэшу зэригъэшрэ. Ауэ а щIыпIэм сыщыблэкIкIэ, е «НэфIыцIэ» жызыIахэм ящыщ гуэр сыщыхуэзэкIэ си тхьэкIумэм къохьэж:

*СыкъыщIокIри мазэм соплърэ,*
*СыщIыхьэжмэ си пIэр нэщIкъэ –*
*Сыфызабэурэ сыкъэна мыгъуи, уей* – псалъэхэр.

Си нэгу къыщIохьэжри, лъахъшэу щхьэщэ яхузощI.

## *Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу*

# Анэм и гъыбзэ

*Гъэмахуэ пщыхьэщхьэхэм, хуабэм лъэныкъуэегъэз зищIу жьы щIыIэтыIэм утыку щигъуэт зэманхэм, куэбжэпэхэм уэршэракIуэ щызэхуэс хабзэщ хьэблэм мащIэ дыдэ щыхъуа лIыжьхэр. Я пкъым къедэхащIэ акъужь щабэр ягу пымыкIыу, ахэр жэщыбг пщIондэ щызэхэсыр нэхъыбэщ. ЛIы гъуэгуанэ къызэзынэкIа нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэм щытепщэр блэкIа зэманырщ – я щIалэгъуэрщ. Апхуэдэхэм деж абыхэм я псалъэмакъым щIэмычэу къыхохуэ зэгуэр я хьэблэм дэса БецIыкIу зэшхэр: Багъ, ХьэзрэIил, Хьэсанш сымэ. А щIалищым ягъахъэу щытахэм, я дуней тетыкIам апхуэдизкIэ дахэу, узыIэпишэу ахэр топсэлъыхьхэри, кIуэракъэ, зэи умылъэгъуами, игъащIэ лъандэрэ пцIыхуу щыта хуэдэ уи нэгу къыщIагъэхьэ.*

Зи хабзэкIи зи бзыпхъэкIи щапхъэ къызытепх хъун унагъуэфI зыдэмыс жылагъуэ щыIэ – апхуэдэ куэд Хэку зауэшхуэм и пэкIэ щыпсэуащ Псыгуэнсу къуажэми. Абыхэм ящыщ зыт БецIыкIухэ МатIрэ ТIасIэфIрэ я унагъуэр. Хьэблэдэсхэм «зым нэхърэ адрейр нэхъыфIыжщ» хужаIэу, къуищрэ пхъуитIрэ зэдапIырт зэщхьэгъусэхэм. ЦIыхуфIхэт, лэжьакIуэшхуэхэт, зи мыIуэху зезымыхуэ унагъуэ хьэлэмэтт. МатI пасэу дунейм щехыжым, абы и пIэ йоувэ быным я нэхъыжь Багъ.

Ауэрэ зэман дэкIри, къэжэпхъыр колхозым хыхьэурэ, зэдэлъхузэшыпхъухэм псоми губгъуэр IэнатIэ яхуэхъуат, я гуащIэдэкI хьэлэлым къыпэкIуэм щыгуфIыкIыуи лажьэхэрт. А лъэхъэнэм, 30 гъэхэм икухэм, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэу щытащ мафIэсым ебэныным теухуар. А Iуэхум бгъэдэт гупым я нэхъыжьт Багъ. МафIэсым абы цIыху Iэджэ къригъэлащ, псэуалъэ куэд щихъумащ. Абы и закъуэкъым – нэгъуэщI IэнатIэхэми пэрытащ ар, жылэри районри къыхуэарэзыуэ пщэрылъ къыщащI лэжьыгъэхэр зэрихьащ.

– Йоуэри зы махуэ гуэрым Налшык къокIри ди жылэм къокIуэ ДыщэкI Залымхъан, а уэрэд дахэ къом зыусар, – жеIэж илъэс 90-м щIигъукIэ псэуа, БецIыкIу Багъ дэлэжьа икIи и гъунэгъуу щыта Семэн ТIутIэ. – Ар къалэм щылажьэрт мафIэс гъэункIыфIыным теухуауэ къулыкъушхуэ иIыгъыу. «Багъ дэнэ щыIэ?» – жери щIоупщIэ. Лэжьыгъэ IуэхукIэ районым зэрыкIуар гурызогъаIуэ. «Зэрэгъыж сынэмысынкIэ Iэмал иIэкъым» щыжиIэм, ди IэнатIэм шиплI диIэти, шыгу зэщIызощIэри дожьэ. Гъуэгум дытетыхункIэ Залымхъан Багъым щытхъуу хужиIари сыт хуэдиз. «Тхылъ ищIэу щытамэ, Къэбэрдейм и унафэщI пщIы хъунт а лIыр» зэрыжиIари фIы дыдэу сощIэж.

Унагъуэр зэтеувауэ тэмэму здекIуэкIым, Хэку зауэшхуэр къохъей. Багъ офицерхэр щагъэхьэзыр еджапIэр пIалъэ кIэщIкIэ къэрагъэухри, зэуапIэм Iуашэ. Зэшхэм я нэхъыщIэ Хьэсанш а лъэхъэнэм дзэм къулыкъу щищIэу къэрал гъунапкъэм щыIэти, ари мафIэлыгъэм и курыкупсэм хохуэ. ХьэзрэIил, и анэкъилъхухэр фронтым зэрыIутырат е апхуэдэ лэжьакIуэшхуэ зырызыххэ фIэкI колхозым зэримыIэрат, зэкIэ дзэм ирамыджэу къагъанэ.

Жылэм цIыхухъуу дэсым и нэхъыбапIэр я хэку яхъумэжыну дэкIа нэужь, колхоз лэжьыгъэр зэрыщыту я пщэ къыдохуэ цIыхубзхэм,

лIыжь-фызыжьхэм, зи Iэпкълъэпкъыр зэрымыубыда щIалэгъуалэм. Абы щыгъуэ ди цIыхум гугъуехьу яшэчар пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизщ. Жэщ-махуэ жамыIэу губгъуэм илэжьыхьхэм яхэтт БецIыкIу зэкъуэшхэм я шыпхъу нэхъыщIэ, илъэсищэкIэ псэуа Гулэзи.

– СыцIыкIуу, си къарур пэмылъэщу, ХьэзрэIил сригъусэу губгъуэм ситащ, – игу къегъэкIыж абы. – Бригадирым «мыбы трудоден псо хуэттх хъунукъым» щыжиIэм, «сэ абы и Iыхьэр сщIэнщ» жери, си къалэным и нэхъыбэр си дэлъху мыгъуэм игъэзащIэу дылэжьащ… Бегъымбарым хуэдэт щIалищри: псэ къабзэхэт, хьэлэлхэт, уардэхэт, псоми пщIэ къыхуащIырт. Абыхэм хуэдэ цIыху къалъхужыну си фIэщ хъуркъым, тхьэ.

Сыт хуэдиз гугъуехь ятемылъми, БецIыкIухэ я унагъуэм яшэчырт. Сыт ящIэнт, зэрыжылэу, зэрыкъэралу апхуэдэт. Ауэ унагъуэр къэзыгъэхыщIэр псэкIэ ягъэв бэлыхьырт: Багърэ Хьэсаншрэ я Iуэхур зытетыр зэрамыщIэрт. Бийр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахужу мазэ зыбжанэ дэкIа нэужьщ ТIасIэфI хъыбар гуауэр къыщыIэрыхьар. Абы я унагъуэм къахьа щхьэкIуэ тхылъым итт: «Лейтенант нэхъыжь БецIыкIу Багъ МатI и къуэр 1943 гъэм мартым и 8-м Орлов областым щыIэ Ольговск къалэм деж щыхэкIуэдащ икIи абы щыщIалъхьэжащ»…

Зауэ нэужьым БецIыкIухэ къыхуахьыжащ адыгэ офицерым и орденитIымрэ и тхылъхэмрэ.

Зэшхэр фIыуэ зыцIыхуу щытахэм ящыщщ Мыз Мэсэдин. Зэгъунэгъут, зы унагъуэ фIэкI я зэхуаку дэмысу:

– Зэшхэм я цIыхугъэмрэ я адыгагъэмрэ лъагэт, утепсэлъыхь пэтми пхуэмыухыну. КIуэаракъэ, пщIэ яхуумыщIынкIэ, уадэмыплъеинкIэ Iэмал имыIэу апхуэдэ цIыху телъыджэхэт. Нэхъыжьыр, Багъ, уи нэм нэху илъагъуу зэи и пщIантIэ дэбгъуэтэнутэкъым, зыпэрыт лэжьыгъэм апхуэдизкIэ зыIэпишэрти. Арат нэкууи напIэуи иIэр. Багъ къыкIэлъыкIуэ ХьэзрэIили къэзымыцIыху къуажэм дэстэкъым. Жылэм зы лэжьакIуэшхуэ иIамэ ар етIуанэт. Езыр лIы къуэгъу кIыхьышхуэт. Бланэт, пелуант, цIыху цIыкIум ягъэщIагъуэу. Пхъэ е нэгъуэщI хьэлъэ гуэр зэрылъ шыгу яунэщIу ирихьэлIамэ, «мыбы щхьэ зевгъэлIалIэрэ?» жиIэрти, гур къиIэтырти игъэуфэрэкIырт. ИтIанэ, шыр фIы дыдэу илъагъуу щытащ. Шы гъэсэн зыгуэрым иIэмэ, дэIэпыкъурт. Си нэкIэ слъэгъуащ нэбгъэфыр тхьэкIумакIэкIэ къиIэтрэ игъэтIысу, апхуэдизкIэ къаруфIэти…

И шынэхъыжьитIым далъагъу хьэлыфI псори хэлът Хьэсанши. Ауэ и къуэшхэм къахигъэщхьэхукIыу абы иIэт зы щэн: цIыху щабэт, егъэлеяуэ гумащIэт, бзэ IэфIи Iурылът. Хьэблэдэс щIалэжь цIыкIухэр фIыуэ илъагъурт, уеблэмэ хущIыхьэгъуэ щигъуэт зэманхэм ахэр дэджэгуэгъу ищIырт.

– Зэкъуэшхэм нэхъ си ныбжьэгъур Хьэсаншт, – пещэ Мэсэдин, – зикI си нэгум щIэхуркъым ар щыдэкIа махуэр. Гъуэмылэ, щыгъын лей тIэкIу иIыгъыу уэрамым сыщыхуозэри соупщI: «Мыр сыт, Хьэсанш, дэнэ укIуэрэ?» – жызоIэри. «Мобдеж шыгур къыIухьэнущи абы сыпежьауэ аращ, военкоматым сокIуэ, – жи, итIанэ: – узыншэу фыщыт», – жери, си Iэр къеубыдыж, къыкIэлъыдэкIахэм зэ къахоплъэжри йожьэ…

ТIасIэфI жыжьэуи и пщIыхьэпIэ къэкIыртэкъым ХьэзрэIил зэуапIэм Iуашэну. И щIалэ нэхъыжьыр щыхэкIуэдакIэ, и нэхъыщIэр щыхъыбарыншэкIэ, ещанэ гуэрри щхьэ IэщIахын хуейт? Ауэ 42 гъэм абыи къратащ повесткэ…

ХьэзрэIил быну иIэр зыпхъу цIыкIу закъуэт, гъэфIагъыцIэу фIащауэ БабыцэкIэ еджэу. АфIэкIа зэримылъагъужынур и псэм къищIа хуэдэ,

зауэм щыдаш махуэм, къэгумэщIауэ, и хъыджэбз цIыкIур абы и нэм, и псэм хуихьырт.

– Ди адэр щыдэкI махуэм си анэнэпIэс Замилхъан гъуэгыу унэкум ист, – ар игу къыщигъэкIыжкIэ ноби и нэпсыр хуэубыдыркъым Бабыцэ, – ди адэ мыгъуэм сыкъиIэтри сызрикъуузылIащ, «улажьэ-ушхэжу дунейм дахэу тетын Тхьэм уищI» жиIэу и IэплIэм сису ди гъунэгъу фызыжь къыщIохьэ фо банкI иIыгъыу. Ар щилъагъум, мэукIытэри щIым срегъэувэхыж. ИтIанэ, «къэзмыгъэзэжмэ, сабийр фи анэмэтщ» жери докI…

Пэ зиIэм кIэи иIэщ. ИкIэм-икIэжым еух зауэжьри. Зи насып къикIыу къелахэр зырыз-тIурытIурэ Псыгуэнсу къыдыхьэжу хуежьащ. Зи къуэ нэхъыжьыр зыгъеижа ТIасIэфI мыдрей и щIалитIым пэплъэрт, «хэкIуэдауэ тхылъ кIапэ къыщытIэрымыхьакIэ, псэущ» жиIэу. Зауэ нэужьым мази, мазитIи, илъэси дэкIаи, арщхьэкIэ ХьэзрэIили Хьэсанши я Iэуи я лъауи щыIэтэкъым. Нэгъуэщ мыхъуми, и щIалэхэм языхэз имылъагъужыну и фIэщ хъуртэкъым анэм. Гъыурэ и нэхэм нэпс къыщIэнэжатэкъым. ЖэщкIэрэ жейртэкъым. Хьэр бэнамэ, къыщIэкIырти «щIалэхэр къэкIуэжауэ пIэрэ» жиIэу Iуэм ихьэу, бэкхъым щIыхьэу, хадэр къиплъыхьу апхуэдэт. Псыхъуэм дэтт «баз» жари шыхэр щаIыгъыу щытауэ псэуалъэ гуэрхэр. Абы Бабыцэ здишэрти «мыбы си щIалэхэр щыIащ, мы лъагъуэм ирикIуащ, мыбы еIусахэщ» жиIэурэ сэхым Iэ дилъэрт.

…Илъэситху енкIэ и бынхэм пэплъащ ТIасIэфI. АдэкIэ и гум хуэхьакъым. Гъыурэ нэф хъуауэ, пIэхэнэу дунейр къибгынащ. ЛIэн и пэ и щIалэхэм гъыбзэ яхузэхилъхьат. А гъыбзэр ихъумащ и пхъурылъхум:

*Си нэхъыщIэр япэ докIыр,*
*Си нэхъыжьри кIэлъыдокIыр,*
*Си курытри зэрыдэкIрэ*
*IейкIи фIыкIи хъыбарыншэ мыгъуи, уей.*

*СыкъыщIокIри мазэм соплъыр,*
*СыщIыхьэжрэ нысэм сеплъмэ,*
*И хьэпшыпыр зэкIуэцIелъхьэ мыгъуэ,*
*ПIэщхьагъыншэщ, сыт ищIэну мыгъуэ, уей.*

*Жэщыр хъуамэ, сымыжей,*
*Нэхур щамэ, сымылъагъуурэ*
*Си щIалищым я гуIэгъуэм*
*Мы си нитIри нытеслъхьа мыгъуи, уей.*

*Пшынэ фIыцIэр магъ-мэусэ,*
*Уэрэдусу сыщымыт мыгъуэ,*
*Анэу щыIэм ди гуIэгъуэщ,*
*Си уэрэдым фыкъежьу, кхъыIэ, уей…*

*ХьэзрэIилрэ Хьэсаншрэ иужьрей увыIэпIэ яхуэхъуар дэнэ щIыпIэ деж щыхэкIуэдами ноби зыми ищIэркъым. Ауэ шэч зыхэмылъыжыр зыщ: ахэм ягъэулъиякъым зыдэкIа жылэм, зыхэкIа лъэпкъым, я адэжь щIыналъэм я пщIэр, я щIыхьыр. Адрей цIыху мелуанхэм ещхьу, я щхьэр халъхьащ зауэ гущIэгъуншэм.*

*…И плъырыныр еухри, жэщыр щхьэхынэ-щхьэхынэу токIуэт. Нэхулъэми, темыгушхуащэурэ, къызэкIэщIетхъ. Адакъэхэм, зэпэджэжу, Iуэн щIадзэ. Хьэ закъуэтIакъуэми я макъ къызэпхагъэIукI. Хуэм-хуэ-*

*мурэ къызэщlохъае хьэблэр. Сыт щыгъуи хуэдэу. Гулэз, зэшищым я шыпхъу нэхъыщlэр, жьыуэ къотэджри унэм къыщlокl икlи зэгуэрым я лъапсэжьу щытамкlэ маплъэ. Абы къыфlощl зыр зым и ужь иту и дэлъхуищыр губгъуэм дэкlыну, щыгъыныр екlупсу зыщыгъ Багъ япэ иту, и lэ хьэнцэшхуитlыр щlиупскlэу Хьэзрэlил абы и ужь иту, Хьэсанши нэжэгужэу а тlум якlэлъеlэу. Дыгъуасэ хуэдэти апхуэдэу щыщытар. Дунейми зихъуэжа хуэдэкъым. Япэми ещхьу, дыгъэр джабэ нэкlу мэзыщхьэм гуфlэжу къытоувэ. Къытоувэри псэ зыlуту щыlэр егъэгуфlэ. Къуалэбзуми я уэрэдыр ирашажьэ. Дыгъэ бзийр зытелъэщlыхь жыгхэми псэщlэ къазэрыхыхьар нэрылъагъущ.*

*Езы Гулэзи, гъащlэр къекlэрэхъуэкlыжри, хъыджэбз цlыкlу ныбжьым къихутэжащи, ихъуреягъкlэ илъагъу дахагъэмрэ lэфlагъымрэ хьэщыкъ ящlауэ щытщ, дуней телъыджэм зыщимыгъэнщlу… Дэнэ щыlэ-тlэ абы и дэлъхухэр?*

**САУТ Сулътlан**

# Лlыгъэр зэи фагъуэ хъуркъым

Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ Сэрмакъ къуажэм щыщу зи къару илъыгъуэ защlэу щlалэ 870-м нэс дэкlауэ щыташ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакlуэхэм пэувыну. Абыхэм я нэхъыбэр щlалэ физкъэмышэхэт.

А щlалэ зи дахэгъуэ къомыр щыдашым зылъэгъуа ди нэхъыжьыфlхэм ахэр ноби я нэгум щlэтщ, ягу къыщагъэкlыжкlи, я нэпс къемыкlуэу, ягу къызэфlэмызэрыхьу яlуэтэжыфыркъым.

Псэзэпылъхьэпlэ лъэхъэнэт ар. Къэралыщlэ, псэукlэщlэ яухуэну зи гуращэ щlалэгъуалэм къахудэкlат я мурадыр къаlэщlигъэхуну къатеуа бийм пэувыну. А зауэ гуащlэм я псэр щаташ сэрмакъдэсхэм щыщу цlыху 446-м. Абыхэм яхэтщ зы сабий, тlу, щы, нэхъыбэж къызыщlэнаи, бын игъуэтыну хунэмысаи, зи къэшэгъуэр зэпаудаи.

Зауэр сытым дежи гущlэгъуншэщ, лъапсэ гъэгъуныр зи гуращэщ. Лъэпкъгъэкlуэдыр абы къызыхухэкlахэри ди мащlэкъым. Псалъэм папщlэ, унэцlэ зэтемыхуэ зэрахьэу лъэпкъи 120-м щlигъу дэсщ ди къуажэ Сэрмакъми, абы щыщу лъэпкъ 94-м зы цlыхукlэ-цlыхуитlкlэ зауэр зыхэмыlэба диlэкъым.

Нэхъыбэ дыдэ зыфlэкlуэдахэм ящыщщ Махуэхэ. Абыхэм яйуэ зауэм хэкlуэдащ цlыху 42-рэ. Лыджыдэхэ яхэщlащ цlыху 22-рэ, Куэцэхэ – 21-рэ, Къардэнхэ – 20, Батlхэ – 13, Диданхэ – 12, Гуэнгъэпщхэ – 11, Даухэ – 11, Бекъулхэ – 10, Вындыжьхэ – 10, Къалэхэ – 10, Къармэхэ – 10.

Тlакъуэр закъуэщи, закъуэр щымыlэ пэлъытэщ, жиlащ адыгэм. Зауэр ящысхьакъым зыми, мащlэ-куэд зэхэдзи ищlакъым. Къапщтэмэ, лъэпкъ инкъым Алътудхэ, Бырмамытхэ, ауэ абыхэм я цlыху ирий зэуапlэм къинащ. Цlыху хырых, тхурытху, плlырыплl яфlэкlуэдащ Зыхъуэхэ, Кlузамышхэ, Жырыкъхэ, Жыкъуэхэ, Дзыгъуэжьхэ, Даурхэ, Къэзаншхэ, Мудрэнхэ, Мэшхэ, Пылхэ, Угъурлыхэ, Хъуэкlуэнхэ, Хьэмтухэ, Чэртбийхэ, Тlэхъуэхэ, Токъумакъхэ, Хьэжкъасымхэ, Хьэтэжыкъуэхэ, Чэртыхэ, Шыдхэ.

Лlыхъужьу зауэм хэкlуэдахэм ящыщщ Быгуэ lэбу. Ар кхъухьлъатэзехуэу щыташ. Уэгум иту шэр къыщыlэщlэухэм, мафlэр зрадза и

кхъухьлъатэмкIэ бийм захидзэри ахэр адэкIэ игъэкIуакъым. Апхуэдэ дыдэу лIыхъужьу зауэм хэкIуэдащ майор Зыхъуэ Шафихь. Абы зэрихьа лIыгъэр зауэ тхыдэм щапхъэу къыхэнэжащ.

1942 гъэр екIуэкIырт. Гъэмахуэт. Бийр ерыщу хущIэкъурт Сталинград къищтэну. Абы папщIэ къаруущIэхэр кърашалIэрт. Фронтым и щIыпIэ щхьэхуэхэм цIыху бжыгъэкIэ бийр дыдейхэм хуэди 4-5-кIэ къыщебэкIырт, танкрэ кхъухьлъатэкIи хуабжьу къыщыдэфIэкIырт. Къанэ щымыIэу псори зэпалъыта хуэдэт, ауэ нэхъыщхьэр щыгъупщат: ар совет цIыхубэм и зэкъуэтыныгъэмрэ дапщэщи къалъыкъуэкI къару мыкIуэщIыжымрэт.

Ди танкзехуэхэр щытыкIэ хьэлъэм иту щхьэмыгъазэу зауэрт. ЗэхэгъэкIыныгъэшхуэу щыта август, сентябрь, октябрь мазэхэм къриубыдэу мини 2-м щIигъурэ кхъухьлъатэхэмкIэ ди быдапIэхэм къатеуат. Индыл деж къыщызэпрызытхъа бийр зэтракъутэн мурадкIэ, фашистхэм пэщIэуват 2-нэ, 23-нэ танк корпусхэр.

А махуэхэм Сталинград и Iэгъуэблагъэхэм зэхэуэ гуащIэхэр щызэпыуакъым. ЕтIуанэ танк корпусым и 26-нэ танк бригадэ щхьэхуэм и политотделым и инструктор нэхъыжь майор Зыхъуэ Шафихь лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэ нэс абдеж къыщигъэлъэгъуащ. А лIыхъужьыгъэм папщIэ 1942 гъэм декабрым и 18-м адыгэ щIалэм къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Сталинград деж къыщаухъуреихьа биидзэхэр зэхэкъутэнми жыджэру хэтащ Зыхъуэ Шафихь. И щхьэкIэ къигъэлъэгъуа хахуагъэм, апхуэдэу фашистхэм ебгъэрыкIуэныр Iэзэу къызэрызэригъэпэщам къыхэкIыу, Ипщэ-КъухьэпIэ фронтым и унафэщIым и приказкIэ 1943 гъэм февралым и 20-м ди хэкуэгъум Вагъуэ Плъыжь орденыр етIуанэу къыхуагъэфэщащ.

1943 гъэм июлым и 12-м и пщэдджыжьым ди дзэхэм Прохоровскэ къуажэм и Iэгъуэблагъэхэм щызэхаублэ зыхуэдэкIэ нэхъ гуащIэ дыдэу ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и тхыдэм къыхэна зэпэщIэувэныгъэ иныр. Абдеж ди зауэлIхэм къыщахьа текIуэныгъэшхуэми Зыхъуэ Шафихь къыщыхэжаныкIащ. Абы и ужькIэ ар хэтащ Украинэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. Сумскэ областыр хуит къыщащIыжым, 1943 гъэм августым и 23-м, Зыхъуэ Шафихь Беймырзэ и къуэр зауэм хэкIуэдащ, лIыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу.

Мис апхуэдэ лIыхъужьыгъэхэр къагъэлъагъуэу зэуапIэ губгъуэм къинащ Сэрмакъ къуажэжьым щыщ щIалэ куэд.

Зауэм и мафIэ лыгъейм къыхэкIыжу къуажэм къэзыгъэзэжыну зи насып къихьахэри, зэрыжаIэу, орденыбгъэт. Александр Невскэм и орденыр зыхуагъэфэщахэм ящыщт капитан Бэрокъуэ Абдулчэримрэ майор Джэтэжьокъуэ Хьэжпагуэрэ. Зауэм щызэрахьа лIыгъэр ирагъэбелджылыуэ цIыхуи 105-м Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ, етIуанэ степенхэр къыхуагъэфэщат.

Я пщIэмрэ я нэмысымрэ япэ ирагъэщу а зауэ шынагъуэм хэтахэм ящыщу ди къуажэгъуу нобэ а жылэм дэсыжыр мащIэ дыдэщ. 1997 гъэм дунейм ехыжащ капитан Бэрокъуэ Абдулчэрим. Ар цIыху зэпIэзэрытт, лэжьакIуэ емышыжт. И хьэл-щэн дахэм и дуней тетыкIэри и IуэхущIафэхэри бжьыфIэ щIэхъукIырт. Мо лIы Iущыр зэ псэлъэгъу зыхуэхъуар занщIэу итхьэкъурт, хабзэмрэ нэмысымрэ ткIийуэ тетми, езыр гу щабэт, псэ къабзэт, фэрыщIагъэм пэIэщIэт. АпхуэдизкIэ жыжьаплъэт, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж цIыхути, лей къыщылъысхэм дежи зышыIэныгъэшхуэ къылъыкъуэкIырт.

Апхуэдэущ сэрмакъдэсхэм ягу къызэринэжар илъэс 83-кIэ къадэгъуэгурыкIуа Бэрокъуэ Абдулчэрим Мурад и къуэр.

И къуажэгъу куэдми хуэдэу, Бэрокъуэри кIуэцIрыкIат Хэку зауэшхуэм

и мафIэ лыгъэм. Краснодар дэт училищэм лейтенант нэхъыжьу къыщIэкIа нэужь, ар фронтым и IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэм Iутащ. Смоленск къалэр зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжым Абдулчэрим уIэгъэ хьэлъэ мэхъури, госпиталым щIохуэ. КъызэрызэфIэувэжу дзэм хохьэж икIи капитан Бэрокъуэр СССР-м и Командованэ Нэхъыщхьэм и резервым и 13-нэ полкым и 1-нэ дивизионым и унафэщI ящI. А лъэхъэнэм Витебск деж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Абдулчэрим къыхуагъэфащэ Вагъуэ Плъыжь орденыр.

«Дызыхэтыр жыхьэрмэт, псэзыпылъхьэпIэ дыдэт, абы и дэтхэнэ зы дакъикъэми къыуипэсынур къэщIэгъуейт. Арами, къызэтеувыIэ димыIэу, щхьэмыгъазэу бийр къыздикIамкIэ тхужырт. Апхуэдэурэ Пруссием и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм дынос. Фашистхэр абдежым гуащIэу къыщытпэщIэувати, а зэхэуэ хьэлъэми дызыхэт полкыр хуабжьу къыщыхэжанык Iащ», - игу къигъэкIыжырт нэхъыжьыфIым.

Бэрокъуэр зи унафэщI дивизионым а щIыпIэм щызэрихьа лIыгъэмрэ езым и щхьэкIэ къигъэлъэгъуа хахуагъымрэ папщIэ адыгэ щIалэм кърат Хэку зауэшхуэ орденым и 1-нэ степеныр.

Александр Невскэм и орденыр зыхуагъэфащэр езым и къэухьрэ и акъылкIэ зэхилъхьа планым тету зауэм и IэнатIэ щхьэхуэхэм текIуэныгъэ пыухыкIахэр къыщызыхь командирхэрт. Апхуэдэ зэфIэкI Абдулчэрим къигъэлъэгъуат Литвар хуит къыщащIыжым. ИужькIэ ар хэташ Белоруссием, Украинэм, КъуэкIыпIэ Пруссием, Монголием, Китайм, Кореем, Японием щекIуэкIа псэзэпылъхьэпIэ зауэхэм я курыкупсэм. Зи унафэщI дивизионым щыщхэм Бэрокъуэм пщIэшхуэ къыхуащIырт, дэтхэнэ ебгъэрыкIуэныгъэми егугъуу икIи Iэзэу зэрызыхуигъэхьэзырым папщIэ. Абдулчэрим зауэлIхэр тригъэгушхуэ къудей мыхъуу, ахэр зэрихъумэнуми яужь итт, абыкIэ щыIэ Iэмал гъэунэхуахэр ягу къигъэкIыж зэпыту.

Зауэм ипсыхьа, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Бэрокъуэ Абдулчэрим, и зэфIэкIыр къалъытэри, Корее Ищхъэрэм и къалащхьэ Пхеньян щыIэ дзэ училищэм егъэджакIуэу ягъакIуэ. Арщхьэкlэ, и уIэгъэхэм зыкърагъэщIэу щыхуежьэм, щIолъэIури дзэм къыхокIыж икIи 1946 гъэм къуажэм къегъэзэж.

Зауэм хэкIуэда, и мафIэлыгъейм къыхэкIыжу къэзыгъэзэжа дэтхэнэ зыми хэхауэ пщIэ лей хуэфащэщ. ЛIыгъэр зэи фагъуэ хъуркъым.

**ХЬЭМТУ Къэдир,** *журналист*

КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд

# АЗЭМЭТ

***Романым щыщ пычыгъуэхэр***

Нэмыцэр Деикъуэ зэрыдэсрэ тхьэмахуэ хъуат. Къуажэ гупэм щежэх Бахъсэныжь узэпрыкIмэ, дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэм Дзэ Плъыжьым зыщагъэбыдауэ къозауэ. Жэщи махуи къауэнауэр зэпыуркъым.

Къуажэ уэрамхэм цIыху щызекIуэу щыплъагъур зэзэмызэщ, ари задыгъуауэ къуагъым зыкъуадзэу пхъэ, псы сыт хуэдэхэм яужь иту. ЖэщкIэ уэрамым удыхьэныр ажалым Iэ пцIанэкIэ уеIусэным хуэдэт.

Къуажапщэм деж Бахъсэн и дыгъэмыхъуэ мэз тӀэкӀум жэщыбгым шуитӀ къыхокӀри псым къыхохьэ, къыдрагъэзых щӀыкӀэу. Абдеж псытепхъэ хъурти, абдежи, гугъу демыхьыщэурэ къызэпрокӀри занщӀэу псыхъуэмкӀэ драгъэзеиж. Я лъэужьыр кӀуэдауэ ялъытэри, къуажэ щӀыбым зыкъыдадзэ. Иджы ахэр нэмыцэхэм я курыкупсэм ихьат, ауэ ар нэхъ шынагъуэтэкъым. Нэмыцэм нэхъ яхъумэр Бахъсэн и Іуфэ къуажэ гупэрт. Уэрам нэпцӀ цӀыкӀу гуэрым дэту къуажэкум нэс къеха нэужь, шуутӀым псы Іуфэм нэхъ зыкъратыжри яшхэр хадэ гуэрым лъэныкъуэегъэз щащӀащ. Мыбдежым зыгуэр я лъэужьым къытехьэ хъужыкъуэми, занщӀэу псыхъуэм зыдадзэу зэпрыкӀыжын я гугъэу арат. ЛӀитӀыр лъэс защӀауэ хадэ кӀуэцӀкӀэрэ йокӀуалӀэ зыхуей унэм. Абы и хадапхэм зэрыбгъэдыхьэу, ахэр аргуэру зэзоӀущэщэж, иджыри къэс жамыӀа гуэр къагупсысыжым хуэдэу. Зыр мывэкъалэм зыкъуиудыгъуауэ къонэ, кӀэрахъуэ пцӀанэр хьэзыру иӀыгъыу, гранат зытӀущи и бгырыпхым дэлъу. Адрейр, Іэуэлъауэ иримыгъэщӀу, сакъыурэ хадэм кӀуэцӀрокӀри шыгъуэгу щхьэгъубжэ закъуэм бгъэдохьэ. Дакъикъэ зытӀущкӀэ зиудыгъуауэ мэдаӀуэ, кӀэрахъуэр гъэпкӀауэ иӀыгъыу. ИтӀанэ хуэм дыдэу щхьэгъубжэм тоуӀуэ. Жэуап щыӀэкъым. Пэшым щӀэлъым щэхуу зиӀэтрэ адрейхэм хъыбар яригъащӀэмэ, псори зэӀыхьащ. Ауэ абыкӀэ шэч уэзыгъэщӀын лъэ макъи зэхихыркъым щхьэгъубжэм кӀэрытым. Аргуэру тоуӀуэ нэхъ иныӀуэу. ТӀэкӀу докӀри, фызыжь макъ тхъунщӀа къоӀу:

– Хэт къытхуэкӀуар жэщ хьэщӀэу?

– Дисэ, уи хамэкъым къыпхуэкӀуар. Мыдэ щхьэгъубжэм къекӀуэталӀи, дызэгъэпсалъэ.

– Хэт сфӀэщӀрэ а зи макъ зэхэсхыр?

– Сэращ, Дисэ. Мэшыкъуэ Мухьэмэдщ.

– Сыт мыгъуэм укъихьа, насыпыншэ, мыбы, мы дуней псэзэпылъхьэпӀэм? Узижагъуэхэр уи псэм зэрылъыхъуэр пщӀэркъэ? – щхьэгъубжэм гъунэгъуу къекӀуэтэлӀауэ хьэлъэу зэпишурэ жеӀэ фызыжьым.

– СощӀэ, Дисэ. Ауэ си псэм лъыхъуэхэм уэ сащыпхъумэну сыпщогугъ. НыӀух щхьэгъубжэри сыныдэгъэкӀ. Дызыгъэпсалъэ.

– Япэ щӀыкӀэ жыӀэ мыбы укъэзыхьар. Бзаджагъ уигу илъмэ, гъазэ. Мыр лъы гъэжапӀэ пхуэхъункъым. Закъептыну арами, абы щыгъуи уакъелыну си фӀэщ хъуркъым.

– Хьэуэ, сэ лъы згъэжэну сыкъежьакъым ныжэбэ. Апхуэдэ мурад сиӀамэ, уэ щхьэ сыкъокӀуэлӀэнт, Дисэ? НыӀухи сыныдэгъэкӀ, уи къуэр щыӀэмэ.

– Зыщумыгъэгъупщэ, Мухьэмэд, быдзышэ щрафам лъы щракӀутыркъым. Алыхьым гъуэгу къыуитынкъым.

– Мис а Алыхьыр уи фӀэщ зэрыхъум хуэдэу уи фӀэщ щӀы сэри быдзышэм лъы хэскӀэн мурад зэрызимыӀэр. СынышӀэгъэхьэ, Цыкъэ къысхуеджи дызэгъэпсалъэ.

– Нэмыцэ афицарымрэ сэветскӀэ партизанымрэ сыт хуэдэ гурылъу пӀэрэ зэхуэфӀуэтэнур?!

– Уэ псори зэхэпхынщ. Абы тӀуми – уэри сэри ди сэбэп хэлъщ.

– Іэщэ пӀыгъ? – Дисэ щхьэгъубжэр нэхъ хуиту къызэӀуихыурэ Мухьэмэд къеупщӀащ.

– СӀыгъщ.

– АтӀэ ар дауэ?

– Си Іэщэр уи унэ щыуэнкъым, – щхьэгъубжэ лъахъшэ къызэӀуахам Мухьэмэд дэпкӀащ. – Мис си кӀэрахъуэр. Аращ Іэщэу сӀыгъри, узот. Иджы

уи къуэр и закъуэу къеджи дызэгъэпсалъэ. Ар зэрыпщIыну щIыкIэр уэ пщIэжынщ.

Дисэ и пащхьэм къит лIы пIейтейр гупсэхуу зэпеплъыхь. Абы и гум къокIыж зэман жыжьэ блэкIар...

Мухьэмэд сабий быдзафэт абы щыгъуэ. И анэм хуабэ уз бзаджэ къеуэлIауэ, хъыжьэу хэлъти, и сабий цIыкIури къыфIэIуэхужтэкъым. Дисэ зэхихщ быдзышэ щхьэкIэ Мэшыкъуэхэ я сабийр зэрафIэлIэри, игъакIуэри къригъэхьат, и быдзышэ уэрыр сабиитIми яхурикъункIэ гугъэу. Ефэндым и щхьэгъусэм и бгъэм мэкъумэшыщIэ унагъуэ къызэрыгуэкIым я сабийр зэрыщIигъэфар гущIэгъушхуэу, цIыхугъэшхуэу къалъытэри, Дисэ фIыщIэ ин хуащIат а зэманым. Ауэ аратэкъым фызыжьым гукъинэ щыхъуар. АтIэ иджыпсту и пащхьэм къит цIыху лъэщым и къару мафIэр абы щыгъуэ и бгъафэм щIэлъа сабий цIынэм и нитIым зэрыщIилъэгъуарт. Абы и нитIыр дунеижь пшагъуэм пхрыплъу уафэ щхъуантIэ къабзэм лъыхъуэ пфIэщIт, езыхэр пIащэрэ къопсэлъэным хуэдэу губзыгъэу, ткIиягъи щIэплъагъуэу. Зэрыщыту жьэдилъэфэн щIыкIэу, и быдзым къеныкъуэкъу сабий лъэщым еплъурэ Дисэ игукIэ Iэджэ зэригъэзахуэрт: «Сыту пIэрэ мы тхьэмыщкIэм и натIэр? И анэр тхьэм къызэтринэ. ЛIэ хъужыкъуэми, къыщысщтакIэ, сэ, мыр быдз ефэху, спIынщ. Зэкъуэш ищIыну пIэрэ сабиитIыр быдзышэм? Дауэ хъуми псапэщ. БегъымбарыщIэ зиIэ сабийм хуэсщIэр Алыхьым къысхуищIэжынщ. Мыр зи нитIыр къэхъумэ, зы лIы хахуэ бэлыхь хъунщ...»

И бгъафэ щIэлъ сабий цIынэм и нэм къыщIоплъыжри, кIэрахъуэ пцIанэр кърита къыхуэзышияуэ и пащхьэ къит лIым и нэ хъыжьэхэм щIоплъэ Дисэ. Фызыжьым абыхэм ящIилъагъуэртэкъым напэншагъи тхьэгъэпцIыгъи. Абы къыгурыIуат и жэщ хьэщIэр иджыпсту къыжриIа псалъэм текIуэдэнуми зэремыпцIыжынур. Ар нэхъ тешыныхьырт езым и къуэ дыдэм. Дисэ къилъытэрт Цыкъэ жэкъуауэ, езыми къемыдэIуэжынкIэ шынэрт. Ауэ ныщхьэбэрей зэIущIэм Iэмал зэримыIэжри илъагъурт, къызытекIухьа псомкIэ Мухьэмэд еупщIынути, фыз Iуэхум къыхуегъэзэгъыртэкъым...

– Сэ сыту сщIын мы къызэпт кIэрахъуэр, Мухьэмэд? Iэщэр зейм иIыгъыжын хуейщ.

– Ар пэжщ. Ауэ сэ си Iэщэ уи унэ щыуэну сызэрыхуэмейр бощIэ. Уэ дзыхь пхузощI мыр. СIых.

– Си къуэм Iэщэ иIыгъыу уи пащхьэ къихьэмэ-щэ?

– Уи къуэм и унафэ уэ щIыж, Дисэ. Ауэ ар, делэ дыдэ мыхъуамэ, Iэщэншэм еуэнкъым, я быдзышэ зэIумылъыххэуи сщIынщи.

– Хъунщ. Къащтэ, – жиIэри Дисэ Iихащ Мухьэмэд и кIэрахъуэр. – Уэ мо пэш къыпытым щIыхьи, сэ сынэджэху, зумыгъэIэуэлъауэу щIэс. Ауэ алыхьырщ, алыхьым нэужькIэ уи акъылырщ, уи пэжагъырщ, Мухьэмэд, сызыщыгугъыу жыпIэр щIыпхуэсщIэр. Цыкъэ и пIэм итыжкъым. Быдзышэ къабзэкIэ сыфхуэлэжьащ, си лIэгъуэм си жьэгур лъы зэхэшапIэ фымыщI. МурадыфI пщIауэ тхьэм къыщIигъэкI.

– Жьыщхьэ махуэ ухъу, Дисэ. Аращ сызэрыпщыгугъри, – Мухьэмэд кIуэцIыбжэ пэш нэщIым щIыхьащ.

Дисэ хэгупсысыхьауэ дакъикъэ зытIущкIэ щысащ. ИтIанэ, Мухьэмэд кърита кIэрахъуэр и гуфIакIэм дигъэзагъэри, пэшым къыщIэкIащ. Адыгэ унэ лъахъшэ кIыхьым дэкIуэу Iут пхъэбгъу кIэлындорым ирикIуэурэ, Цыкъэ зыщIэлъ пэшым нэсри, и бжэ теуIуэри и джэ макъри зы ищIащ.

– Ужейрэ, щIалэ? НыIухыт бжэр.

– Сыт къэхъуар, дянэ? – къэщтауэ къыщылъэтащ Цыкъэ.

– Зыри къэхъуакъым. НыIух.

Цыкъэ пIащIэу щыгъын гуэрхэр зыщидзэри кIэрахъуэ пцIанэр хьэзыру иIыгъыу бжэр Iуихащ.

– Мыри хэт къызыхуипхар? Нэмыцэхэр зыщышынэ дунейм темыту жыпIати, хуэмыху!

– Сышынэу аракъым, дянэ, сысакъыу аращ. Гъусэ уиIэ?

– Алыхьыр си гъусэщ, щIалэ.

– Сэри си гъусэщ алыхьыр, дянэ. НэгъуэщI щыIэ, жызоIэри аращ.

– ЩыIэщ. Жэщ хьэщIэ диIэщ.

– Хэт? – къэщтауэ щIэупщIащ Цыкъэ.

– Хэтми плъагъунщ. Хамэкъым. Зыхуапи накIуэ.

– Сызыхуэпшэр къызжыIэ, дянэ.

– Укъэзылъхуа анэми, укъыщалъхуа лъахэми дзыхь яхуумыщIыжу укъагъэнаи мы хьэIуцыдзхэм, щIалэ мыгъуэ.

– Уи диныр къыпхуахьыжащ а хьэIуцыдз зыфIэпщхэм.

– Сэ си диныр зыми стрихакъым.

Цыкъэ зихуапэщ, нэмыцэ фащэр зригъэкIуу зэ зэплъыжри, и анэм здишэм кIуэну зэрыхьэзырым щыхьэт трищIэу унэкум къиуващ, и гупэр бжэмкIэ гъэзауэ.

– АтIэ сэ сыхьэзырщ ди жэщ хьэщIэм сыIущIэну.

– Абы Iэщэ иIыгъкъым. ГъэтIылъ уи Iэщэри.

– Ар хъункъым, дянэ. Иджы цIыхупсэмрэ Iэщэмрэ щызэгъусэ зэманщ.

– Си гущхьэм къыхэпIуа къамэр иумыIуэнтIыхьыж, щIалэ, – жиIэу къыщIидзэу зыкъомрэ егия иужьщ Дисэ щылъэкIар и къуэм и кIэрахъуэр къыIэщIихын. Ари и гуфIакIэм дигъэзагъэри, Мухьэмэд и кIэрахъуэм гъусэ хуищIащ. ИтIанэ Цыкъэ къришажьэри и пэшым къишащ. Мышынафэ зытригъэуа щхьэкIэ, зи гур пIейтей лIым и анэм и пэшыр, хьэ щтам хуэдэу, зэпиплъыхьащ.

– Дэнэ щыIэ атIэ, дянэ, уи жэщ хьэщIэр? СлIо, шынэу зигъэпщкIужауэ ара? Зыри слъагъуркъыми.

– Плъагъунщ ари иджыпсту. Шынэу зигъэпщкIужынумэ, къэкIуэнтэкъым.

– Сэлам уалейкум, – жиIэри кIуэцIыбжэмкIэ къыщIэкIащ Мухьэмэд.

– Уалейкум сэ... – и псалъэ ныкъуэжыIэр ишхыжри, Цыкъэ и нэIуасэ макъым къигъэщтауэ зыдигъэзащ. Ар Мухьэмэд и нэгу ткIийм щиплъэм, шынагъуэу къытриубыда и нэхэм щыщIэплъэм, зимыубыдыжыфу къыхэкIиикIри и анэмкIэ зидзащ. – Си Iэщэр! ЛIы укIыпIэм сыкъипшауэ ара, хьэм яшхыжын фызыжь?!

– Сэ зэуакIуэ сыкъэкIуакъым, къэрабгъэ. Хъийм уимыкI.

– Зыкъэптыну укъэкIуамэ, къащтэ мыдэ япэ щIыкIэ уи Iэщэр.

– СIыгъкъым Iэщэ.

– АтIэ зыкъыдэптрэ?

– Дызэгъэпсалъэ.

Цыкъэ и нэгум лъы къыщIыхьэжащ. Къызэрыщтар хигъэгъуэщэжым къыщымынэу, ар иригъэзэкIуэжын мурад иIэу и бгъэр къригъэкIащ, лъэбакъуэхъуу унэкум щиувыкIри, текIуар и гъэрым епсалъэ щIыкIэу, зигъэхъуу жиIащ:

– АтIэ, мэзыр зи лэгъунэхэм фи Iуэху дауэ щыт?

– Мэзыр быдапIэ хъарзынэщ, щIэсхэри узыншэщ.

– Уэ, дауи, лIыкIуэ укъащIауэ аращ зыкъыдатыну. Iуэхум тэмэму фегупсысащ хэмытIасэ щIыкIэ. Нэмыцэхэр губзыгъэщ, щыуам и чэзум къигъэзэжмэ, хуагъэгъу.

– Сэ сынопсэлъэну сыкъэкIуауэ аращ.

– СощIэ жыпIэнур. Ауэ жыIэ, синодэIуэнщ, – Цыкъэ нэхъри зигъэкъри зы лъэбакъуэкIэ япэкIэ кIуэтащ.

– Сыт уи гугъэ Гъунгуокъуэ и къуэм бжесIэну сыкъыщIыпхуэкIуар?

– КъызжепIэнури? Нэмыцэхэм фамыукIыну сэ шэсыпIэ сихьэмэ, мэзым фыкъыщIэкIыжыну аращ. КIэщIу жыпIэмэ, нэмыцэм уи щхьэр хуэбгъэтIылъыну укъэкIуащ. Ар тэмэмщ, акъыл зыхэлъщ. «Узыхьыну псым зыдегъэзых», – жаIэ.

– Хьэуэ, Гъунгуокъуэ и къуэ, къэпщIакъым сэ уи деж сыкъыщIэкIуар.

– ГъэщIэгъуэн жыбоIэри, – мащIэу зигъэдыхьэшхнэпцIщ Цыкъи, адэкIэ щIигъуащ. – АтIэ сыт си деж укъыщIэкIуар? Уигу сыкъэкIауэ ара Мэшыкъуэм?!

– Хьэуэ. Сэ уи деж сыкъыщIэкIуар нэмыцэхэм си щхьэр яхуэзгъэтIылъыну аракъым. АтIэ уэ абыхэм яхуэбгъэтIылъа уи щхьэр къозгъэIэтыжыну, фашистхэм епща уи напэм зэ уезгъэплъыжыну аращ, – жиIащ Мухьэмэд, и макъым зыкIи зримыгъэIэту, ауэ ткIийуэ, и псалъэхэр и фIэщ зэрыхъужыр зыжриIэми и фIэщ ищIу.

Цыкъэ, зызэтриIыгъэ щхьэкIэ, зэхихам къигъэуIэбжьат. НетIэ иIа гуфIэгъуэшхуэр къанэ щымыIэу кIуэдыжри, апхуэдэу гузэвэгъуэшхуэ къыхукъуэуат. Зы дакъикъэ и пэкIэ абы къызыфIигъэщIат дуней дахащэ. Председателъ псом я председателыж жыхуаIэм хуэдэу цIэрыIуэ, Южнэ фронтым и командующэ генерал Малиновскэм «колхоз генерал нэгъэса» къызыхужиIа, иджы партизан хахуэу мэзым щIыхьэжа, советскэ пкъоужь Мэшыкъуэ Мухьэмэд зыкъритауэ, ямыукIыну къелъэIуу, мэзым щIэс адрей партизанхэри къигъэдэIуауэ къыщIишыжыну. Ар сыт хуэдэ щIыхьт Цыкъэ и дежкIэ! «Партизан» псалъэ къудейм къыдэскIэрт нэмыцэхэр. Иджы абы ищIыIужкIэ бгымрэ мэзымрэ абыхэм зэрапсэупIэм нэмыцэдзэр Iэпхлъэпх ищIырт. ТанккIэ упэлъэщынукъым. КхъухьлъатэкIэ уащхьэщыхьэнущи, узэуэнур плъагъуркъым... АтIэ Цыкъэ сыт хуэдиз Iуэхутхьэбзэ нэмыцэхэм яхуищIат мис а партизан IэубыдыпIэншэхэр мэзым къыщIишрэ я IэмыщIэ ирилъхьамэ! ИтIанэ и цIэри и щхьэри яIэтынт, нэхъри гунэс ящыхъунт... АтIэ иджы сыту пIэрэ къэхъунур? Сыту пIэрэ мэзым къыщIэкIа партизаныр къыщIыхуэкIуар? И анэми и гугъэр сыт? Хутыкъуауэ абы и пащхьэм дауэ ириша и Iэщэр Iихыу. Е я унэр партизанхэм къаувыхьа? Езыр Iэпхлъэпх ящIу мэзым яхьыну я гугъэу пIэрэ? И автоматыр пэшым къыщIинащ, и кIэрахъуэр и анэм Iихащ. Фызыжьым зридзу кIэрахъуэр къыIэщIитхъыжкIи сыт ищIэфыну? Хутыкъуащ, Iэмал хуекIуауэ мыбы зэ IэщIэкIын хуейщ. ИтIанэ сэ сщIэнт! Нэмыцэм яIэщ партизанхэм я лъапсэр зэрагъэгъущын къару...

И гум фIейуэ къинари зэтриIыгъэщ, къызэрыдэхьеяри ирикъухыжри, Цыкъэ пыгуфIыкI зищIащ, и псалъэр зэпишу и тэмакъым щигъэджэгуурэ жиIащ:

– Хьым, зэуакIуэ укъэмыкIуауэ жыпIати? Уэ пщIауэ къыщIэкIынкъым нэмыцэхэр зэрылеймыгъэгъур, зым и пIэкIэ пщIы зэраукIыжыр. Зыщумыгъэгъупщэ уи бынунэр мы къуажэм зэрыдэсыр. Абы нэмыцэхэр зэрыщIэупщIари зэгъащIэ.

– Сэ бжесIащ зэуакIуэ сыкъызэрымыкIуар. Дызэзэуэну дыхунэсынщ. Япэ щIыкIэ дызэпсэлъэн хуейщ.

– СлIо, партизанхэм сызыхэфшэну ара-тIэ?

– Хьэуэ, уэ партизанхэр зыкIи къыпхуейкъым.

– ЖыIэ атIэ уэ узыхуейр.

– Сэ сыпщышынэу мыбы сыкъэкIуакъым. Узгъэшынэнуи мурад сиIэкъым. Ауэ пэжыр бжесIэнущи, гупсэхуу къызэдаIуэ.

– Мис иджы къэсщIащ къызжепIэнур.

– Сэ гъуэрыгъуапщкIуэ сыджэгуну сыкъэкIуакъым.

– Уэ иджыпсту къызжепIэнущ мы дянэм къызжиIэ дыдэр: «Ущоуэ, уоунэхъу, уи Хэкум уепцIыжащ, къэгъэзэж...»

– Ахэр псори пэжщ, ауэ аракъым сэ бжесIэну сыкъыщIэкIуар.

– Сыту пIэрэ атIэ, дянэ, мы уи жэщ хьэщIэр зыхуейр? – Цыкъэ и нэр Мухьэмэд дежкIэ къанэри и щхьэр мащIэу и анэмкIэ иIуэнтIащ.

Дисэ пасэрей пхъэ гъуэлъыпIэжьым ист, и лъакъуэ пцIанэ лалэхэр унэ лъэгум илъ нэмэзлыкъ укъуеям хэукъуэдияуэ лъэдакъэкIэ тету, и Iэ хужь зэлъам ирикъуза нэмэзщыгъэ мыхъеижым дунейр дэувыIа фIэщI хуэдэ, и нэгур зэрыщыту дияуэ, мащIэу Iурыхуа и жьэм, жиIэнур щыгъупщэжауэ гузавэ нэхъей, кIэзыз мыхъумэ, зыри къыжьэдэмыкIыу...

Мухьэмэд и псалъэр къыщIидзэну хьэзырт, жиIэнухэри зэгъэзэхуауэ и гум илът. Ауэ абы езыр хуейуэ зиIэжьэрти, и шыIэныгъэшхуэм модрейр дигъэуджт. Iэщэншэу зэпэува лIы зэбиитIыр нэкIэ, псэкIэ, псалъэкIэ, акъылкIэ, гупсысэкIэ зэзауэрт. Диси и къуэри пэплъэрт Мухьэмэд жиIэнум, ауэ ар пIащIэртэкъым, зэманыр дакъикъэ зэрызурэ къыпибжыкI пэтми. ИтIанэ Цыкъэ хуэмышэчыжу аргуэру япэ къэпсэлъащ.

– АтIэ си бдзышэ Iыхьэу а уи бгъэм щIифыкIар щыгъупщэжауэ ара, хьэмэрэ игу къэкIыжауэ ипшыныжыну ара, дянэ, мыр ди унэ къэзыхьар жэщыбгым?

– Бдзышэр щIыхуэ хъуркъым. Абы уаси иIэкъым. Ар япшыныжыркъым, псэкIэ ягъэпэж. Абы борш къыфщищIыр зыхуэдизыр зыщывмыгъэгъупщэу акъылкIэ фызэпсалъэ, – жиIащ Дисэ, зэпэщIэт лIитIым я нэгум гъуэрыгъуэу иплъэурэ.

– Умыгузавэ, Дисэ, сэ ар къызгуроIуэ, – жиIащ Мухьэмэд, зишыIэ щхьэкIэ, фызыжьыр зэрыпIейтейр илъагъуу икIи абы и гур фIы хуищIу.

– ЖыIэ атIэ иджы партизаныр укъызытекIухьар, – жиIащ Цыкъэ, партизан цIэмкIэ Мухьэмэд игъэулъий и гугъэжу, ауэ зэрыгузавэр игъэпщкIун мурадкIэ нэхъ зигъэпхъашэу.

Езыр нэхъ щабэу псэлъэхукIэ, модрейр нэхъ хъыжьэ зэрыхъум гу лъызыта Мухьэмэд, къикIуэт мыхъуну къилъытэжри, нэхъ ткIийуэ къыщIидзащ.

– АтIэ нетIэ бжесIам дыщIызогъужри, партизаныр уи деж къыщIэкIуар щыуам и щыуагъэр хэмытIасэу кърагъэщIэжынри партизанхэм я къалэным зэрыхыхьэм щыгъуазэ усщIыну аращ.

– Сэ сыщыуакъым.

– УмыпIащIэ. Сэ сыухакъым. Уэ ущыуащ. КъэгъэзэжыпIи уимыIэу къэплъытэу къыщIэкIынщ. Пэжщ, ущыуэIуащ. Ауэ щумыгъауэ щхьэрыуауэ къуажэм къыдэлъэдэжа а ди щIалэхэр. Умыгъэунэхъу уэ пхуэдэу. Хэкум иумыгъэпцIыж бгъэделэу, бгъэшынэу.

Мухьэмэд зи гугъу ищIыр нэмыцэдзэр къэса нэужь, Деикъуэ къыдэхутэжа щIалэ гупырт. Ахэр ди дзэм хэтат. Фронтыр къыщыкъутэм, бийм иубыда щIыналъэм къинат. Ауэ я зауэлI фащэр зэрахъуэкIми, загъэпщ-

кIуми, нэмыцэм зыпэщIамыгъахуэу къакIуэурэ, я къуажэм къэсыжат. Иджы ахэр нэмыцэхэм яхишэрт Цыкъэ, ар зымыдэр зауэлI гъэру яубыдыжу езыр зэрытам хуэдэ концлагерым ирадзэну яжриIэурэ игъэшынэу. Партизанхэм яIэрыхьат къуажэм къыдэна я бынунагъуэхэр зэхэзехуэн ящIу зэрыхуежьам и хъыбари. Арат Мухьэмэд къызытекIухьари. Зыми химыгъэзыхьу езым и жэрдэмкIи къежьат, зы гъусэ ищIри.

Цыкъэ щыгъ нэмыцэ фащэр адыгэ цейуэ къилъытэжам хуэдэу, и напIэр зыкIи мыхулIэу жеIэ:

– Сэ хэкум сепцIыжакъым. А цIэр сэ нэхърэ уэ нэхъ къыплъос. Сэ си адыгэ лъэпкъым, мы ди къуажэжьым яхуэщхьэпэн Iуэху зесхуэу аращ. Фэ къуажэм я мылъкур ятывох, я Iэщыр мэзым щIэфхуэжащ. А ущIэгузавэу зыщIэпщI ди къуажэ щIалэхэми уэ нэхърэ нэхъыфIкIэ сахуоупсэ.

– Абы и жэуапи уэстынщ. Ауэ сэ иджыри сухакъым бжесIэнур. Къытызогъэзэж: ди къуажэ щIалэхэр зэхэзехуэн пщIыуэ я пIэм иумыш. Ар зы! ЕтIуанэу. Партизаныр дэращи, фыкъытхуеймэ, мэзым дыщIэсщ. Ди бынунагъуэхэри, фыфейхэм хуэдэу, лажьэншэщ. Я гугъу фымыщI. Лейр зэрымыгъунур уи фIэщ щIы. Абы уи сэбэп хэлъщ. Лъым и уасэр лъыщ.

– СлIо, сыбгъэшынэу ара?!

– Хьэуэ. Пэж бжесIэу аращ. Шынэным и Iуэхур иужькIэщ. НетIэ къебгъэжьам и жэуапри мыращ. Дэ къуажэм я мылъку къатетхыркъым. Колхоз мылъкур, Iэщыр лъэныкъуэ едгъэзауэ аращ, ди бийм яIэрыдмыгъэхьэу тхъумэу зей къуажэм еттыжыну.

– Нэмыцэр адыгэм ди бийкъым.

– АтIэ ди къуэш нэхъыжьу лъагъунлъагъу къэкIуауэ ара?

– Нэмыцэм дэ щхьэхуит дыкъащIыжыну аращ.

– Хэт дэ щхьэхуимыту дызыIыгъыр?

– Урысхэм, бэлъшэвичхэм.

– Большевикхэм адыгэми, урысми, адрейуэ къэралым ис лъэпкъ псоми зэхуэдэ хуитыныгъэ, зэхуэдэ псэукIэ иратащ.

– Нэмыцэхэм ди диныр къыдатыжащ.

– Ди диныр дэ зыми тIихакъым. Хэт хуейми, зэрехьэ.

– АтIэ си гъусэу уэри къурIэн уригъэджауэ щытащ ди адэм. Щхьэ хыфIэбдзэжа?!

– ХьыI, – Мухьэмэд мащIэу щIэдыхьэшхыкIащ, – уэ иджыри сабий хьэл къыпхэнащ. – Сыхуейтэкъыми хыфIэздзэжащ, армыхъумэ зыми залымыгъэ къызихакъым.

– УрахулIэри, хыфIэбдзэжащ. Иджы ди диныр нэмыцэм къыдатыжащ.

– Нэмыцэм езым ямыIэр уэ дауэ къузэратынур? Ар гъэпцIакIуэм и Iэмалу аращ. Уэ уи фIэщ ящIащ нэмыцэр адыгэм ди телъхьэу.

– Ар пэжщ. Уэри уи фIэщ пщIырэ уи гупэр къахуэбгъэзамэ, а уи гъусэхэри мэзым къыщIэпшыжамэ, ди Iэщри къефхулIэжамэ, пщIари къыпхуагъэгъунти, уи бынунэм уакъыхэнэжынт. Армырмэ... КIэщIу жыпIэмэ, уэ хэдэж.

– Сэ тIум сахэмыдэу, «армырмэ» жыхуэпIэ зыр къыхэсхащ.

– Псэр IэфIщ, Мэшыкъуэ и къуэ, уемыпIэщIэкIыу гупсысэ!

– Си псэр си хэкум нэхърэ нэхъ IэфIкъым. Абы куэд лъандэрэ сегупсысащ. Ауэ аракъым Iуэхур.

– АтIэ сыт?

– Уэ узэрыкъэплъэнэфырщ.

– Сыт а къызжепIэр?!

– А бжесIэр пэжщ.

– ЩIегъуэж!

– ЗэикI! Нэмыцэр ди телъхьэу зи гугъэ уэ пхуэдэ псори къэплъэнэфщ. Нэмыцэр ди телъхьэкъым, атIэ ди бий бзаджэщ.

– Ар зи бийр урысхэрщ, бэлъшэвичхэрщ.

– Урысхэм я закъуэкъым ар зи бийр. Нэмыцэхэр я бийщ мынэмыцэ псоми.

– Мис а делагъэр уэри уи фIэщ ящIащ.

– УзыукIыр уи бийщ. Хэт атIэ зауэр къызэрежьэрэ ди къуажэм щыщу зи щхьэкIуэ тхылъ къакIуэу ягъеижа цIыхуи 128-р зыукIар? Хэт гъэрхэр шхын щхьэкIэ зыгъалIэр, Iуэм ириубыдауэ? Хэт я быниблыр зеиншэу къанэу жэм къэзышу щIэс анэмрэ шкIэр зыIыгъыу щыт адэмрэ топышэкIэ щхьэщызыукIыкIар? Тхьэмахуэ и пэкIэ къытхуэкIуа а уи ныбжьэгъухэр аракъэ, ди къуажэм къыщыдыхьэм, цIыху хейуэ тIощIрэ щырэ, сабийуэ блы яхэту, мо ди гъунэгъу ищхъэрэ къуажэм щыщу цIыху плIыщIрэ тIурэ зыукIар? Хэт мы ди къуажэм хьэзабрэ гузэвэгъуэу дэлъыр къытхуэзыхьар? Хэт мо фызыжьым и быдзышэ зэдефа уэрэ сэрэ бий дызэхуэзыщIар? Мис а псор къыдэзыщIар, дяпэкIи нэхъыбэж къыдэзыщIэну зи мурадыр адыгэхэм ди телъхьэу жыхуэпIэ нэмыцэрщ. Аращ икIэм-икIэжым уэри узыукIыжынур.

– Сыт сэ абыхэм есщIар?

– Дэри зыри етщIакъым.

– Дауэ мыхъуами, нэмыцэм текIуэн къару дунейм теткъым. Ар хьэкъыу уи фIэщ щIы.

– Дэ хьэкъыу псоми ди фIэщ тщIащ нэмыцэм дазэрытекIуэнур.

– Ар пэжу сщIатэмэ, иджыпсту уи гъусэу сынэкIуэнти, партизанхэм сыныфхыхьэжынт.

– Дэ уэ абыкIэ дыпщыгугъыркъым. Ауэ пэжыр уи фIэщ хъуамэ, уэркIэ нэхъ щхьэпэт, – Мухьэмэд и жып сыхьэтым йоплъри и псалъэм щIегъуж. – Иджы, Гъунгуокъуэ и къуэ, мыращ сэ бжесIэнур. Коммунистхэм лъыщIэж хабзэ диIэкъым. Ауэ зэманым къегъэув лъым лъыкIэ жэуап етыжын хуейуэ. Дэ абы девмыхулIэмэ нэхъыфIщ. Дауэ мыхъуми, мы къуажэжьым укъызэрыщалъхуар зыщумыгъэгъупщэ. Нэмыцэхэр зыхуейр щIырэ пщылIрэщ. ДэкIынщ зэман. Захуэр абы зэхигъэкIынщ. ДылIэнщ тIури. Къэнэнур длэжьарщ – фIыри Iейри. Егупсыс мис абы.

А тIум зэжраIэн я куэдт, ауэ зэкIэ яухат. Дисэ и гуфIакIэм къыдехыжри ибгъу зырызымкIэ кIэрахъуитIыр егъэтIылъ. ЛIитIыр япэ щIыкIэ фызыжьым и нэгу уфам йоплъэ, итIанэ езы тIум я нэр зэкIэ зэтохуэри, я кIэрахъуэхэми зэдоIэбэ...

КъызэрыкIуа лъагъуэ дыдэм теувэжри, Мухьэмэдрэ и гъусэмрэ лъэпощхьэпоуншэу Бахъсэн зэпрыкIыжащ. Цыкъэ, а жэщым жейм зэремызэгъынур къыгурыIуауэ, гупсысэу унэкур зэхекIухь. Абы Мухьэмэд къыжриIахэр щIэрыщIэу кхъузанэм щIегъэкI, къыжриIэпхъэу къэнахэри зэпелъытэ. И гур тепыIэркъым, нэмыцэм зэрахэтрэ къыжраIа, зэхиха псоми шэч къытрихьэжауэ и псэм зэрехуэ. Пэж дыдэу, нэмыцэр адыгэ Iуэху, муслъымэн дин щхьэкIэ бампIэрэ?! А мэзым щIахуэжам щхьэ апхуэдизу и фIэщ хъурэ езыхэр текIуэну?

Ауэрэ Цыкъэ и нэгум къыщIохьэж нобэ зытет гъуэгу цIэнтхъуэрыгъуэм къызэрытехьа щIыкIэр.

...Гъэр хъуа ди зауэлIхэм я гъусэу, Цыкъэ мазэм щIигъуауэ нэмыцэIуэм итт. Фейцейт, шэджэладжэт.

Махуэ гуэрым Iуэм ит адыгэхэр зэхуашэс. Абыхэм я пащхьэм къоувэ нэмыцэ фащэкIэ хуэпа, Iэщэ-фащэкIэ зэщIэбла лIы мыщIалэж. Адыгэт ар. Адыгэбзэми хуэжьакIуэт. «Си къуэш адыгэхэ, си къуэш муслъымэнхэ...» – абы кIыхьу иукъуэдия псалъэмакъым щыщ гуэрхэр иджыпстуи и тхьэкIумэм иту къыфIощI Цыкъэ: «Нэмыцэр муслъымэнхэм ди телъхьэщ. СоветскIэ властым ттрихауэ щыта дищIри, ди мылъкури, ди динри нэмыцэхэм къыдатыжынущ. Урыси сонэи я Iуэху къытхэмылъу, адыгэхэр щхьэхуэу, дызэрыхуейуэ ди унафэ дэ тщIыжу дагъэпсэунущ... Фэри фи жьэр ущIауэ мыбы зивгъэлIыхь хъунукъым. Дэ ди лъэпкъыр хуит къэзыщIыжыну, нэплъэгъуэ къыдэзытыжыну нэмыцэм и дзэм дыдэIэпыкъун хуейщ. Мис сэ фыкъызэплъ. Си адэр советскIэм игъэкIуэдри, Сыбыр щигъэлIащ, ди мылъкур ттрихащ. Иджы сэ нэмыцэм афицар сищIащ, уи хуитыныгъэр къэззэуж уи IэкIэ, пфIэкIуэдар къатехыж, жари Iэщэ къызатащ...» «Дэ зыри тфIэкIуэдакъым...» – жиIэри гупым зы къахэкIиикIащ. НэгъуэщI гуэрхэри абы къыдежьууэ къыпэджэжащ. Къахэпсэлъыхь офицерым и щхьэр абыхэмкIэ ищIащ, и гъусэхэм зыгуэр яжриIэурэ. Ахэр а дакъикъэм Iуапхъуэтащ...

А псалъэмакъыр абдеж щиухакъым. Нэмыцэхэм офицер ящIа адыгэр и лъэпкъэгъухэм нэхъ гуп цIыкIу щхьэхуэурэ, цIыху зырызурэ къайпсэлъащ. Абы къигъэпцIэфат цIыху зыбгъупщI. Хэти долIэри-долIэ жаIагъэнт, хэти мобы жиIэр и фIэщ хъуагъэнт. Цыкъэ ящыщт нэмыцэхэм яхыхьэну арэзы хъуахэм...

АдэкIэ псори пщIыхьэпIэм хуэдэу екIуэкIащ, къикIуэтыжыпIэ щымыIэу, ар уигу къэкIа къудейуэ укъащIэмэ уи унафэр щIа хьэзыру. Цыкъэ а и гъуэгуанэм щахуэзат гъэрыпIэм ит адыгэ дэхуэха Iэджэм. Абыхэм мызэмытIэу къахэкIат «адыгэ напэр тезых», «хэкум епцIыжа», «щхьэхуещэ», «напэншэ» жаIэу къещахэри. ЗихъунщIэу Iэщэм щепхъуаи щыIэщ Цыкъэ нэхъапэхэм, ауэ иужькIэ абыи есэжащ, игу къэмыкIа нэгъуэщI гуэрхэми хуэдэу. Ар Iэджэри гъуэгу зэхэкIыпIэм гуитIщхьитIу къыщытенаи къыхуихуат. Сытми, Кавказым гурыфIыгъуэу къыздихьыжар нэмыцэм хэзыша офицерым къызэригъэгугъарт: «Уэ уефэндыкъуэщ, уи адэр Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэу щытащ, фи къуажэм и унафэщIу уэращ дгъэувынур...»

А хъуэпсапIэ IэфIу и гум илъу къыздихьыжам иджы лъэIэс хуэдэт Цыкъэ. Ауэ, ныжэбэ Мэшыкъуэ Мухьэмэд къызэрепсэлъам и гугъу умыщIми, Цыкъэ нэхъапэкIэ къыжраIахэм я мызакъуэу, адыгэхэм я къеплъыкIэ къудейм, гущыкI къыхуащIу и Iэщи и фащи зэрызэпаплъыхьым ар игъэIэнкуныжат. ЗэтезыIыгъэр нэмыцэдзэм текIуэн щымыIэу къарушхуэ бгъэдэлъу и фIэщ зэрыхъурт. Ауэ зыщIагъэхъуэпса къулыкъур къылъысрэ и лъэр увми, цIыхухэр абы нэ дахэкIэ къызэремыплъынур, я жьэкIэ къыжраIэми ягукIэ къыхужаIэми «хэкум епцIыжа» цIэр дамыгъэ зэрыхуэхъуар Цыкъэ къыгурыIуэжырт.

Иджыпсту, щхьэгъубжэр зэIуидзыну шынэу, армырми ихъуреягъкIэ къегъэбыдэкIа пэшым щIэбэмпIыхьу унэкум здитым, абы и гум къокIыж и гъуэгуанэм щыщу аргуэру зы теплъэгъуэ цIыкIу.

...Псыхуабэ къыфIэкIауэ къакIуэ нэмыцэдзэм япэу яIэрыхьа адыгэ къуажэм дэлъэдат Цыкъэ, мо махуэ хуабэм къигъэпщIэнтIарэ и пщэр тIэтауэ, и Iэщхьэхэр дэхьеяуэ, автоматыр гъэпсауэ иIыгъыу. Япэу зыхуэза унэм Iухьэри, щхьэгъубжэм щытеуIуэм, «Къыттыбокъутэри, лажьэм ихьын, сыт ухуей, уи фочыпэ шияуэ?!» – жиIэу шхыдэурэ бжэщхьэIум адыгэ фызыжь

къытеуващ, иIыгъ баш гъумыщIэр мывэ дэкIуеипIэм тригъауэу. Цыкъэ и нэгур зэрылъэкIкIэ зэлъыIуихщ, пыгуфIыкIри адыгэбзэкIэ жиIащ:

– Уэ, дянэ, сыкъэпцIыхуауэ къыщIэкIынкъым, сэ сыадыгэщ.

– АтIэ уадыгэмэ, хьэщхьэрыIуэхэм щхьэ уахэт?

– Ар жыIэкIэ, ар упщIэкIэ хъун, зиунагъуэрэ. Ахэр хьэщхьэрыIуэкъым. Абыхэм ди хуитыныгъэр, ди диныр къытхуахьыжащ.

– Уэ сытыт узыхуейр? Ар къызжепIэну арат си щхьэгъубжэм уныщIеуар?!

– Iей лъэпкъ сигу илъу сынытеуIуакъым, умыгузавэ. Псы щIыIэ фалъэ сегъафэ, дянэ.

– СылIэм сыщIилъхьэжыну сиIэ си щIалэ закъуэр Арэстоф деж къыщаукIри тхьэмахуэ и пэкIэ щхьэкIуэ тхылъ къэкIуауэ ди хьэдагъэщ. Абы зи шэ техуар уэрамэ, сэ сщIэрэ! Псы щIыIэ фалъэм и пIэкIэ щхъухь уезгъэфэнти, зи хьэдэр къуанщIэ фIыцIэм яшхыжын напэншэ! АнэкIэ уэ сэ укъызэмыджэ, алыхьым и нэхьэлатыр зытехуэн, – мыпIащIэу икIи мыпIейтейуэ макъ пхъашэ ткIийкIэ жиIэщ фызыжьми, хуэм дыдэурэ унэм щIыхьэжащ.

Жыжьэуи гъунэгъууи зыпэмыплъэ щызэхихым, Цыкъэ и автомат Iэпщэр зэ икъузащ, ауэ занщIэу зыкъищIэжри и пIэм идиихьащ. Абы и нэгу къыщIэуващ и анэр. И къуэш закъуэ зи хъыбар имыщIэр зауэм къыщаукIамэ, и анэр дауэу пIэрэт езым къызэреплъынур? Ар егупсысащ зи щхьэгъусэр зауэм хэкIуэда и шыпхъумрэ адэншэу къэна и бынхэмрэ къыжраIэнум, зи цIыху зауэм кIуа и къуажэгъу псоми ягу къэкIынум...

ЗыщIэлъэIуа псы фалъэм и пIэкIэ адыгэшху шынакъ къыIэщIагъэувэну щIэхъуэпса Цыкъэ зыри хуэмеижу зи гуауэшхуэр гъеин зымыуха фызыжьым и пщIантIэм къыдэджэдыжри, гъуэгу мыгъуэ зэрытетыр аргуэру зэ къищIэжа пэтми, итIани абы теувэжащ... Ауэ Цыкъэ къимыщIауэ а махуэм нэгъуэщI зы къэнащ.

«Псы щIыIэ фалъэм и пIэкIэ щхъухь уезгъэфэнти...» – къыжезыIэу щIыхьэжа фызыжьым и шхыдэным унэ кIуэцIым щыпищат. Фызабэу къэна и нысэмрэ абы и бынитхумрэ фызыжьыр къаухъуреихьауэ жиIэм едаIуэрт. Нанэми, нетIэ IэщIэгъупщыкIар иригъэкъуж нэхъей, и гыбзэри и шхыдэри уэру зэщIэтт. ИтIанэ, илъэс пщыкIуплIым ит и къуэрылъху цIыкIур къэпсэлъащ:

– Нанэ, нанэ, ар ди разведчикыу нэмыцэм яхэтмэ пщIэрэт?!

– Сыт мыбы арэзведчыкти мэрэзведчыкти жыхуиIэр? Сытуи яхрет, уи адэр къэзыукIа хьэщхьэрыIуэхэм щахэткIэ, аракъэ напэншэ хъужыр? – Цыкъэ зэреплъам хуэдэу пхъашэу фызыжьыр и къуэрылъхум хуеплъэкIащ.

– Нанэ, уэ къыбгурыIуэркъым разведчикыр зищIысыр, – жеIэ щIалэ цIыкIум, убзэу анэшхуэр къиуфэрэзыхьурэ. – Ар ди цIыхуу, ди Краснэ Армэм щыщу, ауэ нэмыцэхэм захигъэпшэхъуауэ я тIасхъэр къищIэу яхэту аращ.

– Апхуэдэ щыIэ, телъыджэ? – жеIэ фызыжьым, къэгузэвэжауэ.

– ЩыIэщ, нанэ. Псы ефэн щхьэусыгъуэ ищIу уэ щэху гуэр къыбжиIэну е зыгуэркIэ къоупщIыну арагъэнт. Сэ мыгъуэ сызэрыхуэмызат абы! – щIалэ цIыкIум и нэр къилыдыкIыу зыкIэлъигъэпIащIэу къыжьэдэлъэлъащ.

– Сыт, на гущэ, а жыпIэ телъыджэлажьэр?! Сыту шэч Iей сыбгъэщIыжа, – жеIэ фызыжьым, иджыри къэс ткIийуэ иIыгъа и Iэпкълъэпкъыр зэхэтIэтIауэ, зи Iэпщэр икъуз башри IэщIэлэлауэ. – Догуэ, си щIалэр

псэууэ къыщIэкIыжауэ абы и хъыбар къызжиIэпэну арами сщIэртэкъыми. Азалыхьталэ, ар езыр, пэж дыдэу, зы гъэщIэгъуэн гуэру къызэплъатэм, къысхуэгуфIэжу.

– Тхьэ, арыпами умыщIэт, нанэ, – жеIэ и нысэми, и гур къилъэтыным хуэдэу къеуэу. – Ди анэ дэлъхум и къуэр яукIауэ и хъыбар къакIуэри псэууэ къыщIэкIыжакъэ. Дыдейри ямыукIауэ гъэр хъуамэ, мобы къыхуэзэу хъыбар пэж къытхуихьамэ пщIэрэт?!

– Азэлыхь, мыбы сытми зыгуэр щыщыIэм. Си щIалэм и хъыбар имыщIэуи сощIри, ар а жыхуэфIэм хуэдэу дыдейхэм къакъуэту сэ есхужьэжамэ, лейм и леиж зыщIа физыжь делэу сыкъыщIэкIакъэ, – жеIэри нанэр ткIийуэ къызэфIоувэ, и баш Iэпщэр быдэу еубыдыжри, псынщIэу унэм къыщIокI.– Фынажэ псынщIэу. Къевгъэгъазэ. А нысэ, къытхуимыгъазэмэ, IэщIэдгъэувэну уэ зы шху фалъэ къыщIэх, шатэ фIыуэ хэкIи. Алыхьым къысхуигъэгъу, сыту лей Iей мыгъуэ уэсха. Дгъуэтыжыну пIэрэ? Фынажэт псынщIэу...

Фызыжьыр уэрамым дэлъэдауэ жэрт и къуэрылъху бынхэр и гъусэу, и нысэри шху фалъэшхуэр иIыгъыу и ужь итт...

Цыкъэ зыри ищIэртэкъым. Ар а къуажэм дэкIауэ нэгъуэщI къуажэ гуэрым хуэкIуэрт, и автоматыр гъэпсауэ иIыгъыу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэр тIу изыщIыкIыу кIуэцIрыкI зэуапIэр зи IэнатIэ хъуа адыгэ жылагъуэхэм ящыщт Деикъуэри. Абы къыхуиухат нэмыцэдзэмрэ ди дзэмрэ щэнейрэ зэIэпахыну. Япэу нэмыцэр къыщыдыхьам, ар зэрыдэтар махуэ зыбгъупщIщ. Зыщызэкъуихыну хунэмысами, нэмыцэм къуажэм хьэдагъэр къыдигуэшат, коммунистхэмрэ комсомолецхэмрэ зэхэзехуэн ящIырт, мылъкурэ былымкIэ ялъэкIыр Iисраф ищIырт, Iужажэ-гужажэ гуэрхэми къажыхьырт...

Партизан Мэшыкъуэ Мухьэмэд къуажэм къыдыхьэу Цыкъэ щепсэлъа жэщым къыкIэлъыкIуэм, нэхущым ирихьэлIэу, ди дзэр къебгъэрыкIуэри, бийр Деикъуэ дахужащ.

* * *

Зауэр увыIа щхьэкIэ, абы и бэлыхьыр иухатэкъым. КъыщIэлъадэ псыр яубыда иужькIи, шэдыр щIэх игъущыкIыжыркъым. Абы зыкъомрэ дыгъэ тепсэн хуейщ. Ауэ гъуща иужьи, ар мэкъумэш щIапIэ хъун папщIэ, Iэджэ ещIэн хуейщ. Апхуэдэт зауэри. Фронтым илъэсиплIкIэ щекIуэкIа зауэшхуэм и къуэпс зауэ цIыкIухэр дэнэ къуажи, хьэблэхэми, уэрамхэми, унагъуэхэми, цIыхупсэхэми щекIуэкIат. КъаукIыу зэгъэжа цIыхухэм нэмыщI, къаукIауэ псэухэри гъунэжт. Куэд къызэригъэдзэкIат, куэдым сэлам щIыIэ ярихат, зэхэгъэкIыныгъэшхуэуи щытат зауэр. ЦIыхуфэм дэкIам нэхърэ нэхъыбэж дихат абы цIыхупсэм.

И нэр набгъэрэ цIыхуми яхэмыхьэжу, гурыгъуазэрэ лъапэ нэхукIэ нэмэзыщI здэкIуэ мэжджытым нэхъ фIэмыкIыу пщIантIэм къыдэнами, Къэбэрдокъуэ Бэч Iэджэм егупсысырт, дунеижьым и зэгъэзэхуэныр езым къылъыса нэхъей. Кхъузанэ пхъашэми кхъузанэ щабэми щIигъэкIырт абы къигъэщIа илъэс блыщIрэ хым кърыубыдэу дунейм фIыуи Iейуи къыщыхъуахэр. ФIыр мащIэт, Iейр гъунэжт. «Япон зауэр, Герман зауэжьыр, пащтыхьыжьыр традзу бэлъшэвичрэ кIэдету загуэшу цIыхур зэрызэзэуар, икIэм-икIэжым цIыхухъу къытхуэзымыгъэнэжа мы зауэ емынэр ...Сыту куэд си нэгу щIэкIа зы цIыху гъащIэкIэ», – жиIэурэ гупсысэн къыщIидзэрти, а лIыжь губзыгъэр дурэш Iэджэм дэIэбэрт, дзапэ уэрэд тIэкIу жиIэу я уэрамыпэм щыIускIэ. Абыхэм ящыщ зыми хэтатэкъым Бэч

Іэщэ иІыгъыу. Къыхуихуатэкъым. Ауэ щыпсэу зэманым и гъусэу, зыхэт цІыхухэм дэщІыгъуу игъэват а псори пщІэнтІэпскІи гупсысэкІи. Иджы и жьы хъугъуэм, блэкІахэм щегупсысыжкІэ, псом я щхьэ къыфІэхъурт зи лъэужьыр иджыри Іэджэрэ хэмыгъуэщэжыну щІыми абы тетми къефыкІ зауэ блэкІар...

Журт хъыджэбз цІыкІу Томэ игу къигъэкІыу, Азэмэт тхын зыщІидзауэ щыта дневникыр дуней зэрызехьэм ІэщІигъэхужауэ екІуэкІырт. Ар къыщыщІидзэжар школым щІэтІысхьэжауэт.

Іэбу яукІа иужькІэ Азэмэт письмо къыхуэзытхыу, зыхуитхыжу щыта Астан Алихъани фІэкІуэдыжат. Нэмыцэр Деикъуэ зэрыдахухжрэ къыІэрыхьэжатэкъым абы и письмои, псэуми хэкІуэдами щыгъуазэтэкъым, и лъагъуэ зэрытехьэни къыхуэщІэртэкъым. Къыхуитхауэ щыта письмохэр нэмыцэдзэр къуажэм къыщысам ягъэсыжа тхылъхэм, облигацэхэм, нэгъуэщІхэм ядэкІуат.

1941 гъэм Деикъуэ курыт школыр къэзыуха щІалэ гупым я нэхъыбапІэр къелат зауэм, лІыгъэ яІэуи хэтат.

Абыхэм ящыщу Мэремыкъуэ Заурбэч зауэр екІуэкІыу зэ лъагъунлъагъу къэкІуэжат, уІэгъэщым къыщІэкІыжа нэужь. Зи ІэпкълъэпкъыР дахэ-дахэу зэрымыубыдауэ дэкІа щІалэщІэм жыжьэуи ещхьыжтэкъым ар. Капитан дамэтелъыр къытелыдыкІыу, щІалэ бжьыфІэ зэІэщІэлъ хъуат. Зауэр иухыху емыІусэну жыхуиІэ и пащІэ-жьакІэ фІыцІэри екІурт, нэхъри лІыфэ къытригъауэу.

Чэниуат и Іуэхум щІэупщІат Заурбэч. ЯмыІуэта лъагъуныгъэр зауэ емынэм и псыдзэ фІейм ихьауэ къилъытэри и гур къиузыкІауэ, хъыбар гурымыхьым игъэщэташ.

ИпэжыпІэкІэ, уи гур зыщІэузыным хуэдэу хъуат, къуажэ хъыджэбзым уахэдамэ, и теплъэкІи, и щІэныгъэкІи нэхъ япэу къыхэпхынухэм ящыщ зыуэ ябж Чэниуат и Іуэхур. Зауэр иухыным зы илъэсым щІигъу иІэжу, къабгъэдэс къуажэ гъунэгъум ис и шыпхъу нэхъыжьым я деж кІуат ар, Азэмэти и гъусэу. Хъыджэбз цІыкІу защІэу быниплІ къыхуэнэри, и лІыр хъыбарыншэу кІуэдауэ тхылъ къыІэрыхьат. И пщыкъуэ нэхъыщІэ къыбгъэдэст абы, зауэм и пэкІэ фыз къишэри, быни хуимыгъуэту лІауэ, езыми «лІы мылъхуэ» хужаІэу. Ар щхьэусыгъуэ гуэркІэ зауэм ямышэу къэнауэ мэзхъумэу лажьэрт. А зэманым цІыху зэхъуапсэ къулыкъут ар.

Арати, мэзхъумэр Чэниуатым къехъуапсэри гу къыхуищІащ. АрщхьэкІэ мо хъыджэбз дахэ хэІэтыкІам ар жриІэн ирикуакъым. И мурадыр и нысэм ириубыдылІэри ириІуэтылІащ, и шыпхъур кърИтмэ, и быниплІыр, я адэр щхьэщытым хуэдэу, зеиншафэ къатримыгъауэу хуипІынуи къигъэгугъащ.

Япэ щІыкІэ «ауи уигу къыумыгъэкІ», жиІэри хуидакъым. ИтІанэ зыщІэгупсысыжри дыщІигъужащ: «Езым фІэфІмэ, дыпэрыуэнкъым». Мэзхъумэр гухэлъкІэ къепсэлъэну щыхуежьэм, «Мы дуней мафІэ къызэщІэнам сэ лІы дэкІуэн си лажьэкъым», жиІэри, Чэниуат зыкъипхъуатэри, Азэмэт и Іэдэжу, къэкІуэжащ. АрщхьэкІэ, «къоджэм уигъэжейркъым», жаІэ. Сабий быныр къыдэзыпІ пщыкъуэм и мурадыр къемыхъулІэмэ, и щІыбагъ къызэрыхуигъэзэнур е нэгъуэщІ къишэу яхэкІыу зэрежьэжынур Чэниуат и шыпхъум фІыуэ къыгурыІуэрт. Телъ гугъуехьым и инагъыр зыщІэж, зи узыншагъэри мыщІагъуэ, зилІми щымыгугъыжыщэ фызабэм сыт ищІэнт? – таучэл хъуащ. И дыщым кІуэжри яжриІащ – къыхуадакъым. Аргуэру тригъэзащ. Щымыхъум гъынанэу ялъитІысхьащ, «быниплІыр, хъыджэбз защІэу, си Іэдэжу сыкъыфхуэкІуэжмэ, фэ схуэфпІыну?» –

жиIэри. Нанэ тхьэмыщкIэр и кIуэцIым игъыхьурэ къытригъэхьащ. Зи лIыр зауэм хэкIуэда, я гъунэгъуу псэу адрей и шыпхъуми хьэрэм-хьэлэлкIэ иригъэдащ. Азэмэт и анэ Таужан унафэшхуэ къызэрылъымысынур ищIэжырти, фэ фщIыр унафэщ, жери къэуващ. МутIалиб и щхьэгъусэ Зулий «мы хъыджэбз тхьэIухуд мыгъуэр фымыгъэунэхъу» жиIати, «уэ ди дэлъхум быни щIэсу, фызи иригъэкIыжауэ укъыдэкIуаи...» жраIэри и псалъэр Iурагуэжащ. Езы Чэниуат ягъэтIысри, дунейм тетри темытри къыхурагъэкIуэкIащ. ЦIыхухъур яухауэ иджы цIыхубзыр зауэм яшэну, зауэр увыIэпэми, хъыджэбзхэр зышэн цIыхухъу къэмынэжауэ, зы лIым фызибл лъысу, езыр зыщыгугъхэр зауэм псэууэ къыхэмыкIыжыну, зэшыпхъуитIыр зэнысэгъу хъумэ, игъащIэкIэ зэнэзэпсэу зэдэпсэуну, мэзхъумэм «лIы мылъхуэ» зэрыхужаIэри пцIыуэ...

Сыт хуэдизкIэ трамыгъэгушхуами, Чэниуат хъунщ яхужиIакъым.

Азэмэти, и тхьэкIумэм зыгуэр къыицырхъауэ, къижыхьырт. Ауэ абы Iуэхур щабзыщIырт. Чэниуати дэIэпыкъуэгъукIэ щыгугъыну фIэсабий щIалэ цIыкIум зыри жриIэртэкъым...

Хуит ящIа мэзхъумэ щIалэжьым, бэлэрыгъауэ къепхъуэри, Чэниуат ихьащ, икIи, къайгъэ хъумэ къикIыну бэлыхьым лъэпкъитIыр зэрызэфIигъэкIуэдынур халъхьэжри, нэчыхьри ятхащ, Азэмэт зэрахуэмыкIуам щхьэкIи къэмынэжу.

IэфIагъ лъэпкъкIэ и псэм къемыдэхэщIэфа щIалэжьым и лэгъунэм Чэниуат и гур зы махуи щигъэтIылъакъым. Пэшэж къыщашэжам яхуэмыкIуэжу зыкъритIати, хьэрэм-хьэлэлкIэ трагъэгушхуэжащ. ИужькIи мызэ-мытIэу къыщIэпхъуэжат, ауэ и шыпхъу-нысэгъур гъуэгыу къыкIэлъыкIуэурэ ишэжат. Чэниуат абы шыпхъугъэ лъэпкъ хуиIэжтэкъым. Нысэгъу къудейуэт ар зэрибжыр, хэбгъэзыхьмэ, нысэгъу-жагъуэгъум хуэдэу къыщыхъужат. Ауэ абыи езым лажьэ лъэпкъ имыIэу, и шыпхъу нэхъыщIэм и Iей зэримыхуауэ, фIыкIэ хуэупсауэ къилъытэжырт. И кIэм нэса иужь, псори зауэм тралъхьэрти, ялъэкI къамыгъанэу Гитлер нэф ебгырт...

Зауэр увыIэри куэд мыщIэу, мэзхъумэм и къуэш нэхъыжьыр, Чэниуат нысэгъу хуэхъуа и шыпхъум и лIыр, къэкIуэжащ. «Иджы уи быниплIыр пхуэзыпIыжын уиIэщ...» – жиIэри ЧэниуатIи къафIикIыжащ. Ауэ ар япэрей хъыджэбз дахэ нэщхъыфIэм ещхьыжтэкъым. Щхьэлажьэт, гупсысэхт, гукъыдэжыншэт. ПхъужьыцIэ сиIэми, сыщIалэщ, сыдахэщ, кIэрыщIэн сиIэкъым жиIэу зи щхьэр Iэтауэ уэрамым дыхьэн цIыхубзтэкъым Чэниуат. И гуауэр зэрыщытым нэхърэ нэхъ ину игъейуэ къэнат ар, зэрыпсэури щIэпсэури имыщIэжу щхьэщIэгупсыс хъуауэ.

Къуажэ школыр нэхъыфI дыдэу къэзыухауэ щыта Балъкъэр Мухьэз лейтенант нэхъыжьу, лIыгъэ хэлъу зэрызэуам и дамыгъэхэри иIэу къэкIуэжащ. Къуажэ джэгумрэ ефэ-ешхэмрэ укъуэдияуэ хэмыту тхьэмахуэ зытIу зигъэпсэхущ, Iыхьлыхэр илъагъури, коммунист ныбжьыщIэр партым и райкомым кIуащ, лэжьапIэ щIэупщIэну. Абы къепсэлъа район унафэщIым къилъэгъуащ щIэныгъи акъыли зыбгъэдэлъ, мамыр лэжьыгъэм зи гур хузэIуха щIалэм жэуап ихьу IэнатIэ зэрырихьэкIыфынур. Мухьэз партым и райкомым пропагандисту ягъэуври, и Iуэху зехьэкIэр ягу щрихьым, щIэх дыдэу отделым и унафэщI ящIащ. Къуажэми ямыгъэгувэу абы хужаIащ: «Уэру ежьащ мы щIалэм и Iуэху, тхьэм хущIигъэхьэ. Зауэми лIы хуэдэу хэтащ, къулыкъуми хуэIэижьщ. Фыкъаплъи фыкъэдаIуэ, мы ди районыр гува-щIэхами абы къыхуэнауэ флъагъунщ...»

И ныбжьэгъухэр «Петр ПервэкIэ» зэджэу щыта Щауей Мурид нэхъ

пIащэж, нэхъ бжьыфIэж хъуауэ, мэкъугу уфэрэкIам ещхьу, и щхьэбгъум ещэтэкIа щхьэц Iувыр и пыIэм щIэмыхуэжу, ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ Москва щекIуэкIа парадым зэрыхэта фащэ екIур къыщылыдыкIыу, езыр лейтенант нэхъыжьу, орденищрэ медалихрэ хэлъу зауэм къикIыжат. Щеджа школым кърагъэблагъэри еджакIуэхэр Iуагъэщlащ абы.

АДЗЫН Мухьэмэд

# Саугъэт лъапIэ

***Рассказ***

ПщIантIэм дэлъ лэжьыгъэхэр зэфIигъэкIа нэужь, Умар гуэщым щIыхьэщ, пхъэ кIапэлъапэхэр зэIипщIыкIщ, зы пхъэ тыкъыр къыхихри унэм щIыхьэжащ. Iэнэ лъахъшэ цIыкIур хьэкубжэм пэгъунэгъуу игъэувщ, и Iэмэпсымэхэр къигъэIэгъуэри пэщэщэн щIидзащ. Абы фIэфIт пхъэ кIэрыхубжьэрыхухэм хьэпшып цIыкIуфэкIу, хьэкъущыкъу зэхуэмыдэхэр къыхищIыкIыну. И хущIыхьэгъуэ зэманым и нэхъыбэри арат зытригъэкIуадэр. Апхуэдэхэм деж абы зэхихи илъагъуи щыIэтэкъым, а зыбгъэдэт Iуэхум фIэкIа. Апхуэдизу IэкIуэлъакIуэу Iэбэрт ари, IэщIэлъ тхъусэр зэи «щыуэртэкъым». И лIыр апхуэдэу зытхьэкъуа лэжьыгъэм щхьэкIэ щхьэгъусэр зэзэмызэ шхыдэрт, зыгуэркIэ еупщI сытми зэрызэхимыхым къыхэкIыу. Уеблэмэ, тIум щыгъуэми хъымпIар сыкъыщIынукъым жыхуиIэу, лIыр щылажьэкIэ емыпсэлъэж хъуат. Ауэ абы и IэрыкIхэр гъунэгъухэм яритын фIэфIт, и щхьэгъусэм и Iэзагъэр телъыджэ къазэрыщыхъум зригъэщIагъуэу.

Бзылъхугъэм пщэфIэн иухыу ерыскъыр Iэнэм тригъэувa къудейуэ, бауэбапщэу унэм къыщIолъэдэж илъэсипщI зи ныбжьын я къуэ цIыкIур:

– И, папэ! И, мамэ! Дэ нобэ зы кино деплъащи! Зауэм теухуауэ...

Ар зэщхьэгъусэхэм кIэсыжу ягъуэта бынти, зыхалъхьэ щыIэтэкъым.

– Хъунщ, хъун, – зэпиудащ абы и псалъэр анэм. – И чэзуу укъэкIуэжащ. Уи Iэр тхьэщIи тIыс Iэнэм. Кинор итIанэ къыджепIэжынщ.

АрщхьэкIэ ар а «итIанэм» пхупэплъэнт? Гукъинэ щыхъуа кином кърригъэлъэлъу топсэлъыхьыж, кIуэтэху и макъым зригъэIэту.

– УщIэкIийр сыт? – адрей унэм щIэс и къуэш нэхъыжьыр къытоувэ бжэщхьэIуми и IэштIымыр къыхуегъэдалъэ. – Мыр къыптехуэну ухуейуэ ара?

ТIэкIу зызэпигъэу хуэдэу ещIри, и шынэхъыжьым и щIыб къызэригъазэу, щIалэ цIыкIум аргуэру пещэ:

– Фэзгъэлъэгъуащэрэт абы ди зы сэлэтым и пулеметыр зыкIэ лъэщу игъэауэрти! И, папэ, мис а уи шэмэджымкIэ щыпыбупщIкIэ удзыр зэрыджалэм хуэдэу фрицыжь къомыр щIигъэгъуэлъыкIырт. ИтIанэ, дыдей зы нэмыцэхэм къаухъуреихьати, зит хуэдэу зищIри, гранатэр къигъэуащ. Уей, фашист тIощI хъунмэ абы иукIар. Сэри арат сщIэнур, лIыхъужь сыхъунут итIанэ...

«Зауэ угъурсызым и пэжыпIэр къызэрамыгъэлъагъуэр нэхъыфIу къыщIэкIынщ, – егупсысащ Умар. – Мо сабийхэм лIыхъужьхэм зрагъэщхьыну хуейщ. Абыхэм дэнэ щащIэн а зауэм гуауэу къытхуихьар зыхуэдизыр, абы и Iэужь Iейр илъэс IэджэкIэ зэрымыкIуэдыжынур...»

– Папэ, уэ зауэм ущыIа? – къызэпеуд Умар и гупсысэр къуэм.
– НтIэ, – хуоплъэкI ар и нэр къилыдыкIыу щыс и щIалэм.
– Нэмыцэ куэд быукIа?
Апхуэдэу къеупщIыным пэплъатэкъым Умар. ФIэфIтэкъым зауэм зэрыщыIам и гугъу ищIын. И Iыхьлыхэм, гъунэгъу-жэрэгъухэм ар зэрижагъуэр ящIэрти, хагъэзыхьыртэкъым. Иджы сыт хуэдэ жэуап и къуэм иритынур? И пэжыпIэр жриIэкIэ къыгурыIуэну, арэзы техъуэну?
– Хьэуэ, си щIалэ, сыукIакъым, зауэми сыIутакъым, – къуэм и нэгур къызэIуоуэ:
– Ар дауэ, папэ, фронтым ущыIауэ икIи умызэуауэ? НтIэ, уи натIэм телъ дыркъуэр зауэм къыщыптехуауэ арати мамэ жиIар...
– Апхуэдэуи къохъу... Моуэ нэхъ ин ухъумэ, псори бжесIэжынкъэ, умыпIащIэ. Уэ тхылъ гъэщIэгъуэнхэр уиIэщ лIыхъужьхэм теухуауэ. Мис абыхэм еджи нэхъыфIщ.
Мухьэмэд и адэр хигъэзыхьакъым. ИщIэрт тIум щыгъуэми а жиIам зыри къызэрыщIимыгъунур. АтIэми и шынэхъыжьым, аргуэру и щхьэр къыщIишиери, и нэщхъыр къыхузэхиукIат...
Ауэрэ илъэс зыкъом докIри Умари пенсэу мэтIысыж. Зэманыр кIуэхукIэ зауэ Iуэхум тепсэлъыхьынри жылэм нэхъ кIащхъэ щохъу. Ауэ зы гъэ гуэрым къуажэ унафэщIхэм мурад ящI ТекIуэныгъэм и махуэр Iэтауэ ягъэлъэпIэну. А Iуэхум жыджэру хэтт еджапIэр къэзыух Мухьэмэди. Пщэрылъ Iэджэ иIэти, кIыфI хъуху школым щыгувэрт. КъэкIуэжа нэужьи, нобэ ищIахэм тепсэлъыхьыж и хабзэт.
– Зауэм хэта псоми я цIэ-унэцIэхэр зэхуэтхьэсыжри тхылъымпIэ хужьышхуэм иттхащ, – жеIэ абы зы пщыхьэщхьэ гуэрым шхэуэ Iэнэм здэщысым. – Ветеранхэм я сурэтхэм щIыгъуу ар блыным кIэрытлъхьэнущ.
– Ди унэкъуэщхэм ящыщу дапщэ абы хэтыр? – щIоупщIэ и шынэхъыжьыр.
– Дыдейхэм я насып нэхъ къикIащ – плIы дэкIати, щыр къэкIуэжащ. Вэлодэ и адэ Iиндрис хэкIуэдащ.
– Ущымыуэу пIэрэ? – пщыхьэщхьэкIэ зэрихабзэу, пхъэм епэщэщу щыс Умар и къуэм дежкIэ йоплъэкI.
– Хьэуэ, сыщыуэркъым, тхылъымпIэхэр псори сэращ зэхуэзыхьэсар.
– Дауэ узэрыщымыуэр? Бжыт, къэзыгъэзэжар плIы дохъу: Хъызыр, Iэдэмей, Пакъэ, сэ.
Абдежым унэ кIуэцIыр щым мэхъу. ИтIанэ и щхьэр къыхуэмыIэту, и макъри тIэкIу кIэзызу, Мухьэмэд жеIэ:
– Уэ... уэ спискэм ухэткъым.
Абдежым Умар, игъащIэм къыщымыщIауэ, тхъусэ IэщIэлъыр лъэныкъуэкIэ ебэри, и Iэр иуIэж пэтащ.
– ЛIо, шакъэм фримыкъуауэ ара сыхэфтхэну?
И адэр гушыIэми и фIэщми къыгурыIуакъым щIалэм:
– Военкоматым сыщыкIуам щыгъуи «Ар зэуапIэм Iутакъым» къызжаIащ.
– Илъэсищрэ ныкъуэкIэ сыщыIащ фронтым! Адрейхэм нэхърэ зыкIи нэхъ сытыншауэ сщIэркъым.
А псалъэхэр Умар и гущIэм къишхыдыкIат. Хьэуэ, ар лъыхъуэртэкъым фIыщIэ леи, щытхъуи хуэныкъуэтэкъым. Ауэ щIэукIытэн, и щхьэр лъахъшэу щIрихьэхын лъэпкъи къуэлътэкъым.
... А жэщым Умар жейм езэгъакъым, зауэм къызэрикIыжрэ емыгупсы-

сыжыну, зыщигъэгъупщэжыну зыхущIэкъу Iуэхухэр и гущIэм къыщыушыжурэ. Пэжщ, лъэныкъуитIыр лIэнкъэнэну щызэпэщIэт зэхэуэ гуащIэхэм ар хэхуатэкъым, ауэ зыхэта гупым, жэщ-махуэ ямыIэу, ди дзэхэм щхьэкIэ псыхэм лъэмыж тралъхьащ, биишэр я хъуреягъкIэ щыфийуэ. Абы яIэт фочи. Ауэ Умар сымэ я Iэщэ нэхъыщхьэр пхъэх, джыдэ, Iэдэ, уадэ хуэдэ Iэмэпсымэхэрт. НыбжькIэ щIали яхэттэкъым абыхэм – илъэс 40-м щхьэдэха, пхъащIэ Iуэхумрэ гъукIэнымрэ хуэIэзэ защIэт. Ауэ я командирыр щIалэ дыдэт, мазищкIэ ирагъаджэри офицер хъуауэ. Батальоным хэтхэм я нэхъыбэм апхуэдэ къуэ яIэт.

...Зэгуэрым Умар зыхэт гупыр яшащ ди сэлэтхэм хуит къащIыжа къалэ цIыкIум пэмыжыжьэу щыт гъущI гъуэгу станцым. Жэщыбгым фIэкIат. Станцым къыхэнэжа щыIэтэкъым. Хъыбар зэрызэхахамкIи, ар зэгъэпэщыжыным мыгувэу иужь ихьэнут. Батальоныр къыщыувыIащ станцым пэгъунэгъуу щыт, ямыкъутэу къызэтена унэшхуэ гуэрым. Зэрихабзэу, и хьэпшыпхэр зэрылъ хъуржыныр и щхьэм щIидзри гъуэлъащ Умар. АрщхьэкIэ абы илъ гъущIым, лъэмыж щащIкIэ хьэлъэ къызэраIэт Iэмэпсымэм, игъэжейртэкъым. Умар взводым и командирым и къуэдзэт, я гупым къегъэбыдылIа мылъку тIэкIумкIи жэуаптакIуэт. Сытми, зэран къыхуэхъу гъущIыр кърехри, хъуржыныр и щхьэм щIедзыж, мо ешаелIар занщIэуи Iурех. АрщхьэкIэ, сыхьэтитI нэхъ дэмыкIыу, «тревогэ» жари, взводыр унэм къыщIаш.

Командир щIалэщIэр хуабжьу пIейтейт.

– Псори къызэхуэса? – къоупщI ар и къуэдзэм.

– НтIэ, 18-ри дыщытщ, – жэуап ирет Умар.

– Iуэхур зэрыщытыращ, – къригъэжьащ командирым, – къалэм дахужа нэмыцэхэм, къаруушхуэ зэщIагъэуIуэри къагъэзэжауэ къокIуэ. Къалэм ди дзэу дэсыр мащIэщ. Ар яубыдыжу нэмыцэм мы станцымкIэ къаунэтIынкIэ шынагъуэ щыIэщ. Вокзалыр бийм Iэрыдмыгъэхьэну ди батальоным пщэрылъ къытщащIащ, нэгъуэщI щIыпIэ щыIэ ди дзэхэр къэсыху, ди вокзалым къыбгъурыт, станцым къытрашэ-трашыж мылъкур щахъумэ унэшхуэр тхъумэн хуейщ. Фашистхэр мыбы къамыгъэсынкIи хъунщ, ауэ а Iуэхум сыт и лъэныкъуэкIи дыхуэхьэзыру дыщытын зэрыхуеймкIэ унафэ быдэ щыIэщ. Фи Iэмэпсымэхэр мыбы къыщIывонэ, фи Iэщэр къывощтэри икIэщIыпIэкIэ зыдоIэт.

Куэд мыщIэу взводыр нос яхъумэн хуей унэм. ПцIы хэмылъу, Умар тIэкIу къэгузэват. Биишэр къателъалъэу взводым зэтэкъым, тIэутэкъым псыхэм, кIэнауэхэм зэпрыкIыпIэ зэрытралъхьар. Абы есэжат псори. Ауэ фашистхэм натIэкIэ зэи яжьэхэуатэкъым. Пэлъэщынухэ я пщэ къыдалъхьа къалэным? Хьэмэрэ къэхэшэнхэу пIэрэ? Езыр-щэ?

Умар сержантт, иджыри къыздэсым взводым пщIэрэ щхьэрэ щиIэу къэгъуэгурыкIуат. КъикIуэтынкIэ Iэмал иIэтэкъым, лIы хуэдэлIу уи псэр птымэ нэхъыфIщ абы нэхърэ.

Унэ кIуэцIым зыщагъэбыда къудейуэ, вокзалымкIэ Iэуэлъауэшхуэ къиIукIащ. Топ, автомат уэ макъхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ хъурт. Куэд мыщIэу Умар и тхьэкIумэм къоIуэ мотор макъхэр. Блыным игъуэта гъуанэмкIэ иплъмэ, танкхэр вокзалымкIэ къокIуэ. Абыхэм я ужьым кIэщIу итщ нэмыцэ сэлэтхэр. Умар и фочыр гъуанэмкIэ ирешиикIри фашистхэм ящыщ зым ирегъапщэ... И Iэпэр кIакхъум трикъузэмэ, зэфIэкIащ – абы кIэ иIэщ. Умар и щIыфэр къэтхытхащ.

– Зэ умыпIащIэ, къуэш, – къоплъэкI абы и дежкIэ пулеметгъауэу

къахыхьа щIалэр, – моуэ тIэкIу нэхъ гъунэгъу къэхъумэ, нэхъыфIщ. Мэ, тутын ефэ, мыбы уи нервыр игъэтIысынущ.

Вокзал Iэшэлъашэр зэуэ щым къэхъуащ. Ар зыхуихьынур ищIэртэкъым тутыныр нэпсейуэ щIэзыш Умар. Абы и нэр аргуэру хуэзащ станцым къэблэгъа танк шынагъуэхэм. Абдежым вокзалымкIэ зы фоч уэ макъ къыщыIуащ. АдэкIэ къэхъуар куэдрэ и нэгу къыщIигъэхьэжащ Умар: танкхэм ящыщ зым унэмкIэ зыкъигъазэри ... дунейр къытеункIыфIащ.

... ЗыкъыщищIэжам абы и пщэдыкъым зы хуабэ гуэр дэлъадэрт. И нэкIури псыфыбзэ хъуат. И напэр кърилъэщIэхын и гугъа щхьэкIэ, и Iэ ижьыр къедэIуакъым. Iэ сэмэгумрэ и бгъэмрэ хьэлъэ гуэр къытелът. Абы щыгъуэми нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым. Хуэм-хуэмурэ абы зыхищIащ узыр. Сытми, ерагъыу и Iэ ижьыр къиIэтри, и натIэм еIусащ. Абы лъы къежэхырт. Зыкъом дэкIри къыгурыIуащ и бгъэм телъ фочым ищIыIужкIэ ентIыр гъумыщIэ къызэрытеукIурияр. Бэлыхьищэр телъу абы зы зэман къыщIопщ, къытехуа удынымрэ уIэгъэмрэ и щхьэр ягъэуназэрэ дахэ-дахэу земыкIуэфу... Дэнэ щыIэ и гъусахэр? Къела? Псэу? ЗэманыфI дэкIа нэужьщ къэхъуам Умар и акъылыр щыхуэкIуар: топышэр къызытехуа унэр къызэтещэхат. Иджы абы и пIэм къихутат пхъащхьэ, пхъэбгъу, чырбыш къутахуэхэр щызэхэзэрыхьыжа Iуащхьэ. Сыт иджы ищIэнур? И гъусахэм ящыщ лъэпкъ къыIэщIэлъагъуэркъым. Унэ къэуам щIиубыдамэ-щэ? Къегъэлын хуей яхэтми ищIэркъым. Къарууэ иIэр зэхуехьэсри пхъэбгъу, пхъащхьэ ныкъуэкъутэхэр къызэтридзу, чырбышхэр зэбгритхъуу щIедзэ. Куэд мыщIэу къегъуэтыж и гъусахэм яшыщу цIыхуитI, ауэ ахэм зыкIи уадэIэпыкъужыфынутэкъым.

И псэр пыхуу етIысэхауэ здэщысым, Умар и нэр хуозэ и пащхьэм илъ Iэпщэ сыхьэтым. ИкIи занщIэу къецIыхуж: ар я командир щIалэщIэм ейт. Сыхьэтыр къиищтэжыну йоIэбых, арщхьэкIэ ар Iэпщэм илъу къыщIокI. Умар гужьеяуэ ятIэр зэбгретхъу, плитэ хьэлъэ гуэри къеIэтри лъэныкъуэкIэ егъэукIурий. Абы и щIагъым щIэлът я командирыр, ауэ ентIырышхуэ гуэрым щIиубыдат. Умар къыфIощI и макъ къызэрихькIэ щIалэр кIийуэ, арщхьэкIэ зыри зэхихыркъым, дэгу хъуащ. Командирыр щIэзыIуба ентIырыр тридзыну хуожьэ. Хуэгъэкъарукъым. Абы и кIапэ лъэныкъуэм нэгъуэщI пхъащхьэ зэIулIа ин гуэрхэри къытелъщ.

– Уа-а-а, сытым хуэдэу узрэ! – офицер щIалэм и кIий макъыр икIэмикIэжым зэхех Умар. – КъыздэIэпыкъу...

– ЗыIыгъ, си щIалэ! Уэ упсалъэ хъунукъым. Сэ иджыпсту укъыщIэсхыжынщ.

Дунейм сыт ищIэнур? Ихъуреягъым зы псэ щыбауэркъым. Пэжщ, абдеж пэмыжыжьэу станцым зэхэуэ гуащIэ щокIуэкI, ауэ... А-а, мис иджы къиищIащ и командирыр къызэрыригъэлыну щIыкIэр – и хъуржыным илъ домкратымкIэ! Ауэ ар взводыр япэу къыщызетеувыIа унэм къыщIинащ. Ар Iуэху, зы лъэбакъуищэ дэлъми аращ абы нэс.

– ЗыIыгъ, командир, сэ иджыпсту къэзгъэкIэрэхъуэжынщ!

Умар къыщылъэтри, щIэпхъуащ. ИхъуреягъкIэ шэр щызелъатэрт. Уеблэмэ и Iэ щIыIур ирибзэу зы автоматышэ тецIэфтат. ЯукIынкIэ зэрыхъунур къыгурыIуэри, зэм гъуэлъым, зэм зыщIидзэурэ Умар зыхуэжэ унэм нос. ШындэбзиймкIэ къуэлъэда къудейуэ, лъакъуэпэщIэдз къыхуащIри, и блэмкIэ техуэу мэджалэ. Къэтэджыжыну зыкъыщиIэтым, аргуэру зыгуэр лъакъуэкIэ къыкIуэцIопкIэри етIуанэу кърееуд. Умар къыдэплъеймэ, фащэ щIэрыпсыр къыщылыдыкIыу особистхэм яшыщ офицер щIалэщIэ

къыщхьэщытщ. ЕтIуанэр, нэхъыжьыIуэр, нэрыплъэкIэ вокзал лъэныкIуэмкIэ маплъэ.

– Дэнэ, хьэбыршыбыр, уздэжэр? – къыщIэкIиящ абы лъакъуэкIэ къыкIуэцIыпкIар. – Уи ныбжьэгъухэр хыфIэбдзэу укъыщIэIауэ ара? Уи мыгугъэ ар къыпщIэкIуэну! Иджыпсту ухэзгъэбэгэнщ. Ухэт уэ? Уи унэцIэр къызжеIэт!

Умар и унэцIэр кърыIуащ. Абы ищIэрт особистым тыншу узэрыфIэмыкIынур. Игъэунэхуат. Абы и унагъуэр зэхэзехуэн ящIри, щэщI гъэхэм яшауэ щытат Оренбург тафэ нэщIыжьым.

– Ныбжьэгъу командир, мобдей.., – ерагъыу къыдрейшей Умар, – мобдей зы щIалэ цIыкIу, ди командирыр, малIэри щылъщ. Сэ...

– Къыувыр сыт, напэншэ! Сыт щIалэ цIыкIу зи гугъу пщIыр? ДэнщыIэ уи Iэщэр? – хъийм икIауэ кIийрт особистыр.

– Куэдщ, мыпхуэдизу утемыгуплIэ мыбы, – нэрыплъэр ирихьэхри къэпсэлъащ адрей офицерыр. – Сыт Iэщэ зи гугъу пщIыр? Плъэгъуакъэ мыхэм я Iуэху зэрыхъуар? Хьэдрыхэ къикIыжауэ къэплъытэ хъунущ – мо унэ зэтещэхам къыщIэпщыжащ. УтIыпщ, зэрыуIэгъэр плъагъуркъэ?

– Зегъэхь, – и макъыр тIэкIу ирешэх мыдрейм, – афIэкIаи си нэгу зыкъыщIумыгъахуэ!

Умар унэм щIэлъэдащ, и хъуржыным илъ домкратыр къищтэри къыщIэжыжащ. ЗанщIэуи щIэпхъуащ къыздикIа лъэныкъуэмкIэ.

– Мобы и акъылыр зэIыхьа къыщIэкIынщ, – жиIащ особист щIалэм, – нэмыцэхэм заритыну жэуэ ара?

НапIэзыпIэм кIэрахъуэр кърихри кIэлъыуащ, арщхьэкIэ техуакъым.

– ПщIэр сыт? – къехъурджэуащ абы офицер нэхъыжьыр, – шэр лейуэ щхьэ бгъэсрэ?

Умар хьэчэхьэпсэу нос и командирыр здэщылъ щIыпIэм. Иджы ар кIиижыртэкъым. Ауэ псэут. Хьэлъэ къызэраIэт Iэмэпсымэм хуэIэрыхуэ лIыр зи ужь ихьам куэдрэ елIэлIакъым – ентIыр абрагъуэр иIэтри къыщIилъэфащ щIалэр. Абдежым Умар и лъэгуажьэ уIэгъэр къыхэузыкIри и лъакъуэр щIэщIащ. Ауэ, лIыгъэм зригъэхьщ, удынышхуэ зыгъуэта я командирыр и дамэм тригъэукIуриери къигъэкIэрэхъуэжащ.

Иджы абы Iэуэлъауи шэ фий макъи и тхьэкIумэ къиIуэжыртэкъым – дэгу хъуауэ арат е зэхэуэр увыIат? Домкратыр къызыщIиха унэм ерагъыу щынэсым абы къыпожьэ особист нэхъыжьыр:

– Плъагъурэ мыбы ищIар! Фэбжь зыгъуэта и командирыр кърйгъэлащ. ЛIы хуэдэлIу укъыщIэкIащ. «Славэ» орденыр къэблэжьауэ бжы, сержант! Лейтенант, псынщIэу санитархэм къеджэ. Мыбы уIэгъэр хунэхьэсынукъым. Лъыр къожэх. Мыри ягъэгъуэлъыну жеIэ.

Санитархэр къэсу тIури щыIуахым, офицер нэхъыжьым зыхуегъазэ и гъусэм:

– КIуэ, лейтенант, уэри ядэIэпыкъу. ИтIанэ штабым щIыхьи яжеIэ мыбы щхьэкIэ орден тхылъ ягъэхьэзырыну. ГурыIуэгъуэ?

– КъызгурыIуащ, ныбжьэгъу майор...

... А псор и нэгу къыщIигъэхьэжу, нэху щыхункIэ зигъэкIэрахъуэу хэлъащ Умар. Пщэдджыжьым, сыт щыгъуи хуэдэу, жьыуэ къэтэджри унэм къыщIэкIащ. Iэщыр зыхуей хуигъазэу къыщIыхьэжа нэужь, къалмыкъ шей ефэу здэщысым, къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу и щхьэгъусэм йоупщI:

– Сыт собранэ дыгъуэпшыхь Мухьэмэд зи гугъу ищIар?

– Собранэ къызэрыгуэкIкъым, тхьэ. ГуфIэгъуэ собранэшхуэ щыIэнущ ди клубыщIэм нышхьэбэ. Зауэм хэтахэр ягъэлъэпIэнущ. Концерт гъэщIэгъуэни ягъэлъэгъуэну жаIэ, артистхэр районым къращу. Дегъэплъ, дапщэщ дэ иужьу клубым концерт щыIэу дыщыкIуар?

– СлIо, концерт сымылъагъужауэ ара? Махуэ къэс телевизорым къигъэлъагъуэм урикъуркъэ? ТIэкIуи сыгукъыдэмыжщ, уи нэ къикIмэ, гъунэгъу фызхэм я гъусэу кIуэ...

И закъуэ пщыхьэщхьэм унэм къыщIэна Умар щхьэгъубжэм кIэрытт хэплъэу. Абы и гум гупсысэ Iэджэ щызэблэкIырт. «ТекIуэныгъэ къэзыхьахэр ягъэлъэпIэнущ. Сэри си Iыхьэ гуэр хэлъщ абы. Ауэ военкоматым хэмылъу аращ жаIэр. Тэмэму сщIащ сызэрымыкIуар... Тэмэму пIэрэ? Хьэуэ, кIуэн хуейщ».

ПлIанэпэм дэт пхъуантэжьым бгъэдыхьэщ, зыкъомрэ дэпэщэщыхьри зауэм къыщрата дамыгъэхэр къыдихащ. Мис и командир уIэгъэр къызэрыригъэлам щхьэкIэ кърата «Славэр», адрейр Белоруссием къыщихьа «За отвагу» медалырщ. Аргуэру зы медаль, Кенигсберг деж къыщратауэ... Ахэр зыхилъхьэнщи кIуэнщ собранэм. Къидыгъуакъым – игъэвууэ къимыкIухьми зауэм къыщихьащ. Ар ситкIэ нэхъыкIэ зэIущIэм щIэсыну адрей зауэлIхэм нэхърэ? Ауэ ахэр хэлъу кIуэмэ, зигъэщIагъуэу къащымыхъуну пIэрэ? Хьэуэ, кIуэн хуейщ...

Шыфэнерым бгъэдохьэри и бжэр Iуех. ЗанщIэу и нэр хуозэ и къуэ нэхъыжьыр армэм къызэрикIыжа джанэм. ХуэфIыпсу хуэхъунущ. Ар къыдех. ЩетIагъэри и дамыгъэхэр хелъхьэ. И щIыIум кIэстум трелъхьэжри щIегъэзыкI...

Клуб щIыхьэпIэм Умар щынэсам, зэIущIэм и гуащIэгъуэт. Унэ кIуэцIым пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыщIэIукIырт Iэгуауэ макъ. Собранэр езыгъэкIуэкIым зауэм хэтауэ абы щIэс гуэрым и цIэр кърыIуэху Iэгу еуэхэрт. Куэдрэ мыгупсысэу, и кIэстумыбгъэр етIатэри Умар щIохьэ. Бжэ кIыргъ макъ щызэхихым, утыкум псалъэу итыр мыарэзыуэ абыкIэ къоплъэ, «хэту пIэрэ мыри» жыхуиIэу. ЗэIущIэм кърихьэлIа зыкъоми къызоплъэкI. Умар и бгъэм къыхэлыдыкI дамыгъэхэм щыIуплъэм, гуфIэгъуэ зэхуэсыр езыгъэкIуэкI къуажэ тхьэмадэм, Умар и псэм щызэригъэзэхуа псор зэхихауэ абы жэуап ирит хуэдэ, и псалъэхэм пещэ:

– Ди ТекIуэныгъэр гъунэгъу къэзыщIахэм ящыщщ тIэкIу къыкIэрыхуауэ кърихьэлIа Гъуазэ Умари!

Асыхьэтуи Iэгуауэшхуэ къыхуаIэт. Умар Iэнкун хъуауэ щытт, цIыхухэр къызэреплъыр щыгъупщэжауэ. Абдежым абы гу лъетэ зи нэхэм гуфIэгъуэ щIэзу къаплъэ и къуэм. Умар дежкIэ саугъэту щыIэм нэхърэ нэхъ лъапIэт а дакъикъэм Мухьэмэд и нэгум къищу илъэгъуа дэрэжэгъуэр.

*Черкесск къалэ*

КультурэмрэмKультурэм и лъахэм

*ЩIэныгъэлIым и псалъэ*

# Адыгэ литературэр зэредгъэджым и Iуэхукlэ

Зи литературэм зыужьыныгъэ игъуэта дэтхэнэ зы лъэпкъри яужь итщ ар и щIэблэм зэрыригъэджыным. Зэгурыlуам хуэдэу, абы апхуэдэ гулъытэ щIыхуащIым и щхьэусыгъуэхэр мащIэкъым. А псор къытхуемыбжэкIми, ахэм я нэхъыщхьэ зытIущым къытеувыIэпхъэщ. И мыхьэнэ и лъэныкъуэкIэ, куэд щIауэ къызэрахутамкIэ, япэ игъэщыпхъэр литературэм, ар блэкIа жыжьэми екIуэкI зэманым теухуами, гъащIэм и пэжыр къызэрыщыгъэлъэгъуарщ. Зэрыгурыlуэгъуэщи, апхуэдэ пэжым псом нэхърэ нэхъ хуэныкъуэр гъащIэм япэ лъэбакъуэхэр хэзычэ ныбжьыщIэхэрщ. Дауи, щIалэщIэр гъащIэм щыгъуазэ къудейкIи Iуэхур зэфIэкIыркъым. Абыхэм Iэмал ямыIэу гъэсэныгъэ тэмэми етын хуейщ. Мис абы и лъэныкъуэкIи литературэм и зэфIэкIыр инщ, къалэн зэхуэмыдэхэри егъэзащIэ, абы къигъэщIа образ телъыджэхэм щIалэгъуалэр пэжыгъэм, лIыгъэм, цIыхугъэ лъагэм щIапIыкI, адэжь щIыналъэм, къызыхэкIа лъэпкъым лъагъуныгъэ нэс хуаIэным хуагъасэ, фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыф ящI, лъахэм и бын пэрыту зэрыщытыным дэтхэнэ зыри хуаунэтI. Абы и щIыIужкIи, псоми зэращIэщи, сыт хуэдэ щIэныгъэ куу уимыIэми, зэхэщIыкI хьэлэмэтхэр убгъэдэмылъми, ахэр къекIуу, жьакIуэу къыпхуэмыIуатэмэ, къодаIуэхэм я деж нумыхьэсыфмэ, а убгъэдэлъ фIыгъуэ псоми мыхьэнэ щIагъуэ яIэкъым. Хэт атIэ адэ-анэм яужькIэ сабийм и анэдэлъхубзэр, абы и къулеягъыр, и дахагъыр, и зэфIэкIыр зыхезыгъащIэр? Шэч хэмылъу, ар литературэрщ. Аращи, зи лъэпкъ литературэм фIыуэ щымыгъуазэм и анэдэлъхубзэри IэкIуэлъакIуэу къигъэсэбэпыфынкIэ Iэмал иIэкъым.

Сабийм лъэпкъ литературэр егъэщIэным и мыхьэнэр, абы фIыгъуэу къыдэкIуэнур къызыгурыIуа щIэныгъэлIхэм пасэу гу лъатащ абы и егъэджыкIэри тэмэму убзыхун зэрыхуейм. ИкIи зи гъащIэр а лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным тезыухуа егъэджакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм IэмалыщIэ Iэджэ къахутащ. Абыхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, лъэпкъ литературэм и егъэджыкIэм апхуэдизу Iуэху куэд епхати, абы щIэныгъэм и зы къудамэ къытепщIыкIащ, ар егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр колледжхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щхьэхуэу щадж.

Лъэпкъ зызыужьахэм еплъытмэ, адыгэ литературэр еджапIэхэм щадж зэрыхъурэ куэд щIакъым. Анэдэлъхубзэм 1924 гъэм тхыбзэ хуэзэхалъхьэу а илъэс дыдэм ар еджапIэхэм щаджу щIадза щхьэкIэ, а зэманым къыдэкIа зэреджэ тхылъхэм лъэпкъ литературэм щIыпIэ гуэри щиубыду щытакъым. Апхуэдэ тхылъхэр зыгъэхьэзырхэм къагъэсэбэпыр урыс литературэрт, езы тхылъхэри урыс еджапIэхэм папщIэ зэхалъхьахэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу. Урыс тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ зэрызэдзэкIами арэзы укъищIыртэкъым.

Лъэпкъ щIэныгъэлIхэм къагурыIуэрт апхуэдэ Iуэху щытыкIэр къызэремызэгъыр, икIэщIыпIэкIэ зэгъэзэхуэжын зэрыхуейр. Ауэ къэбэрдей

литературэм зыужьыныгъэ щlагъуэ зэримыгъуэтам, ди лъэпкъ тхакlуэ-усакlуэхэм я тхыгъэхэри дунейм дахэ-дахэу къызэрытемыхьэм, зэреджэн тхылъхэм хэбгъэхьэныр зэрыгъуэтыгъуейм я зэранкlэ а lуэхум бгъэдыхьэпlэ къыхуагъуэтыртэкъым, лъэпкъ литературэм и тхыгъэ къудейкlэ ахэр яхуригъэкъуртэкъым. Абы и хэкlыпlэуи адыгэ щlэныгъэлlхэм къахуэнэжыр зыт: езыхэм зэхалъхьэми, lуэрылуатэм къыхахми, адыгэ сабийхэр егъэджэным къезэгъыу тхылъхэр гъэхьэзырынырт. А lуэхум елlалlэу яужь зэрихьам и фlыщlэкlэ а илъэсхэм дунейм къытехьащ Цlагъуэ Нурий и тхылъ гъэщlэгъуэнхэу «Щlалэ гъуазэмрэ» «Сабий литературэмрэ», иужьылуэкlэ Цlагъуэ Нурий, Щоджэнцlыкlу Алий, Елбэрд Хьэсэн сымэ ягъэхьэзырри 1931 гъэм къыдэкlащ «Артель» тхылъ цlэрылуэр.

Къэбэрдей литературэм хэпщlыкlыу зэман кlэщlым зеужь. Ар нэхъыщхьэуи зи фlыгъэр гъащlэр зэрефlакlуэрат, lуэрылуатэм и гъукlэгъэсэн усакlуэ нэхъыжь гуп (Пащlэ Бэчмырзэ, Хьэхъупащlэ Амырхъан, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Шэджыхьэщlэ Пщыкъан, Борыкъуей Тlутlэ, Кlыщокъуэ Пщымахуэ), щlэныгъэ зэзыгъэгъуэта, лъэпкъ зызыужьахэм я художественнэ хъугъуэфlыгъуэм щыгъуазэ тхакlуэ-усакlуэ ныбжьыщlэхэр ди лъэпкъ литературэм къызэрыхыхьарт, абыхэм я лэжьыгъэр зыунэтlын, закъыщlэзыгъэкъуэн Тхакlуэхэм я союз къызэрызэрагъэпэщарт. Апхуэдэу хъуа пэтми, 30-40 гъэхэм лъэпкъ еджапlэхэм я ныкъусаныгъэ нэхъ ину щытар абыхэм адыгэ литературэм къалэн пыухыкlахэр зэрыщамыгъэзэщlарщ. Ар зы щапхъэ къудейкlи къыпхуэгъэлъэгъуэнущ. Хэку зауэшхуэм ипэкlэ къэбэрдей тхакlуэхэм ящыщу курыт еджапlэм зи тхыгъэ щаджу щытар Щоджэнцlыкlу Алий и закъуэщ.

Лъэпкъ еджапlэхэм я программэм адыгэ литературэм щlыпlэ мащlэ фlэкlа зэрыщимыубыдым къыхэкlащ абы и егъэджыкlэ хъунухэм зыри емылэжьынри, абы ехьэлlа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ гуэрхэр щlэныгъэлlхэм е езы егъэджакlуэхэм ирамыгъэкlуэкlынри.

Лъэпкъ еджапlэхэм щlэныгъэм и хабзэм тету къэбэрдей литературэр яджу щыщlадзар зауэ нэужь лъэхъэнэхэрщ. Я купщlэм, я бзэм, я ехъулlэныгъэ-ныкъусаныгъэхэм я гугъу умыщlмэ, зэреджэн тхылъу а илъэсхэм къыдэкlахэм нэхъыбэу итар къэбэрдей литературэм и тхыгъэхэрщ. Ди еджапlэхэм я япэ ехъулlэныгъэу къэлъытапхъэщ абы щыгъуэ пэщlэдзэ классхэм литературэр щегъэджыныр, класс нэхъыжьхэм лъэпкъ литературэм и тхыдэр зэпэщхьэхуэу щаджу зэрыщlадзар. А хабзэм тету, къэбэрдей еджапlэхэр ноби мэлажьэ, абы и фlыгъэкlэ ехъулlэныгъэфlхэр зылэрагъэхьащ. Ауэ абы къикlыркъым ди еджапlэхэм лъэпкъ литературэр зэрыщрагъэджыр ныкъусаныгъэншэуи, ар зэпхъуэкl, ебгъэфlакlуэ мыхъунуи. Абы и лъэныкъуэкlэ щlэн хуейуэ къытпэщытри мащlэкъым.

Иужьрей илъэсхэм ди къэралым щекlуэкlа зэхъуэкlыныгъэшхуэхэм къагъэув еджапlэхэм, абыхэм щадж предметхэм, ахэр зэрырагъэдж lэмалхэм зегъэужьын, сыт хуэдизкlи ахэр егъэфlэкlуэн хуейуэ. Псом япэу зэхэлъхьапхъэщ анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ я къалэныр пыухыкlауэ зыубзыху концепцэ, абы тещlыхьауэ гъэхьэзырыпхъэщ а тlуми я къэрал стандартхэмрэ программэхэмрэ, абыхэм япкъ иткlэ щlэуэ къыдэгъэкlыжын хуейщ анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ зэрырагъэдж тхылъхэр. Тщlэну къытпэщыт а къалэнышхуэхэм къешэлlапхъэщ егъэджакlуэ нэхъыфlхэр, а lуэхум куэд щlауэ елэжь lэщlагъэлlхэр,

щIэныгъэмкIэ щыIэ IуэхущIапIэ псори. Абыхэм я къарур зы ящIрэ, ягу, я псэ етауэ, я гугъуехь емыблэжу а Iуэхум елэжьмэщ ахэр нэсу гъэзэщIа щыхъунури, лъэпкъ еджапIэхэм я лэжьыгъэр нэхъ щефIэкIуэнури.

Къэбэрдей литературэр ди еджапIэхэм щIэныгъэм и хабзэ пэрытхэм тету щаджу зэкIэ пхужыIэнукъым. Абы и щхьэусыгъуэри зыщ: пасэм дызытета Iэмал закъуэм, – къызэджэр къегъэIуэтэжыным, – пэщIэдзэ еджапIэр дэнэ къэна, класс нэхъыжьхэми дызэрыщыфIэмыкIыфырщ. Тхыгъэ пыухыкIам и купщIэ къудейр егъэщIэным сабийм куэд къритыркъым, а Iэмалым абы и зэхэщIыкIым зригъэужьыркъым, гупсысэу игъасэркъым.

ЩIэныгъэлIхэм куэд щIауэ зэхагъэкIащ литературэм и егъэджыкIэ нэхъыфIхэр, абы лэжьыгъэ Iэджи тратхыхьащ. Пэжщ, ахэр псори зэрытхар урысыбзэщ, ауэ, апхуэдэу щыт пэтми, ди егъэджакIуэхэм нобэр къыздэсым къагъэсэбэпыр а методическэ лэжьыгъэхэрщ.

Методикэм къегъэув литературэ тхыгъэм лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд ещIэкIын хуейуэ. А псор иджыпсту къедмыбжэкIми, абыхэм ящыщу укъытемыувыIэу мыр къэбгъанэ хъуну къыщIэкIынкъым: методикэм куэд щIауэ къихута Iэмал зэхуэмыдэхэм ди егъэджакIуэхэр щыгъуазэ щхьэкIэ, дэтхэнэ зы урокми ахэр нэсу къыщагъэсэбэпу, хабзэхэм темыкIыу абыхэм ирилажьэу пхужыIэнукъым. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, никъусаныгъэ нэхъыщхьэм щыщщ зытепсэлъыхь тхыгъэм и купщIэмрэ и художественнэ гъэпсыкIэмрэ зэкIэщIэчауэ зэраджыр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зэпыч имыIэу япэм и гугъу ящI мыхъумэ, етIуанэр – гъэпсыкIэр – IэщIыб зэращIыр. ХуэгъэфэщэгъуейщI зэманыфI щIауэ а IэщIагъэм ирилажьэ, абы Iэ ижь хуэхъуа егъэджакIуэм ар зэрыщыуагъэр, зэрызэгъэзэхуэжыпхъэр къыгурымыIуэу. Ауэ ар щIамыщIэм и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ – ар зэрыщIын хуейр зэримыщIэрщ, абы и лэжьыкIэ хъунур гурыIуэгъуэу тхауэ анэдэлъхубзэкIэ зэримыIэрщ, абы теухуауэ урысыбзэкIэ щыIэхэр къуажэ еджапIэхэм зэрынэмысырщ, нэIуасэ зыхуащIыпэми, нэгъуэщI литературэм пыухыкIауэ теухуар ди лъэпкъ литературэм къызэрыримыгъэзэгъыфырщ.

Аращи, адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт еджапIэм щегъэджыным никъусаныгъэу хэлъым я нэхъыбэр къызыхэкIыр щIэныгъэр зи лъабжьэ методическэ лэжьыгъэхэр нобэр къыздэсым республикэм зэрыщемыкIуэкIырщ. Зы лIы ныбжьым нызэрыхьэсауэ лъэпкъ литературэр едгъэдж, зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI егъэджакIуэ хьэлэмэтхэр диIэ, хэбгъэзыхьмэ, зэманыфI хъуауэ егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм щыхагъахъуэ институт ди деж щылажьэ щхьэкIэ, анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ я егъэджыкIэр егъэфIэкIуа зэрыхъуным елэжьыр икъукIэ мащIэщ. Кандидат, доктор диссертацэхэр пхызыгъэкIхэр куэдми, мы Iуэхум ехьэлIауэ абыхэм яхэтыр зырызыххэщ. ГурыIуэгъуащэкъым а псор зылъагъуну зи пщэ дэлъ щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм нобэр къыздэсым ар гулъытэншэу къыщIагъанэр. Нэхъ гъэщIэгъуэныж ар щIэхъум нэгъуэщI зы щхьэусыгъуи иIэщ: анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ я егъэджыкIэм и методикэр курс пыухыкIауэ педколледжми университетми щадж, абы тепщIыхьмэ, мызу-мытIу апхуэдэ щIэныгъэлIхэр щылэжьэн хуейт егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм щыхагъахъуэ институтми, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Iуэхур апхуэдэу щыту пхужыIэнукъым.

Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ я егъэджыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ нэгъуэщI хэкIыпIэ хъарзыни щыIэт, ауэ зэкIэ ари нэсу къытхуэгъэсэбэпыркъым. Зи гугъу тщIыр цIэ, щхьэ зиIэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэм я

лэжьэкIэр, я къэхутэныгъэ-ехъулIэныгъэхэр къызэрызэщIэдмыкъуэрщ, хэIущIыIу зэрыдмыщIырщ, я Iэзагъыр, я зэфIэкIыр щыгъэбелджыла лэжьыгъэ езыхэм зэрамытхырщ, ар щапхъэ хъарзынэ зэрыхъуныр къагурыIуэу нэгъуэщIхэри абы зэрытемытхыхьырщ. Пэж жыпIэнумэ, мы Iуэхум теухуа лэжьыгъэшхуэ птхыпэми, ди деж къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ ахэр тыншу пхутрадзэнукъым, ахэр зэхуихьэсу къыдигъэкIыныр зи пщэ къыдэхуэ институтми абы гулъытэ зэрыхуищIышхуэ щыIэкъым.

Лъэпкъ литературэр зэредгъэджыр ефIэкIуэн щхьэкIэ, ар езыгъэджхэми, абы и тхыдэм елэжьхэми тщIэн хуейуэ къалэн инхэр къытпэщытщ. Псом япэу гулъытэ зыхуэщIыпхъэщ иджыри къыздэсым IэщIыб тхуэмыщI Iэмал мыгъуэжьыр, – къызэджэр къегъэIуэтэжыныр – нэхъ мащIэ тщIыуэ, художественнэ тхыгъэр зэрызэпкъырах, абыкIэ щIэн хуейуэ методикэм къигъэув Iэмалхэр, къыщезэгъ елъытауэ, къэдгъэсэбэпыным. ЦIыху пыухыкIам ещхьу, дэтхэнэ зы тхыгъэми, ар инми е цIыкIуми, нэгъуэщIхэм къазэрыщхьэщыкI, зыми емыщхь зыщI ухуэкIэ, гъэпсыкIэ иIэщ, гупсысэ щхьэхуэ щIэлъщ. ИкIи, сыт хуэдэ хэкIыпIэхэр къыхуимыгъуэтми, егъэджакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэр тхыгъэм щIэлъ гупсысэр еджакIуэм къихутэфу егъэсэнырщ. Уакъыхуеджэ, къебгъаджэ, къызэджар къебгъэIуэтэж къудейкIи ар зэфIэкIынукъым. ЛитературэмкIэ урокым щIыпIэ ин щеубыд езы егъэджакIуэм и псалъэм, дэтхэнэ зы тхыгъэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къызэрыхуигъуэтыфым. Абы и псалъэр Iэмал имыIэу епхауэ щытын хуейщ иригъаджэ классым щIэс сабийхэм я зэхэщIыкIым и кууагъ-лъагагъым. ПэщIэдзэ классхэм тхыгъэ пыухыкIам теухуа псалъэмакъыр егъэджакIуэм и псалъэ кIэщIкIэ е егъэджакIуэр абы тегъэпсэлъыхьынымкIэ щызэфIэбгъэкI хъумэ, класс нэхъыжьхэм я деж монографическэ е обзорнэ лекцэ къыщеджэн, еджакIуэхэр образхэм, сюжетым, композицэм, пейзажым, усэ гъэпсыкIэм, бзэм тепсэлъыхьыфу, сочиненэ, рефератхэр ятхыфу гъэсэн хуейщ.

Тэмэму убзыхуауэ пхужыIэнукъым ди еджапIэхэм литературэмкIэ уроკхэм художественнэ образым щращIэкI лэжьыгъэри. Псоми зэрытщIэщи, эпическэ тхыгъэхэм тхакIуэм и гупсысэр къызэрыщиIуатэр абы щызэфIэгъэува образхэмкIэщ. Ауэ, хабзэ хъуауэ, дэ сыт дызрихьэлIэр еджакIуэр образ пыухыкIам щытепсэлъыхькIэ? Нэхъыбэу зи гугъу ищIыр абы и IуэхущIафэхэрщ, илэжьыр къебжэкIынырщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм сабийм и гупсысэм зригъэуужьыркъым, ищIэн хуейр и нэм нэсу хуэмыгъэзащIэу къонэ. Мыбдежым еджакIуэм къыщихутэн хуейр и лIыхъужьым иригъащIэхэмкIэ тхакIуэм къыжиIэну зыхэтырщ, абы щIилъхьа гупсысэрщ. Ар зэхэгъэкIынырщ еджакIуэр гупсысэу езыгъэсэнур. Абы и щIыIужкIэ, образым щытепсэлъыхькIэ, нэхъыбэм гулъытэншэу къагъанэ абы и теплъэр, сурэтыр тхакIуэм ди пащхьэ къызэрырилъхьэ Iэмалхэр, Iурилъхьэ бзэр зыхуэдэр, дэтхэнэ зы лIыхъужьри адрейм зэрегъэпща щIыкIэр, езы тхакIуэр абыхэм зэрахущытыр.

Лъэпкъ егъэджакIуэхэм нэхъ къехьэлъэкI Iуэхухэм ящыщ зыщ литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр егъэджынри. Ахэр куэд мэхъу, узэрыбгъэдыхьэн, зэрызэпкъырыпхын Iэмалхэри зэтехуэркъым. Романым щыщ пычыгъуэхэм е повестым сыхьэт куэд хухэхамэ, лэжьыгъэ зэхуэмыдэ зыбжанэ иращIэкIмэ, лирическэ усэм зэману текIуадэри мащIэщ, ар зэребгъэджри адрейхэм къащхьэщокI. Пэжщ, абыхэм языхэзми зэрыбгъэдыхьэн хуей Iэмалхэр методист цIэрыIуэхэм Iэджэ

щIауэ яубзыхуащ, ахэр къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэри щыIэщ, ауэ ди еджапIэхэм ахэм куэдрэ уащыхуэзэркъым, литературэмкIэ урокхэми нэсу къыщагъэсэбэпыркъым.

Арэзы укъащIыркъым тхакIуэ-усакIуэхэм я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ еджапIэхэм зэрыщрагъэджми. Методикэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ дерсхэм пэщIэдзэ классхэмрэ класс нэхъыжьхэмрэ зэщхьэщыкIыныгъэ пыухыкIахэр щаIэщ. ЛитературэмкIэ къеджэныгъэ урокхэм тхакIуэм и биографиер щрагъэджкIэ, абы и сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм гулъытэ нэхъыщхьэ хуащIмэ, литературэм и тхыдэр щаджкIэ, еджакIуэхэм егъэщIэн хуейр тхакIуэ пыухыкIам и Iуэху еплъыкIэ, зэхэщIыкI, гупсысэкIэ хуэдэхэрщ.

Къезэгъыу пхужыIэнукъым тхакIуэм и гъащIэм и къекIуэкIыкIам еджакIуэхэр щыгъуазэ щыхуащIкIэ, илъэс бжыгъэ куэд гукIэ ящIэн хуейуэ зэрыпаубыдри, тхакIуэм и биографиер  зэрадж щIыкIэм, щадж классым елъытауэ, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр зэрыхамылъхьэри. Языныкъуэ егъэджакIуэхэм е ящIэркъым, е зыщагъэгъупщэ сабийхэм зи тхыгъэ ядж дэтхэнэ зы тхакIуэ-усакIуэми и гъащIэр щапхъэ зэрыхъур, абы гъэсэныгъэ мыхьэнэ зэрыщIэлъыр. Абыхэм къагъэщIа образ нэхъыфIхэм щIэблэщIэр лIыгъэм, пэжыгъэм, цIыхугъэ лъагэм зэрыщIапIыкIым ещхьу, тхакIуэхэм я гъащIэри абыхэм щапхъэ яхуохъу. Ар зи фIыгъэри дэтхэнэ зы тхакIуэ нэсри къызыхэкIа лъэпкъым, лъахэм псэемыблэжу зэрыхуэлажьэрщ.

Курыт еджапIэр къэзыуххэм я борщщ литературэмкIэ еджапIэм и программэм зи цIэ къыщиIуа художественнэ тхыгъэхэм, зэрыщыту къэбэрдей литературэм и тхыдэм, куууэ щыгъуазэу щытыну. Ауэ ахэр бджы, пщIэ къудейкIи литературэмкIэ щIэныгъэ нэс пхузэгъэгъуэтынукъым, литературэм и теорием фIыуэ ущымыгъуазэу. Аращ еджапIэхэм я программэм литературэм и теорием щIыпIэ ин щIыхухахыр, абы еджакIуэхэри куууэ щыгъуазэ щIын хуейуэ къыщIагъэувыр. Ауэ, апхуэдэу щытми, ди еджапIэхэм литературэм и теориер зэрыщаджми, абы и лъэныкъуэкIэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэми нобэкIэ арэзы укъащIыркъым, ар зэрырагъэджми ныкъусаныгъэ куэд хэлъщ. Пэжыр жыпIэнумэ, литературэм и жанрхэр зэхагъэкIыф, языхэзми теухуауэ зыгуэрхэр ящIэ мыхъумэ, художественнэ гъэпсыкIэм теухуауэ ящIэн хуейм щыщу еджакIуэхэр зыщыгъуазэр мащIэ дыдэщ. Апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ сабийхэм ябгъэдэлъхьэн хуей теориер езы егъэджакIуэхэм ящыщ куэдым нэсу зэрамыщIэми, ар тэмэму щызэхэгъэкIа лэжьыгъэхэр анэдэлъхубзэкIэ зэрыщымыIэми, еджапIэхэм къыщагъэсэбэп тхылъхэм а Iуэхур щыубзыхуауэ зэрыщымытми.

Курыт еджапIэхэр къэзыуххэм литературэм и теориемкIэ щIэныгъэ мащIэ фIэкI щIабгъэдэмылъыр нэгъуэщI зы мыхъумыщIагъэми епхащ: программэм зэрыщыгъэувамкIэ, теорием и дэтхэнэ зы пкъыгъуэри пыухыкIауэ зы классым щадж. Ауэ ар щрамыгъэджыр, и гугъу ямыщIыххэу щыблэкIыр нэхъыбэщ. Ирагъэджыпэми, зэ ирагъэщIар, ящымыгъупщэжын къафIощIри, а ирагъэщIар зэрагъэбыдэным иужькIэ елIэлIэжхэркъым, жыпхъэ зэмылIэужьыгъуэкIэ гъэпса тхыгъэхэм къыкIэлъыкIуэ классхэм нэIуасэ зыщыхуащI пэтми.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, щIэблэ къытщIэхъуэм ди литературэр тэмэму едгъэджын папщIэ къэдгъэсэбэп хъуну методикэ IэмалыщIэхэр убзыхуным нобэр къыздэсым уигу игъэзагъэу яужь дихьакъым, тщIэн хуейуэ къытпэщытхэм  гъунэ итлъа къудейщ. Зэрыгъуэтыжыгъуейм

и гугъу умыщIыххи, пэщIэдзэ еджапIэхэм папщIэ нэхъ пасэу Багъы Николай къыдигъэкIауэ щыта тхылъым, Ержыб Аслъэн и методическэ лэжьыгъэхэм я къалэныр ди зэманым яхуэгъэзэщIэжынукъым, абы къыхэкIкIэ ахэр щIэуэ тхыжын хуей хъунущ. Псом нэхърэ нэхъ дызыхуэныкъуэр класс нэхъыжьхэм, лъэпкъ литературэм и тхыдэр зыджхэм папщIэ литературэм и методикэ зэхэлъхьэнырщ. Ауэ а лэжьыгъэри мысыхьэткIэ тхузэфIэгъэкIынухэм ящыщкъым, сыту жыпIэмэ, ар нэгъэсауэ зылэжьыфын щIэныгъэлIхэр ди мащIэ дыдэщ. Абы къыхэкIкIэ къалэну къытпэщытхэм я нэхъыщхьэр щIэныгъэ нэс зыбгъэдэлъ методистхэр зэман кIэщIым дгъэхьэзырынырщ.

Лъэпкъ литературэр езыгъэджхэр нобэ куэдым хуэныкъуэщ – абыхэм яIэкъым литературэм и терминхэр анэдэлъхубзэкIэ щыубзыхуа псалъалъэ, тхакIуэ щхьэхуэхэм я творчествэм, программэм хэт тхыгъэ пыухыкIахэр зэрегъэджыпхъэм теухуа лэжьыгъэхэр, икIэщIыпIэкIэ зэгъэпэщыжыпхъэщ 9-11-нэ классхэм литературэмкIэ я учебникхэмрэ хрестоматиехэмрэ, хэбгъэзыхьмэ, зэреджэ тхылъхэм итхэм я гугъу умыщIмэ, егъэджакIуэхэм я дежкIи къэгъуэтыгъуафIэкъым сабийхэм тхакIуэхэр зэрырагъэцIыхун сурэт къудейхэр.

Ди республикэм ис лъэпкъ нэхъыщхьитIым я бзэмрэ литературэмрэ зэрегъэджыпхъэр убзыхуным фIэкI къалэн зимыIэ журнал къыдигъэкIыну ди министерствэр яужь щихьакIэ, абы «Iуащхьэмахуэ» журналми зыщIигъэкъуэну щыхьэзыркIэ, дэ сыт хуэдизкIи щIэгъэпсынщIауэ къызэщIэткъуэу къэдгъэсэбэпын щIэддзэн хуейщ егъэджакIуэ нэхъыфIхэм я лэжьэкIэр, я къэхутэныгъэхэр.

Къэбэрдей литературэр ди еджапIэхэм нэсу зэрыщамыджым, и щхьэ течауэ жамыIэ щхьэкIэ, куэд фIыуэ щыгъуазэщ, ар нэхъ наIуэ къыщыхъури ныбжьыщIэхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыщIэтIысхьэкIэщ.

Ар сыт хуэдизкIэ гуауэми, экзамен къеIызыххэр щыхьэт техъуэфынущ курыт еджапIэхэр къэзыуххэм ящыщ куэд анэдэлъхубзэкIэ дахэдахэу къызэремыджэфым, зэрымыпсэлъэфым, зэрымытхэфым. Аищыр IэкIуэлъакIуэу къэзымыгъэсэбэпыфу къыпэщылъ и гъуэгуанэ мытыншым теувэ ныбжьыщIэр, адрей предметхэмкIэ щIэныгъэфI бгъэдэлъми, зыхыхьэ гъащIэм щытыншынуи, абы нэсу хэзэгъэнуи фIэщщIыгъуейщ.

Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ илъэс пщыкIузым къриубыдэу курыт еджапIэхэм щызыджхэм сыхьэт бжыгъэ куэд щыхухахкIэ, лъэпкъыу дыкъэнэжыну дыщыхуейкIэ, щIэныгъэ Iуэху мытыншыр IэщIагъэ зыхуэзыщIыжа дэтхэнэ зыми ди къалэнщ къытщIэхъуэ щIэблэм ахэр фIыуэ ялъагъуу, кууэ ящIэу, зыхыхьэ гъащIэм къыщагъэсэбэпыфу дгъэсэныр.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*КъБКъУ-м и профессор*

# Лъэпкъым хуэлажьэ цIыху

***Лъэпкъым къыдекIуэкIыу щыта Iэщэ-фащэхэр зэманым дэкIуэдыжу хуежьащ. Нэхъ мащIэжщ абыхэм елэжьхэри, а хьэпшыпхэм я щIыкIэм щыгъуазэхэри. Ауэ щыIэщ ноби а Iуэхум фIыуэ хэзы-***

***щIыкI, ахэр зымыгъэкIуэдыжыну хущIэкъу нэхъыжьыфIхэри. Абыхэм ящыщщ, IэщIагъэ куу зыбгъэдэлъ ЗекIуэрей Мухьэмэд.***

**– Мухьэмэд, уи IэрыкIхэм, Iэщэ-фащэхэм теухуауэ узэлэжьхэм я гугъу къытхуэпщIамэ, ди гуапэ хъунт.**

– Нэхъыбэу дызэлэжьыр адыгэхэм я IэщIагъэу, зэрахьэу щыта Iэмэпсымэхэрщ: шы Iэпслъэпсхэм, адыгэ уанэм и щIыкIэм къиищынэмыщIауэ, гъущIым, дыжьыным, пхъэм, къупщхьэм къыхащIыкI хьэпшыпхэрщ.

**– Iэщэхэм уелэжьыну гукъэкI уэзыгъэщIауэ щытар хэт? Куэд щIауи упылъ а Iуэхум?**

– Iуэху гуэр утепсэлъыхьын папщIэ, къегъэжьапIэр пщIэн хуейщ. Сэ Къармэхьэблэ сыщыщщ, ди IэщIагъэм теухуауэ, псалъэм папщIэ, гъуаплъэм, гъущIым, ищхьэкIэ зи гугъу сщIа пхъэм, къупщхьэм ирилажьэхэр ди лъэпкъым щIэх-щIэхыурэ къахокI. Мы гъэм апхуэдэ цIыху дунейм къытемыхьэу щытми, къалъхунущ ар. Си адэ ХьэкIашэ, абы и адэ Iэдэм, си адэшхуэр къэзылъхужа Хьэбыл, мыдэкIэ нэхъ дыкъэIэбэжмэ, си адэ къуэшхэу Хьэбыл, Гъумар, Iэмырбий, Шагъир сымэ IэщIагъэ куэд къадекIуэкIыу щытащ. Абыхэм шыгухэри, шэрхъхэри ящIыфырт. ИтIанэ, гъущIым, гъуаплъэм къыхащIыкIырт тас, къубгъан, цIыхур унагъуэм зыщыхуеину нэгъуэщI хьэпшыпхэри. АбыхэмкIэщ къызэрежьар си Iуэхури. Дэ, псалъэм папщIэ, зэкъуэшибл дохъу. ГъукIэу щы къытхэкIащ. Сэ къыскIэлъыкIуэри а IэщIагъэм иролажьэ, къуажэм дэсщ. Ауэ сэ сыкъапщтэмэ, сыгъукIэу схужыIэнукъым. Пэжщ, сызыхуей тIэкIухэр схуощI: мыштыку, лъэрыгъ жыпIэми, куэд мэхъу ахэр, ауэ нэхъыщхьэр аращи, сыт хуэдэ лэжьыгъэ зупщытми, уи гур, уи псэр епхьэлIэн хуейщ. Армыркъэ - уи мурадым уи Iэр техуэнукъым.

**– Адыгэ уанэр и псынщIагъкIэ, и теплъэкIэ, дахагъэкIэ, и тыншагъкIэ нэгъуэщIхэм ящIахэм къащхьэщыкIыу зэрыщытам къыхэкIкIэ, ди уанэр нэхъ къыхахыуи къекIуэкIащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и щIыкIэм тэмэму хэзыщIыкI урихьэлIэжыркъым нобэ. Уэ дауэ пхуэхъункIэ хъуа ар IэщIагъэ?**

– Си адэр, зэрыжысIащи, абы хуэIэкIуэлъакIуэу щытащ. Дэ дыцIыкIут, дыунагъуэшхуэт. Ди адэм а и IэщIагъэмкIэт бынунэр дызэрипIыр. Зауэм къикIыжа нэужь, 1946 гъэм Чыщбалъкъ шы заводым гъукIэу щылэжьащ. Абы уанэ Iуэхури хэтт. Уанэпхъафэхэри, ищIа нэгъуэщI хьэпшыпхэри ищэрт е гъавэкIэ къихъуэжырт. Упсэун щыхуейкIэ, арат и хэкIыпIэр.  Куэдым елэжьырт. Сэхэр, бгырыпххэр, цIыхур зыхуеину къыпэщIэхуэр и Iэм ищIт. Абы и IэдакъэщIэкI шхуэIу, бгырыпх, лъэрыгъ, дыд сыт хуэдэхэр къуажэдэсхэм яхуэщхьэпэрт. Ди адэм и IэрыкI лэныст  нобэр къыздэсым унагъуэм дохъумэ. Ар щылажьэкIэ, дэри зэрытхузэфIэкIкIэ, дыдэIэпыкъурт. Япэ щIыкIэ IэпыдзлъэпыдзущIа Iуэхум узэрыхуежьэр, зэман докIри, а IэщIагъэм узыIэпешэ. Уанэпхъафэр зэгуэчауэ щытмэ, ди адэм ар тыншу зэригъэзэхуэжырт, тэмэму идыжт, зэщIикъуэзэжти яритыжт. Зы лъэныкъуэр къэчамэ, щIэчамэ, мыхъужынумэ, къыгуихти, адрейр тэмэму хуигъэхъужырт, абы ещхьыркъэпсуи ищIыжырти, яритыжырт. Уанэ къуапэр бзиихурат къызыхахыр.

**– Пхъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхащIыкIа псори зэпагъэувэжу арат?**

– Бзиихур урысхэм липэ жыхуаIэрщ. Ар пхъэфIщ, псынщIэщ икIи быдэщ. Мис ар псы щIэмытыжу гъущауэ, зиIуэнтIэнуми зидзынуми и пIэ

итIысхьа нэужьщ къыщыбгъэсэбэпынур. Абы щхьэкIэ ар илъэсищ-плIыкIэ жьауапIэм щIэлъу ягъэгъурт. ИтIанэт ар псынщIэ, быдэ, дахэ щыхъур. Уанэ щыIэщ гъэщIэрэщIауэ, махуэ къэс мыхъуу, цIыхум щахыхьэхэм, гуфIэгъуэ, лъэпкъ зэхуэс сытхэм деж къащтэу. ЩыIэщ цIуугъэнэхэмкIэ мыгъэщIэрэщIауэ, дыжьын тIэкIу халъхьэрэ абыкIэ зэфIагъэкIыу. Ар зыхэмылъыххи щыIэт, гъущIу щIауэ. Езыхэр дагъэ фIыцIэкIэ псыхьарэ, абы тхыпхъэ тIэкIу тету, дэгъэжахэм дыжьын мащIэ дэукIауэ, цIуугъэ имыIэу. Ар нэхъ псынщIэт. Ауэ мыдрей уанэ гъэщIэрэщIар дыжьын саутkIэ зэщIаблэрт. Сэ сщIыхэр апхуэдэщ. Ар мыдрей адыгэ уанэхэм ещхьыркъабзэщ, ауэ уанэпхъафэхэм дыжьынхэр дэкъузауэ, уи шхуи, уи бгъэрыщIи, уи джэрыщIи – псори абыкIэ зэщIэузэдауэ кIэрылъыр уолъагъу. Дыжьын зыкIэрылъыр тIэкIу нэхъ хьэлъэнущ. ИтIанэ, тэмэму ягъэсауэ лъэпкъым хуэлажьэр щыгъуазэу щытын хуейщ адыгэ дэкIэм, ди тхыпхъэщIыпхъэхэм. Ар машинкэ къызэрыгуэкIхэмкIэ ядхэм хуэдэкъым. Сыту жыпIэмэ, адыгэ уанэм, щIопщым, щIакIуэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм яйхэм къыщхьэщыкIыу, я щIыкIэ яIэжщ. Жэщи махуи утепсэлъыхьыфынущ ди лъэпкъым и Iэужьхэм, ауэ, утепсэлъыхь къудейкIэ зэфIэмыкIыу, уи жьэкIэ жыпIэ къудей мыхъуу, уи лэжьыгъэкIэ къэбгъэлъэгъуэн хуейщ а псори. Ахэр мыкIуэдыжыным зэрытхузэфIэкIкIэ долэжьри, зыщIым нэхърэ, еплъыр нэхъ Iэзэщ жи. Феплъ.

Ди адэри, абы и къуэшхэри пщыхэм я зэман лъандэрэ IэщIагъэхэм ирилажьэрт. Лъэхъуэщми исауэ, ди адэр куэдым кIуэцIрыкIат. Ауэ IэщIагъэ зиIэр зэи кIуэдынукъым жиIэгъат абы. Езыри жьы хъуауэ, ди деж къэкIуарэ, сылажьэу илъэгъуамэ, «Къуажэм нэгъэзэж, си щIалэ, абы уи IэщIагъэм ущыкъуэпсэукIыфынущ. Сэ сыщыцIыкIум ди адэм и гъусэу жылэжьым сыщылажьэу сыдэсащ», – жиIэрт. Мис апхуэдэ ущиехэм къыщожьэ IэщIагъэм удихьэхыныр. Сэ хьэкъыу спхыкIащ: лъэпкъ IэщIагъэ щыIэщ. ЗэрыжысIащи, абы кIуэд иIэкъым – ар къыпхив зэпыту кIуэнущ. Мы гъэрами, илъэситхукIэ къыпхимывми, еханэм уи Iэпэлъапэр шхэуэ хуожьэри... Алыхь Iуэхущ ар – пхуэмыубыдыну къыдовыж.







**IэщIагъэлIым и лэжьыгъэхэм щыщщ**

**– Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, гъукIэм и лэжьыгъэмрэ уанэхэр, Iэщэхэр щIынымрэ зэщхьэщокI. Дауи, сыджым убгъэдэувэу уадэ, джыдэ, джатэ пщIыныр тыншкъым. Ауэ пхъэм, фэм, дыжьыным уелэжьыным езым и хабзи и щIыкIи иIэж хъунщ. Ахэр пщIыныр гъукIэм и IэщIагъэм, и лэжьыгъэм нэхърэ нэхъ гугъуу къыщIэкIынщ. Ауэ а тIур зыгуэркIи зэпхагъэнщ…**

– УгъукIэным нэмыщIкIэ, Iэщэхэм Iэпщэхэри пхутелъхьэнри, сэшхуэми, къамэми, сэми я дзэхэр дахэу пщIынри епхащ ди IэщIагъэм. Ауэ плъагъуркъэ, а псори пщIа нэужькIи, абыхэм адэкIи куэдрэ уелэжьын хуей мэхъу. СыткIэ жыпIэмэ, саурикIэ, сауткIэ, къупщхьэкIэ, дыжьынкIэ. Абыхэм нэгъуэщI Iэмэпсымэщ уазэрыбгъэдыхьэнур. ГъукIэр жэщ хъуху сыджым еуэу, махуэ къэс апхуэдэу щекIуэкIкIэ, и Iэр мэж, быдэ, псыхьа мэхъу. Псыгъуабзэу, нэм къыхуэщтэ къудейм елэжь IэщIагъэлIхэр-щэ? ГъущIым дыжьын дэбукIэныр е езы дыжьыныр къибгъэжу абыхэм саур дэплъхьэныр, а псори гъукIэм ищIыну хунэмысынкIи лъэмыкIынкIи мэхъу, ахэр икIи гъукIэ IэщIагъэкъым – дыщэкIкIэ зэджэхэращ апхуэдэхэр зи лэжьыгъэр.

Иджыри къытезгъэзэжынщи, уанэ щIыным и Iуэхур куущ. Сэ си гуапэ хъунущ – Алыхьым псори IэпщIэлъапщIэ ищI. ЩыIэщ уанэпхъафэр зым ищIу, адэкIэ нэгъуэщIыр нэгъуэщI зым ищIу… ЗэIэпахыурэ уанэ щIыныр яухыу. Пасэм щыгъуэ ар цIыхуищым ящIу щытащ: пхъэм уанэпхъафэр къыхэзыгъэжыр, дыжьыным ирилажьэр, гъущIым ирилажьэр. ФащIэр еплIанэу. ЦIыху зыхыблым ягъэзащIэр зы цIыхум щищIэм деж гугъущ. Лэжьыгъэри нэхъ кIыхьлIыхь мэхъу. А псори зэпхащ. МоиплIым ящIауэ хъуар зэзыгъэзэхуэж етхуани къыщыхыхьэ къохъу. Мыпхуэдэхэри щыIэщ: кIуэрэ уанэпхъафэр зыгуэрым деж кърихыу, быжыр зым, фэхэр, тхыпхъэхэр нэгъуэщIым ирагъэщIрэ, «Уей, уанэ тщIам», – жаIэрэ къэувыжу. НтIэ, сэ мыпхуэдэу сеупщIынут ар зыщIэхэм: «ФащIэм деж ущIыхьэмэ, бзыхьэхуэ гуэгъэжахуэ сытхэр щыболъагъу. Пхъэм елэжьыр къуэщIииншэ хъуркъым. ГъукIэм деж бгъазэмэ, кIыщым гъущIхэкI, фIамыщI щIэлъщ, сыджти, уадэти – куэд зэхэлъщ. Дыжьыным ирилажьэу тхыпхъэхэр хэзылъхьэхэм я деж нэгъуэщI зыгуэрхэр щыболъагъу. Уэ уIэщIагъэлIыр пэжмэ, уи лъэщапIэр а псоми щхьэ хуэхей?» – жысIэнурэ. Абыхэм жаIэнуращ: «Заводхэм дыкIуэурэ пкъыгъуэхэр идогъэщI».

Сэ апхуэдэ сыхуейкъым. Зыгуэр пщIыну щытмэ, ар зэрыпщI Iэмэпсымэри, зэрыпщI щIыкIэри сыгъэлъагъу. Дунейр апхуэдизу скъутэу жысIэркъым, ауэ и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэзгъэс си лэжьыгъэм нэгъуэщI хэзгъэIэбэркъым. Сызыхуейр сэ сщIыжу аращ. Сэшхуэдзэ, къамэ, Iэдакъэсэ, быж, лъэрыгъ, дыд цIыкIу ирехъу – зыри езгъэIусэркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гугъущ ар пщIыну. Псалъэм папщIэ, илъэситхукIэ зыщIыпIэ ущIотIысхьэ, уоджэри уролажьэ, мыбы илъэситхукIэ зыхуебгъасэкIи зэфIэкIкъым. Узэплъымрэ узэуэмрэ гукIэ, псэкIэ зыхэпщIэн хуейщ. Еджагъэшхуэхэм зэфIах есэпхэм, наукэм и къэхутэныгъэхэм хуэдэ куэд хэтщ ди лэжьыгъэм. ИтIанэ, щхъухь тIэкIуи зехьэн хуейщ. Ар химием ехьэлIахэрщ. Ди лъэпкъым къыдекIуэкI Iэщэ-фащэхэм епха щэхухэр къыщожьэ ди тхыбзэр къыщыунэхуа зэманым и пэжхэм. Ар икIи пхуэгъэкIуэдыжынукъым Къэбэрдейм адыгэу зы цIыху къинэжауэ щытмэ, абы и псэм къыпхивынущ, лъэпкъым и лъым хэту къыдекIуэкI псори. Лэжьыгъэ куэд слъэгъуащ сэ, зыкъоми сщIауи къыщIэкIынщ. Ар уанэ ирехъу, джэрыщIэ, бгъэрыщIэ е нэгъуэщI хьэпшыпуи щрети – нэм илъагъур Iэм хуэщIыжу щытын хуейщ. Сэри сегупсысынущ си нэм

къыфIэна лэжьыгъэр зэрысщIынум. Адыгэхэм хэкур къыщрагъэбгынэ зэман жыжьэм щыгъуэ здраша уанэм адэжь щIыналъэм къигъэзэжауэ мыбы щыслъэгъуащ сэ. Мис а зэрыжытIам ещхьу, быдэщ, псынщIэщ, теплъэкIэ дахэщ ар. Уанэ къудейркъым слъэгъуар – абы адыгэ цейри, Iэщэри, щIакIуэри дэщIыгъут. Гухэхъуэщ абыхэм уеплъыныр. ГукIэ, псэкIэ уеIусэныр. Ахэр зи IэщIагъэ, зезыхьа адыгэлIыр абыхэм якIэрызолъагъуэ сэ икIи срогушхуэ ахэм.

**– Шабзэ лIэужьыгъуэхэм, абыхэм я щIыкIэхэм я гугъу къытхуэпщIамэ, ди гуапэ хъунт.**

– Шабзэм и Iуэхум шэрыуэу сытепсэлъыхьыфыну зэкIэ абы сыхуэхьэзыру зыслъытэжкъым. Ауэ, фочыр къежьэным ипэжкIэ, ар адыгэхэм къагъэсэбэпу, ящIу, уеблэмэ хамэ къэралхэми адыгэ шабзэр ящэхуу зэрыщытам зыгуэр хызощIыкI.

Езы шабзэм фIэлъ шабзэпэр, пэжыр жысIэнщи, лъэпкъ куэдым яIэу щытащ, лъэпкъ къэси езым и щIыкIэ иIэжт...

Мыдэкlэ къэдгъэзэжынщи, уанэ лIэужьыгъуэу щыIэхэр хамэ къэрал гуэрым щагъэлъагъуэу, егъэтIылъэкIауэ щылът. Абыхэм адыгэ уанэри яхэтт, сэмэгурабгъумкIэ етIуанэу къыщыту. Инджылызми, Америкэми, Испаниеми, Нэмыцэми, Европей, нэгъуэщI къэралхэм щащIахэми адыгэ уанэр къахэлыдыкIырт. НтIэ, уэ зыкIэ укъызэупщIати, сэ нэгъуэщI щIыпIэкIэ тесIуэнтIэжащ... Илъэс ныкъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ, си ныбжьэгъу гуэр къызэлъэIуащ: «КхъыIэ, Мухьэмэд, Франджым, Тыркум къикIхэри хьэщIэ къысхуэкIуащ, си машинэм ихуэнукъыми, къыздэIэпыкъуи хъупIэ лъэныкъуэмкIэ дэдгъэш», – жиIэри.

Сытми, а хьэщIэхэм урысыбзэ тIэкIу ищIэу зы я гъусэу арат. Ауэ адыгэ щIалэ адыгэбзэ ищIэу, хамэбзэри хъарзынэу игъэIэрыхуэу яхэтт. Си жьэр Iурыхуауэ сеплъырт абы. И адэ-анэр Иорданым щыщт. Ауэ Париж къэIэпхъуэри а къалэм къыщыхъуат. Iуащхьэмахуэт абы зэреджэр. Уадыгэ жысIэу сыщеупщIым, гушхуэныгъэ тIэкIуи зэрыхэлъыр хуэмыбзыщIу, зэрыдилъэпкъэгъумкIэ жэуап къызетыж. И цIэмкIэ сыщеупщIым, Эльбрусщ къызжеIэ. Уей, сэ Эльбрус сымыщIэ, ауэ адыгэбзэкIэ абы зэреджэр Iуащхьэмахуэщ щыжысIэм, си цIэри аращ къригъэкIыу, и щхьэр ищIащ.

Куэдым дытепсэлъыхьащ икIи а щIалэр си гум ирихьащ. АдыгэлIыр занщIэу уолъагъу, ар хэгъуэщэнукъым. Ухуеймэ, Африкэ лъэныкъуэм исущ щытми. Уа, Iуащхьэмахуэ, еупщIыт а уи гъусэхэм: адыгэ уанэр ягу ирихьрэ? Я бзэмкIэ зэпсалъэу, адыгэ уанэм тес шууейхэр си лъэныкъуэмкIи къеплъэкIыурэ, ар ягу зэрырихьыр, утесыну зэрыфIыр икIи узэремышыр къызжаIащ. ИтIанэ, езы уанэр ныкъуэгъэщIэрэщIарэ пэт, шым екIупст. Ауэ а шы Iэпслъэпсым и дахагъэр нэIурыт нэхъри къыпщызыщIыжыр езы шырщ. Абы папщIэ къыхах шыр пцIэгъуэплъу е къарапцIэу, хужьыгъэ хэмылъу, щытын хуейт. Мис апхуэдэшт хьэщIэр зытесари. Абыхэм нэмыщIауэ, шы пэхури хъунут. Ар сыт хуэдэш жыпIэмэ, мыкъарэу икIи мыпцIэгъуэплъу, аитIум я зэхуакум дэту аращ. Шы пэхум пхъашэ куэд къахокI. Ауэ адыгэм нэхъыбэу къыхихыр и лъакъуитIыр, и лъэгуажьэм къэскIэ фIыцIэу, пцIэгъуэплъырщ. Апхуэдэш гъэсам хамэ бгъэдыхьэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, и нэхэм мафIэр, и пэхэм гъуэзыр къырихым ещхьт.

НтIэ, иджы мыдэкIэ къэдгъэзэжынщи, сэ сыкъапщтэу щытмэ, уи псэм пIэпихыу, лэжьыгъэ пщIым уи гур етауэ щытын хуейщ. Сэ шабзэ сщIакъым, ауэ, зэрыплъагъущи, шабзэпэхэр сиIэщ, зыр гъущIу,

адрейр жэзым къыхэщIыкIауэ. Щимэщ ахэр. Щимэ къэскIи я зэхуакур къихащ, лъыгъуафIэхэщ. Нартсанэ къыщатIэщIа Iуащхьэхэм къыщагъуэта мывэ пхъэбгъур щызэтрахым сэри сыщытат. ГъэщIэгъуэн Iэджэ щыслъэгъуащ абдеж. ЦIыху къупщхьитI илът абы. Хьэпшып гуэрхэри я гъусэу. СфIэгъэщIэгъуэну сеплъащ ахэм…

Сэ солэжь адыгэ щIопщми. Иджыпсту унэм сыщолажьэ. Деджэнут, зыдгъэсэнут жызыIэхэм садэIэпыкъунущ. Сэ езгъэджащ зыгуэрхэри. Уи фэщ зэрыхъун, адыги урыси езгъэджащи, урысыр нэхъыфIу еджэрт. Iуэхум нэхъ дихьэхырт. Адыгэр схуеджэртэкъыми, уэри умыхьэулейуэ, сэри сумыгъэхьэулейуэ, кIуэи уи унэм щIэсыж жысIэри, дызэпыкIыжащ.

ЛъэщапIэ сиIащ сэ. Ауэ щхьэхуещагъэкIэ страхыжауэ щытащи, къызатыжыну солъаIуэри, къыдэхъулIэмэ, деплъынщ. Адыгэхэм еджэну хуей къахэкIмэ, зыгъэзапIэ, егъэзыпIэ гуэр диIамэ, а Iуэхур нэхъ тыншу къыдэхъулIэнут. Нобэ дэ дыщыIэкIэ зэфIэкIынукъым – ди ужьым къиувэн хуейщ лъэпкъ IэщIагъэм пызыщэн щIэблэ. Дунейр чэзущ, сыт фэ лъэпкъым фщIэр жаIэрэ къыдэупщIмэ, дымыукIытэн хуэдэу, гъукIэгъэсэнхэр диIэн хуейщ. Iэщым хуэдэу дызэхэт хъунукъым – лъэпкъ напэр, лъэпкъ IэщIагъэр тхуэхъумэфмэ, ди насыпщ. Фяпэ итахэм Iэджэ яхуэщIэу щытащ, фэ сыт фхузэфIэкIрэ жаIэмэ, пхузэфIэкIыр бгъэлъэгъуэфу, абы уригушхуэу псэун хуейщ.

Сэ си гуапэщ адыгэу Алыхьым сыкъызэригъэщIар. Срогушхуэ лъэпкъ щIэиным зыгуэр зэрыхэслъхьэм. А сэ жысIэ дыдэр нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIами къыбжиIэнущ: ухуеймэ, журтым, ухуеймэ, нэмыцэм, ухуеймэ… Ар лъэпкъ нэщэнэщ… Сэри сыпылъщ апхуэдэу сыпсэуну…

**– Фочхэми уелэжьрэ?**

– Хьэуэ. Сэ Iэщэ щIыIэкIэ зэджэхэм хуэдэхэрщ сызэлэжьыр. Ауэ, хэкъутыкIаIамэ, фочыр зыхуей хуэзгъэзэжыфынущ.

**– Джатэ, къамэхэм я щIыкIэхэм сыт нэхъ гугъуу хэлъ?**

– Псом я нэхъ гугъур джатэм, къамэм я IэпщэхэрI пщIынырщ. Ахэр зыхуэдэм куэд елъытащ. А Iэпщэр уи Iэм IэщIэхуэу, тыншу къипхыу, иплъхьэжыфу щытын хуейщ. ДжатэкIыр, къамэкIыр зэщхьэщыкIыу куэду ди лъэпкъым ящIу щытащ. Хамэхэми, я щIыкIэр тIэкIу нэгъуэщI зыгуэрми, дэ ттырахащ, зэращIыр адыгэхэм дыдейхэм ещхьщ.

Сэ шыхэм я Iуэхуми тIэкIу сыхэтщи, абыхэм я дежкIэ тедгъэзэжынщ. ХуарэкIэ еджэу шы лъэпкъ щыIэщ. Ар адыгэшкъым – инджылыз шы лъэпкъ къабзэу аращ. Ахэр шы жэрщ, шэщ хуабэм щIэту зэрахьэу, къагъажэу къагъэсэбэпу аращ. МыдэкIэ, тыркумэнхэм нэхъ шы дахэ зиIэ дунейм теткъым. Абы къыкIэлъыкIуэр хуарэр аращ. Адыгэшхэр пхъашэкъым, ухуеймэ, нали щIумылъхьэу жэщи махуи кърикIухь, ауэ, ди гуауэ зэрыхъущи, адыгэлIыр нэхъ мащIэ зэрыхъуам хуэдэу, адыгэшхэри гъуэтыгъуей хъуащ. Сыту жыпIэмэ, мылъкум, пцIым, фадэм дихьэххэр куэд хъуащ. Шыр сыт абыхэм зэрепхар жыпIэмэ, епхащ: абы елэжьын щымыIэжу, щхьэрыутIыпщу, шыгушу, хьэуазэ кърашэу, щхьэл ирикIуэу, хьэсэпэхъумэшу къанэу хуежьащ. Адыгэшым, лIэун, Мэзкуу нэс щрикIуэ зэман щыIащ. Ауэ нэхъыбэу зэрыкIуэу щытар Индыл лъэныкъуэкIэт. Нэгъуейхэм я дежкIэ кIуэцIрыкIыфхэртэкъым. Iуэху джэгутэкъым Мэзкуу нэс шууэ укIуэну. Хэплъэгъуэщ адыгэш лъэпкъым иджыпсту и Iуэхур. Къэралыр хуэмеижу, ди адэжьхэм ягъэхъуу щыта шы лъэпкъыр кIуэдыжу хуежьами, иджыри уарохьэлIэ шыфI зыгъэхъу мащIэфащIэхэми. Иджы мы псори къыщIезгъэкIуэкIаращи, сэ нэхъ сызэлэжь уанэр хуарэм нэхъыфIу хуэкIуэнущ. Шы лъэпкъыфI, лъэпкъ къабзэ жыхуаIэр цIыхум ещхьщ. Псоми я Iэпкълъэпкъыр зэхуэдэкъым, зым и тхыр нэхъ захуэщ, адрейм ейр дэшауэ щытщ. Уанэри абы хуэщIауэ, шы щIыбым емыуэу щытын хуейщ. Адыгэш

лъэпкъыр цӀыкӀуу къэмынэн папщӀэ, хьэрып лъэныкъуэмкӀэ кърашурэ, гуартэм хакӀуэ хаутӀыпщхьэу щытащ. Ар сэбэп хъуури къыщӀэкӀынт уанэр шы щӀыбым тыншу тетӀысхьэу щытыным папщӀи.

Ар къыбгурыӀуэу, абы уи гур, уи псэр емытауэ хъунукъым. Иджыпсту зи ужь сит уанэм мазибл хъуауэ солэжь. Зыгуэрми и жыӀауэ, щӀэщӀауэ сылажьэу аракъым. НетӀэ уэзгъэлъэгъуа адыгэ щӀопщыр къыхэщӀыкӀащ къупщхьэм, дыжьыным, езыр пщӀыуэ гъэщащ. Уей, ар техуа нэужь, зытехуар тӀууэ зэгуегъэзым, сэ слъэгъуащ зэ уэгъуэм абы адыгэ къэптал зэгуиудауэ. Ауэ ар щӀащӀри щӀызэрахьэри иризэуэну аракъым – адыгэлӀ фащэм щыщу ращ.

**– Мыпхуэдэ щӀопщ пщӀыныр, дауи, тыншу къыщӀэкӀынкъым. Сыт хуэдиз зэман текӀуадэрэ абы?**

– Мы иджыпсту сщӀым зы тхьэмахуитӀ хуэдиз текӀуэдэнущ. Къупщхьэр, фэр губгъуэ бжэным ейщ. Мыбжэныфэу хъунукъым. Ар быдэщ икӀи укӀуэцӀроплъ, абы нэмыщӀауи, фэдэныфӀи мэхъу. Сыт ирибдыр жыпӀэмэ, абы джэрыщӀи, уанэ курыщӀи, бгъэрыщӀи, уанэщӀагъщӀэлъи – псори мыращ зэрыбдынур. МашинкэкӀэ урилэжьэну аракъым, абыкӀэ хэти хуэщӀынущ. ӀэкӀэ бдамрэ машинкэкӀэ къыщӀэбгъэкӀамрэ я быдагъыр зыкъым. БжэныфэмкӀэ бдыр нэхъ дахэщ. ИтӀанэ, дэкӀи пщӀэуэ, псалъэм папщӀэ, дыдым шэрыуэу урилэжьэфу щытын хуейщ. ПэгъэжьапӀэмрэ хэкӀыжыпӀэмрэ плъагъуу щытыпхъэщ. Си адэм жиӀэрейт: сыт хуэдэ лэжьыгъи ирехъу, ухуеймэ, фэкӀэ, ухуеймэ, гъущӀкӀэ, сыткӀи лажьэ, пщӀыр екӀуу, дахэу щытын хуейщ.

Иджы, мыдэкӀэ къэдгъэзэжынщи, мы бжэныфэм и къэгъэсэбэпыкӀэм щэху гуэрхэри хэлъщ. Мыр къурэщ, зыхуей хуэбгъэзэн, усакъыу уеӀусэн къудейуэ ращ. Къэбгъэшуи сытуи идэнукъым. ЗанщӀэу псы пщтырым хыбодзэри, къеутӀыпщ, ӀэтӀэлъатӀэ мэхъу. ИтӀанэ, Ӏуданэ пщӀынуми, фэдэну узэрыхуейуэ къэбгъэсэбэпынуми, мо щабэ хъуам Ӏэмал хубогъуэт. ЩӀопщ тхьэмпэр зэрыпыдам еплъыт, ар пыудамэ, пыбдэж хъунущ жаӀэ, абы къикӀыр уи фызыр лӀамэ, нэгъуэщӀ къэпшэж мэхъу жыхуаӀэращ. ЩӀопщыр пщӀыным куэд пыщӀащ. Къупщхьэр фочыкум хуэдэу захуэу пщӀыуэ, тхыпхъэ къыхэбгъэжу, фэр бухуэжу. Псоми фӀыуэ яцӀыху Нэгумэ Шорэ ди къуажэт. Езыр Хьэсэутт къыщалъхуар. А щӀэныгъэлӀ Ӏэзэм узримыгъэплъу щӀопщ дахи ищӀу щытауэ жаӀэж. Язынықъуэхэм я гугъэщ щӀопщым шы ираукӀыу щытауэ. Адыгэр шым еуэртэкъым. ЩӀопщ лъапӀэ дахэр нэхъ зезыхьэр пщы, уэркъхэрт. Ар яӀыгъыу унафэхэр иращӀу къагъэсэбэпырт. ЗэрыжытӀащи, фащэм щыщ Ӏыхьэу зэрахьэу арат.

Иджыпсту бгъэрыщӀэм, джэрыщӀэм, шхуэм, лъэрыгъыпсыфэм я быжхэм, щӀэлъэфыпӀэхэм нэхъ солэжь. Си гум къеуэу зы Ӏуэхугъуэ щыӀэщ: къытщӀэхъуэ щӀэблэр егъэджэн, гъущӀым, къупщхьэм, дыжьыным, фэм ирилэжьэфу егъэсэн хуейщ, адыгэ ӀэщӀагъэхэр мыкӀуэдыжу къэнэн папщӀэ. Сэ сыщылажьэу щытащ «Центр народных промыслов» жыхуаӀэм. Адыгэм псалъэжь диӀэщ, къуийм и пыӀэр щхьэрыхуамэ, укӀытэжыркъым жиӀэу. А зи гугъу сщӀа лъэщапӀэм щызиӀа пэшитӀыр страхыжри, пхъащӀэ щӀагъэтӀысхьащ. ПхъащӀэри ӀэщӀагъэщ, ауэ, ярэби, къыдатыжыну пӀэрэ жытӀэу догугъэ. СыкӀуат сэ абы и директорми министрми я деж, ауэ си лъэӀур я тхьэкӀумэм ирагъэхьакъым. Сэ абы срипсэуну, зыгуэрхэр къыхэсхыну сыпылъу аракъым, апхуэдэхэми сащыщкъым. Сызыхуейр, зэрыжысӀащи, мы ӀэщӀагъэр мыкӀуэду, нэгъуэщӀ нэхъ мыхъуми, щӀалэ зытхух егъэджауэ, дэ тщӀэ тӀэкӀур ябгъэдэлъхьэнрат.

**– Упсэу, Мухьэмэд. Уи мурадхэр къохъулӀэу, узыншэу адыгэ лъэпкъым ухуэлажьэу, уи ӀэщӀагъэми и хъер плъагъуу дунейм куэдрэ Тхьэм утригъэт!**

*Епсэлъар* **НАФӀЭДЗ Мухьэмэдщ.**

*2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсщ*

# Къалэкlыхьми уфlехри…

*УФ-м и Президент Дмитрий Медведевым илъэс блэкIам Федеральнэ Зэхуэсым зыщыхуигъазэм къыхигъэщащ: «Къэрал властым лъэкI псори ищIэнущ егъэджакIуэхэм я пщIэр нэхъри къэIэта хъун папщIэ, абы къыдэкIуэуи езы егъэджакIуэхэми зыхащIэн хуейщ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн я пщэ къызэрыдэхуэр».*

*А псалъэхэм я мыхьэнэр нэхъри наIуэ хъун папщIэ мыпхуэдэ бжыгъэхэр къэтхьынщ: ди къэралым итщ школ мин 53,5-рэ, абыхэм щолажьэ егъэджакIуэ мелуанрэ мин 36-м щIигъу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ахэращ зэлъытар ди къэралым и къэкIуэнур япэкIэ ягъэкIуэтэну зи пщэрылъ щIалэгъуалэр пщэдей зыхуэдэнур. Ар фIыуэ къагурыIуэу я IэнатIэ пэрытхэм ящыщщ ди республикэм и еджапIэхэмрэ егъэджакIуэхэмри. Псом хуэмыдэжу иужь илъэсхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ сабийхэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм. ЕгъэджакIуэм и илъэсу ягъэува мы гъэм абыхэм нэхъри заужьынымкIэ сэбэп хъунущ «Ди еджапIэщIэ» программэр. Мыбы гулъытэ хэха щигъуэтынущ куэд щIауэ дызытегузэвыхь, дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэми – адыгэбзэр тэмэму школхэм щегъэджыным. Абы и япэ лъэбакъуэу жыпIэ хъунущ анэдэлъхубзэр зэрырагъэдж тхылъхэр егъэфIэкIуауэ къыдагъэкIыжыну мы зэманым яужь зэритыр.*

*Анэдэлъхубзэм нэмыплъ езытыну зи мыжагъуэхэм къагупсысауэ дэ куэд щIауэ зэхыдох «Адыгэбзэм КъалэкIыхьым уфIихынукъым» жыхуиIэ псэлъафэ мышыур. Ар къежьэным щхьэусыгъуэ зэриIам шэч хэмылъми, абы арэзы ущIытемыхъуэн щапхъэхэр нобэ мымащIэу зэрыщыIэри шэч зыхэмылъщ. Апхуэдэхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм я урысей зэпеуэм ди егъэджакIуэхэм иужьрей илъэсищ зэкIэлъыкIуэм къыщахьа ехъулIэныгъэхэр. Урысейм и щIыпIэ псоми икIа егъэджакIуэхэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуа апхуэдэ зэпеуищми пашэ щыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр. Ахэр адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэу Налшык дэт 11-нэ школым щылажьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ* ***Бекъан Масирэт****, «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекIуахэу Сэрмакъ курыт школым и егъэджакIуэ* ***Мэшыкъуэ Iэсият,*** *Къулъкъужын Ипщэ курыт школым щылажьэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат* ***Нэхущ Залинэ*** *сымэщ.*

*Ди республикэм и школхэми, ди адыгэбзэми я пщIэр лъагэу зыIэта а егъэджакIуэ телъыджэхэм дэ зыкъомкIэ деупщIыну захуэдгъэзащ.*

**– ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр къыщыхэпхам абы гугъуехь куэд зэрыхэлъым ущыгъуазэт, Масирэт?**

– Дауи, сыщыгъуэзапэтэкъым. Ауэ сыщIэхъуэпст егъэджакIуэ цIэрыIуэ дыдэу щыта си адэ къуэш Гугъуэт Лол хуэдэ сыхъуну. Аращ зи фIыгъэр тхэкIэрэ еджэкIэрэ зэзгъэщIакIэуэ школым сызэрыщIэтIысхьар. Пэжщ, тIэкIу нэхъ сыкъыдэкIуэтея нэужь, дохутыр IэщIагъэм сыщыхуеплъэкIаи къэхъуащ. Хуабжьу сфIэфIт уэрамым щыджэгуурэ зи лъэгуажьэр теуда, зи Iэблэр тетхъуа цIыкIухэр ди деж къыдэсшэурэ



сеIэзэну, есхьэлIэну псори зэхуэсхьэсауэ сиIэт. Ауэ, дауэ мыхъуами, школым сыкъикIыжа нэужь, си щхьэр зэрытезгъэур сэ нэхърэ нэхъыщIэ цIыкIухэр езгъэджэнырт. Ди гъунэгъу сабий зыбжанэ, я школ кIуэгъуэр къэмыс щIыкIэ, зэреджэнум хэзгъэгъуэзат.

**– Егъэджакlуэ lэщlагъэр къыхэпхами, уэ узыхуеджар нэмыцэбзэрщ. Дауэ атlэ адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэ узэрыхъуар?**

– СызыщIэс классым и унафэщI Кумыщ Жэбагъы зэрыригъаджэр нэмыцэбзэт, езыри абы хуэIэзэ дыдэт. АпхуэдизкIэ ар фIыуэ дигъэлъэгъуати, ди классым щыщу цIыхуитху а IэщIагъэм дыхуеджат.

Университетыр къэзуха нэужь, Къармэхьэблэ егъэджакIуэу згъэзэжащ. Куэд дэмыкIыу Налшык дыкъэIэпхъуати, нэмыцэбзэмкIэ лэжьыгъэ IэнатIэр зэпэубыдати, школым и унафэщIыр къызэлъэIури, адыгэбзэмкIэ езгъаджэу щIэздзащ. Гугъу удехьа жыпIэмэ, сыдехьащ. Къуажэм щызэзгъэщIарат адыгэбзэм хэсщIыкIыр. Ауэ зи ужь сихьа Iуэхум ерыщу сыпэщIэту си хьэлти, ар сэбэп къысхуэхъуащ. ИужькIэ, си анэдэлъхубзэр нэмыцэбзэм сфIытекIуэри, абы ирилажьэхэм сакIэлъыплъащ, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ курсхэм сыкIуащ…

**– Ди анэдэлъхубзэм нобэ школхэм щиlыгъ увыпlэм уэ дауэ уеплъръэ, Масирэт?**

– Нобэ адыгэбзэр зэрыхуа щытыкIэмкIэ къуаншэр куэд мэхъу. Ауэ нэхъыбэу ар зи лажьэр адэ-анэхэрауэ къызолъытэ. Хуабжьу согъэщIагъуэ адыгэ унагъуэм къыщыхъу сабийм адыгэбзэ имыщIэми хъуну къэзылъытэ балигъхэм я гупсысэкIэр. Къапщтэмэ, инджылызыбзэм нэхърэ нэхъ гугъу къыбдалъхуа бзэр зэбгъэщIэну? Хамэбзэр зыгъэшэрыуэ ди ныбжьыщIэхэм дапщэ яхэт адыгэбзэкIэ мыпсэлъэфу!

**– Абы и лъэныкъуэкlэ сыт хуэдэ къалэн я пщэ къыдэхуэрэ къэрал lуэхущlапlэхэм?**

– Псоми зэрытщIэщи, адыгэбзэр къэралыбзэу зэрагъэувам теухуа унафэ пыухыкIа щыIэщ. Ауэ унафэр пщIы къудейкIэ зэфIэкIыркъым. Ар зэрагъэзащIэм укIэлъымыплъмэ, абы кърикIуэнур гурыIуэгъуэщ. Школ унафэщIхэм ящыщ куэдыр мы Iуэхум зэрыбгъэдэтыр IэпэдэгъэлэлущI.

**– Анэдэлъхубзэр зэрырагъэджым и щэху псоми уэ иджы фlы дыдэу ущыгъуазэщ. Уеблэмэ, адыгэбзэр нэхъ тыншу зэрызрагъэщlэн тхылъ яхуэбгъэхьэзыращ егъэджакlуэхэми еджакlуэхэми. Ар зи жэрдэмыр уэрат?**

– Япэрей тхылъыр ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык къалэ департаментыр къызэлъэIури зэхэзгъэуващ щытащ. Къуажэм зэрыщрагъаджэ тхылъым къалэдэсхэр ехъулIэртэкъыми, ар зытещIыхьар къалэ школхэрат.

КъищынэмыщIауэ, адыгэбзэр псоми яджын хуейуэ къыдагъэкIа

унафэм ипэ къихуэу, сыщылажьэ школым и унафэщIым къалэн къысщищIри, мыадыгэ сабийхэр езгъаджэу щIэздзауэ щытащ. Зэрезгъэджэн тхылъ е пособие гуэри симыIэу гугъу сыдехьами, сызыпэрыува Iуэхум сыдихьэхат. Зы хьэрф закъуи имыщIэу классым къыщIэтIысхьа цIыкIум, гъэ еджэгъуэр щиухым деж псалъэуха иухуэфу зэрыхъур гухэхъуэт, уи лэжьыгъэм кърикIуэр нэрылъагъут. Ди школым къакIуэурэ, мыадыгэхэм адыгэбзэр зэредгъэджым кIэлъыплъырт егъэджакIуэхэр. ИужькIэ абы теухуа программи дгъэхьэзырауэ щытащ. Абы къыкIэлъыкIуащ адрейхэри.

**– Масирэт, егъэджакIуэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащI щыхъуа зэманым дыщопсэу иджыпсту. Псалъэм папщIэ, лъэпкъ проект кърахьэжьахэм куэд щогуфIыкI. Уэри уащыщщ «Егъэджэныгъэ» проектым ипкъ иткIэ ягъэпэжахэм. Дауэ къыпщыхъурэ а зэхъуэкIыныгъэхэр?**

– Лэжьыгъэм утезыгъэгушхуэ къару нэрымылъагъу гуэр къыпхелъхьэ абы. Нэхъ уригъэгугъууи къыщIэкIынщ. И улахуэр зэрымащIэм емылъытауэ гурэ псэкIэ зи IэнатIэм пэрыт, сабийхэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэным зи гъащIэр хухэзых егъэджакIуэхэр къызэрыхигъэщхьэхукIыфырщ а зэпеуэм нэхъыщхьэу хэслъагъуэр. КъищынэмыщIауэ, ар къызэрежьэрэ я лэжьыгъэм куэд нэхъ егугъу зэрыхъуам гу лъыстащ. ЗэфIэкI къызэрымыкIуэхэр къызэкъуэзых егъэджакIуэхэри мащIэкъым.

**– Илъэс зыбжанэ хъуауэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэмрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и кIэлъыплъакIуэхэм уэри уахэтщ. Сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэ абы, уэ узэреплъымкIэ, сыт хуэдэ никъусаныгъэхэр хэплъагъуэрэ?**

– А зэпеуэр школым щыщыIэм деж къуажэ псом я махуэшхуэщ. А зыр сыт и уасэ! ГъэщIэгъуэнагъыу хэлъыр-щэ! Махуэ къэс сабийхэм сахэт пэтми, Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм сащрохьэлIэ а зэпеуэхэм. Уеблэмэ, мыр дауэ егъэджакIуэм къигупсысыфа жыпIэу, урок щат щыIэщ. Дамэ къыстрегъакIэ апхуэдэ егъэджакIуэ зэчиифIэхэр дызэриIэм. Ахэр утыку къизышэ, абыхэм я лэжьыгъэм нэгъуэщIхэр щызыгъэгъуазэ Iуэху дахэщ зэпеуэр.

Сигу иримыхьу хэлъым и гугъу пщIымэ, язынықъуэ дерсхэмкIэ сыарэзыкъым. ЕгъэджакIуэ нэхъ щIалэхэм зыхуагъэувыжа мурадыр къащемыхъулIи щыIэщ. Зэхуэдэу Iэзэу псоми урок зэрахуэмытыр гурыIуэгъуэщ, ауэ дерсым и дэтхэнэ псалъэри цIыкIухэм гукIэ щызрагъащIэм деж ар езыгъэкIуэкIым сыхуэарэзыкъым. Пэжщ, апхуэдиз кIэлъыплъакIуэр къыщыкIуэкIэ зыбгъэхьэзырын хуейщ, ауэ цIыкIухэм узытепсэлъыхьыну темэр яхузэпкърых, абы ехьэлIауэ ягъэхьэзырынухэр яжеIэ, я гупсысэкIэхэр къэгъэгъэнаIуи, урокыр нэхъ гъэщIэгъуэн хъунущ.

Нэгъуэщ| предметыр адыгэбзэкIэ щрагъэджым дежи сигу хохъуэ, пщIэшхуэ хузощI апхуэдэ егъэджакIуэм. Музейм цIыхур щIэкIуэр сыт? Мис апхуэдэ гурыщIэ къызет сэ «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэм.

**– Iэсият, уэ ЕтIуанэ урысейпсо зэпеуэм ущытекIуа къудейкъым, – уи лэжьыгъэхэм пщIэ лей къызэрыхуащIам и щыхьэту, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъи къуатащ. Лъэпкъ мащIэхэм я бзэр хъума хъуным апхуэдэ къэрал гулъытэ**



**зэригъуэтым сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэну къэплъытэрэ?**

– Дызыхэта зэпеуэми, абы къыкIэлъыкIуэу екIуэкIа щIэныгъэ конференцми къагъэлъагъуэр зыт: Урысейм и къарур, лъэщагъыр, беягъыр, дахагъыр абы щыпсэу лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я бзэм, щэнхабзэм зэрелъытарт. Апхуэдэуи мы зэIущIэшхуэм наIуэ къищIащ УФ-м и Президентми, Къэрал Думэми, Правительствэми лъэпкъ мащIэхэм, абыхэм я бзэм пщIэ зэрыхуащIыр.

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблеем, ЩIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэм зегъэужьынымкIэ федеральнэ институтым зэгъусэу къызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм ди къэралым анэдэлъхубзэр щезыгъэдж егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэм и закъуэтэкъым, атIэ ар бзэ зэхуэмыдэ зыIурылъ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм и джэлэст. Апхуэдэуи абы утыку къыщрахьэр я щхьэ закъуэ е зи гъусэ гупым я Iуэху бгъэдыхьэкIэр аратэкъым. Сэ сыкъапщтэмэ, адыгэ лъэпкъым и къекIуэкIыкIар, абы и бзэм и шэрыуагъыр, и щэнхабзэм и лъагагъыр, ди республикэм егъэджэныгъэ IэнатIэр зэрыщызэтеухуар къэзгъэлъэгъуэн папщIэ Iэмалу сызыпэлъэщыр къэзгъэсэбэпащ. Ар къалэн гугъу дыдэт, ауэ абдеж щыбгъэлъагъуэм мыхьэнэшхуэ иIэт уи лъэпкъыр къызэрацIыхунумкIэ.

**– Апхуэдэ жэуаплыныгъэ зыпылъ къалэныр ирибгъэзэщIэну сыт хуэдэ лэжьыгъэт утыку къипхьар?**

– Бальмонт Константин и «Шэрджэс пщащэ» усэрщ мастер-классыр зэрыстар. Абы лъабжьэ хуэсщIащ адыгэ, урыс щэнхабзэр зэрызэпыщIар. А усэр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, адрей кърихьэлIахэм я бзэхэмкIи щыIуащ а зэIущIэм. Ауэ адыгэбзэр нэхъ дахэу зэрыIур, гум нэхъ къыбгъэдэкIыу зэрыщытыр къыхагъэщащ кърихьэлIахэм. ИужькIэ къэпщытакIуэхэр хэплъащ си методикэ лэжьыгъэхэмрэ нэрылъагъу пособиехэмрэ. ИкIи гъэщIэгъуэну, адрейхэм къащхьэщыкIыу къалъытэри, гулъытэ лей къыхуащIащ.

**– Залинэ, зэхьэзэхуэм узэрыхэтам утхутепсэлъыхьын ипэ Москва къызэрыпщыхьуамрэ езы зэхьэзэхуэмрэ я гугъу къытхуэщIыт.**

– Москва сызэрыхуейуэ зыщысплъыхьыну апхуэдэ Iэмал сиIакъым, ауэ си нэгу щIэкIа псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ си дежкIэ. СызэригугъэмкIэ, гъащIэм апхуэдэ къызэрыщыхъур зэщ. А зэми Iуэхум хуэIэижьу зыкъэбгъэлъэгъуэныр, адрей щIыналъэхэм я лIыкIуэхэм уакъыкIэрымыхуныр ехъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ.

Уи закъуэу апхуэдэ утыкушхуэм уихьэн, дауи, пхузэфIэкIынукъым. СыткIи чэнджэщэгъу къысхуэхъуу сэ си гъусащ Балэ Людмилэ, ди министерствэм и лэжьакIуэр. Ар си псэлъэкIэми, зэпеуэм хуэзгъэхьэзыра



дэфтэрхэми, си зыІыгъыкІэми – псоми кІэлъыплъащ. Апхуэдэу КІуж Инни хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ.

Зэпеуэм дыкІуэн и пэ къихуэу щІэныгъэ ІуэхухэмкІэ Лъэпкъ институтым щыхэплъат си лэжьыгъэм теухуа материалхэм. Иджы си къалэнт сыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр, си школыр лъэныкъуэ куэдкІэ къозыгъэцІыху сурэтхэм, тхыгъэхэм, тхылъхэм, видеоматериалхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къызэзгъэпэщыну. Ахэр тэмэму къызэхъулІэмэ, «Си лъахэ, си школ, си ІэнатІэ» зыфІаща зэпеуэми сыхагъэхьэнут.

Тыншкъым къодаІуэхэр дакъикъипщІым къриубыдэу а псом щыгъуазэ пщІыну. Ауэ си къалэныр мыІейуэ къызэхъулІауэ къалъытэри, мастер-классым хэтыну къыхаха егъэджакІуэ 19-м сэри сахэхуащ. А хъыбарыр къызэрытІэрыхьэу утыкум сызэрихьэнум зыхуэдгъэхьэзыру щІэддзащ. ПІастэр Іуащхьэмахуэ и теплъэу тщІыри, джэдыкІэ гъэщэщар уэсу тетпхъащ, лы гъур, джэд гъэжьахэр нэхъ и лъабжьэІуэкІэ бгым хуэдэу къыкІэщІэдгъэуващ, шхынхэлъхьэу къагъэсэбэп къэкІыгъэхэм къыхэтщІыкІри, абы и хъуреягъым мэз къедгъэтІысэкІыжащ. Абы тхылъымпІэпс къетшэкІыжри Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бэракъым и плъыфэ лентІхэр къетшэкІыжащ. А псом сыщытепсэлъыхьыжым, ди лъэпкъым хабзэ дахэ куэд зэриІэр къэзгъэлъэгъуащ.

Мыбдежми си кІэныр къыщикІауэ къыщІэкІащ.

**– Мыпхуэдэ зэпеуэм хэтахэм зэрыжаІэмкІэ, псоми нэхъ къатехьэлъэр мастер-классырщ. Уэ абы дауэ уехъулІа?**

– ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, сэри мастер-классыр нэхъ къызэхьэлъэкІащ. Залым щІэсхэм садэлажьэу езгъэкІуэкІыным тезухуат си дерсыр. Къалэну зыхуэзгъэувыжат нэгъуэщІ лъэпкъ къахэкІахэм Къудащ Раисэ и «Псей цІыкІум» щыщ сатыриплІ адыгэбзэкІэ езгъэщІэну, абыкІи къэзгъэсэбэп си хабзэ Іэмалхэр езгъэлъагъуну. Уэрэд цІэрыІуэм и авторыр зэрыадыгэм гу лъезгъэтащ, итІанэ сэ ар адыгэбзэкІэ яжесІэри, залым щІэсхэм уэрэдыр адыгэбзэкІэ езгъащІэу щІэздзащ. Абы селІалІэурэ дакъикъэ тІощІыр зэрыкІуар сымыщІэу блэлъэтащ. Уэрэдыр къыздыжаІами, сыт щыгъуи хуэдэу, сызыхуэарэзыжтэкъым, ауэ си гъусэхэм я нэгум дэрэжэгъуэ ислъагъуэрти, абы сигъэгуфІэрт.

Псоми семыфІэкІами, ипэ итхэм сыхабжати, къыкІэлъыкІуэ Іыхьэми сызэрыхэтынур къызгурыІуат, абы къаруущІи къысхилъхьэжат. КъыкІэлъыкІуэр зытеухуар лъэпкъ фащэрт.

**– Зэпеуэм узэрыхэта адыгэ фащэр хэтыт пхуэзыдар?**

– Ар дэрбзэр цІэрыІуэ ХьэцІыкІу Мадинэ схуигъэхьэзырат. Абы ид фащэ телъыджэхэм теухуауэ къыдэкІа тхылъхэм щыщ 20 хуэдиз жюрим хэтхэм еттри, залым щІэсхэми ахэр зэрыт открыткэхэр яхуэдгуэшащ. ИтІанэ Балэ Людэ и къуэ Москва щеджэм утыкум сыкъришэри, уэркъ

къафэ дыкъэфащ. Абы иужькIэщ адыгэ фащэм сыщытепсэлъыхьар. Адрейхэм елъытауэ, Iэгуауэ ин къыщызащIэкIым, сылъэтэным хуэдэу жан сыхъуат.

Ещанэ махуэр тынштэкъым. Анэдэлъхубзэри урысыбзэри къэралыбзэу зэрылажьэм теухуауэ екIуэкIыну псалъэмакъым ухэтын, иджыпсту къащтэ федеральнэ стандартым зэрыхэпщIыкIыр къэгъэлъэгъуэн хуейт. Мыбдеж къыщыхэзгъэщащ адыгэ сабийхэр зэреджэ тхылъхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ди республикэм хабзэ щхьэхуэ къызэрыщащтар. ЖысIащ пэщIэдзэ классхэр я анэдэлъхубзэкIэ щрагъаджэ еджапIэ щхьэхуэхэр дызэриIэр, нэгъуэщI куэдми сытепсэлъыхьащ.

**– Зэпеуэм щыплъэгъуахэм ящыщ уи лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэпыну къыщIэкIынщ.**

– Шэч хэлъкъым. Слъэгъуа, зэхэсха псоми куэдым срагъэгупсысащ. Апхуэдиз егъэджакIуэ Iэзэм я лэжьыгъэм хэлъ щэхухэм сызэрыщыгъуэзам уасэ иIэкъым. Ахэр си закъуэ къэзгъэсэбэпыну къудейкъым, атIэ си лэжьэгъухэми яхуэсIуэтэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ, НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Хъуэжэ и Куэбжэ

НАЛО Заур

## *Лыкъынэ и хъыбарищ*

## Танк къуэлэныжьым и кIуэдыжыкIар

Ар уэ уи фIэщ мыхъункIи хъунщ, щIалэ, ауэ, и пэжыпIэм ухуеймэ, Iуэхур мыращ зэрыщытар.

Йоуэри, гъатхэкIэ дахэрэ жыгхэр вууэ гъэгъауэ, гупэ хадэм сыпэщащэу ситт. Гилътыр къыттеуэну дзэ зэхуешэс щыжаIэм, зинэжькIэ къалъхуа нэмыцэхэ, щхьэ зэ фымызагъэрэ жысIэщ, Герман зауэжь лъандэрэ схъумэ си шыплIэ пылимотыжьыр къызэфIэздзэжри, зызгъэхьэзырауэ сыдэст сыдэмыкIыу. Сыдэсти, зы шу цIыкIу къыIуолъадэ:

— Ярэби, Лыкъынэ и унэр дэн дей? — жеIэри.

— Лыкъынэ и унэм ухуеймэ, мес! — жызоIэри ди унэм Iэпэ хузоший. — Езы Лыкъынэ ухуеймэ, сымис! — жызоIэри Iэпэ зыхузошиижь.

— Пэкет от тэварыш Бидонэ! — жери къызет.

Зэтесчрэ сеплъмэ, «укъызэрысын!» — жери итт. Бидоным и псалъэм гушыIэ илът: шу цIыкIур уанэгум къисхщ, сэ сышэсщ, си шыплIэ пылимотыжьри къыздэсщтэщ аби, сеуэри, сыкIуащ къэрал гъунэм. Бидоным и жэз нэрыплъэр зыIуидзауэ бийр зэпиплъыхьу щытти, сыщыIухьэм, си шылъэ макъымкIэ сыкъицIыхуагъэнт, къемыплъэкIыу:

— Сыту фIыт, — жи, — укъызэрысар!

— Умыгузавэ, си ныбжьэгъужь, — жызоIэ, — уэлэхьи, сэ си псэр пыту узмыгъэукIытэн!

И жэз нэрыплъэр къызет:

— Яхэплъэт, — жи, — мо къэува къомым!

Сизыжагъуэн и махуэт сэ сызыхэплъар: танкхэр, хьэIуцыдзым хуэдэу, зэхэтщ, «уирэ!» — щыжаIам къилъыну. Сэ къысхуэзанщIэ танк къуэлэныжьым зы Iэфицар сырыхужь къытесщ, и натIэгум хьэмцIыракIэ морэшхуэ къытепIиикIыу. И нэр мыупIэрапIэу къызоплъ а гъуамэр, сэ соплъыж. А цIапIэращ зауэр зэхэзыублар.

Ухуеймэ, уи фIэщ щIы, ухуеймэ, умыщI, ауэ, зауэр къэхъейри, нэмыцэм япэу къадза шэр зытехуар сэращ; зауэр иухри, нэмыцэм яужь дыдэу къадза шэри зытехуар сэращ. Иджы ар зэрыхъуаращ: тхьэмахуэ

енкӀэ дызэпэщӀэтащ а Сырыхужьым дэрэ нэщхъкӀэ дызэныкъуэкъуу. А тхьэмахуэм и кӀуэцӀкӀэ тӀуми ди нэ упӀэрэпӀакъым. АрцхьэкӀэ псы сыхуэлӀауэ псы къезгъэхьри, сефэну щысӀэтым, къауэщ Сырыхужьри, си пхэ щхьэлым зыкъыхригъэсащ. Абдежым дыкъыщрахужьэщ мо дзэ фӀыцӀэми, пхэщӀкӀэ Дон дыхэтӀысхьэху, дыкъамыгъэувыӀэу дыкъахуащ. АпхуэдизкӀэ сыкъызэщӀэплъауэ сызауэрти, илъэс псокӀэ сигу къэкӀыжакъым шэ зэрысхэлъыр. Нэмыцэм и хьэкъи зытезгъэхуакъым сэ а гъэм, ауэ сэ сыкъэзыгъэгузэвар Доныжьырат. Псым лъэмыж телъкъым, икӀыпӀэ иӀэкъым. Къэсыр холъэ — есыкӀэ зыщӀэр зэпрокӀ, есыкӀэ зымыщӀэр щӀелъафэ. Сэ есыкӀэ сщӀэркъыми, сыкъыхэхьэн сошынэ, мо гъуэгу мыгъуэ ежьахэри къэсащи, шэр къыттрагъэлъалъэ, уэфым хуэдэу...

Уэлэхьи, щӀалэ, сэ гъэр сыхъунти е саукӀынти жысӀэу зэи сымышына, сэ сыщӀэгузэвар, зыгуэр къысщыщӀ хъужыкъуэмэ, си ныбжьэгъужьым игу хэщӀынути аращ.

Арати, сщӀэнур сымыщӀэу сыздэщытым, зы ерпылан гуэр къосри, сыкъеуфэрэзыхь. Сэ си насыпти, си шыплӀэ пылимотым шэ илъыжтэкъым, ахъуамэ зэрымыщӀэкӀэ ерпыланыр къезудыхынкӀэ тӀэу сеплъынтэкъым. И щхьэр ерпыланым кърегъэжри зы майор лӀы фӀыцӀэшхуэ къоджэ:

— Уо, Лыкъынэ, Лыкъынэ! — жи. — Алыхьым хьэтыр иӀэмэ, псым ухэмыхьэ, сэ узэпрысхынущ, — жи.

Майорым зыкърегъэлъэхъшэх, и фочыр кърегъэжэхри, сэ фоч мыжурэр соубыд аби, си лъапэ псы лъэмыӀэсу Дон сыкъызэпрех. Сыкъызэпрех аби, езыри къотӀысри, тхьэрыкъуэф Ӏэнэ къеухуэ. Уэ джэд гъэвар къытрелъхьэ, уэ щӀакхъуэ хужьыр къытрелъхьэ, уэ нащэ фӀэӀур къытрекӀутэ, ауэ пщӀэ нащхъуэжьри кърегъэцӀэфт...

Дошхэ, дофэ, дохъуахъуэ... Майорыр и пащӀэкӀэм щӀогуфӀыкӀ:

— Догуэ, сыкъыумыцӀыхужу аракъэ, иджы, уэ? — жи.

Соплъ, согупсысэ, щыслъэгъуар къысхуэщӀэжыркъым.

— А зиунагъуэрэ, — жи, — трицыт сидмом Свердловск къыщебгъэлъхуа уи къуэр сэракъэ! — жи.

— Ӏау, синоку! — жызоӀэри сыщогуфӀыкӀ, Ӏэ дызолъэ, дахэ жызоӀэ. — НтӀэ, мыпхуэдиз цӀыхум дауэ сакъыхэбгъуэта?

— Уэлэхьи, ар сэмыра зи лӀыгъэр! — жи. — Ар уи ныбжьэгъужьыращ...

— Дауэ хъунт? — согъэщӀагъуэ.

— Зэрыхъуаращ, — жи, — Берлин бомбэкӀэ сеуэну зызгъэхьэзыру, тылифоныр къоуэ. Къытесхмэ, — Сталинырат. ПсынщӀэу узэрынэсын, жи, уядэр зэпрымыкӀыфу Дон Ӏуфэ Ӏутщи, кӀуэи зэпрых. И чэзум унэмысмэ, езыр лӀы пхъашэщ, псым хэпкӀэнщи дунэхъуащ: абы есыкӀэ ищӀэркъым — еужьэрэкӀ!

Ӏыхьэлейуэ си гуапэ хъуащ си ныбжьэгъужьым сызэрыщымыгъупщар.

Арати, щIалэр ежьэжын щыхъум, спрафкIэ къызет:

— КIуэжи, дядэ, зы мазэкIэ зыгъэпсэху, — жи. — Ухуеймэ, Свердловск усхьынщ; ухуеймэ, нафIэгум уизгъэтIысхьэнщи, Кушмэзыкъуей кIуэж!

Дэгъуэщ жысIэри, нафIэгум сыкъитIысхьэщ аби, сыкъежьэжащ, Нэгъуейхэ я нысэм деж: шхурэ мырамысэрэ цIапIэу сигу къэкIат!

Арати, тепкIэ-теуэу дыкъокIуэ, зы инэралыжь дэрэ дызэбгъурысу. ДыкъыздэкIуэм, си пхэ сэмэгур шхэуэ щIедзэ, бадзэ къедзакъэм хуэдэу. Инэралым гу лъимытэу си Iэр гъуэншэдж тхьэIум дызохуэри — гъущI Iунэм ещхьу зыгуэрым сытоIэбэ. Къыхэсчрэ сеплъмэ — шэ къэуэжт! Мис а зинэкIэ къалъхуа Сырыхужьым къидза шэ къэуэжырат!

Сыгузэващ абдежым: нафIэгум къызодзри — станцыр зэтрикъутэнущ, къиизмыдзщи, — нафIэгум исыр хьэбэсабэу дызэпкърихынущ! Насыпыжьыр сиIэти, а дакъикъэм си нэ тохуэри къызолъагъу уэрам гуэрымкIэ къыдэжауэ танк къуэлэныжьыр къажэу, а уэ пщIэ Сырыхужьри и нэр къиIыщхъукIыу тесу. И шэр и щхьэм ихуэжа жыхуаIэрати, здзыри, шэ къэуэжыр танк лъабжьэм щIэздзащ. ПцIыр хьэрэмкъэ — тхьэуэ нобэ уэрэ дэрэ дызэзыгъэпсалъэ, шэ къэуэжыр къауэщ аби, танк къажэр дрихуейщ уафэгуми, нэрыплъэкIэ дэплъеям танкрэ сэмэлотрэ яхузэхэмыгъэкIыу сыхьэтитху енкIэ кIэрахъуэу пшэм хэтамэ! Батайск щыдрихуея танкыр Армэвир дыкъэсыжауэщ къыщехуэхыжар. Къэхь КъурIэн, Iунэ-Iунэу зэпкъриудри къахуэмыщыпыжа!

Арати, Кушмэзыкъуей сыкъэкIуэжри мазэкIэ зызгъэпсэхуащ, районым къикIрэ сыкъалъагъуу, Налшыч къикIрэ къысщIэупщIэу, дешхэудефэу.

## ШэмпIаул

Арати, мазэр докIри фронтым согъэзэж.

Здэзгъэзэжам, зэрыдывизэу дашэри псыпцIэ гуэрым дыхакIутэ, зывмыгъэхъей, цIутIи жывмыIэ, жаIэри. Дыхэгъуалъхьэщ псыпцIэми, илъэс енкIэ зыдмыгъэхъейуэ дыхэлъащ, ди щIыбхэм къамылхэр къикIэжауэ. ПсыпцIэм и гъунэм нэрыплъэкIэ соплъэри сынэплъысыркъым, сыхоплъэри лъащIэ щIэтыххэкъым: псыр апхуэдизкIэ жэбзащи, узэпхоплъри, адрей лъэныкъуэмкIэ щыIэ уафэм къитIысхьа вагъуэхэр IупщIу уолъагъу. Ди нэр къижу деплъу IамрыкIым я кхъухьхэр къытохьэри бдзэжьей къаубыд, джей къаукI. Си шыплIэ пылимотыр мыулъиин щхьэкIэ, махуэ къэс зэ згъэуэрти, зы махуэ гуэрым абы къридзыжа пIэтIрон нэщIыжьыр «цIомпI!» жиIэу псыпцIэм хэхуэри, щIэтIысыкIащ. ЩIэтIысыкIщ аби, адкIэ бдзэжьей ещэу къытет кхъухьым и щIэр пхиудри ихуащ.

Апхуэдэу илъэс хъурейкIэ псыпцIэм дыхэлъауэ, приказ къокIуэ, Сталиным и Iэ телъу. «АдрыщI къалэр — ура!» — жери арат итри, мо илъэскIэ щылъа дывизэр долъри, щхьэж и занщIэр и гъуэгуу къалэм

дыдолъадэ. Дэ псыпцIэм дыхэлъу абдеж дызэрыщылъыр хэт и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнт! Мо Iэнкун хъуа нэмыцэжь къомым зыкъамыщIэж щIыкIэ Iэрыубыд дощI. А махуэм сэ къыслъысу зы инэралрэ, сэлэт минрэ, танк къуэлэнищэрэ, пылимот пщыкIутхурэ къуентхъыу къызоубыд. Ар щызэхихым, си ныбжьэгъужьым унафэ къещI: «Ригэ къэзыубыдыжа дывизэр Мэзкуу къафши зевгъэгъэпсэху, Лыкъынэ си дежкIэ къевгъэблагъэ!» — жери.

Арати, утхъэнумэ къеблагъэ! Зэрыдывизэу нафIэгум дракIутэри дашэ Мэзкуу. НафIэгур Красний площэдым телъадэри, дыкърикIутщ аби, тежыжащ. ЦIыхур къызэхуэжэсри, щхьэж къыпэщIэхуэ и хьэщIэу зэбграшащ мо дывизэшхуэр. Сэ Сталиным деж сыкIуэну КремылымкIэ згъэзащ. Зызоплъыхь, си ныбжьэгъум и куэбжэр къысхуэцIыхужыркъым: сыт и жыл щIа сэ мыбы сыкъызэрымыкIуэрэ! Инэрал гуэр къикIукI-никIукIыу щытти, соупщI:

— Дэтхэнэра Сталиным и куэбжэр? — жызоIэри. ЗыкъегъэкIэрахъуэри инэралым и Iэпэр еший:

— Мес мо куэбжэ щхъуантIэр плъагъурэ? — жи. — Аращ Сталиным и куэбжэр.

Куэбжэм сызэрыдэхьэу, Сталиным и щхьэгъусэр матэ цIыкIукIэ ху щIигъэпщу щытти, Iэдакъэжьауэ ищIри, къэплъащ:

— Азалыхь, сэ си нэр нэжмэ, у-Лыкъынэм! — жери.

— Уэлэхьи, сыкъэпцIыхужам, ди нысэ цIыкIу! — жызоIэри согъэщIагъуэ. — Сыту гуфI уиIэ, тхьэ, уэ!

Нагъуэ дахэрэ къамылыфэ лъакъуэ лъагэу — апхуэдэт Сталиным и фызри, къыспежьэщ аби, сэлам къабзэ къызихащ.

— НакIуэ, неблагъэ, тхьэм щхьэкIэ. Езыри иджыпсту къэсыжынщ! — жи.

— Хъунщ, ди нысэ, умыгузавэ уэ, уи Iуэху яужь ит: сэ мыбы си щыпэ еблагъэкъым! — жысIэри хьэщIэщымкIэ сыщIэхьащ.

СызыщIэхьа пэшым шы щыбгъажэ хъунт, апхуэдиз и инагъти — нтIэ, абы хьэщIэ Iэджэ къыхуокIуэ, къэрал Iэджэм къикIыу. Пэшыр алэрыбгъукIэ къеIулIэкIащ, и лъэгури алэрыбгъукIэ къищIыкIащ, шы щыбгъэжам и лъэ макъыр зэхыумыхыну. Шэнтжьейм ситIысхьа къудейуэ, Сталиным ипхъу цIыкIуитIыр къосыж, шкIуолым къокIыжри. Я тхылъылъэхэр хыфIадзэри кIийуэ къыщIолъадэ:

— Лыкъынэ къэкIуащ! — жаIэри.

Си дамэхэм къытотIысхьэ, си щхьэм къыдокIуей — мы дунейм къызамыщIэ къагъанэркъым: зэзгъэсат апхуэдэу, уогъэсэхъу жиIэрэ Сталиныр шхыдэу. ИужькIэ си куэ зырызым къэшэсыжауэ «Чыху-чыху, алащэ»

езгъэщIу, йоуэри, си ныбжьэгъужьыр къосыж. Уэлэхьи, жьым щIихам хуэдэу, щIэбзэхыкIам хъыджэбз цIыкIуитIыр, ядэр зэралъагъуу.

Зызэдодзри IэплIэ зэхудощI, ди Iэ зэроубыд, сэлам-чэламыр зэфIокIри:

— Зэхэсхащ, — жи, — си ныбжьэгъужь: гугъу узэрехьари зэхэсхащ, лIыгъэу зепхьари зэхэсхащ. Ар сэ сщыгъупщэнкъым, — жи, — сэ сщыгъупщэми, къэралым щыгъупщэнкъым!

АпщIондэху бысым фызми Iэнэр къиузэдащ, и джэдлыбжьэм тхъур къыщIэжу, и пIастэри данагъуэм хуэдэу гъуэжьрэ бэлагъыщхьэ зырызу къытелъу, и аркъэ чэтвертыми нартыху жэпкъыр IуукIэжауэ! Стэчан пIащIэжьхэм изу къытхуригъахъуэри езыр щIэкIыжащ. Жэщ никъуэ хъуху дыщысащ дешхэ-дефэу, дыуэршэру, Гилътыр и шхужьыр зэридгъэпкIынум и унафэр тщIыуэ.

МазэкIэ сыщыIати, зы пщыхьэщхьэ дэкIакъым е Вэрэшилуфыр, е Калининыр, е Жукуфыр, е Бидонэр ныщIэмыхьэу. Псом хуэмыдэу къысщыгуфIыкIар Бидонэращ, Дон уимытхьэлэу узэпрыкIыфащ жиIэри. Ар щызэхихым, Сталиным нащхьэ къысхуищIри, и пащIэкIэм щIэгуфIыкIыжащ. Молэтэфыр зэ закъуэ фIэкIа ныщIэхьакъым:

— СхущIэхьэркъым, уи жагъуэ умыщI: зауэр иухмэ, дызэбгъэдэсыжынщ! — жиIэри.

ЯхущIэхьэртэкъым, пэжым ухуеймэ: зауэр зезыгъэкIуэн хуейр ахэрат. Уэлэхьи, Сталиныр къыщымыкIуэжыххэ жэщ Iэджэрэ къэхъуам! И фызыр зэфIэсу нэху къекIт апхуэдэхэм деж: «Езыр къэмыкIуэжу дауэ сыгъуэлъыжын!» — жиIэрти.

Си отпыстыр иухри, пщэдджыжь хуэдэм сыкъежьэжыну, йоуэри, ρистэранымкIэ сешэ:

— ГъэхьэщIа ухъуакъым, — жи, — си ныбжьэгъужь, мы дуней мафIэм гъэпсэхупIэ къыдитыркъым. Уи жагъуэ умыщI: зауэр зэфIэкIмэ, узгъэфIэжынщ! — жи. — Ныжэбэризэм мыбы ди закъуэ цIыкIуу дыщIэсыжынщ, зэран къытхуэмыхъуIауэ.

Моуэ зыдуныгъуэджри зы Iэнэ цIыкIу дыпэрытIысхьауэ, инэралищ зыныщIагъэпшахъуэ, мы Лыкъынэ жыхуаIэр зэдгъэцIыхунщ жаIэри. Сталиным и гуапэ зэрымыхъуар слъагъуу, и гуапэ хъуакъым ар. Мыхъуа щхьэкIэ, закъримыгъащIэу, нригъэблагъэри нигъэтIысащ. ИкъукIэ нэжэгужэу дызэхэсащ жэщми, ауэ тэджыжыгъуэр къосри — Сталиныр си лъапэм къытоувэ. Си щхьэр изохьэлIэри, къызоупщI:

— Ярэби, зы тумэнитху пкъуэмылъу пIэрэ? — жери. — Си ахъшэр адрей кIэстум жыпым къизнащ.

Ар жиIэ щхьэкIэ, улахуэр кърамыта щIыкIэу арат.

«Умыгузавэ, си къуэшыжь!» — жысIэри, Iэнэ щIагъымкIэ ту-

мэнитхур хуэсшиящ. Рэшотыр зэфIокIри дызэбгрокIыж. Пщэдджыжьым сэлам ясхыжщ, тхьэигъэпсэу яжесIэри сыкъежьэжащ. Къэхь КъурIэн, фронтым сынэмысыжат си тумэнитхур пакет хужь дахэм дэлъу ныщысIэрыхьэжам! Апхуэдэ лIыгъи дэслъэгъуащ сэ а си ныбжьэгъужьым…

## Шэ къэуэж етIуанэм и хъыбар

Соуэри, пщыхьэщхьэхуэкIуэу Сталинград сынос. Сызэрынэсарауэ, къоджэ жаIэри Жукуфым деж сашэ. ФIохъус-сэламыр зэфIокIри, Iэпэ еший:

— Мо Iуащхьэ цIыкIур плъагъуркъэ? — жи.

— Солъагъу.

— НтIэ, плъагъумэ, нэху мыщ щIыкIэ, мы псым зэпрысыкIи, а Iуащхьэм тетIысхьэ, — жи. — Нэхущым деж сэ Iэ нэсщIынщ; Iэ нызэрысщIу, уи шыплIэ пылимотыр къызэIудзи, плъэкI къыумыгъанэу ятегъэлъалъэ нэмыцэм: куэдщ ахэр ди хэку зэрыщыхьэщIар, унэ яIэмэ, ирекIуэж!

КъызгурыIуащ сэ абы и мурадыр.

Захуэщ жысIэри, псы Iуфэм сыкъыщыIухьэм, си къуэ гуэрыр нэсащ ерпыланкIэ. Пэлъковник хъуат иджы ар абы ирихьэлIэу. А зэрихабзэжыым хуэдэу, сызэпридзэщ Индыли, сыкIуэри Iуащхьэжь цIыкIум сытетIысхьащ, сыплъэмэ слъагъуу, къаплъэмэ сыкъамылъагъуу. Си шыплIэ пылимотри згъэпсри сытIысыжащ. Тутын щIэбгъанэ мыхъуу, уэрэд жыпIэнкIэ Iэмал имыIэу, гугъуэщ уи закъуэу апхуэдэ жэщыр бгъэкIуэныр! КIэху къищIыным сыпэплъэу сыщысащ зызмыгъэхъейуэ.

Ауэрэ нэхущ мэхъури сыкъоплъэ — зыми Iэ нищIыркъым; дыгъэ къыщIэкIыгъуэм зэрынэхьэсауэ сыкъоплъэ — зыми Iэ нищIыркъым, Жукуфри слъагъуркъым; дыгъэр къыщыщIэкIым сыкъотэджри Iэдакъэ жьауэкIэ сыкъоплъэ. Сыкъоплъэри — Жукуфыр дыгъэ къуагъым къыкъуэуэвауэ Iэ къещIри къуэтщ, нэмыцэм къамылъагъун щхьэкIэ. Ар къызэрыслъагъуу зездзыхщ аби, мо мазэ псокIэ нэщIа си шыплIэ пылимотыжьым и кIакхъур щIэсчащ. ЗэрыщIэсчарауэ мы дунеижьыр игъэзджыздж уэн щIедзэ. Жэщищрэ махуищкIэ схуэмыувыIэжу лъэлъащ мо пылимот зэшар! Жэщ ещанэр кIэху къищIауэ си дамэм зыгуэр къытоуIуэ. СыкъеплъэкIмэ — Жукуфырат.

— Зэ гъэбэяуж, — жи, — мы уи хьэщхьэрыIуэр! СуткIищ мэхъури цIыхуитI зэгуригъэIуэжыркъым. Нэмыцэу зэтебукIар хъунщ, ауэ ди дзэри думыгъакIуэ: дыгъуасэ лъандэрэ шэмпIаул ебгъэдзыркъым, гъуэгу мыгъуэ емыжьэн!

КIакхъур сыутIыпщыжрэ сыкъэтэджмэ — нэм къиплъыхьыр нэмыцэ хьэдэрэ, топ къутахуэрэ, танк сахуэрэт!

— Iагъу, мыр сыт мы къомым къащыщIар! — жызоIэри согъэщIагъуэ.

Жукуфыр къыщеудри мэдыхьэшх:

— Уа мы Лыкъынэ жиIэр зэхэфхрэ? — жи инэралхэм я дежкIэ зыкърегъэзэкIри. — «Мы къомым къащыщIар сыт» жи, а къомым я анэхэр яхуэзыгъэгъар езыр армыра нэхъей.

Инэралхэри къыщетхъри мэдыхьэшх.

Абы хэту «Ура, маржэ хъужыхэн!»— жаIэри, ди дзэм зрачщ аби, ежьащ. Деуэм-тхум, деуэм-тхум, деуэм-тхуурэ, илъэс хъурейкIэ тхуа нэужь, Берлин дынос. Берлин гуэрым си шыплIэ пылимотыр тызоунащIэри дыдолъадэ къалэм. Абдежым нэмыцэхэм я Iэр къаIэтри къолъаIуэ:

— Алыхьым хьэтыр иIэжмэ, мы Лыкъынэ Iуфш закъуэ, зыныдот! — жаIэри.

Арати, зауэр доух.

Зауэр дыухащ жысIэри, псы тIэкIу сефэну зыкъыщызгъазэм, аргуэру зы нэмыцэ емынэ къоуэри си пхэщIыщхьэ лъэныкъуэм къытохуэ.

«ЫI» — жысIэрэ зыкъэзгъазэмэ, а къызэуа нэмыцэр рейхстаг щхьэгъубжэмкIэ къыдоплъри щытщ, ауанышхуэ сыкъищIу. СызэIэбэкIщ аби, шэр къыхэсчыжри — шэ къэуэжти — нэмыцэ къэуар зыIут щхьэгъубжэмкIэ дэхуэу здзыжащ. Шэ къуэжыр къэуэжщ аби, рейхстагыр зэтрикъутащ, шэр къэзыдза делэри абы щIипIытIэжащ.

Ар и ухыкIэу зауэр иухащ.

Си шыплIэ пылимотыжьыр сIахри музей жыхуаIэм щIагъэуvауэ щIэткIэ, къэхь КъурIэн, къэдабэ плъыжьым тетрэ дагъэ щыхуэжауэ!



## Уи жьэр гъэувыIи, уи Iэхэр гъэлажьэ

*ГушыIэ сурэтыр зыщIар*
**КъуэщIысокъуэ Владимирщ**

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.



# Щыгъуэ псалъэ

Гуауэр тIуащIэ къыпщохъу Iэсэрэ сабыру, зэрыжаIэу, зи жьэ ину зэщIэзымыхыу, нэгъуэщIым пщIэ хуэпщIмэ, уи щхьэми пщIэ зэригъуэтыр фIыуэ къызыгурыIуэ цIыху гъэсауэ къыбдэгъуэгурыкIуар дунейм щехыжам деж. АпхуэдэлIут дэ Тхьэмокъуэ Барэсбий зэрытцIыхур. ЩIалэщIэу къытхэхьэри, пщIэшхуэ зыхуащI адыгэлI нэсу, пэжагъыр зи гъуазэрэ диныр хьэкъыу зыпхыкIа цIыху щыпкъэу (ар хьэжыщIи щыIат) Тхьэмокъуэ Барэсбий илъэс куэдкIэ къытхэтащ. Къыддэлэжьащ. Гурэ псэкIэ зи IэнатIэм бгъэдэта Тхьэмокъуэр и IэщIагъитIми хуэIэзэ хъуат – художественнэ тхыгъэхэми журналистикэми дэгъуэу хэзагъэрт. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр Барэсбий къыщигъэлъэгъуащ илъэс IэджэкIэ щылэжьа телевиденэми, «Адыгэ псалъэ» газетми, журналхэми, и художественнэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэкIа и тхылъхэми.

Зи усэхэмкIи, художественнэ прозэмкIи, зи журналист лэжьыгъэхэмкIи адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа Тхьэмокъуэ Барэсбий 1940 гъэм майм и 25-м Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр абы къыщиуха нэужь, КъБКъУ-м щIотIысхьэ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щIалэ Iэзэр Сыбырым щылэжьэну ягъакIуэ. Журналисту абы илъэсищкIэ щоIэри, 1968 гъэм республикэм къегъэзэж. Зыхуеджа IэщIагъэри художественнэ творчествэри ехъулIэныгъэ, щытхъу пылъу зэдихьу, хабзэрэ нэмысрэ зэрылъ унагъуэ дахэр зыхуей хуигъазэу дунейм тетащ ди ныбжьэгъуфI, ди лэжьэгъу Тхьэмокъуэ Барэсбий.

Ажалыр бжэщхьэIум нэхърэ нэхъ благъэщ, жи. Армыхъу хэт и гугъэнт къызэралъхурэ илъэс блыщI зэрырикъумкIэ гуапэу дехъуэхъуу зи цIэр ди журналми щытIэтын мурад зыхудиIа Тхьэмокъуэ Барэсбий щыгъуэ псалъэ хужытIэн хуей хъуну? Ауэ хьэкъщ: зэи тщымыгъупщэу абы и цIэр фIыкIэ дигу илъынщ. АпхуэдэпщIэ къилэжьащ Барэсбий и дуней тетыкIамкIи и тхылъхэмкIи («Удз гъэгъахэр», «Насыпыр Iыхьэмыгуэшщ», «Псалъэ Iэсэ», нэгъуэщIхэри). А тхыгъэхэм щытхъу псалъэ куэд лъагъэсащ тхакIуэхэми, критикхэми, щIэджыкIакIуэхэми.

А псори, нэхъыбжэи хуэфащэу къилэжьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу щыта, къэралым и ТхакIуэхэми Журналистхэми я союзхэм хэта, «Iуащхьэмахуэ» журналым жыджэру къыхуэтхэурэ дызыгъэгуфIэу къытхэта Тхьэмокъуэ Барэсбий.

Уи ахърэтыр нэху Тхьэм ищI, ди ныбжьэгъу гуапэ.

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къиштэр зэи къытемыхуа, компьютеркIэ тедзэжа тхыгъэхэрщ (дискыр щIыгъумэ, нэхъыфIыжщ).

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэнкIэ хъумэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахар къэгъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 47-35-32 (редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 47-26-21 (жэуапыхь секретарым и къалэнхэр зыгъэзащIэ); 42-42-14 (прозэ); 47-32-94 (публицистикэ); 42-75-22 (бухгалтерие).

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, Полиграфкомбинат.

11 Заказ № 54





9 Заказ № 84

## Адыгэ щэнхабзэм псэемыблэжу хуэлэжьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу щыта Къуэдзокъуэ Хьэсэн Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1935 гъэм февралым и 18-м мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ.

И ныбжьыр илъэс зыщыплIым фIэмыкIауэ, и адэ-анэр фIокIуэд. Зеиншэу къэна щIалэ цIыкIур 1945 гъэ пщIондэ щыIащ и адэ къуэшым деж. А гъэ дыдэм Хьэсэн сабийхэм я унэм (детдомым) ират. 1950 гъэм абы классиблыр къыщеух, иужькIэ еджэным щыпещэ республиканскэ школ-интернатым. 1953-1958 гъэхэм Хьэсэн щоджэ артистхэр щагъэхьэзыру Луначарскэм и цIэкIэ Мэзкуу дэт къэрал институтым и актерскэ факультетым.

Налшык къигъэзэжа нэужь, ар щолажьэ Къэбэрдей театрым. 1961-1962 гъэхэм Хьэсэн щэнхабзэмкIэ министерствэм и инспектор нэхъыщхьэу ягъэув. 1962 гъэм щегъэжьауэ дунейм ехыжыху (1996 гъэ) Хьэсэн иролажьэ гурэ псэкIэ езыр сыт щыгъуи дызыхьэхыу щыта журналист IэщIагъэм: 1962-1969 гъэхэм «Советская молодежь» газетым, 1969-1996 гъэхэм телевиденэм.

Мис абыхэм яужькIэ зи гупсысэри зи къалэмри жан хъуа Къуэдзокъуэр нэхъри тогушхуэ куэд щIауэ фIыуэ илъагъу художественнэ творчествэм псэемыблэжу бгъэдэтыну. ИкIи ар щымыуауэ къыщIокI: тхылъ щхьэхуэурэ къыдэкI мэхъу абы и рассказхэр, повестхэр, усыгъэхэр.

Хьэсэн зыкъигъэлъэгъуащ зэдзэкIакIуэ Iэзэуи. Абы зэридзэкIа пьесэхэм ящыщщ: Шекспир и «Отелло», Мольер и «Жорж Данден»-р, Лопе де Вега и «Овечий источник»-р, О Нил и «Последняя остановка»-р, нэгъуэщIхэри.

НэгъуэщI бзэхэмкIэ ятхахэр адыгэбзэкIэ зэридзэкI къудейм къыщымынэу, Хьэсэн адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри урысыбзэкIэ зэридзэкIащ. Абыхэм ящыщщ IутIыж Борис и «Тыргъэтауэр», КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», Мысачэ Петр, Елгъэр Кашиф сымэ я тхыгъэхэр.

Хьэсэн и очерк хьэлэмэтхэр куэдрэ газетхэм, журналхэм къытехуащ, тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ. Мис ахэращ Къуэдзокъуэ Хьэсэн и цIэр ди щэнхабзэм фIыкIэ къыщIыхэнар.

10 Заказ № 84